И. САҒИТОВ

# БЕРДАҚТЫНГ ТВОРЧЕСТВОСЫ

ҚҚМБ
1958

АКАДЕМИЯ НАУК УЗБЕКСКОЙ ССР
КАРА-КАЛПАКСКИЙ КОМПЛЕКСНЫЙ
НАУЧНО-ИССЛЕДОВАТЕЛЬСКИЙ
ИНСТИТУТ

И. САГИТОВ

КАНДИДАТ ФИЛОЛОГИЧЕСКИХ НАУК

# ТВОРЧЕСТВО БЕРДАХА

(ЛИТЕРАТУРНО-КРИТИЧЕСКИЙ ОЧЕРК)

КАРАКАЛПАКСКОЕ ГОСУДАРСТВЕННОЕ ИЗДАТЕЛЬСТВО
НУКУС—1958

ӨЗБЕКСТАН ССР ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН КОМПЛЕКСЛИ ИЛИМИ-ИЗЕРТЛЕУ
ИНСТИТУТЫ

И. САҒИТОВ

ФИЛОЛОГИЯ ИЛИМЛЕРИНИНГ КАНДИДАТЫ

# БЕРДАҚТЫНГ ТВОРЧЕСТВОСЫ

(ӘДЕБИ КРИТИКАЛЫҚ ОЧЕРК)

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
НОКИС—1958

*На каракалпакском языке*

* * *

КАРАКАПЛАКСКИЙ КОМПЛЕКСНЫЙ НАУЧНО-ИССЛЕДОВАТЕЛЬСКИЙ ИНСТИТУТ
Академии наук УзССР

САГИТОВ ИСМАИЛ ТАНАТАРОВИЧ

# ТВОРЧЕСТВО БЕРДАХА

(Литературно-критический очерк)

Редакторы: *А. Пирниязов, А. Абдуллаев*
Техредактор: *Н. Борисов*
Корректор: *Т. Сейтназаров, Ю. Дуйсенбаев*

Сдано в набор 10/X-1957 г. Подписано к печати 28/XII 1957 г. РК 41711. Формат бумаги 84х08 $^1/_{32}$ Физич. п. л. 6,625. Условн. п. л. 10,87. Учетно изд. 11,26. Тираж 3000
цена 4 р. 50 к. переплет 1 р. 50 к.
Каракалпакгиз. Нукус, ул. К. Маркса 3

Нукусский полиграфкомбинат Управления полиграфиздата Министерства культуры ККАССР. Заказ № 229

## Автордан

Усы минет қарақалпақ адебиятының классиги, корнекли демократ-шаир Бердақ Қарғабай улының творчествосы хаққында адеби—критикалық очерк болып табылады. Бул жумыс автор тарепинен 1951—1955 жыллары жазылған еди. Бул дауръ Бердақтынг адеби мирасы хаққындағы маселе бойынша талас-тартыс кушейип атырған уақыт еди.

Бул минетти жазуда автордынг алдына қойған мақсети—қарақалпақ адебиятынынг тарихында Бердақтынг туткан орнын корсету хамь Бердақтынг творчествосынынг бзинг заманымыз ушын ақмиетин белгилеу жане шаирдынг творчествосына марксистлик—ленинлик эстетика козқарасынан дурыс баха беру еди.

Бул минетти жазуда автор бирқанша қыйншылықларға гезлести. Бриншиден, қарақалпақ адебияты тарихынынг, асресе революциядан бурынғы даурдеги тарихынынг, оғада жеткиликсиз турде изертленгенлиги, айрым қарақалпақ шаирлары туралы монографиялық изертлеулердинг жоқлығы, екиншиден, Бердақтынг омири менен творчествосы туралы изертлеу материалларынынг кута жеткиликсиз болғанлығы хамь Бердақтынг творчествосын бахалауда бир турли (единый) козқарастынг болмағанлығы, бир-брине қарама-карсы келетуғын хартурли пкирлердинг болғанлығы малим

Бердақ туралы буннан бурынғы изертлеулерде, баспасозь бетиндеги мақалалар менен брошюраларда Бердақтынг творчествосына кобинесе бир жақлы баха берилип келди. Гейпара жолдаслар Бердақтынг творчествосын идеалластырып, оны асыра мақтап, кемшиликлерин, хателиклерин корсетпей келген болса, гейпара жолдаслар Бердақтынг творчествосына нигилистлик козқарасненен қарап, шаирдынг творчествосынынг жақсы жақларына коз жумып, оны путкиллей жоққа шығаруға, Бердақты халққа қарсы, реакцияшыл шаир деп корсетуге урынды. Мне бул жағдайлар авторға усы минетти жазуда коп қыйншылықлар келтирди. Солай-да болса биз озь жумысымызда жоқарыда айтылған хателиклер менен кемшиликлерди болдырмауға, Бердақтынг творчествосына объектив турде дурыс баха беруге трыстық. Бунда биз марксистлик—ленинлик эстетиканынг принциплерине тикарландық. Шаирдынг творчествосын бахалауда биз откен заманнынг маденият мирасларына сын козименен қараудынг кереклиги хаққындағы В. И. Лениннинг корсетпелерин хамь рус революцияшыл-демократлары—Белинский, Чернышевский, Добролюбов хамь басқаларынынг айтқан пкирлерин басшылыққа алып иследик

Биз озь жумысымызда Бердақтынг творчествосын хартареплеме

алып изертлеуге трыстық. Шаирдынг творчествосындағы жақсы жақларын, халқшыллық, демократиялық идеяларды корсетуменен қатар, ондағы айрым ҳалсиз жақларын ҳамь қарама-карсылықларды ашып корсетуге ҳарекет еттик. Сонынгменен бирге Бердақтынг шғармаларынынг коркемлик озгешеликлерин (стиль, тематика, суретлеу куральлары, тли, қосық қурылысы ҳамь т. б.) изертлеу маселесине тоқталдық.

Автор озининг бул минетин барлық жағынан сап-саррас, хешбир мни жоқ деп есапламайды. Ол буны Бердақтынг творчествосын ҳартарепламе изертлеудеги тек ғана даслепки ҳарекет деп есаплайды. Албетте, усындай улкен ҳамь киын жумыста айрым кемшиликлерлинг болуы мумкин екенлиги табиғи нарсе.

Солай-да болса биз бул жумыс окушыларға Бердақтынг творчествосын уйрену ҳамь тусину ушын аз-да болса пайда келтиреди ҳамь қарақалпақ адебияг тану илимине озь улесин қосады деп есаплаймыз.

Усы жумыста ушырасатуғын кем шиликлер жонинде окушыларымыздынг корсететуғын пкирлери болса, оларды автор алғыс айтуменен қабыл алады ҳамь алдағы уақыттағы озь жумысында бундай кемшиликлерди есапка алып дузетуге таяр екенлигин билдиреди.

Созимиздинг жумағында, усы минетинг кол жазбасын оқып шығып озлерининг баҳалы пкирлерин айтқан ОзССР Илимлер академиясынынг хабаршы-ағзасы, филология илимлерининг докторы, менинг қадирли устазым—К. К. Юдахинге, профессор Н. А. Баскаковқа, филология илимлерининг кандидаты М. Нурмухамедовқа ҳамь басқа жолдасларға шын кеулден алғыс айтаман.

*И. САҒИТОВ*

1957-жыл, апрель.



## КРИСУ

Уллы Октябрь социалистлик революциясы қарақалпақ халқына азатлық алып келди, оны нешше асирлерден бери киятырған эксплуататорлардынг езушилигинен қутқарып, оған азат, бахытлы, қуанышлы турмысқа жетуге, бизинг елимизде коммунистлик жамиет дузулинг жолыменен алға қарай рауажлануға жол ашты.

Ҳазирги кунде қайта туылған қарақалпақ халқы, СССР дағы барлық халқлар сияқлы, Советлер Союзынынг Коммунистлер партиясынынг басшылығы астында, уллы рус халқынынг ҳамь басқа-да туысқан халқлардынг жардемининг арқасында социализмнен коммунизмге оту жолында уллы табысларменен алға бармақта, озининг формасы бойынша миллетлик, мазмуны бойынша социалистлик мадениятын рауажландырмақта. Ленинлик миллет сиясатынынг избе-из амелге асырылуы Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасына хожалық ҳамь мадeният қурылысынынг барлық тарауларында, сонынг ишинде қарақалпақ халқынынг откендеги адеби мирасларын теренг изертлеу тарауында-да, улкен табысларға ерисуге мумкиншилик берди.

Қарақалпақ халқы откендеги аузеки халқ творчествосынынг естеликлери менен XVIII ҳамь XIX асирлердеги қарақалпақ адебияты классиклерининг оғада бай адеби мирасына ие.

XIX асирдеги қарақалпақ адебиятынынг енг корнекли уакиллерининг бри—Бердақ (Бердимурат) Қарғабай улы. Халқшылық, демократиялық идеялар менен суғарылған озь шғармаларынынг тематикасынынг кенглиги, мазмунынынг теренглиги, формасынынг сулулығы жағынан Бердақ озь заманындағы шаирлардынг арасында корнекли орын алады.

Бердақтынг творчествосы минеткеш халқты қызғын суюшилик ҳамь эксплуататорларды қатты жек корушиликпенен суғарылған. Бердақтынг шғармаларында патриотизм ҳамь халқшылық идеясы, езушилерге қарсы аяусыз гурес идеясы, халқтынг азат, бахытлы турмысқа жетису тлеги айқын коринеди. Бердақ озь шғармаларынынг шын демократиялық, гуманистлик спатлары-менен қарақалпақ адебиятынынг тарихында айрықша орын алады.

Бердақтынг халқ ушын еткен хызмети тек Совет заманында ғана, ленинлик миллет сиясатынынг амелге асырылуы натижесинде ғана тиисинше баҳаланып отыр. Онынг шғармалары баспа туринде жузеге шғып, шын халқ копшилигине жеткерилип отыр. Қарақалпақ халқынынг азат, бахытлы, қуанышлы турмысқа жетисуин тлеген патриот шаирдынг арьманы тек Совет заманында ғана Коммунистлер партиясынынг басшылығынынг арқасында жузеге асырылды.

Уллы Октябрь социалистлик революциясынан бурын Бердақтынг шғармалары баспа туринде жузеге шыққан емес, тек қол жазба яки аузеки туринде сақланып келди. Революциядан бурын Қарақалпақстаннан тысқары жерлерде Бердақтынг аты копшиликке малим емес еди. Оған себеп революциядан бурын қарақалпақ халқы тегисименен дерлик сауатсыз болды. Қарақалпақ халқы жузь жыллар дауамында оғада қатты эксплуатацияның астында женшилип, узақтағы бир тупкирде жасап келди. Ол тек Уллы Октябрь революциясынан кеин ғана азатлық алып озининг баспа созине ие болды.

Мне усы себеплердинг арқасында революциядан бурын Бердақтынг шғармалары баспа туринде жузеге шықпай келди. Тек ғана 1913-жлы Петербург университетининг студенти И. А. Беляев қарақалпақлар арасында болғанда Бердақтынг тарихи поэмасы—„Шежренинг" бир болимин жазып алып, оны 1916-жлы Ашхабадта бастырып шғарған.[1]). Брақ бунда кимнен жазып алғаны ҳамь Бердақтынг аты корсетилмеген. Усыннан басқа Бердақтынг шғармаларынынг революциядан бу-

---

1 См. Протоколы заседания и сообщения членов Закаспийского кружка любителей археологии и истории Востока. вып. 4, Ашхабад, 1916, стр. 46—51.





Бердақтынг 1941-жлы басылып шыққан ктабынынг мукабасы.



Бердақтынг 1950-жылғы басылып шыққан шғармалар жинағы ктабынынг муқабасы.

рын баспа туринде жузеге шыққаны жонинде бизде ҳешқандай мағлумат жоқ.

Бердақтынг шғармаларын жинау жумыслары енг бринши рет тек 1935—1937-жыллардан бери ғана басланды. Сонынг натижесинде шаирдынг бринши қосықлар топламы тек 1941-жлы ғана айрым ктап болып басылып шықты.

Бердақтынг шғармалары даслеп 1935—1937-жыллары ел арасынан жинала баслады

Бердақтынг шғармаларынынг ҳазирги табылғаны 20 мынг қатар қосықтан ибарат. Еледе табылмағаны ямаса жазып алынбай халқ аузында жургени коп болуы керек.

Бердақтынг қосықлары 1938 жылдан баспа созь бетинде—газета-журналларда, айрым топламларда басылып шға баслады. Бердақтынг шғармаларынынг тикары баспалары томендегилер:

1940-жлы Қарақалпақстан АССР ынынг Тил ҳамь адебият илим изертлеу институты таярлаған „Қарақалпақ халқ творчествосы“ деген топламда Бердақтынг „Шежре“, „Ерназар би“, „Ахмақ патша“ поэмалары ҳамь бир қатар лирикалық қосықлары басылып шықты.[1]).

1941-жлы тағы сол жоқарыдағы аталған институт тарепинен баспаға таярланған Бердақтынг шғармалары „Толық жинақ“ (бринши том[2]) деген атпенен айрым ктап болып басылып шықты. Бул ктапқа сол уақытта жиналған Бердақ шғармаларынынг барлығы-дерлик киргизилген.

1950 жлы Бердақтынг олгенине 50 жыл толған мерекесин откеруменен байланыста шаирдынг танглаулы шғармалар жинағы басылып шықты[3]). Бул жинаққа Бердақтынг бурынғы басылған шғармаларынынг устине сонгғы жыллары жангадан табылған ҳамь бурын басылмаған бир қатар поэмалары („Раушан“, „Еркебай“ „Бизге“ ҳамь „Айдос би“ динг жанга варианты) менен лирикалық қосықлары киргизилген.

Ҳарбир қосықтынг ишинде яки кеини жағында Бердақтынг аты корсетилип отырады. Гейпара шғарманынг

---

[1]) *„Қарақалпақ халқ творчествосы“*, ҚҚМБ, Торткул. 1940.

[2]) *Бердақ*. Толық жинақ, ҚҚМБ, Торткул. 1941,

[3]) *Бердақ*, Танглаулы шғармаларынынг толық жинағы, ҚҚМБ, Нокис, 1950.

кейининде шығарманынг қай жылы жазылғаны (ҳайуанат жыл есабыменен) айтылады.

Бердақтынг омири менен творчествосы жонинде 1938 жылдан баслап республикалық баспа созь бетинде бир қатар изертлеу материаллары менен мақалалар шыға баслады. Бул изертлеу материалларынынг ишиндеги енг корнеклилери деп жолдас Н. Дауқараевтынг[1]), У Кожуровтынг[2]), М Дарибаевтынг[3]), ҳамь басқа жолдаслардынг[4]) мақалаларын корсетуге болады. Ал Бердақ туралы баспа созь бетинде жазылған изертлеулер менен мақалалардынг толық дзими усы минеттинг кейини жағында қосымша ретинде бериледи.

Бул айтылған мақалалар менен брошюралардынг авторлары баспа созь бетинде Бердақ творчествосынынг аҳмиетин, онынг демократиялық, патриотлық ҳамь гуманистлик идеяларын журтшылыққа қысқаша таныстырып, ийгиликли жумыс иследи.

Брақта Бердақ творчествосы жонинде усы бирнеше газета-журналларда басылған мақалалар менен 2—3 кишкене брошюралардан басқа, шаирдынг омири менен творчествосын ҳартарепдеме алып изертлеген монографиялар усы кунге шекем жазылған жоқ.

Жоқарыда корсетилген брошюралар менен мақалалардынг копшилигинде Бердақ творчествосын корсетуде бир қатар кемшиликлери менен хателиклердинг бар екенлигин коремиз.

Бриншиден, бул брошюралар менен мақалаларда Бердақтынг творчествосы бир жақлама корсетилип келди, яғни Бердақ творчествосынынг тек жақсы жағы ғана созь болып келди ҳамь шаирдынг ролин, аҳмиетин баҳалауда асыра силтеулер коп болды. Бердақтынг дуньяға козқарасында болған қарама-қарсылықлар ҳамь Бердақ творчествосынынг халсиз жақлары корсетилмеди жане шаирдынг дуньяға козқарасын шеклеген жамиетлик-экономикалық жағдайлар корсетилмеди.

---

2 *Н.Дауқараев*, Бердақ шаир, ҚҚМБ. Нокис, 1950.

3 *У. Кожуров*, „Бердақ", „Қзыл Қарақалпакстан" газетасы 1940, №№ 208, 209, 211,

4 *М Дарибаев*, „Бердақтынг косықлары ҳаққында" „Қзыл Қарақалпакстан" газ., 1940. №287. 290, 291

5) *И Сағитов*—Бердақ уллы патриот шаир, ҚҚМБ. Нокис, 1943

6) *С. Бассин*—Бердақ шаир-великий поэт-патриот, ККГИЗ, Нукус, 1943.



Екиншиден, бул мақалалардынг авторлары Бердақ творчествосын баҳалағанда шаирдынг жасаған заманындағы қарақалпақ халқынынг басынан откерген жамиетлик сияси-экономикалық жағдайларменен байланыстырмай, устиртин, болек алып баҳалайды. Бердақтынг демократиялық, халқшылық, патриотизм идеяларын тек шаирдынг қосықларынан айрым узиндилер келтиру менен ҳамь улума созлер арқалы баянлауменен шекленеди. Ал бул идеяларды тудырған тикарғы себеплер, шаирдынг оскен ортасы, онынг творчествосына, дуньяға козқарасына тасир еткен жамиетлик-сияси жағдайлар туралы созь болмайды ямаса кута аз айтылады.

Усы сияқлы кемшиликлер усы минеттинг авторынынг 1943-жылы басылып шыққан „Бердақ – уллы патриот шаир" деген брошюрасында ҳамь Бердақ туралы бурынғы жыллары жазған мақалаларында-да болды.

Тағыда Бердақтынг творчествосын изертлеуде еки турли надурыс бағыттынг болғанлығын айтып оту керек. Бриншии надурыс бағыт: Н. Дауқараев, С. Бассин ҳамь басқа бир қатар жолдаслар тарепинен Бердақтынг творчествосын идеалластыру, онынг шығармаларынынг барлығын ғалаба асыра баҳалап, мақтай берушиликтен ибарат болды. Екинши надурыс бағыт: А. Савицкий тарепинен Бердақ творчествосынынг барлығын далилсиз жаманлай беру, онынг жақсы жағына коз жумып, Бердақты реакция менен суфизм лагерине ысырып таслауға урынушылықтан ибарат болды.

Гейпара жолдаслар Бердақтынг творчествосына тек ғана бир жақлы баҳа берип, онынг барлық шығармаларынынг тек жақсы жағын ғана корип келди. Оннан-да бетер, олар Бердақты революционер-демократ деп спатлап, Бердақтынг роли менен аҳмиетин артықмаш асыра баҳалады. Маселен, жолдас Бассин Бердақтынг ролин ҳадден зият асыра баҳалап, оны халқты котерилиске шақырған саналы революционер спатында тарийплейди. Ол блай деп жазады:

„Ол (Бердақ) халқтынг қайғысына тлеклес ғана болып қойған жоқ, сонынгменен бирге ол котерилиске шақырды, гедейге феодаллық курылыс қамаған туйықтан шығу жолын корсетти"[1]).

---

1) *С. Бассин.* Бердах-шаир—великий поэт-патриот, Нукус, ККГИЗ, 1943, стр. 47.

Бракта Бердақты бунынгдай саналы революционер ретинде спатлауға, „халқты котерилиске шақырды", „гедейге езушиликтен қутылу жолын корсетти", деп тастиқлауға бизде ҳешқандай тикар жоқ.

Бассин ҳамь Дауқараев жолдаслар озлерининг Бердақ туралы жазған минетлеринде Бердактынг шғармаларында гезлесетуғын халққа қарсы реакцияшыл пкирлерди ашып корсетпейди, олар туралы созь қылмайды. Олар откен заманнынг мадени мирасларына сын козимененен қарау кереклиги ҳаққындағы уллы Лениннинг, партиямыздынг корсетпелерин есапқа алмайды. Бул жолдаслар Бердақтынг творчествосын баҳалағанда Лениннинг Л. Толстой ҳаққындағы мақалаларында берген корсетпелерин басшылыққа алмаған.

Гейпара жолдаслар Бердақтынг творчествосына анализ бергенде, онынг шғармаларын баспа созь бетинде дағазалағанда шаирдынг творчествосынынг ҳалсиз жақларын, ондағы айырым реакцияшыл мотивлерди жасыруға ҳамь ундемей отуге, Бердактынг тек ғана жақсы жағын корсетуге ҳарекет еткен.

Усы мақсетпенен олар Бердақтынг творчествосын „жангартуға", оны ҳазирги заманға „қолайластыруға" урынған. Бердақтынг шғармаларын баспаға таярлағанда редактор болған гейпара жолдаслар озь билдигинше шаирдынг шғармаларынынг текстинде бирқатар озгерислер ҳамь „дузетулер" киргизген. Маселен, шаирдынг „Бердимурат ҳақтынг қулы" деген созлерин: „Бердимурат халқтынг улы" деп озгерткен. „Бердимурат супы болдынг" деген созлерин: „Бердимурат шаир болдынг" деп, „Улпет болдынг болыс пенен" дегенди „Улпет болдынг орыспенен" деп озгерткен. Гейпара жолдаслар Бердақтынг қартайғанда супы болғанлығын жамиетшиликтен жасыруға урынған. Шаирдынг шғармаларында дини тасирлердинг белгисин корсетпеу мақсетинде „кудай", „пайғамбар" деген созлер ушырасқан коп қосық қатарлары алып тасланған, бурмаланған.

Шаирдынг шғармаларын бундай етип „дузету" ҳамь „жангарту" кеширилмеслик нарсе, ойткени, булай ету шаирдынг ҳақиқи козқарасларын анықлауға мумкиншилик бермейди, онынг шғармаларындағы қарама-қарсылықларды ашуға кесент келтиреди.

Марксизм-ленинизм классиклери откен заманнынг прогрессив ғайраткерлерининг ролин баҳалағанда олардынг



ҳалсиз жақларын ҳамь хате козқарасларын буркемеу, ал ашып корсету керек деп уйретеди. „Тарихты жақсы қлып-та, жаман қлып-та корсетуге болмайды"—деп корсетеди жолдас Сталин.

Бердактынг творчествосын изертлеудеги екинши надурыс бағыт—А. Савицкий тарепинен шаирдынг ролин надурыс баҳалағанлығы болып табылады[1]). Савицкийде Бердақтынг ролин бир жақлама баҳалайды. Истинг анығында Савицкий Бердақтынг атын қарақалпақ адебиятынынг тарихынан оширип таслауға урынды. Бул, албетте, путкиллей надурыс нарсе.

Савицкийдинг тикарғы далил етип корсететуғыны— „Хорезм" поэмасы. Ал бул шғарма, ҳаслында, Бердақтики емес (бул жонинде биз сонгынан толығырақ тоқтап отемиз).

Савицкий озининг мақалаларында Бердақ творчествосынынг айрым ҳалсиз жақларын далил етип, Бердақтынг барлық шғармаларын бизге жат, зиянлы, контрреволюцияшыл панисламизммененен, диншилликпенен суғарылған, бизге жарамсыз шғармалар деп корсетуге урынады.

Бракта Савицкий мнадай фактыны есапқа алмайды: Бердақтынг шғармаларындағы айырым халққа жат, реакцияшыл элементлер шаирдынг барлық творчествосы ушын характерли емес ҳамь Бердақ шғармаларынынг басым копшилигинынг тикарғы мотиви—халқшыллықдемократиялық идеялар, минеткеш халқты суюшилик, езушилерди жек корушилик, патриотизм, халқшылық ҳамь гуманизм идеялары, ал шаирдынг айрым хате коз қараслары халқ шаиры, қарақалпақ адебиятынынг классиги Бердақтынг аҳмиетин кемите алмайды.

Сонлықтан-да Бердақ жониндеги А. Савицкийдинг турпайы хателери республикамыздынг партия, совет ҳамь илими жамиетшилиги тарепинен, сондай-ақ Озбекстан Коммунистлер партиясынынг Орайлық комитети тарепинен қараланды.

Бердақтынг шғармаларында айрым реакцияшыл қатламлардынг бар болуыменен қатар шаирдынг коп шғармаларындағы халқшыллық-демократиялық мотивлерин

---

[1]) Қарангыз: „Звезда Востока" журналынынг 1953-жылғы № 12 ҳамь 1954-жылдағы № № 12„ А. Савицкий „Каракалпақ кунделигинен".

кормеу мумкин емес. „Халқ ушын“, „Жақсырақ“, „Салық“, „Болған емес“, „Коринди“, қосықлары, „Ахмақ патша“ дасьтаны ҳамь басқалары созсиз халқшыллық-демократиялық идеяларыменен суғарылған ҳамь қарақалпақ халқынынг сол уақыттағы жамиетлик турмыс жағдайларын ҳақиқат дурыс турде суретлейди.

Бердақтынг аҳмиети—онынг озь шғармаларында минеткеш халқтынг турмысын, арзу-арьманларын шын ҳақиқатлықпенен суретлей билгенлигинде.

Қарақалпақ халқынынг тарихы менен адебиятын теренг изертлеген корнекли рус илимпазлары—П. П. Иванов, С. П. Толстов, Е. Э Бертельс, Н. А. Баскаков, К. К Юдахин ҳамь басқалары Бердақтынг шғармаларына жоқары баҳа береди.

Маселен, қарақалпақлардынг тарихын белгили изертлеуши профессор П П. Иванов озининг „Қарақалпақлар туралы жанга мағлуматлар“ деген мақаласында Бердақты блайынша баҳалайды: „Бердақ—XIX асирде Қарақалпақстандағы енг белгили шаир болған“, „Шаир озининг анағурлым коп санлы хамь кушли қонгсыларынан бирдейине қысқы корип отырған ҳамь ҳешуақытта бир орында жузь жыл турақламаған озь халқына жаны ашып қайғырады“[1]).

Белгили совет блимпазы, СССР Илимлер Академиясынынг хабаршы ағзасы С. П. Толстов қарақалпақ халқ шаирлары жонинде ҳамь Бердақ туралы блай деп жазады:

„Хиуа ханларынынг аяусыз зулымына қарсы қарақалпақ халқынынг қатанг гуреси XVIII асирдинг аяғында ҳамь XIX асирдинг бринши ярымында бул гурестинг оғада корнекли идеологлары болған Жиен-жрау, Кун-Хожа ҳамь асресе Бердақ (1827—1900) қусаған оғада жақсы халк шаирларын доретти, бул шаирлар озлерининг қосықларында ҳамь поэмаларында езуши-ханларды ҳамь олардынг малайлары болған қарақалпақ феодалларын, руханиларды ашкаралады; бул шаирлар халқ-азатлығы гуресининг геройларын тариплеп, халқтынг қайғы-ҳасретлерин жырлады ҳамь халқты бирлесуге шақырды...

[1]) *„Советское Востоковедение“* топламы. III ктап, 78 бет. Издание АН СССР, М.—Л„ 1945.



Бердақ сонынгменен бирге қарақалпақлардынг бриншы тарихшысы болып табылады“[1]).

Қарақалпақ тлининг белгили маманы, филология илимлерининг докторы, профессор Н. А. Баскаков-та Бердақтынг творчествосына жоқары баҳа береди.

„Бердақтынг озь шғармаларын доретken сол уақыттағы жағдайда,—деп жазады Н. А. Баскаков,—ол, созсиз, алдынгғы қатардағы, ири жазушы болған. Бердақтынг творчествосына нигилистликпенен қарауға болмайды“[2]).

ОзССР Илимлер академиясынынг хабаршы-ағзасы, филология илимлерининг докторы К. К. Юдахин Бердақ туралы блай деп жазады:

„Биз онынг (Бердақтынг, И. С.) творчествосындағы бас нарсе—халқлық, демократиялық болды деп есаплаймыз. Коркемлик жағынан онынг шғармалары жоқары турады“[3]).

XIX асирде жасаған басқа-да бир қатар шаирлардағы сияқлы, Бердақтынг шғармаларында-да қарама-қарсылықлар бар екенлиги даусыз. (Олар туралы биз кейинирек айырым турде тоқталып отемиз).

Қарақалпақ халқынынг XIX асирдеги жамиетлик-сияси турмыс жағдайларынынг артта қалғанлығы себепли Бердақ революционер-демократ бола алған жоқ. Онынг дуньяға козқарасы менен сияси идеаллары сол замандағы жамиетлик турмыс жағдайларыменен шекленген еди.

Сондай-ақ Бердақ шғармаларынынг басым копшилиги бизге, совет адамларына хызмет ететуғыны-да даусыз. Ол шғармалар коп азап шеккен халқты шексиз суюшиликпенен, Хиуа ханларын, байларды, молла ишанларды ҳамь баска езушилерди қатты жеккорушиликпенен суғарылған. Шаирдынг бул адеби мирасын биз коммунистлик қурылыс исине пайдалануымыз тиис. Албетте, Бердақ шғармаларынынг ишинде биз тек халқтынг турмысын ҳақиқат дурыс корсететуғын ҳамь

[1]) *С. П. Толстов.* Великая победа ленинско-сталинской национальной политики, журн. „Советская Этнография“ № 1. 1950, изд. АН СССР. стр. 8.

[2]) *Н. А. Баскаков*, Большое событие в жизни Кара-Калпакии. газ. „Советская Қара-Калпакия“, 1954. № 196,

[3]) *К. К. Юдахин.* Некоторые вопросы каракалпакского языка и литературы, газ. „Советская Кара-Калпакия“, 1954, № 1956.

халқтынг мапине хызмет ететуғынларын ғана алып пайдалануымыз тиис, ал Бердақтынг бурынғы басылып шыққан шғармаларынынг арасына крип кеткен халкқа қарсы, реакцияшыл қатламлардынг ҳаммесин шетке ылақтырып таслауымыз тиис. Бердақтынг шғармаларын айрым адамлар, халқ душпанлары, руханилар, буржуазиялық миллетшилер тарепинен қосылған қосымталардан, бурмалаулар менен хателиклерден тазалауымыз тиис. Бунынг ушын биз шаирдынг шғармалары устинде улкен ҳамь жуапкерли изертлеу жумысын жургизуимиз керек.

Бзинг ойымызша, Бердақ жасаған ҳамь дореткен замандағы конкрет-тарихи жағдайды есапқа алып крискенде ғана Бердақтынг творчествосына дурыс марксистлик-ленинлик баҳа беруге болады, деп санаймыз. Бунысыз шаирдынг творчествосын дурыс тусинуге ҳамь дурыс баҳалауға болмайды.

Бердақтынг творчестволық мирасын толық тусину ушын биз В. И. Ленининг ҳарбир миллет мадениятында еки турли маденияттынг бар екенлиги жане оларға сын козименен қараудынг кереклиги туралы данышпанлық корсетпелерин басшылыққа алып ислеуимиз керек.

„Ҳарбир миллет мадениятында,—деп жазды В. И. Ленин,—рауажланбаған болса-да, демократиялық ҳамь социалистлик маденияттынг элементлери бар, ойткени ҳарбир миллетте минеткеш ҳамь эксплуатацияланушы масса бар, бул массанынг турмыс жағдайлары созсиз демократиялык ҳамь социалистлик идеологияны туғызады. Брақ ҳарбир миллетте буржуазиялық мадениятта бар (ал копшилигинде еле қаражузлик ҳамь клерикаллық мадениет бар)—онынг устине, тек „элементлер туринде ғана емес, ал устемшилик етуши мадениет туринде болады“[1]).

„... Биз ҳарбир миллет мадениятынан онынг тек демократиялық ҳамь социалистлик элементлерин ғана аламыз, алғанда-да оларды ҳарбир миллеттинг буржуазиялық мадениятына, буржуазиялық миллетшилигине тек ғана ҳамь созсиз қарама-қарсы қою ушын аламыз“[2])

Бердақтынг творчествосын дурыс тусину ҳамь ба-

[1]) *В. И. Ленин,* Шғармалар, торгинши басылуы, 20 том, 8 бет.
[2]) Бул-да сонда.



ҳалау ушын биз Ленининг Л. Н. Толстой туралы мақалаларындағы данышпанлық корсетпелерин басшылыққа алуымыз тиис. Бул корсетпелер откен заманнынг белгили бир жазушысынынг творчествосына анализ бергенде тикарғы методологиялық басшылық болып табылады.

Ленининг созлери откен заманнынг белгили бир ғайраткерлерининг творчествосын баҳалауға дурыс тарихи козқараспенен қараудынг улгисин корсетип береди.

Усы козқарасқа суйене отырып, биз Бердақтынг творчествосын баҳалаудағы жоқарыда айтылған еки турли терис бағыттынг екеуи-де надурыс деп есаплаймыз жане антиленинлик бағыт болғанлықтан оларды қабыл алмауымыз ҳамь қаралауымыз тиис.

Гейпара жолдаслар (Савицкий, Игнатьев) Бердақтынг қолжазбасынынг жоқлығын далил етип, шаирдынг барлық шғармаларына гуман келтирмекши болады. Булай ету путкиллей надурыс. Бердақтынг шғармаларын шын кеулден суйип, итият сақлап келген ҳамь бзинг заманымызға жеткерген жанлы гуа—халқ бар.

Автордынг қолжазбасынынг болмауы откен заманнынг адебият мирасларынынг шынлығына ҳамь баҳалылығына гуман келтиру ушын далил бола алмайды. Ески адебияттынг коплеген оғада жаксы естеликлери, маселен, айемги рус адебиятынынг маржаны „Игорь полки туралы жыр“, сондай-ақ, Науайы, Махтум-Қулы ҳамь басқалар сияқлы откендеги уллы жазушылар менен шаирлардынг коплеген шғармалары-да бизге автордынг ози жазған тупь нусқасы туринде келип жеткен жоқ, ал басқа бреулердинг коширип жазған қолжазбалары туринде келип жеткени малим.

Ахырында, бзинг заманымыздағы Жамбыл, Сулейман Стальский сияқлы уллы шаирлардынг шғармалары-да автордынг қолжазбасы туринде емес, ал аузеки айтудан жазып алу арқалы жузеге шықты.

Мнаны назерде туту керек: халқ тек озининг тлекарьманларын билдиретуғын, ози ушын баҳалы нарселерди айрықша ядында сақлайды, ал басқа турли, халққа жат шғармалар узақ уақыт халқтынг ядында сақланбайды, умытылып кетеди. Сонлықтан-да халқ озининг Бердақ, Кунхожа, Ажинияз сияқлы суйикли шаирларынынг шғармаларын умытпай ядында сақлап,

атадан балаға жеткерип отырған. Ал басқа турли толыпатырған халққа қарсы, реакцияшыл шаирлардынг сулу созли қосықларын халқ алле қашан умытып кеткен.

* * *

Усы очерклердинг мақсети—Бердақтынг қарақалпақ адебиятындағы тутқан орнын, онынг қарақалпақ поэзиясына қандай жангалықлар қосқанын корсету болады.

Сонынгменен бирге биз бул очерклеримизде Бердақтынг творчествосынынг прогрессивлик жақлары, демократиялық ҳамь гуманистлик идеяларыменен қатар онынг творчествосындағы айрым қарама-қарсылықларды, ҳалсиз жақларын ашып корсетуге трыстық.

Усы минет автордынг Бердақ творчествосын коп жыллардан бери (1939—1954) изертлеу жумысынынг натижеси болып табылады.

Бул изертлеудеги созь болған гуллан маселелерди ислеп шғуда биз марксизм-ленинизм классиклерининг адебият жониндеги оғада аҳмиетли минетлери менен методологиялық корсетпелерин, идеологиялық маселелер жониндеги КПСС Орайлық Комитетининг қарарларын ҳамь уллы рус критиклери Белинский, Чернышевский, Добролюбов ҳамь басқалардынг айтқан пикирлерин басшылыққа алып иследик.

Биз Бердақтынг творчествосын, онынг дуньяға козқарасын XIX асирдеги қарақалпақ халқынынг жамиетлик-экономикалық рауажлану жағдайларыменен тғыз байланыста алып изертлеуге трыстық. Сонынгменен қатар Бердақ творчествосынынг қарақалпақ халқынынг откендеги коп асирлерден берги рухи маденииятынынг рауажлануыменен қандай байланысы бар екенлигин анықлауға кеул болдик.

Уллы рус критиги Белинский адебият тарихын изертлеудинг тикарғы шарти харбир халқтынг адебиятын изертлегенде сол адебиятты доретке халқтынг тарихыменен тғыз байланыста алып изертлеу кереклигин корсеткен еди. Ол блай деп жазған еди: „Адебият—озь халқынынг турмысынынг кориниси, ал адебияттынг тарихы халқтынг тарихыменен тғыз бриккен“[1]).

1) *В. Г. Белинский.* Ушь томлы толық шғармалар жинағы. Москва, ГИХЛ, 1948, 2-том, 112 бет.



Сонлықтан биз қарақалпақ адебиятынынг тарихын, қарақалпақ халқынынг откендеги тарихы-сияси жамиетлик жағдайларыменен тғыз байланыста изертлеуимиз тиис.

Бердақтынг творчествосын бурын изертлеген жолдаслар онынг шғармаларынынг коркемлик озгешеликлерине оғада аз кеул болген еди. Биз бунда Бердақ творчествосынынг коркемлик озгешеликлерине, онынг адеби стили менен тематикасына, Бердақ шғармаларынынг жанрлары ҳамь тли жониндеги маселелерге адеур кеул болип, тиисли пкирлер айттық.

Бердақтынг творчестволық хызметин ҳамь шғармаларын хронологиялық тартипте изертлеуге ҳазиринше мумкиншилиги болмады. Себеби, Бердақтынг толық омир-баяны ҳамь колшилик шғармаларынынг қай жлы жазылғанлығы малим емес. Сонлықтан бизге Бердақ шғармаларын тематикасы бойынша алып изертлеуге тура келди.

## 1. БЕРДАҚТАН БУРЫНҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ АДЕБИЯТЫ

Бердақтынг творчествосы—қарақалпақ халқынынг бай фольклорынан жане XVIII—XIX асирлердеги қарақалпақ адебияты классиклерининг шғармаларынан азық алып жетилген. Сонлықтан биз Бердақтан бурынғы қарақалпақ адебиятына қысқаша тоқтап отемиз.

Қарақалпақ халқы озининг сан жағынан аз халқ болуына қарамастан, халқтынг аузеки поэтикалық творчествосына оғада бай халқ. Нешше асирлер бойы қарақалпақ халқы озининг басынан откерген қайғы-ҳасиретлерин, азат ҳамь бахытлы омирге умтылған арзуарьманларын билдиретуғын коркем созь байлықларын доретип келди.

Толыпатырған қосықлар, ертеклер, жырлар, нақыл созлер, „Қырк қыз", „Алпамыс" сияқлы халқ дастанлары—булардынг копшилиги тикарынан халқтынг даналығын, тлек-арьманын корсететуғын халқ творчествосынынг туесилмес ғазинеси.

Албетте, фольклорлық шғармалардынг ҳаммеси бирдей халқтики деуге болмайды. Олардынг арасында эксплуататор класслардынг жрын жырлайтуғын, феодал байлардынг идеологиясын билдиретуғын шғармалар-да гезлеседи. Сонлықтан биз халқ творчествосынынг шғармаларына сын козименен қарауымыз тиис, олардан тек халқ тлегине жуап беретуғынларын, бзинг социалистлик маданиятымыз ушын пайдалыларын ғана алуымыз тиис.

Қарақалпақ халқы нешше асирлер бойы эксплуататор класслардынг қысқысы астында, сырт ел басқыншыларынынг шабуылынан булинуининг себебинен бир жерде белгили маканы болмай, барьҳа булгиншиликке ушырап, тумлы-тусқа пытрап журсе-де, озининг милли озгешелигин сақлаған, мадениятын, адебиятын ҳамь искусствосын дузип келди.

Қарақалпақ халқынынг фольклорға бай екенлигин, онынг поэтикалық творчествоға шебер халқ екенлигин революциядан бурынғы Шғысты изертлеген атақлы илимпазлар-да атап корсеткен. Маселен, XIX асирдеги белгили қазақ илимпазы Чоқан Валиханов қарақалпақлардынг поэтикалық творчествоға талантлы халқ екенин корсетип: „Қарақалпақлар—сахрадағы енг бринши шаирлар ҳамь қосықшылар"[1]) деп жазған.

Қарақалпақ халқы коркем созди, дилуар шешенликти жоқары баҳалайды.

Созь тапқырлық, шешенлик, созь жарыстыру, нақылжуап айтысу, кулки-далкек созлеменен басқыласуды жақсы корушилик—қарақалпақлардынг айрықша қаситининг бри болып табылады. Қарақалпақ халқынынг коркем созди жоқары баҳалайтуғынын халқтынг мнадай нақыл созлери-де айқын далиллейди:

Ойланып блип бабалар,
Созди дурге тенггерген,
Тауып айтқан харь созинг,
Ойлама кем деп гаухардан[2]).

Ямаса шешенликтинг ақмиети туралы айтылған мна нақылды алып карангыз:

Орынсыз келген ажелден,
Аралап алған шешенлик,
Ҳақ пенен барды тауып айт,
Жолдасынг болар есенлик.[3])

Қарақалпақ халқы асресе эпослық шғармаларға, қаҳарманлық ҳамь лирикалық дасьтанларға айрықша бай. Қарақалпак халқынынг қаҳарманлық дастаны „Қырк-қыз" сияқлы дасьтан озининг идеялық мазмуны ҳамь коркемлик дарежеси жағынан кута жоқары турады. „Қырк-қыз" поэмасын дунья жузилик адебият ғази-

---

[1]) *Ч. Ч. Валиханов.* Соч., Изд. Русского географ., об-ва, отд. этнографии, 1904, том XXIX стр, 192.
[2]) „Каракалпак накыл-макаллары", Нокис, 1950, 38 бет.
[3]) Бул-да сонда, 40 бет.

несининг енг ҳасыл шығармаларынынг қатарына қоюға болады.

Қарақалпақ адебиятында XVIII асирдинг озинде-ақ аузеки халқ творчествосынан озгеше шын манисинде адебият дорей баслады деп айтуға болады.

Бул гездеги халқ шаирларынынг бурынғы таза фольклор уакиллеринен озгешелиги—олардынг шығармалары озининг тематикасы, стили, реализми жағынан фольклорлық шығармалардан ажыралады ҳамь бул шығармалардынг авторлары тарихта белгили болып сақланып қалады. Бурынғы аты бималим шаирлар менен айтушылардынг орнына енди озининг творчестволық озгешеликлеременен журтқа белгили болған шаирлар пайда болады.

Маселен, қарақалпақ адебиятында усындай озь шығармаларыменен халққа белгили болған бринши шаир XVIII асирде омир сурген Жиен Тағай улы еди. Онынг белгили „Посқан ел" толғауы озининг темасы, стили, реализми жағынан фольклорлық шығармалардан бир қатар озгешеликлеременен ажыралады.

Қарақалпақлар арасында жазба адебияттынг пайда болу процеси XIX асирде кушейеди. XIX асирдеги қарақалпақ шаирлары Ажинияз, Кун-Хожа, Бердақ, Отеш, Омар ҳамь баскаларынынг атлары халқымызға кенг турде малим. Олардынг творчествосынынг фольклорлық дасьтурлерименен байланысы еле кушли, брақта сонынгменен бирге олардынг творчествосы озгеше, жанга спатларға ие.

Сонлықтан усы шаирларды жазба адебият тарихынынг уакиллери деп атауға бизде жеткиликли тикарлар бар.

Бердақ творчествосынынг тикарғы дереги—қарақалпақ халқынынг XIX асирдеги социал-экономикалық турмысы деп блу керек. Бердақтынг шығармаларындағы халқшылық, демократизм идеяларынынг тикары усы халқтынг сияси-жамиетлик жағдайларынан келип шыққанлығы анық. Жоқарыда биз Бердақ творчествосынынг тупь тамырлары халқтынг ауз адебиятынан (фольклордан) азық алып жетилген дедик. Бердақтынг „Шежире", „Ахмақ патша" сияқлы тикарғы шығармалары фольклорлық традициялар тикарында жазылған. Бердақ творчествосынынг бринши дереги—халқ творчествосы.

Бердақтынг шығармаларында айтылуына қарағанда



шаир халқ творчествосына оғада зор ықлас қойып, дыққатпенен уйренгенин коремиз.

Бердақ творчествосынынг екинши тикарғы дереги—XVIII—XIX асирлердеги қарақалпақтынг демократияшыл адебияты, усы адебияттынг корнекли уакиллери, қарақалпақ адебиятынынг классиклери—Жиен-Жрау, Ажинияз, Кун Хожалардынг демократиялық, халқшыллық идеялары Бердақтынг творчествосын рухландырушы болды.

Бердақ усы шаирлардынг демократияшыл идеяларын озине мирас қлып алып, солардынг енг жақсы дасьтурлерин дауам еттируши болды.

Бердақтынг шығармаларыменен жақсылап танысқан адамға Жиен-Жраудынг „Посқан ел" толғауы, Ажинияздынг „Боз атау" қосығы, Кун-Хожанынг „Орақшылар", „Шопанлар", „Елменен" ҳамь басқа қосықлары Бердақтынг творчествосына созсиз кушли тасир еткенлиги айқын коринип турады. Бул шаирлардан Бердаққа идеялық жақтан асресе жақын турған шаир Кун-Хожа екенлигин корсетип кету керек.

Бердақ озининг „Омирим" деген қосығында Кун-Хожаны озининг устазы ретинде тарипле йди. Ғарры Кун-Хожаменен бир ярым ай бирге жатып, қосықларынынг кемис жерлерин онглатып, Кун-Хожа шаирдан уйренгенлигин айтады. Бердақ сол Кун-Хожа менен гезлескен кунлерин ҳешуақытта ядынан шықпастай из қалдырған шадлықлы кунлер еди деп еске тусиреди:

„Белгили халққа ишаны,
Ядымда дур харькашаны,
Қартайған ол Кун-Хожаны,
Корген кунлерим, қунлерим.

Айтып созлерди тынглатып,
Кемис жерлерин онглатып,
Бир ярым ай бирге жатып,
Хазь етип откен кунлерим"[1])

Тағы-да Бердақ озининг „Болған емес" деген белгили қосығында-да Кун-Хожаменен гезлескенлигин ҳамь Ажинияздынг шығармаларыменен таныcқанлығын, олар-

---

[1]) *Бердақ.* „Танглаулы шығармалар жинағы" 44 бет, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.

дынг-да Бердақтынг озиндей шадлықсыз, қайғы-ҳаси ретте откенлигин айтады:

„Бердимурат менинг озим,
Кун-Хожаны корди козим,
Еситгим Ажинияз сэзин
Олар-да шад болған емес“[1])

Асресе Кун-Хожа менен Бердақтынг жасаған заманы, басларынан откерген тарихи тағдири бир-брине жақын болғанлықтан олардынг творчествосы-да идеялық жақтан бир-брине жақын байланыслы екенин коремиз. Егер биз Кун-Хожанынг „Жарымадым“, „Не болдым“, „Елменен“, „Неге керек“ деген қосықларын Бердақтынг „Омирим“, „Билмедим“, „Халқ ушын“, „Ким айтар“, деген шғармаларыменен салыстырып қарасақ, бул еки шаирдынг творчествосында идеялық жақтан коп нарселердинг бир-брине жақын екенин коремиз:

Маселен, Кун-Хожанынг „Не болдым“ деген қосығында:

Шықтым дуньяға не кордим.
Жасап дуньяда не болдым,
Қайғы қаплады, жер болдым,
Қсым болды шбын жанға[2])

деп басланса, Бердақтынг „Омирим“ деген қосығы:

Ялғаншы пани дуньяда,
Анадан тудым, не кордим,
Откенинг-бе дуньядан,
Бир кунше болмай омирим[3])

деп басланады. Тағы-да Кун-Хожа менен Бердақтынг гейпара басқа қосықларынынг-да мазмуны, формасы бир турде келип отырады.

Брақ-та буннан Кун-Хожа менен Бердактынг творчествосында ҳешқандай айырма жоқ, екеуи-де бирдей деген мағана келип шықпайды. Ҳақиқатында Бердақ Кун-Хожаға ҳамь басқа шаирларға қарағанда адеур

---

[1]) Бердак, „Танглаулы шғармалар жинағы“, 53 бет, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.

[2]) „Қарақалпақ халк творчествосы“, Торткул, 1940, 39-бет.

[3]) *Бердақ*, „Танглаулы шғармалар жинағы“, 42-бет, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.



жокары котерилген шаир. Тек бунда бзинг айтып отырғанымыз Бердақ творчествосынынг озинен бурынғы шаирлардынг творчествосыменен идеялық байланысынынг бар екенлигин ғана корсету.

XIX асирдеги шаирлардынг копшилиги Ажинияз, Кун-Хожа, Бердақ тағы басқалар сауатлы адамлар болған, озь шғармаларын хат жузинде жазып отырған, шғармаларын бир-брине оқып берип, кемис жерлерин дузетип, бир-бринен уйренип улги алып журген. Маселен, Бердақ Жиен-жрау менен Кун-Хожадан уйренген. Бул жонинде Отеш шаирдынг Бердақ туралы мна создери далил бола алады:

„Улги алды Жиен-Жраудынг созинен,
Неше бақсы улги алды озинен,
Билгирдинг, шешеннинг журип изинен,
Арьманменен Бердак отти дуньядан“[1])

Бердақ—Науайы, Фзули, Махтум-Қулы, Фердауси Саади, Хафиз сияқлы Шғыстынг уллы шаирларынынг шғармаларыменен таныс болған.

Бердақ озь творчествосында туысқан озбек халқынынг уллы шаиры ҳамь ойшысы Алишер Науайы менен туркмен халқынынг атақлы шаиры Махтум-Қулы шғармаларынан ҳамь басқа-да туысқан халқлардынг шаирларынан улги алды. Сонлықтан-да ол:

„Шарктаптан[2]) тура каштым,
Науайыдан сауат аштым,
Фзулидан дурлер шаштым,
Дилуарларды излер едим“.—

деп жазды. Ол усы шаирларға оғада зор ҳурметпенен қарады. Брақ, гейпара жолдаслардынг ойлағанындай, Бердақты Махтум-Қулы менен Науайыға еликлеуши ғана болды деп қарау надурыс болар еди. Бердақ қарақалпақ халқынынг теренг милли шаиры, ол еликлеуши (подражатель) емес, ол озь творчествосын толық озь бетинше рауажландырған шаир.

Гейпара жолдаслар озлерининг жазған минетлерин-

---

[1]) *Отеш шаир*. Танглаулы шғармалары, 52 бет, Нокис, ҚҚМБ, 1949.

[2]) Шарктап — ески мектепте оқытылатуғын дини мазмундағы ктап.

де Бердақтынг творчествосы, онынг демократиялық, гуманистлик идеялары тек Науайы менен Махтум-Қулы шғармаларынынг тасиринен дореген деп тусиндирмекши болады.

Маселен, жолдас С. Бассин озининг жоқарыда корсетилген брошюрасында Бердақ шғармаларынынг барлық мазмуны менен формасы Науайы менен Махтум-Қулы шғармаларына тикарланған деген пкирди айтады. Ол блай деп жазады:

„Бердақ творчествосынынг гуллан бағдары, мазмуны, ал коп жерлерде формасы-да, Шғыс поэзиясынынг усы еки алыбынынг (Науайы менен Махтум-Қулынынг, И. С.) шғармаларындағы енг жақсы жақларын озинше озлестирип, қарақалпақ оқушыларына жеткерип отырды. Асресе Махтум-Қулынынг тасири кушли болған. Махтум-Қулынынг ҳарбир қарақалпаққа жақынлығы туркменлерден кем емес"[1]).

Профессор А. Саали озининг Бердақ туралы мақаласында Бердақты тек Науайынынг шакирти ғана деп тусиндиреди, Науайынынг Бердаққа болған тасирин оғада асырып суретлейди.[2]).

Махтум-Қулы менен Науайынынг Бердаққа тасирин бундай асыра корсету дурыс емес, себеби Бердақ творчествосынынг „гуллан бағдарын, мазмунын", ҳатте „формасын-да" Махтум-Қулы менен Науайынынг тасири белгилеген жоқ, ал қарақалпақ халқынынг басынан кеширген сияси-жамиетлик турмысы белгиледи.

Бердақ Махтум-Қулы менен Науайыға жай еликлеуши болған жоқ. Бердақ қарақалпақ халқынынг теренг милли шаиры ҳамь онынг шғармаларынынг мазмуны менен формасы Махтум-Қулы менен Науайы шғармаларын озлестиру ғана емес.

Дурыс, Бердақ, Махтум-Қулы, Науайы қусаған уллы гуманист шаирларға улкен ҳурметпенен қарады. Олардынг гуманистлик, демократиялық идеяларын озлестирди.

Брақта буннан „Бердақ творчествосынынг гуллан бағдары, мазмуны, ҳатте формасы-да Науайы менен Махтум-Қулы творчестгосынынг енг жақсы жақларын такрарлаушы болды" деген мағана келип шықпайды.

Рас, жолдас Бассин сонгында, Бердақ Махтум-Қулыға еликлеуши болған жоқ деп ескертеди. Брақ бул сози онынг жоқарыда айткан созлерине қарсы келеди. Тағы да ол: „Бердақ Махтум-Қулы шғармаларынынг формаларын лексика жағынан туркмен тлине жақын болған қарақалпақ тлине кошируши болды"[1]) деп жане хателеседи.

Бриншиден, Бердак Мақтум-қулы шғармаларынынг формаларын қарақалпақ тлине кошируши болған жоқ, ал Бердақтынг озине тань оригинальный қосық формасы болды, бул форма қарақалпақтынг ҳалқ поэзиясына ҳамь озинен бурынғы қарақалпақ шаирларынынг поэзиясына тикарланған еди. Бердақ бул қосық формаларын бурынғыдан-да рауажландырады. Екиншиден, туркмен тли лексика жағынан қарақалпақ тлине онша жақын емес. Лексика жағынан қарақалпақ тлине енг жақын тиллер ноғай тли менен қазақ тли.

Бердақтынг творчествосы озининг идеялық мазмуны жағынан, минеткеш халқтынг турмысын шын реалистликпенен суретлеуи, жамиеттеги класслық тенгсизликти айқын корсетуи жағынан озь заманындағы Шғыстынг басқа шаирларынан озгеше турады. Бердақ озинен бурынғы шаирлардан ҳамь халқ творчествосынан улги алғанда тек соларға еликлеуши ғана болып қалмастан, озь творчествосын толық озь бетинше рауажландырған шаир. Бердақ озинен бурынғы шаирлардынг енг жақсы дасьтурлерин, олардынг патриотизмин, халқшыллық, демократиялық, гуманистлик идеяларын озлестире отырып, қарақалпақ адебиятын тематика, мазмун жағынан болсын, сондай-ак форма жағынан болсын, бурында болмаған жанга бииkликке котерди. Сонлықтан-да оны қарақалпақ адебиятынынг тикарын салушы деуге болады.

---

[1]) *С. Бассин.* Бердак шаир—великий поэт—патриот, стр 47.
[2]) *А. Саади.* Қарақалпақ шаиры Бердақ, „Қзыл Узбекстан" газетасы, 30 июль, 1950 ж.

[1]) С. Бассин, Бердах шаир—великий поэт—патриот, стр 21.

## II. БЕРДАҚТЫНГ ЗАМАНЫ

Бердақтынг дуньяға козқарасын, онынг шғармаларында коп ушрасатуғын демократиялық идеяларды дурыс тусину ушын, сол идеялар менен козқарасларды доретken жамиетлик-сияси ҳамь экономикалық жағдайларды изертлеу керек. Ойткени, Бердақ шғармаларындағы демократиялық идеялар Бердақтынг жасаған заманындағы қарақалпақ халқынынг басынан кеширген сияси, жамиетлик, экономикалық жағдайлардынг тикелей тасири астында жузеге шыққанлығын биз жоқарыда айтып откен едик.

Қандай шаир, жазушы, жамиетлик ғайраткер болса-да оған озининг оскен ортасы, заманы, догерегиндеги жамиетлик сияси-экономикалық жағдайлар улкен тасирин тигизеди.

Данышпан рус критиги В. Г. Белинский озининг бир шғармасында блай деп жазған еди:

„Шаир—енг алдыменен адам, оннан кеин озь елининг гражданы, озь заманынынг улы. Халқтынг рухы, заманынынг рухы оған басқаларға қарағанда кем тасир етуи мумкин емес“[1])

Сондай-ақ озь заманынынг, озь халқынынг улы болған Бердаққа-да сол замандағы тарихи, сияси, экономикалық жағдайлардынг кушли тасир еткенин айқын коремиз. Шаир озь шғармаларында озь заманынынг айнасы болды. Сол даурде болған аҳмиетли тарихи, жамиетлик уақияларды озь шғармаларында корсете билди. Сонлықтан биз Бердақтынг омир сурген заманындағы қарақалпақ халқынынг басынан кеширген жамиетлик, сияси, экономикалық жағдайларды қысқаша

[1]) *В. Г. Белинский.* „Взгляд на русскую литературу 1847 г“ Собр. соч. в 3-х томах, ГИХЛ, Москва, 1948, том 3. стр. 792.



баянлап отемиз. Бердақ тек озь заманындағы ғана емес, ал озинен бурынғы откен уақыттағы қарақалпақ халқынынг бир асирлик турмысын озь творчествосында корсеткен шаир. Сонлықтан биз Бердақтынг заманын изертлеуди ертеректен, яғни XVIII асирдеги аҳмиетли фактлардан баслаймыз.

Тарихи мағлуматларға қарағанда XVII-XVIII асирлерде қарақалпақлар Сырдарьянынг орта ҳамь аяқ жағында, Туркстан ҳамь Сығнақ қалаларынынг догерегинде жасаған.

XVIII асирде қарақалпақ халкынынг жамиетлик-сияси турмысына улкен тасирин тигизген зор тарихи уақиялар болып отти. Бул уақиялардынг енг аҳмиетлилери мналар болды: 1723 жыллар шамасында Сырдарьянынг орта жерин джунгарлар (қалмақлар) басып алды.

Бул жерлерде макан етип отырған қарақалпақлар озлерининг ата маканын таслап кошуге мажбурь болды. Кошкенде қарақалпақлар еки жаққа болинип кетти. Олардынг бир болеги Сырдарьяны орлеп Ташкент, Фергана, Бухара, Самарқанд жаққа Зарафшан ойпатына кошти-де, бир болеги Сырдарьянынг аяқ жағына Арал тенгизине қарай кетти. Мне усы уақиядан кеин қарақалпақ халқы „жоқарғы қарақалпақлар“, „томенги қарақалпақлар“ деп екиге болинди.

Сырдарья бойындағы қарақалпақлардынг тикарғы касиби диқаншылық еди.

1740—1743 жыллары Сырдарьянынг томенги жағын изертлеуге жберилген ҳамь Сырдарьянынг аяғында отырған қаракалпакларды озь козименен корген рус миссиясынынг басшысы Гладышев блай деп жазды:

„Қарақалпақлар Сырдарья, Адам-Ата ҳамь Қуан дарьянынг еки жағасын макан етеди ҳамь сол дарьяларға жақын жердеги коллерге ҳамь ойпатларға будай, арпа, тары егеди; жерлери қумлық сазлы, олар жерди огизбенен суреди, атызларын дарьялар менен коллерден суғарады“[1]).

Ол уақытта Сырдарьянынг томенги жағында отырған қарақалпақлар қазақ ханларына бағынатуғын еди.

[1]. *Т. А. Жданко.* Очерки исторической этнографии каракалпаков“, изд. АН СССР, М—Л., 1950, стр. 139.

Қазақ ханы Абулхаир „қарақалпақларға жии-жии шабуыл жасап туратуғын еди. Ол қарақалпақларды озине бағынушылар деп санап, олардынг мал-мулкин тартып алып журди"[2])

XVIII асирдинг 40—жылларында Сырдарьянынг томенги жағын жайлаған қарақалпақ халқы қазақ ханлары менен феодалларынынг узликсиз шабуылынан, жабир-зулымынан қутылу ушын Россия патшалығынынг қоластына отуге ҳарекет етеди.

Қарақалпақлар Россия қоластына оту ушын 1742 жлы Оренбургқа ҳамь 1743 жлы Петербургқа елшилер жбереди. Қарақалпақлардынг усы қылған ҳарекетине жуап ретинде қазактынг кши жузининг ханы Абулхаир 1743 жлы Сырдарьянынг аяқ жағында отырған қарақалпақларға қатты шабуыл жасап, қырғынға ушыратты. Усынынг натижесинде қарақалпақ халқы Сыр дарьянынг бойындағы коп минетлер менен келеге келтирген диқаншылықлы жерлерин таслап, тағыда тумлы-тусқа тарап кетуге мажбурь болады. Гейпаралары „жоқарғы" қарақалпақларға барып қосылады. Копшилиги „Жанга Дарья" бойына келип жайласады. Ал бир паралары Қзыл-Кумнынг қия шолинен аш-аптада болып шубырып Хорезмге келеди.

Абулхаир ханнынг 1743 жлы қарақалпақларға талаушылық топылыс жасап, оларды талап, қиратуынынг натижесинде карақалпақлар Арал тенгизининг жағаларына ҳамь Аму-Дарьянынг томенги жағына кошип кетуге ҳамь Хиуа ханларынынг қуллығына тусуге мажбурь болды.

Бзинг жоқарыда корсетилген ертедеги тарихи фактларды келтирип отырғанымыздынг себеби бул тарихи уақиялар сонгынан Бердақ шғармаларында азлы-копли суретленеди. Асресе Бердақтынг „Шежре", „Айдос би" қусаған тарихи поэмаларында жоқарыда баянланған тарихи уақиялардынг бир қаншалары созь болады.

Бердақ қарақалпақ халқынынг откендеги тарихына коз жберип, ондағы халқтынг бир жерде узақ уақыт орнығып отыра алмай, барьҳама булгиншиликке, қырғынға ушырап, кошип-қонып жургенин айта келип блай деп жазған еди:

---

1. „Қазақ ССР тарихы", Алма-Ата, 1949, 1 том. 196—бет.



**Каракалпак халк болғалы,**
**Халк атағын алғалы,**
**Ҳақтаала жол салғалы,**
**Бир тенгликти алған емес.**

**Каракалпактынг халқы булип,**
**Қонгсы отырған ели кулип,**
**Бразлары жолда олип,**
**Жузь жыл қоныс басқан емес.**

**Булген ел каракалпақ болды,**
**Крылса-да урпақ болды,**
**Бердимурат Бердақ болды,**
**Дағын хешким билген емес.**

Қарақалпақ халқынынг усындай булгиншиликке ушрауы аузеки халқ творчествосында-да суретленеди. Қарақалпақ халкынынг XVIII асирдеги белгили халқ шаиры Жиен Тағай улынынг „Посқан ел" поэмасы усы жоқарыда айтылған тарихи шынлық фактларға тикарланған еди. Онда шаир сырт ел басқыншыларынынг, ханлар менен феодаль-байлардынг узликсиз шабуылы натижесинде ата журты Туркстанды таслап, Қзыл қумнынг узақ шолинен аш-аптада болып шубырған қарақалпақ халқынынг басынан кеширген қайғылы уақиясын суретлейди. Қарақалпақлардынг ата журты Туркстанды таслап кошуине себеп, Жиен жраудынг сози бойынша:

**Жаугершилик коп болды,**
**Сансыз адам крылып,**
**Ғарға жеген оликке,**
**Жылға-сайлар топ болды.**

**Зулымға дады жетпеди,**
**Адам олди, кан тогилди,**
**Бигуна гелле кесилди,]**
**Ақ денели арудынг,**
**Бурымлары есилди;—**

дейди.

Усы Қзыл қум шолинен асып тусу сапарында жолда 300 ден аслам адам аштан оледи.

Мне усындай себеплердинг арқасында қарақалпақ

халқынынг айырым болеклери тумлы-тусқа птырап, Орта Азиянынг ҳамь Қазақстаннынг турли жерлерине трап кетеди ҳамь олар бир-бирименен байланыссыз турмыс кеширеди.

1810-жлы Хиуа ханы Мухаммед Рахим хан қарақалпақ халқын озине бағындыру ушын Жангадарья бойына ҳамь Арал тенгизининг жағаларына атланыс жасады. Бирталай қарақалпақларды Хиуа ханы озь қарамағына зорлықпенен коширип акеледи, оларға аур салғыртлар салады.

Жангадарьянынг бойында коп минетлерменен келеге келтирип, диқаншылық етип отырған жерлеринен айрылған ҳамь жат жерге зорлықпенен коширилип акелинген қарақалпақ халқы жанга қоныста озининг хожалық турмысын жургизу ушын аур қиыншылықларға гезлести. Жангадан қонысланған Амударьянынг аяқ жағындағы коллер менен батпақлықларды кептирип, ямаса су бармаған партау жерлерге жангадан жаплар қазып су апарып, егин егудинг оғада қиынлығы кенг турде диканщылық етуге мумкиншилик бермеди[1]) Коп жыллар жаугершиликтинг, кошудинг салдарынан мал басынынг кемип қалғанлығы шаруашылықпенен шуғыллануға мумкиншилик бермеди. Натижеде каншама аур болса-да, оғада зор куш жумсап жангадан жерлер ашып, жаплар қазып, диқаншылық етуге мажбурь болды.

Оғада коп куш сарп етип, минет етудинг аркасында қарақалпақлар улкен-улкен жаплар қазып, диқаншылық етуге мумкиншилик алды[2]).

„XIX асирдинг бринши ярымында қарақалпақлардынг хожалығындағы тикарғы касиби диқаншылық болды. Қарақалпақлар жайласқан жерлерде тек қолдан суғарудынг арқасында ғана диқаншылық ету мумкин еди. Ал, карақалпақлардынг минет суюшилигининг арқасында олардынг жерлерининг барлығы суменен жақсы тамин етилген“[3])—деп жазады 1868 жылғы бир газета мақаласында.

---

1) *Н. Дауқараев.* „Бердак шаир“. Нокис, 1950, 14—15 бетлер.
2) „Материалы по истории каракалпаков“, М.—Л., 1955, стр. 78
3) „Озбекстан халқларынынг тарихы“, Ташкент, 1947, 2-том 184 бет.



„Жангадарья бойында бурыннан диқаншылық етип отырған жерлеринен зорлықпенен коширип акелинген қарақалпақлар азғана уақыттынг ишинде Кок-Озек бойында жангадан коп жерлер ашты, ол жерлерге Қуаныш-Жарма, Кегейли кусаған улкен каналлар қазып, су апарды, солай етип, жанга улкен диқаншылық районын дузди“[1]).

XIX асирдинг бринши ярымы дауамында Амударьянынг аяқ жағындағы оғада коп батпақлы ҳамь шоль жерлерди келеге келтиру ушын қарақалпақ халқы айрықша қаҳарманлықпенен минет етип, коп куш сарп етти. Буған себеп Хиуа ханларынынг шабуыл жасаушы ҳамь жазалаушы топылыслары қарақалпақларды ҳадден зият булиндирип, аш-аптадалыққа тусирген еди. Ҳарь сапар усындай топылыслардынг натижесинде, бир жағынан, хан „бас иип бағынған“ билерге сарпайлар берип ҳамь басқа турли„мирим шапаат-тон сарпайлар берип ҳамь басқа турли„мирим шапа-ҳатлар“ ислесе, екинши жағынан, қарақалпақ халқын талап, булдирип. бирнеше жылға аур салықлар салып басқа жерлерге жер аударып отырды.

Хиуа ханларынынг қарақалпақларды аяусыз езудинг усындай „методларын“ қолланғанлығы ҳаққында ханнынг сарай тарихшысы бирнеше рет корсетеди: „Қонгираттынг қасында ханнынг женгимпаз аскерлери догеректеги елге шабуыл жасады ҳамь қарақалпақ булгиншилерининг сансыз коп малларын, мулвклерин ҳамь ғаллесин тартып алды“[2]). „Хан оларға (қарақалпақларға, И. С.) кошинг деп амир етти, ҳамь бул коп урулы ел .. озлерининг қонысларын бузып, ҳаял, бала—шағалары, малларыменен бирге ҳешнарсе қалдырмастан кошип кетти. Оларды коширип апару ушын хан оларға „сурдауллар“ (гузетшилер) қосып жберди...“[3]). „Аймурза би ханға келип бағынды..., хан Аймурзаға ҳамь онынг уру басыларына сарпай берди ҳамь сол урулы елдинг ғаллесин тартып алу ушын 4000 сайланды аскерменен Шах-Нияз аталықты ҳамь Мухаммед—риза Қусбегини жберди[4]“).

---

1) *Т. А. Жданко.* „Очерки исторической этнографии каракалпаков“, изд. АН СССР, 1950, М.-Л., стр. 150,
2) Мунис. „Фирдаусуль-икбал“—Сб. Материалы по истории каракалпаков“, изд. АН СССР, М.-Л., 1935, стр. 101
3) Сонда — 102
4) —“— —“— “ 102—103

Пленге тускен қарақалпақлардынг бразы қулларға айландырылып, оларға ханнынг жеринде ҳамь хан ҳамелдарларынынг жерлеринде диқаншылық жумысларын ислететуғын еди. Хиуа ханлығындағы барлық ири жаплар қарақалпақлардынг кушименен қазылған еди[1]).

Бердақ жасаған даурде қарақалпақлар арасында орайласқан мамлекетлик система жоқ еди. Уру басы билер ҳарькайсысы озинше Хиуа ханына қараслы болды. Бул урулық системасын Хиуа ханлары ҳартарепleme куатлап отырды. Бул система Хиуа ханлығынынг қарақалпақларды бир орайға бриктирмей, озининг оларға устемлигин, езуин женгиллетуге ҳамь қарақалпақ урулары арасында уру таласын кушейтуге қаратылған сиясаты еди. Дара-дара уру туринде басқарылатуғын, бирликсиз, озь-ара жауласып туратуғын халқты басқару Хиуа ханынынг олар устинен жургизетуғын езушилик сиясаты ушын қолайлы еди.

Қарақалпақ районларынынг узақлығын есапқа алған ҳамь бунда, қарақалпақлар арасында озининг ҳакимшилик аппаратын дузуге мумкиншилиги болмаған Хиуа ханлары қарақалпақларға озлерининг устемшилигин қарақалпақ билери арқалы кушейтуге урынды ҳамь сонлықтан билердинг халққа устемшилигин барынша кушейтуге трысты.

Қарақалпақ билерин ханнынг ози тастиқлайтуғын болды ҳамь билер халқтан салық ондируде ханнынг кушли жардемшиси болып отырды. Сонынг арқасында билер озлерининг байлығын, абройын арттыра берди[2]).

Брақта билерди қуатлап отырғанда хан ҳукимети озине пайдалы жағын гозлеп илажсызлықтан солай ислеуге мажбурь болды. Екинши жағынан, Хиуа ханлары қарақалпақ билерине исенимсизликпенен қарап, оларды озлерине толық бағындырып услауға ҳарекет етти. Сол себепли Хиуа ханлары қарақалпақларды басқару ушын бурынғы билердинг устине жангадан „аталық", „беглер-беги" деген еки турли ҳамел шғарып, оларға тек хан тарепинен тайынланған адамлар ғана қойылатуғын болды.

---

[1]) *Т. А. Жданко.* „Очерки исторической этнографии каракалпаков", изд. АН СССР, 1950 М.—Л., стр. 150.

[2]) *П. П. Иванов.* „Новые данные о каракалпаках". Сборник „Советское Востоковедение" том 3, М.-Л., 1915, стр. 72—73.



Ханнынг салғырт ҳамь турли алымларды жинау жониндеги жарлықларынынг озь уақытында орынлануы ушын тикарғы ондирис қураллары: жер, мал, мулк урудынг атына жазылатуғын еди.[1])

Устиртин қарағанда мал, мулк, жер, су урудынг барлық адамлардынг арасындағы ортақ мулки, буннан урудынг барлық ағзалары тенг пайдаланып отырғандай болып коринеди. Ҳақикатында егин егуге жарамлы жерлер, мал, мулик—бай, би, ишан, хожа, молла, ҳамелдарлардынг қолында болып, тикарғы минеткешлер копшилиги олардан экономикалық жақтан ғарезли болды. Натижеде минеткешлердинг коби жер судан айрылып, жер, мал, мулк ири феодальлардынг, байлардынг, ишанлардынг қолына жиналды.[2])

Усындай жер-мулктинг ири феодаллар менен молла-ишанлардынг қолына жиналғанлығы туралы П. П. Иванов Хиуа ханларынынг архивынан алынған мағлуматларға тикарланып томендегилерди билдиреди:

„XIX асирдинг орталарында Қазаяқлы уруынан Абдулла би дегеннинг меншигинде 6370 танап жери болған, Бессары уруынан Жаныбек би менен Екишиық уруынан Назар би екеуи бирге 5324 танап жерге иелик еткен. Хиуа ханына хызмет еткен коп ҳамелдарлар-да ири жер мулкке ие болған. Маселен, қанглы тиресинен Абдулла Жузбасы дегеннинг 1050 танап жери болған. Аралбай уруынан Сарықул жузбасы—217 танап жерге иелик еткен. Қайшылы уруынан Гедей мираб дегеннинг 3 мынг танаптан аслам жери болған.

Сондай-ақ, эксплуататор класслардынг кушли трегі болған руханилер — молла-ишанлар-да коп жермулкке иелик еткен. Маселен, аралбай уруынан Молла Ораз дегеннинг 4000 танап жери болған. Молла Отеген деген—1200 танап жерди меншиклеген. Маулям-Кулы ишан, Латиф-ишан (қанглы), Асқар ишан (қыпшақ), Аллаберген-ишан (қыпшақ) деген ишанлардынг ҳарькайсысынынг 100 танаптан 300 танапқа шекем ҳамь оннан-да аслам жерлери болған.

Сондай-ақ байлардынг-да жери булардан қалыспа-

---

[1]) Сборник „Советское Востоковедение", изд. АН СССР, 1945, кн 3, стр. 69.

[2]) „Материалы по истории каракалпаков", Труды Института Востоковедения АН СССР, Москва, 1935, стр. 79.

ған. Маселен, Жоллыбай (қыпшақ—жабы уруынан), деген байдынг Сасық кол деген жерде 3,5 мынг танап жери болған. Тоқбай дегеннинг—1800 танап жери болған ҳамь тағы басқа сондайлар.

Ал диқан хожалықларынынг кобисининг жерлери 1—2 танаптан коп болмаған, олардынг копшилиги путкиллей жерсиз болған"[1]).

XIX асирдинг басында „гуллан қарақалпаклардынг 16 процентген асламынынг путкиллей жери жоқ еди, ал қалғанларынынг копшилиги жери аз болғанлықтан басқа жери коп адамлардан жерди кута аур шартлерменен арендаға алып егетуғын болған[2]).

Хиуа ханлығы қарақалпақларды женгип алынған халқ деп қарап, оларға турли алым-салықлардынг барлық аурманлығын салды.

Қарақалпақларды жаулап алғаннан кеин дарьҳал Мухаммед Рахим хан олардынг арасына салық жинаушылар-мушрифлер тайынлады. Қаракалпақлар жауға шабылып, булгиншиликке ушрап келгенлигине ҳамь жерсизлигине қарамастан оларға турли аур салықлар салынды. Ханнынг турли салғыртлары урудынг атына тусетуғын болған. Ол салғыртларды уру басылар шанграққа болетуғын болған. Шанграққа болгенде жери, мал мулки коп байлар, ишанлар, феодаллар салықтан қутылып, салықтынг барлық аурманлығы минеткеш халққа тускен. Алым салықтынг турь-тури оғада коп болған: „кесме салғырт" „тутин пулы", „касир пулы", „закат", „хара ж" тағы басқалар. Гейпара мағлуматларға қарағанда хиуалылар қарақалпақтан ҳатте суттинг каймағына шекем жинап алып Хиуа ханына алып кетеди екен.

Буған косымша, карақалпақтынг озь ишиндеги биаталықлары, молла-ишанлары-да халқтан турли алым-салықларды коп алып отырған. Бул туралы Бердақ озинниг „Шежре" атлы тарихи поэмасында:

„Аз емесдур, қарақалпақ коп,
„Май пулы" деп, „шопь пулы" деп,

¹) *П. П. Иванов.* Новые данные о каракалпаках. Сб. „Советское Востоковедение", том III, 1945, М.—Л.,стр. 67—68.

²) *П. П. Иванов.* Очерки истории каракалпаков, Труды Института Востоковедения АН СССР, 1935, стр. 79.



Пухараны хамельдар жеп
Мыклым бизар кылған екен"[1]).

деп дурыс жазған еди.

Хиуа ханларынынг қарақалпақ халқына салық салу сиясатын Бердақ „Салык" деген белгили қосығында кута шынлықпенен суретлеп береди:

Былтырғыдан биыл жаман,
Қалай, қалай болды заман?
Гарип-қасер қалмай аман,
Он тилладан келди салык.

Буны салды Нурымбет „жан",
Буйырды деп аталык, хан,
Халк поссын деп нешше сан,
Он тилладан келди салык[3]).

Ол уақыттағы Хиуа ханларынынг салық салу сиясаты салықтынг барлық аурлығын жарлы халққа тусирип, байлардан, молла-ишанлардан салық алынбайтуғын етип дузилген еди. Мне, Бердақ усы талаушылық сиясатынынг срын ашып береди:

Ондиреди аш халктан,
Жетим жлайды сонлыктан,
Бай аман қалды салыктан,
Дохмет толеу болды салык.

Анау мешит мунарланған,
Басларында шрак жанған,
Куран ашып халқты соған,
Ишанларға жоқдур салык[3]).

Қарақалпақ минеткешлери Хиуа ханларынынг, хан ҳамелдарларынынг адам айтқысыз езушилиги астында жасады. XIX асирдинг 40—60 жылларындағы рус саяхатшыларынынг айтулары бойынша қаракалпақлар: „хан қоластындағы басқа халқларға қарағанда турли аур салықлардынг астында туншығуда еди, бул салық-

¹) *Бердақ.* „Танглаулы шғармалар жинағы", 100 бет.

²) Бул-да сонда, 100 бет.

³) Бердақ. Танглаулы шғармалар жинағы, 101 бет.

лар оларды аш-аптадалыққа тусиретуғын еди. Аур минеттинг ҳамь жоқшылықтынг астында женшилген, Хиуа ханынынг ҳамелдарларынынг аяусыз езушилиги астында жасаған, устиндеги тозған жыртық-жыртық киими денесин зорға жабатуғын бул жарлылар диуанашылықтынг жанлы картинасы еди. Устиндеги гоне қурым киизи қырқ тесик болған жаман ылашықлар оларға шыжғырған ыссыда ҳамь қақаман суықта пана бола алмайтуғын еди." Халқтынг бунынгдай аш-жалангаш болуына енг бринши себеп—қарақалпақларды аяусыз езген Хиуа ҳамелдарларынынг зулымы еди", „қарақалпақлар—Хиуа ханлығындағы енг бахытсыз (жарлы) халқ, себеби Хиуа ҳамелдарлары бул жарлы минеткешлерди адам айтқысыз зулымлықпенен езетуғын еди"[1])

Қарақалпақлардынг аш-жалангашлығы менен гедейлигининг ҳадден асқанлығын Туркстан генерал-губернаторынынг расми мағлуматында-да корсетип отеди. Ол мағлуматта: „қарақалпақлар Россия қоластына отер уақытта барлық Туркстан халқларынынг ишиндеги енг жарлы халқ еди" делинген.

Хиуа ханларынынг аяусыз езушилиги қарақалпақ халқынынг бирнеше рет котерилис жасауына себеп болды. 1827-жлы Ақ-жағыс деген жерде кушли котерилис шықты. Котерилис жасағанлардынг копшилиги гедей-жарлылар еди. Закат жинап журген Хиуа ханынынг ҳамелдарлары қашып кетуге мажбурь болды. Котерилиске Айдос би-де қосылды. Бурында Хиуа ханларынынг ат-тон сарпайына сатылып журген Айдос бидинг котерилиске қосылу себеби усы халқ котерилисинен пайдаланып, Хиуа ханынан толық ғарезсиз болып алу, халққа озь устемшилигин орнату болса керек.

Айдостынг котерилиске қосылу себеби бул сапарында салғырт жинаушы хиуалылар қарақалпақ билерининг мапине-де зиян келтирген болуы керек. Себеби бул сапары салық ондируши хиуалыларға бас болып ханнынг енг жақын адамы (маҳреми) келген екен. Ол маҳрем салғырт жинауда қарақалпақ билерининг маплерименен санаспаған.

---

[1]) „Озбекстан халқларынынг тарихы", Ташкент, 1947,—2, том 192 бет.

[2]) Материалы по истории каракалпаков", изд. АН СССР, Москва, 1935, стр. 82—83.



Айдос бидинг котерилиске қосылған себебин Бердақтынг „Айдос баба" деген шғармасы-да браз анықлап береди. Бул шғармада айтылуына қарағанда, бурын ханнынг берген уадеси бойынша салғырттан жиналған пулды хан менен Айдос би тенг болисип алады екен. Бул сапары хан уадесин бузып, салғырттан жиналған пулдынг торттен брин ғана Айдос биге бермекши болады. Айдос би буған конбейди, нарыза болады. Сонда хиуалылар менен Айдос би арасында мнадай айтыс сöзь болады:

— Кел, баба, шғынгыз торге,  
Хак яратқан назаркарде,  
Тенгғени болдик тöрть жерге,  
Брин алынг, Айдос баба[1]).

— Мут пул керек сендей қулға,  
Болажаксыз журтқа тулға,  
Тенг жарыман салық пулға,  
Тенг боль,—деди Айдос баба[2]).

Хиуалылар Айдостынг айтқанын орынламайды, ханнынг амири усылай дейди. Сонда Айдос би ашуланып хиуалыларға блай дейди:

— Сауаш клып ис басласам,  
Қан тогип кеул хошласам,  
Гелленгди кесип тасласам—  
Деди согип, Айдос баба[3]).

Шғарманынг жумағында Бердақ Айдос туралы блай дейди:

Ханға болмады пухара,  
Қарсы болды бара-бара,  
Жокдур олимге хеш шара,  
Шейт олди Айдос баба[4]).

---

[1]) Бердақ. „Танглаулы шғармалар жинағы", Нокис, 1950, 242

[2]) Бул-да сонда 24 '.

[3]) Бердақ. Танглаулы шғармалар жинағы, Нокис, 1950, 244 бет.

[4]) Бул-да сонда, 245. бет.

Демек, Айдос бидинг ханға қарсы болып, халқ котерилисине қосылу себебин Бердақ дурыс корсетеди: хан Айдостынг мапине зиян келтирген, сол себептен Айдос ханға қарсы болып, котерилиске қосылған.

Котерилисшилерге қарсы, Хиуа ханы—Аллақулы хан коп аскер жбереди. Айдос бидинг атрапына жиналған қаракалпақлар сауашқа таярланады, қорғанлардынг ғыр догерегине ор қазып, арбалардан қоршау жасайды. Брақта Хиуа аскерлери турған Қонграт қорғанына топылыс жасағанда Айдос би женгилип қалады. Соннан кейн ол озь адамларыменен бирге Сырдарья жаққа қарай қашады. „Еркебай қудығы" деген жерде олардынг изинен Хиуа аскерлери қуып жетеди. Хиуалылар ҳужим жасап, коп адамларды олтиреди, Айдостынг озин қолға тусиреди.

Хиуа ханларына қарсы котерилислердинг бри ҳамь енг кушлиси 1855—1856-жыллары Ерназар қолдаулы баслаған котерилис еди. 1855—1856-жыллардағы қарақалпақлардынг котерилисине Хиуа ханларынынг узликсиз жургизген урыслары ҳамь аур езушилиги себеп болған. Котерилис ханлык зулымға ҳамь милли езушиликке қарсы бағдарланған халқ азатлығы ушын ҳарекет спатында болды. Ойткени, В. И. Ленин жазғанындай: „ҳарқандай милли езушилик халқтынг кенг массаларынынг қарсылығын туғызады, ал милли жақтан езилген халқтынг ҳарқандай қарсылық корсету тенденциясы—милли котерилис болып табылады"[1]).

Котерилиске феодал-уру баслары басшылық етти. Қарақалпақ билери, қарақалпақлардынг Хиуа ханынан ғаресзсиз болуы ушын гуресе отырып, сонынгменен бирге билер озлерининг класслық маплери ушын-да гуресті. Олар озлерининг айтқанын орынлайтуғын ханға ие болу ушын Зарлық торени хан тикледи, сол арқалы олар озь халқын эксплуатациялау мумкиншилигине ие болмақшы еди. Котерилиске молла-ишанлардынг араласуы котерилистинг женгилуине себеп болды, ойткени молла-ишанлар ҳаммеден бурын хиянатшылық етип, котерилисшилерди ханға услап берди.

Ерназар Қолдаулы путкил қарақалпақ халқын Хиуа ханына қарсы бриктирмекши болады. Сол мақсетпенен ол барлық қарақалпақ билерин Хожелиге жинап, масleҳатлесип, котерилис шғаруға қарар етеди.

---

[1]) *В. И. Ленин,* Шғармалар, 23 том, 49 бет.



Котерилистинг даслепки гезинде қарақалпақлардынг барлық би-аталықлары, ҳатте Қара-Кумдағы ишан-да, Ерназар қолдаулыдан қорққанынан ҳамь халқтынг ағымынан шға алмай сол котерилиске қосылады. Брақ сонгынан 1856-жлы февральда Хиуада Сейтмухаммед хан тахтқа мнип, Хиуа ханлығы браз орныққаннан кейн Ерназар кенегес усаған сатылғыш билер ҳамь соған усағанлар хиянатшылық клып, Хиуа ханынынг тарепине отеди, бурынғы уадени бузып, котерилиске қарсы шғады. Озлери Хиуа ханына жаранбақшы болып Зарлықты Хиуаға тутып апарып береди.

Хиуа ханы Мамбетнияз жасаулбасы дегенди бас қлып, оған сатылған билерди қосып, Ерназар қолдаулынынг котерилисин басуға аскер жбереди. Ерназар Кенегес сияқлы халқ душпанлары: Ерназар-қолдаулы Хиуа ханына бағынсын, котерилисти тоқтатсын деп Қарақум ишанды елши қлып жбереди. Ерназар қолдаулы оған: бағынбайман деп жуап береди. Оннан сонг Ерназар қолдаулы Қазақ дарьянынг тенгизге қуятуғын жеринде Излим жол деген орынға беккем қорған салдырады, қорғаннынг айнала-догерегине шуқыр етип ор қаздырады. Сойтип, озине тань адамларды жинап алып, сол қорғанға бекинеди.

Мамбетнияз жасаулбасы алып келген Хиуа ханынынг аскерлери ҳамь сатылған қарақалпақ билери Ерназар қолдаулынынг қорғанын қамайды. Ерназар қолдаулы коп уақыт қарсылық корсетеди. „Ханға бағынсын, жарастырайық"—деген билердинг, ишанлардынг бирнеше рет усынысларына қарамаcтан, ол душпанға берилмейди, Ерназар қолдаулынынг қорғанын сырттан келип алу қиын болғанлықтан, жасаулбасы қорғаннынг ишиндеги гейпара сатылғыш билерменен астыртын тил бриктиреди ҳамь бурын Ерназар тарепинде журген бирнеше сатылғыш хиянатшылар қайымын тауып, Ерназар қолдаулыны ғапылда артынан келип атып олтиреди.

Солай етип, котерилис женгилуменен тамамланды. Котерилистинг женглуине себеп: қарақалпақлар арасында патриархаллық феодаллық қатнасықлардынг устем болуы, минеткеш массалардынг класслық сана-сезиминиң оянбағанлығы болды. Онынг устине ел ишиндеги

сатылғыш билер менен молла-ишанлар халқтынг мапине хиянат етип. Хиуа ханларынынг сиясатын қуатлады, котерилисши халқтынг озь ишинде аузы-алалық туғызды, халқтынг кушин бриктируге мумкиншилик бермеди.

1855—1856 жыллардағы котерилис туралы Бердақ „Ерназар-би" деген поэмасын жазды. Ол поэма ҳамь Ерназар қолдаулынынг котерилисте тутқан роли турады биз сонгынан озь алдына толығырақ тоқтап отемиз.

1855—1856-жыллардағы котерилис Хиуадағы хан властын қатты қорқытты ҳамь ызаландырды. Котерилисти қанға бояп басқаннан кеин хан ҳукимети озине қарсы котерилис жасаған қарақалпақ халқынан ошь алу ушын бурынғыдан-да бетер зулымлықты кушейтти. Ханнынг жазалаушы отрядлары елди қрып-жойып, булгиншиликке ушратты. Екинши жағынан, еки жылға созылған котерилис-аласаттынг уақытында халқтынг хожалығы коп дарежеде булинип, халқ ашаршылыққа ҳамь уайраншылыққа ушырады.

Хиуа ханлары халқтынг усындай аур жағдайына қарамастан, салықты барған сайын аурлата берди. Қрылуға шекем алып барған ашаршылықтынг ҳамь қатты езушиликтинг натижесинде қаракалпақлардынг бир болеги Сырдарья тарепке Россиянынг қоластына коше баслады. Рус источниклерининг корсетуи бойынша, қарақалпақлар 1857-жлы августа Сырдарья линиясына еки рет хат жберген. Бунда рус қоластына 900 уй болып отуге рухсат сораған. Сырдарья линиясы рухсат еткен[1]).

Мне Хиуа ханларынынг усындай адам шдамаслық аур езушилигине қарсы, 1855—1856 жылғы котерилистен 3 жыл откеннен кеин, 1858—1859-жлы қарақалпақлардынг жангадан котерилиси шықты. Бул сапары котерилистинг орайы—Қонграт болды.

Қонграт карақалпақларынынг котерилисининг басында Торемурат супынынг ақлығы Мухаммед Фана турды.

Хиуа тарепинен болған қорқыныш Фана ханды туркмен феодалларыменен жақынласып, олардан жардем сорауға мажбурь етти. Котерилиске қатнасқан халқлардынг талабы бойынша Фана хан 1859 жылдынг баҳаринде Оренбургқа озининг уакиллерин жберди. Бул уакиллер Оренбургқа барып, рус ҳукиметинен Қонгратты озингиздинг қарауынгызға алынг деп соранды. Рус ҳукимети жардемлесуге уадесин берди, брақ озь уақтында Қонгратқа аскер жбере алмады, тек сол жлы июнь айында ғана аскери куш жберди.

Хиуа қол астындағы халқлардынг Россиянынг пухарашылығына отип кетуинен хаупленип, англичанлар озлерининг агентлерин жберу арқалы туркмен феодалларын озь тасирине қаратып алды. Сол англичанлардынг турткисименен Қонгратқа келген туркмен феодаллары Қонграт халқын талап булдире баслады. Халққа аур шғынлар, салғыртлар салып алды. Натижеде котерилисши қарақалпақлар Қонграттан кетип, Бозатау деген жерге озь алдына қорған салды. Бир жағынан, Хиуа ханыменен тил бриктирген, екинши жағынан, англичанлардынг тасирине берилген ҳамь англичан мылтықларыменен қуралланған туркмен феодаллары карақалпақлардынг Бозатаудағы қорғанына топылыс жасап, тныш отырған халқты қырғынға ушыратты. Халқтынг малларын талап, озлерин урып-соғып, балаларын ҳамь ҳаял-қызларын пленге алып кетти.

Усындай талаушылық топылыслардынг натижесинде қарақалпақ халқынынг басына тускен аур қайғылы уақиялардынг бри Ажинияз шаирдынг белгили „Боз атау" поэмасында айқын суретленген. Онда шаир блай деп жазады:

Қала бузып, туркмен бағрым дағлады,
Кимсени тупенглеп, кимни бағлады,
Сенде коп минеткеш улы жлады,
Залымлықлар сонда ости, Боз атау.

Кимсе қаза тапты, жаннан айрылды,
Кимсе гедей болды, малдан айрылды,
Кимсе кози қунқарынан айрылды,
Басына аур ис тусти, Боз атау.[1])

---

[1]) *С. Камалов.* „Қарағалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа ханларына қарсы халқ азатлық гуреслери", ҚҚМБ, Нокис, 1955, 111 бет.

[1]) „Қарақалпақ халқ творчествосы", Торткул, 1940, ҚҚМБ 45-бет.

Усы шабуылдынг нәтижесинде халқ жауға таланып, коп жас балалар менен қызлардынг ат алдына тусип, бенде болғаны, қул болып сатылып шет журтларға кеткенлиги айтылады.

Оренбург генерал губернаторы Қонгратқа жардемге Арал флотилиясынынг бир пароход ҳәмь бир баржаменен онынг начальниги капитан А. Бутаковты жберели. Капитан Бутаков рус аскерлерининг бир отрядыменен 1859 жылдынг июнинде Қонгратқа келип, қаланы қамап атырған Хиуа ханынынг аскерлеринен босатты. Брақ, англичан агентлерине берилип кеткен Мухаммед Фана Қонгратты руслардынг қарауына беру жонинде Бутаковпенен келисимге келе алмады.[1])

Сонлықтан капитан Бутаков бирқанша уақыттан кеин Қонгратты таслап кеин қайтуға мажбурь болды.

Сойтип, Англия тарепинде болған туркмен феодалларынынг ҳәмь-де Фана ханнынг себебинен қарақалпақ халқынынг Россия қоластына оту ушын болған бул талабы-да иске аспай қалды. Брақ сондай қыыншылық уақытта жардем беру ушын туысқанлық қолын созған рус халқына қарақалпақ халқы ҳарьуақытта-да алғыс айтып келди.

Эксплуататор класслар халқты усындай сияси ҳәмь экономикалық жақтан езуменен қатар, минеткешлерди рухи-идеологиялық жақтан-да қуллықта услады. Халқ тегисименен дерлик сауатсыз болып, наданлықта, қарангғылықта жасады. Революцияға шекем қарақалпақ халқынынг озининг баспа сози, театры ҳәмь басқа турли мадени-ағарту орынлары болған жоқ. Булардынг орнына минеткеш халқ арасында дини фанатизмди таратушы мешит медреселер, дини сабақлар оқытылатуғын мектеплер болды. Революциядан бурынғы архив мағлуматларға ҳәмь Ташкентте шғатуғын „Обзор Сыр-Дарьинской области" деген расми журналдынг билдируине қарағанда 1909 жлы Қарақалпақстан территориясында 670 дини мешит-мектеп ҳәмь 2 медресе болған[1]). Бул мешит-мектеплерде жергиликли халққа тусиниксиз араб, арсы птиллеринде жазылған „Ҳаптуйек", „Куран", „Шарктап", „Супы Аллаяр" қусаған дини ктаплар оқытылатуғын еди.

[1]) *С. Камалов.* Қарақалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа ханларына қарсы халқ азатлық гуреслери", 127 бет. ҚҚМБ.

[1]) журнал „Обзор Сыр-Дарьинской области", Ташкент, 1911 163—164 стр.



Руханилар, хожа-моллалар надан халқтынг санасын диншиллик заҳарименен заҳарлеу максетинде, „Қара—Кум ишан", „Султан баба" қусаған дин орайларын дузип, турли „аулиелерге", „мазарстанларға", „пирлерге" табыну, садақа беру сияқлы адетлерди кушейтип отырды. Надан халқты алдап, басын айналдыру ушын „аулиелерде" ҳархилы отирик „кераматлар" ойлап шғарып отырды.

Халққа медициналық жардем корсететуғын орынлар болмады. Халқ арасында турли жуқпалы кеселлер кенг орын алды. Аурған адамлар ҳархилы надан тауиплерге, порканларға, хожа-моллаларға қарататуғын еди.

Мне усынынг арқасында Қарақалпақстандағы руханилар, молла-ишанлар кута улкен кушке ие еди. Олар халқтынг кушинен пайдаланып коп байлықлар жинады. Коплеген молла-ишанлар „мешит-медресенинг пайдасына" деген сылтауменен мынглаған танап жерлерге иелик етти. Маселен, бурынғы Чимбай участкасында айрым ишанлардынг қолында 1000 танаптан аслам уақым жерлер болып, оларға арнаулы жап қаздырып апарғызған[1]).

Мне усындай экономикалық ҳәмь дини жақтан улкен кушке ие болған руханилер, дин басшылары, хожа, молла, ишанлар мамлекеттинг сияси маселелерине, ел билеу ислерине-де актив қатнасатуғын ҳәмь бирдейине эксплуататор класслардынг—ханлардынг, байлардынг устемлигин беккемлеуге жардемлесетуғын еди. Мсалы, биз жоқарыда айтып кеткен 1855—1856 жыллары қарақалпақ халқы Ерназар қолдаулынынг басшылығы астында Хиуа ханларына қарсы азатлық ушын котерилис жасаған уақытта Қарақум ишан халққа қарсы хиянат етип, хан тарепине отеди ҳәмь Ерназар қолдаулыдан котерилисти тоқтатуды ҳәмь Хиуа ханына бағынуды талап етеди.

Бердақ усы жоқарыда корсетилген турли тарихи, сияси ҳадиселерге оғада бай XIX асирде омир сурди. Бердақ озининг жас кунлеринен баслап-ақ қарақалпақ халқынынг басынан кеширген аур ауҳалларын озь ко-

[1]) *Дж. Урумбаев.* Очерки по истории народного просвещения в Кара-Калпакии (канд. диссертация), рукопись, стр, 39.

зименен корип, халқпенен бирге озь басынан откерди. Бердақ халқпенен бирге ханлықтынг, патшалықтынг ҳамь жауз би-аталықлардынг, ҳамелдарлардынг зулымы астында жасады. Мне усы Бердақ жасаған даурдеги сияси, тарихи жағдайлар онынг творчествосына улкен тасирин тигизди, оны минеткеш халқтынг мунгын мунглайтуғын, жрын жырлайтуғын жыршысы етти. Бердақты омирининг ахырына шекем халқ ғамын ойлаған, халқ иси ушын гурескен гуресшенг шаиры қлып шғарды.

Эксплуататорлар ҳуким сурген, минеткешлерге жақтылық кун корсетпеген заманды Бердақ озь шғармаларында айқын шынлықпенен суретлеп береди, Бердақ озининг жасаған заманын „қара думан“, „зиндан“ деп жазады. Ол озининг бир қосығында блай деп жазған еди:

> Дуньясы қурысын, қазан урғандай,
> Жасаулар найза алып турғандай,
> Қара басқа ахырзаман курғандай,
> Заман мағап қара думан коринди.
>
> Дунья десенг, қара жумбай козингди,
> Зулматлары отқа тартар озингди,
> Патуасыз етер залым созингди,
> Заман маған зиндан кби коринди[1])

Ҳақикатында-да ол заман минеткеш халқ ушын зиндан—тюрьма сияқлы еди. Бердақ озининг жасаған заманы жонинде қартайған шағында бир қосығында куйинишпенен блай дейди:

> Заман нешик заман болды,
> Заман емес, думан болды,
> Думаннан-да жаман болды,
> Бендеге озинг пана бер.
>
> Қарақалпақ посар болды,
> Шолстанға басар болды,
> Неше кырдан асар болды,
> Халққа ақыл, дана бер[2])

---

[1]) *Бердақ*. Тангдаулы шғармалар жинағы, 57 бет.
[1]) *Бердақ*. Тангдаулы шғармалар жинағы. Нокис, 1950, 68 бет



Эксплуататор класслардынг жабру-зулымынан ашаршылыққа ушыраған жарлы халқтынг аянышлы ҳалын айта келип:

> Аштан олген толыпатыр,
> Сондай заман болып атыр,
> Дарьман неге курып атыр,
> Кормедим сра ақыбет[1]).

дейди.

Мнекей, Бердақ усындай тар заманда жасады. Бул заман Бердақ сияқлы халқтынг алдынгғы қатардағы ойлы, пкирли адамларына ерк бермей, олардынг қолаяғын байлап осирмеди. Сонлықтан халқтынг Бердақ сияқлы данышпан уллары озь еркинше жасай алмай, озининг ойлаған мақсетине жете алмай, ҳеш болмаса „бир жазылып айта алмадым заманда“ деп арьманменен кеткен. Бул туралы Бердақ озининг „Заманда“ деген қосығында блай дейди:

> Байлаулыдур бул заманда қолларынг,
> Бердимурат қиын сенинг ҳалларынг.
> Ашылмады сенинг журген жолларынг,
> Арьманменен кетер болдынг заманда[2]).

XIX асирдинг 60–70- жылларында Орта Азияны Россия патшалығы женгип алды, ал 1873- жлы Хиуа ханлығы женгип алынды. Сонынг натижесинде бурын Хиуа ханлығына қараслы болып келген Амударьянынг онг жағындағы қарақалпақ халқы Россия қоластына отти.

Россиянынг Орта Азияны женгип алуы объектив турде оғада зор прогрессивлик орын тутты, „... Россия Шғыс жонинде ҳақикатында-да прогрессивлик роль ойнады“,—деп жазған еди Ф. Энгельс[3]).

Россиянынг Хиуа ханлығын женгип алуынынг айрықша прогрессивлик орын тутқанлығы мнадай факттан-да коринеди.

„1873-жлы 12-июньде Хиуа ханыменен ҳамь басқару кенгесименен сойлесулердинг натижесинде Хиуа

---

[1]) Бердақ, „Тангламалы шғармалар жинағы“, Нокис, ҚҚМБ, 1950. 75-бет.
[2]) *Бердақ*. „Тангдаулы шғармалар жинағы“, Нокис, 1950, 60 бет
[3]) *К. Маркс* ҳамь *Ф. Энгельс*. шғармалары. XXI том, 221-бет.

ханлығынынг қарамағында кулларды ғалаба азат ету ҳамь куллық тартибин „мангтиликке“ жоқ ету ҳақ-қында қарарға кол қойылды. Хиуа ханлығында шама-менен есаплағанда барлығы болып 40 мынгға жақын иранлы-куллар бар еди. Олардынг копшилиги, озь еркименен кетпей қалғанларынан басқалары, озь елине қайтарылды[1]).

Бул уакия Хиуа ханлығын руслардынг женгип алғанлығынынг енг аҳмиетли натижелерининг бри болды.

„Рус аскерлери Хиуа ханлығын женгип алған уақытта қарақалпақлар озлерин рус қоластына қабыл етуди сорап, рус командованиесине бриншы болып делегация жберди. Қарақалпақлардынг делегациясы рус аскерлерининг штабына бирнеше рет барып жолықты. Генерал М. А. Терентьевтинг жазуы бойынша: „Депутациялардынг ишинде 10-июньде, Амударьянынг онг жағасында ҳамь тенгизге қуяр жеринде кошип журген қарақалпақлардынг уакиллери-де келди. Олар рус пухарашылығына қабыл етип алуды соранды. Оларға бул исти жақсылап ойланып келинглер деп тапсырылды, брақ арадан еки кун откеннен кеин олар тағы-да келип, озлерининг бурынғы отинишин такрарлап айтты. Буны птим договоры дузилгеп уақытта еске алынды ҳамь олардынг кошпели ауллары бизге берилген онг жағадағы жерлерге косылды[2]).

Онг жағадағы қарақалпақлардынг Россияға қосылуынынг арқасында қарақалпақ халқына мадениат жағынан коп алда турған уллы рус халқыменен тығыз байланыс жасауға жол ашылды ҳамь қарақалпақ халқынынг турмысына гейпара озгерислер киргизди. Бриншиден, қарақалпақ халқы Россия қоластына отуменен залым Хиуа ханларынынг орта асирлик жабайылық зулымынан кутылды.

Ҳакимшилик-басқару жағында белгили система орнатылды, сонынг арқасында бурынғы билердинг озь билдигинше ҳуким суруи жоқ етилди. Екиншиден, сиясиэкономикалық рауажлану жағынан анағурлым алға кеткен Россияменен экономикалық қатнастынг кушеюи

[1]) *Р. Қосбергенов.* XIX асирдинг ахырында—XX асирдинг басында Хиуа ханлығында қарақалпақ халқынынг ауҳалы. Канд. диссертация. Кол жазба. 34-бет.

[2]) Бул-да сонда, 206-бет.



елдинг хожалық турмысынынг тез рауажлануына жардемлести. Бурынғы патриархаллық-уру қатнасынынг қалдықлары устем болған натуралльқ хожалықтынг орнына ақша-товар алмасығы кушейип, сауда-сатық ислери рауажлана баслады. Капиталистлик типтеги айрым санаат карханалары: кишкене пахта тазалау заводлары, май заводлары, балықты қайта ислеу заводлары тағы басқа майда карханалар жузеге шықты. Ушиншиден, уллы рус халқынынг алдынғы қатардағы мадениаты қарақалпақ халқынынг арасында аз-да болса тарала баслады: Чимбайда, Торткулде, Мойнақта рус тлинде оқытатуғын баслауш мектеплер ашылды, айрым қалаларда кеселханалар салынып, халққа аз-да болса медициналық жардем корсетиле баслады.

Орта Азия халқларынынг уллы рус халқыменен ҳамь онынг енг жақсы уакиллери—революцияшыл—демократлар менен жақынласуы усы халқлардынг алдынғы қатардағы адамларынынг дуньяға козқарасларынынг қалиплесуине оғада зор тасирин тигизди. Россия болмағанда Орта Азия халқларынынг набыт болатуғынын олар жақсы тусинди. Мәселен, қазақ халқынынг енг жақсы уакиллерининг бри Ч. Валиханов „Современник“ журналынынг редакциясында Чернышевскийменен сойлесудинг тиккелей тасири астында блай деп жазған еди: „Бул Чернышевский деген қандай ажайып жақсы адам, ол тек руслардынг ғана емес ал басқа халқлардынг-да турмысын кандай жақсы бледи. Мен онынгменен гурринглескеннен кеин мнадай пкирге беккем исендим: Россия болмағанда бизлер набыт боламыз, руслар болмағанда бизлер блимсиз, мадениятсыз, зулымлықта, қарангғылықта қаламыз. Руслар болмағанда—бул тек Азия ғана, оннан басқа ҳешнарседе бола алмаймыз. Чернышевский—бул бзинг достымыз“[1])

1873-жлы қарақалпақлардынг Россияға қосылуы—бул оғада уллы аҳмиетли тарихи ҳадисе. Оннан бурынла ҳатте айемги Киев Русы заманынан берли қарақалпақ халқы уллы рус халқыменен дос болуға умтылып келди. XVII, XVIII ҳамь XIX асирлер дауамында қарақалпақ халқы Россиянынг пухарашылығына оту

[1]) *„Правда“*, 1952, 13-ноябрь, № 323 (125 5), ст. „Выше уровень идеологической работы“.

ушын бирнеше рет ҳарекет етип корди. Брақ ҳархилы тарихи, сияси-экономикалық жағдайлардынг себебинен қарақалпақ халкынынг бул умтылулары иске аспай қалып отырды. Тек ғана 1873-жлы халқтынг коп заманнан берги бул арьманы иске асты. Қарақалпақ халқы уллы рус халқыменен манггиликке туысқанлық дос болды.

XIX асирдинг ишинде қарақалпақ территориясында А. Бутаков, Т. Шевченко Н Каразин, И. Беляев сияқлы прогрессшил ажайып рус адамларынынг болуы рус мектеплерининг ашылуы, оларда рус тилининг оқытылуы, кеселханалардынг салынуы, Амударья хамь Арал тенгизи арқалы Россияменен қатнастынг кушеюи—усылардынг ҳаммеси қарақалпақлар арасында алдынгғы қатардағы рус мадениятынынг таралуына улкен себеп болды. Мне усы аҳмиетли тарихи уакиялар Бердақ сияқлы алдынгғы қатардағы адамларға озининг тасирин тигизбеуи мумкин емес еди.

Бул жонинде сонгғы адеби изертлеу экспедицияға қатнасушылардынг мна томенги пкирине биз толық қосыламыз. Олар блай деп жазады:

„Арал тенгизи жағаларындағы жай адамлар бизге озлерининг аталарынан, аналарынан бринши рус кораблининг келгени туралы, Арал тенгизининг жағаларын изертлеуге келген Бутаков туралы, сондай-ақ Бутаковқа „жол силтеу ушын“ параходқа алынған қарақалпақтынг қолдаулы уруынан Хожамберген ҳаққында еситкенлерин айтты. Буларды корген ҳамь еситкен халқ шаиры Бердаққа усы жанга жағдайлардынг тасир етпеуи мумкин емес еди[1]).

Бердақтынг творчествосына прогрессив рус маденияты озининг ийгиликли тасирин тигизди деп шамалауға мнадай далиллерди-де корсетуге болады:

Бриншиден: Бердақтынг коп шғармалары озлерининг идеялық мазмуны жағынан уллы рус шаиры Н. А. Некрасовтынг шғармаларыменен унлес келип отырады.

„Шаир болу шарть емес, азамат болу миннетинг“ деген рустынг уллы революцияшыл-демократ шаиры Н. А. Некрасовтынг идеясын Бердақ-та озь шғармаларында озинше айтып береди.

---

[1]) *М. Нурмухамедов*, Г. Есемуратов. Бердак хаққында жанга мағлуматлар. „Қзыл Қарақалпақстан“ газет. 24. IX—54 саны.



Маселен, Н. А. Некрасовтынг „Шаир ҳамь азамат“ деген белгили шғармасындағы патриотизм сезимименен толған:

Шын берилип уатан ушын,
Олип кету хурметли ис,
Олиминг-де боска кетпес,
Қан тогилген беккем ис[1])

деген созлерине Бердақтынг:

Жумыс исле, туылған сонг ел ушын,
Жанынгды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамып туған жер ушын,
Олип кеткенингше хызмет жаксырақ.—

деген қатарлары унлес келип отырады.

Албетте, биз бул жерде Некрасов поэзиясы менен Бердақ творчествосы арасында бир турли тиккелей байланыс болды деп айта алмаймыз. Ондай деп тастиклауға бизде ҳешқандай далил жок. Брақта уллы рус шаиры, диқанлар революциясынынг жыршысы Н. А. Некрасовтынг поэзиясы менен қарақалпақ гедейлеринииг қайғы-зарын жырлаған Бердақтынг граждандық лирикасы арасында идеялық байланыстынг бар екенлигин ашық коремиз Бул байланыс усы еки шаирдынг екеуининг-де бир уллы мақсетти—халққа хызмет ету идеясын жырлағанлықтан келип шыққан байланыс ели.

Некрасовтики сияқлы Бердақ поэзиясынынг-да айрықша белгиси—бул поэзия озь заманынынг жамиетлик мапине хызмет етти, езилген халқтынг ой-икирин, сезимлерин билдирди.

Екиншиден, Бердақ озининг программалық шғармасы болған „Ахмақ патша“ дасьтанын қарақалпақлардынг Россияға қосылуынан кеин жазды. Буны Бердақтынг озь сози далиллейди, ол „Ахмак патша“ поэмасын „жасым еллиге келгенде жаздым“—дейди, яғни 1877-жлы жазған болады. Бул поэмада шаирдынг халқлық-демократиялық идеялары оғада ашық коринеди ҳамь бунда шаир поэманынг басынан аяғына шекем ханлар-

---

[1]) *Н. А. Некрасов.* Қосықлар топламы, ҚҚМБ. 1947, „Шаир хамь азамат“, аударған Х. Сейтов, 30-бет.

дынг зулымына қарсы озининг қаҳар ғазабын, қатты жеккорушилигин билдиреди. Бунынгдай ханлық зулымға қарсы ашықтан-ашық душпанлық сезимименен толған шғарманы Бердақ Хиуа ханларынынг устемшилиги астында журип жаза алмас еди. Бунынгдай ханға қарсы жазылған шғарма ушын хан ҳукимети шаирды три жургизип қоймас еди. Демек бунынгдай азатлықты жырлайтуғын шғармаларды Бердақ тек русларға арқа суйеп ғана жазуы мумкин.

Ушиншиден, Бердақтынг омир баянында мнадай бир характерли деталь бар: 1900-жылдынг гузинде Бердақты Амударья болимининг начальниги Петро-Александровск (Торткул) қаласына шақыртады. Брак неге шакыртқаны малим емес. Бердақ сияқлы копшиликке белгили шаирдан ҳархилы адеби-тарихи материалларды жазып алу ушын рус адебиятшылары менен тарихшыларынынг талабы бойынша шақыртылған болуы итимал.

Бердақ: „Бизди ақ патша шақыртыпты“ деп, Қарақум ишаннан рухсат алып, Торткулге бару ушын жолға шғады. Брақ жолда Нокиске келген жеринде ауырып, кеин қайтуға мажбурь болады.

Мне усы детальдинг ози бизге коп нарсени билдиреди. Бриншиден, рус адамларынынг Бердақты атап шақыртуынынг ози шаирдынг сол уақытта копшиликкеатағы шғып, улкен дангққа ие болғанлығын, рус адамларына-да малим болғанлығын корсетеди. Екиншиден, Бердақтынг сол уақытта жасы 70 тен асып, қуға қартайған шағында ҳамь Қарақум ишанға қол берип сопы бола турып, рус адамларынынг шақыртуына бас тартпай баруға умтылғанлығынынг ози ғарры шаирдынг рус халқына шын кеулден жақсы ниетпенен қарағанлығын билдиреди.

Усындай фактларды еске ала отырып, биз Россияға қосылғаннан кеинги қарақалпақлардынг социал-экономикалық турмысында болған озгерислер, барлық жанга, прогрессив нарселер Бердақтынг жамиетлик козқарасларына тасирин тигизген деп блемиз.

Брақта, тлекке қарсы, усы кунге шекем Бердақтынг рус адамларыменен қандай байланыста болғанлығынынг конкрет фактларын корсететуғын ҳамь Бердақтынг рус маданиятына козқарасын билдиретуғын ҳешқандай документаллы мағлуматлар табылмай отыр. Алдағы уақытта бул маселеге бзинг адебиятшыларымыз бенен тарихшыларымыз айрықша кеул қойып, теренг изертлеу жумысын жургизулери тиис.



* * *

Уллы Октябрь социалистлик революциясы бурында малим емес ямаса аз малим болған бир қатар жанга миллетлерди жанга турмысқа оятты.

Усындай бурында аты малим емес дерлик ҳамь тек Уллы Октябрь социалистлик революциясынынг арқасында ғана қатарға қосылып, жанга турмысқа жетискен халқлардынг бри—қарақалпақ халқы.

Уллы Октябрь социалистлик революциясы, Советлер Союзынынг Коммунистлер партиясы қарақалпақ халқын езушиликтен қутқарып, жанга бахытлы, қуанышлы турмысқа жеткерди.

Ленин 1917-жлы Путкил Россиялық апрель партия конференциясында блай деди: „Биз Хиуа диқанынынг Хиуа ханынынг қоластында жасауын путкиллей тлемеймиз. Бзинг революциямыздынг рауажлануыменен биз езилген массаларға тасир етип отырамыз[1]).

Бул ҳақиқатында-да солай болып шықты. „Хиуа диқанлары“—озбеклер, қарақалпақлар, туркменлер, қазақлар рус халқынынг туысқанлық жардемининг арқасында патша, ханлардынг ҳамь жергиликли езушилердинг қуллығынан қутылып, азатлыққа шықты.

Сонынг арқасында қарақалпақ халқынынг дангқлы улы, патриот шаиры Бердақтынг омиринше минеткеш халққа азатлық тлеген арьманы-да жузеге асты.

Ҳазирги кунде қайта туылған қарақалпақ халқы азат, бахытлы, қуанышлы турмысқа жетисип, коммунизмге қарай алға бармақта.

---

1) *В. И. Ленин,* Шғармалары, 24-том, 268-бет.

## III. БЕРДАҚТЫНГ ОМИРБАЯНЫ ТУРАЛЫ МАҒЛУМАТЛАР

Бердақтынг толық омирбаяны туралы хат жузинде ҳешбир мағлумат сақланбаған. Сондай-ақ Бердақтынг озининг қол жазбасы-да ҳазирге табылған жоқ. Ҳазирги бар мағлуматлар Бердақты три уақтында корген-билген ҳамь еситкен адамлардынг созлеринен, сондай-ақ Бердақтынг ҳазирги бар ақлық-шаулықларынан жазып алынған ҳамь шаирдынг озь шғармаларынан алынған мағлуматлар.

Қарақалпақстаннынг тил адебият илим изертлеу Институты Бердақтынг шғармалары ҳамь омирбаяны жониндеги материалларды жинау ушын 1932-жылдан усы уақытқа шекем республиканынг арқа районларына бирнеше рет илими экспедициялар шолкемлестирди. Сонынг натижесинде сонгғы жыллары Бердақтынг омирбаяны туралы бир қатар жанга материаллар табылды ҳамь онынг бурын басылмаған бирқанша шғармалары жиналды.

Бердақтынг омирбаяны туралы шаирдынг озь шғармалары-да коп мағлуматлар береди. Усы мағлуматларға қарағанда Бердақ 1827-жлы Амударьянынг қуйған аяғында, Арал тенгизининг туслик жағасында, ата-бабасынан бери гедей болып киятырған Қарғабай дегеннинг семьясында туылған.

Бердақтынг озь акеси - Қарғабай, Қарғабайдынг акеси Боранбай, онынг акеси Тынет деген кси. Бердақ қарақалпақтынг қонграт арысы, қолдаулы уруынан болады. Бердақтынг толық аты Бердимурат, ал Бердақ онынг қысқартылған аты. Бердақтынг акеси Қарғабай Арал тенгизининг жағасында омиринше жарлылықта кунелтеди, балықшылықпенен касип етеди, ара-тура



диқаншылық-та етеди. Бердақтынг анасы Қарқара муйтен уруынан бир жарлы ксининг қзы болады. Халқ аузындағы ангызға қарағанда Қарғабайдынг акеси Боранбай баласын уйлендируге қалынг мал таба алмағанлықтан, ашлық жлы бир жарлынынг қзын қаунынг тухымына сатып алып берген екен дейди. Буны Бердақтынг ози-де сонгынан жазған бир қосығында блай деп корсетеди:

„Баурлас баур ханамда,
Ғамхорым менинг панамда,
Туған ғарип ол анамда,
Қалынг мал хеш болған емес.
Атам тухым берген екен,
. . . . . . . . . . .
Бурынғылар корген екен“[1])

Бердақ он жасына шыққанда аке-шешеси олип жетим қалады. Ол акеси Қарғабайдынг туысқан иниси Қошқарбайдынг ҳамь онынг баласы Найзабайдынг қолына барып кунелтеди.

Даслеп сол елаттынг бузауларын бағады. Сойтип Бердақтынг жас омири жетимликте, кемлик, хорлықта мал бағуменен отеди.

Бердақ жаслығында ауллық мектепте оқып сауатын ашады. Оннан кеин мадресеге оқуға креди. Брақ ози жетим қалып турмысы кемтарлықта отуи себепли мадреседе оқуын дауам етеалмайды. Оннан шғып, бахсышылықпенен кунелтуге мажбурь болады.

Бердақтынг шаирлық онерининг қалай ҳамь қашан басланғаны туралы халқ аузында бир талай ангыз ангимелер бар. Бреулер: „Бердаққа шаирлық бузау бағып жургенде пайда болыпты“,—дейди. Тағы бреулери: „Бердақ он еки—он ушь жасында озь ойынан шғарып қосық айта баслапты“,—дейди[2]). Усы анггимелердинг шынлыққа жақын жерлери-де бар сияқлы. Сонгғы уақытта жангадан табылған бир қосығында Бердақтынг ози блай деп жазыпты:

---

[1]) *Бердақ.* Танглaмалы шғармалар, 27—28-бет.
[2]) *Қ. Аимбетов.* Бердақтынг омирбаяны туралы мағлуматлар. (Бердақ, Танглаулы шғармалар жинағы, 407—408 б.)

Он бримде бузау бақтым,
Шаирлықты соннан таптым,
Он екимде судай ақтым,
Шешен болып озим менинг.
. . . . . . . . . . . . .
Он екиде я он уште,
Шаир болған гезим менинг[1].

Бердақ жас уақыттан баслап қосық шғара баслайды. Ол даслепкиде бреулерди мақтап, бреулерди даккеклеген қысқаша қосықлар шғарады. Ауларда той болған жерге барып, „Той баслар", „Бет ашар" қосықларын айтады. Сойтип кем-кемнен „Бердақ шаир", „Бердақ бахсы" деген атаққа ие болып дангқы журтқа жайыла баслайды. Мал бағудан қутылып, ел аралап қосық айтып, шаирлық созь онерименен кун коретуғын болады.

Бердақ ержете келе, шаирлық созь онерименен кун коруге криседи. Қолына дутар алып, атқа мнип, ел аралап қосық айтады. 22—23 жасларында қарақалпақтынг муйтен уруы, кенг танау тиресинен Байманқул дегеннинг Бибитхан (Байтхан) деген қызына уйленеди. Ол ҳаялынан: Ҳурлиха, Хурлиман, Айымхан ҳамь басқалары болып бес қызы жане Айеке, Назыбек деген еки улы болады.

Бердақ орта жасқа келгенде бринши ҳаялы Бибитхан оледи. Оннан кеин қостамғалы уруынан Борлибайдынг Бағдагул деген қызына уйленеди. Оннан Ярымхан деген қыз туылады.

Бердақтынг уллары менен қызларынан дореген урпақлары — ақлық-шаулықлары кута коп. Олар ҳазир Мойнақ районында, Қазақдарьянынг аяғында, Тербенбес жақларында, Қараозек, Тахтакопир, Чимбай районларында турады.

Бердақтынг ақлығы, Айекенинг баласы Сейтназар ҳазир Чимбай районынынг Калинин аулсоветинде турады.

Бердақтынг Хурлиман деген қызынынг баласы — Қаражан бахсы Мойнақ районынынг „Қзыл Аскер" колхозында турады. Айымхан деген қызынынг баласы — Сапарнияз Қазақдарьянынг балықшылар кооперативинде рабочий болып ислейди. Бердақтынг Ярымхан деген қзынынг қзы — Қансулу 1938-жлы Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советининг бринши сайлауында ҚҚАССР Жоқарғы Советине депутат болып сайланды. Ол ҳазир Чимбай районынынг Калинин аулсоветинде турады, тағы басқалар.

Бердақтынг усы жоқарыда аты аталған ақлық-шаулықлары ҳамь басқаларыменен сойлескенимизде олар Бердақтынг омирбаяны ҳамь творчествосы жонинде коп мағлуматлар берди.

Бердақтағы улкен бир жақсы қасиет, ол блимди халқтан уйренген. Халқ арасындағы билгир-шешенлер ямаса копти корген кемпир-ғаррылар анггиме айтса, солардынг айтқан созлерине ыхласпенен қулақ салып, кеулине тоқып алған. Мне сонлықтан Бердақтынг шғармалары да нағыз халқтынг турмысын корсететуғын, сонынг тлегине жуап беретуғын шғармалар болды.

Бердақтынг созь онерин халқтан уйренуге жасынан-ақ қумар болғанлығы, кемпир-ғаррылардынг айтқан анггимелерине ыхласпенен қулақ қойғанлығы шаирдынг мна созлеринен айқын коринеди:

Бир ғарры айтса анггиме,
Пайдалы ол дым харкимге,
Деп тынглап отырып ҳамме,
Насихатқа қойдым қулақ.

Ғарры-кемпирлер қосылса,
Бардым оған жақынласа,
Душпанымнан болдым таса,
Озь исиме болдым кунак[1]

Бердақ озининг омирбаяны туралы сонгынан қартайған уақтында „Омирим" деген қосық жазады. Ол қосығында Бердақ ози туылғаннан баслап қартайған уақтына шекем жылма-жыл озь омирининг тикарғы уақияларын баянлаған.

„Омирим" қосығындағы созлерге қарағанда Бердақ бул қосықты кута картайған уақытында олмесинен саль бурынырақ жазғанлығы коринеди.

---

[1]) „Қзыл Қарақалпақстан" газетасы, „Бердақтынг жангадан табылған қосықлары", 1950, 13-январь.

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 1950, 330-бет.

„Омирим“ қосығынынг сонгында қосықтынг қай жлы жазылғаны корсетилген.

Бердимурат ҳақтынг кулы,
Сахрада оскен булбили,
Жазылды бул донгыз жлы,
Қош бол, қайғылы кунлерим [1])

Сойтип „Омирим“ қосығы „донгыз жлы“ жазылған болса, ал Бердақ сиыр жлы (1900-жлы) олген болса, демек бул қосық Бердақ олмесинен бир жыл бурын—1899-жлы жазылған болады.

Бул қосығынан биз Бердақтынг он жасына шыққанда озь қурбы-қурдасларыменен бирге мешитте оқып жургенин блемиз. Шаир бастан-аяқ озь омирин баян етеди ҳамь жас бала уақтынан-ақ омири кемтарлықта, қайғы-хасиретте откенлигин, 18—20 жасларға шыққаннан-ақ, журегине хапалық орнап, омири арьманда оте баслағанын айтады. Ол жгирма еки жасларға шыққанда кушине толысып „жук котерген нардай“, „арыслан дай“ болып журген кунлерин, бойында жгер ғайраты тасып, „журген жери орть жанғандай“ болып, куши толыскан кунлерин жырлайды.

Бердақ сонгынан қартайған шағында бул жас кунлерининг қайырсыз, пайдасыз откенлигине окинели. Бердақтынг жазуына қарағанда, ол озь омиринде коп жерлерди аралаған сойтип, халқтынг аур турмысын озь козименен корген. Ол „Хорезм менен Бухарды, дангкы шыққан коп шаҳарлерди кордим“ дейди.

Бердақтынг омир баянындағы ози корсеткен бир аҳмиетли жери—ол 25—26 жасларға шыққанда қарақалпақ халқынынг белгили шаиры ғарры Кунхожаны корген, оннан улги алған, озининг қосықларын Кунхожаға корсетип, кемис жерлерин дузеттирип алған.

Бердақ қарақалпақ халқынынг классик шаиры Ажинияздынг коркем қссықларынан улги алған Ол Жиен жраудынг ақлығы Отеш шаирменен заманлас, дос болған. Отеш шаир қарақалпақтынг муйтен уруынан болады. Бердақ Отешти далкеклейди, оған „Муйтен“ деген ҳазил қосықлар жазады. Отеш шаир Бердаққа қайтарған жуабында Бердақтынг ата тегининг гедей екенин, онынг акеси Қарғабай Бердақтынг анасын қауыннынг шопағына сатып алғанын айтады. Берсенг, сойтип журип, сен кимге сын тағасанг?“—дейди. Усындай ҳазил айтыстан кеин Бердақ пенен Отеш шаир екеуи катты дос болады. Отеш шаир Бердақты оғада жоқары баҳалайды. Буған онынг Бердақ олгендеги айтқан косығы далил.

[2]) Бердақ, Танглаулы шғармалар жинағы, 1950 ж., Нокис, ҚҚМБ, 51 бет.



Бердақ қартайғанда откен омирине бастан-аяқ коз жбере келип, омирининг арьманда откенин айтып, озининг ойлаған мақсетининг орынланбағанына окинеди.

Я бахыт, я ажел жетсе дедим,
Залым шрағы ошсе дедим,
Сонша налып, қайғы жедим,
Оттинг дуньядан омирим [1]).

дейди шаир, озининг ойлаған мақсетин билдирип.

Бердақтынг озь созлерине қарағанда ол коп оқи алмаған, тек ески мектепте оқып сауатын ашқанлығы коринеди. Ол оқығанда дини ктапларға кеул қоймай, Науайы, Фзули, Махтум-Қулы сияқлы уллы гуманист шаирлардынг шғармаларынан блим алған.

Бердақ озининг путкил жан-таниMeнен блимге умтылуынынг арқасында, озь заманына ылайық басқалардан анағурлым блимли, алдағы қатардағы адам болған. Шғыс еллерининг адебияты менен қарақалпақ халқ адебиятыменен жақсы таныс болған.

Бердақ омиринше ишерине тамағы, киерине киими, тосерине тосеги жеткиликли болмай, мутажлықта, кемтарлықта омир сурген. Ол „Жаз келер ме?“ деген қосығында блай дейди:

Косилип жатар уйим жоқ,
Ииниге тартар кийм жоқ,
Токтап бизлерге буйым жоқ,
Мен сорлыға жаз келер ме“[2])

Брақта, Бердақ озининг жарлылық турмысына ҳеш уақытта налыған емес. Ол мал-дунья жинап бай болу-

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар, 1950, 47-бет.
[2]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 107-бет.

ды ҳешуақытта арьман еткен емес. Себеби бай болу, би болу – ол минеткеш халқтынг душпаны болу, оны езу деген созь. Сонлықтан ол байлыққа, ҳамелге ҳаслан қзыққан емес. Бул туралы озининг „Дауран“ деген қосығында блай дейди:

Бай болмадым жинап малды,
Би болмадым тогип барды,
Бари меннен адра калды,
Кереги жоқ ондай дауран[1]).

Бердақ – талантлы шаир болуменен қатар озь шғармаларын дутарға қосып айтушы бахсы-да болған. Сонлықтан ол халқ арасында „Бердақ бахсы“ деп аталған.

Бердақ улкейип ержеткеннен кеин озининг шаирлық онеримєнен ел аралап бахсышылық етип кун корген. Қайерде той-мереке болса, халқ Бердақты шақырып қосық айттыратуғын болады. Брақта, ол заманда-ғы халқтынг улума материаллық экономикалық турмысы ҳамь мадени дарежеси томен болғанлықтан Бердақ сияқлы шаирлардынг бир ғана шаирлық онерименен, бахсышылықпенен кун коруи қиын еди. Сонлықтан ол бахсышылықпенен қатар азын-аулақ диқаншылық ҳамь балықшылықпенен-де шуғылланған. Шаирдынг „Шғырым“, „Огизим“, „Бизге“, „Бермеди“ деген қосықлары онынг усындай диқаншылық ҳамь балықшылық касиплерименен шуғылланғанлығын корсетеди.

Брақта, ол уақыттағы жағдайда Бердақ сияқлы кушсиз жарлылардынг диқаншылықпенен кунелтуи-де қиын еди. Сонлықтан Бердақ омир бойы жарлылықта, мутажлықта кун кеширген.

Бердақтынг қандай аур жағдайда турмыс кеширгенлигин мнадай фактлар-да айкын корсетеди:

Бир сапары Қарақум ишанынынг медресесинде оқып атырған моллалар бир ешки беремиз деп Бердақты бир ахшам айттырып, сонгында ешкини бермеген. Шаир уаде қлынған минет ҳақысын сораса, медреседеги ахун, ишан, моллалар шаирды жазықсыздан-жазықсыз урып азап берген. Буған қарсы шаир озининг отлы созлерименен қосық шғарып, халқ душпанларына налет айтқан[2]).

---

[1]) *Бердақ.* Танглаулы шғармалар жинағы. 72-бет

[2]) Бул туралы Бердақтынг „Жақсырақ“ деген косығына берилген ескертуди қарангыз. Бердақ, Толық жинақ, 14-бет.



Бердақ „Тары“ деген қосығында усындай бир уақияны баянлайды. „Қара тупь“ деген жерде тары хырман алып атырған жгитлер 9 батман тары беремиз деп Бердақты айттырады. Сонгынан жгитлер уадесин бузып, шаирдынг минет ҳақысын бермеген. Шаирдынг „Тары“ деген қосығы сол уақия жонинде жазылған.

Мне бул фактлар шаирдынг қандай аур турмыста жасағанлығын, кун кору ушын қандай азап-ақыретлерди, кемтарлықларды басынан кеширгенлигин корсетеди.

Бердақтынг тикарғы гозлеген мақсети, олгенинше халқа хызмет ету, ойлағаны аш халқтынг ғамы болғанлықтан ол байлық излеуден, бай, аталық, хан сияқлы эксплуататорларға бас имей откен адам. Ол малдунья жинап, байлық дауран сурген нен коре, жейтуғын бир тислем нанынгды ҳадал минет етип тапқанынгмынг есе артық дейди:

Тургелип ертеден жумысқа шғып,
Қолынгды кабартып, белингди бугип,
Дзенгди сызлатып, минетин шегип,
Жеген бир зағаранг палдан жақсырақ[1]).

дейди Бердақ.

1950-жлы Бердақтынг олгенине 50 жыл толу мерекесин откеруге байланыслы республиканынг Мойнақ, Қараозек ҳамь Қонграт районларына жберилген илими экспедицялар-да Бердақтынг омир баяны туралы жоқарыдағы мағлуматлардынг дурыс екенин тастиқлады. Маселен, Бердақты корген-билген, ҳазирги Қараозек районынынг 9-аулындағы Калинин атындағы колхоздан 80 жасар ғарры Хожалепес Ибраим улы, сол районнынг 8-аул Ленин атындағы колхоздан 66 жасар колхозшы Есенов Нағметулла, жане сол районнынг Карл Маркс атындағы колхоздан 76 жасар Ернияз Еримбетовлардынг берген мағлуматлары жоқарыдағы айтылғанларға тура келеди[2]).

Бердақты озь козименен корген Хожалепес ғарры

---

[1]) *Бердақ.* Танглаулы шғармалар жинағы. 41-бет.

[2]) 1950-жылғы адеби-фольклорлық экспедиция материаллары, қол жазбасы Қаракалпакстан экономика ҳамь маденият Институтында сақланады. К Бердимуратов пенен А. Дабыловтынг жазып алғанлары.

(уруы қолдаулы, бескемпир) [1]) Бердақ туралы корген-билгенин томендегише гурринг етеди:

„Менинг жасым ҳазир (1950-жлы августа) 80-де. Мен 14 жасымда Бердақты кордим. Ол менинг дайы тарепим еди...

Гедей деген жерде (ҳазирги Мойнақ районында) менинг молла Бабажан деген жездем бар еди. Сол жерге он торть жасымда жазда туысқан апамнынг уйине қдырып барып, шғыр айдап жаттым.

Бир куни кшипесинде шғырды туарып уйге келдим. Далада огизлерди жайластырып атырсам, молла Бабажаннынг уйине ҳасаға таянған, аяғын аур салмақпенен басқан, қадди бугилген бир ғарры келип турды-да: „Молла Бабажан! Бармысанг?“ деп шақырды. Молла Бабажан уйинен шғып, қолыменен уйге круге ишарат етти. Биз, балалар, ҳамме исти қойып, ғаррыны қоршап алдық. Ғарры бизге ажайыплау адам коринди. Басынан тутып аяғына дейин қайта-қайта қарауменен болдық. Бул кси—Бердақ екен.

...Бердақ—узын бойлы, толықлау денели, ербиклеу, қарабаранг кси еди. Тықба, шоқшалау сулу сақалы бар еди, шеке сақалы сиреклеу еди. Ал муртын қағып таслаған еди. Пешенели, қабақ суйеги котерингки, қою қаслы, кози қара, откир, кулимлеген дузу (қоян коз емес), кирпикли адам еди.

Сол уақытта шеп кози соқыр еди...

Бердақтынг бетине унгилип қарағанда адамды озине тартарлық, жузинде бир ажайып сыр сезилерлик кси еди.

Мнез хулқы жағымталлы, хош мнез, ҳаммеге бирдей, улкенди—улкендей, кшини озь баласындай козбенен қарайтуғын, адамменен оте мауаса. Сойлегенде бир таппенен, асте, брақ салмақлы сойлейтуғын, тли ҳазирги озимиз сойлеп журген нағыз қарақалпақша болып, ишине жекке-сирек парсы, араби (брақ адамлардынг қулағына қанық) созлерди қосып-та сойлеуши еди. Сойлегенде жузине га кулешрай, га қаҳарли тусь енип туратуғын, ашусыз, сабырлы, парасатлы ҳамь манили кси екен. Усы қлықлары халққа айрықша жағатуғын еди. Адамлар уллы кши қатты силайды екен. Напсиқаулық, дуньяпараслық, ашкозлик оған жат нарсе, онынг урейи (рухы) ондайды суймейди деп айтушы еди сол заманнынг онынгменен мерекелес болған адамлары.

Қу тиллилик, басқылаушылық мнезлериде сол уақытта бар екен, ликин орынлы жеринде, адамнынг кеулине тиместей жумсақ, бималел еди. Адети: „адамды коп тынглап, аз сойлейтуғын, қзынгқырап ғуржға мнип сойлейтуғын еди. Сози дасте-дасте болып уйқасып бара береди. Қосық шғарғанда тасып кететуғын, сол жерде дутар-дутарсыз-да қояберетуғын кси екен...“

Устине киген кийм: „Со мен корген уақытта устинде кадимгидей тгилген жиекли (кок жиек) мелле ренгли шапаны бар, басында жуни оскинлеу пакизе, ак, сопақлау борки бар, қолында ҳасасы бар, ийнинде жағасы сарыменен адипленген ойма жаға бозь койлеги бар, дзесине тусетуғын узын бозь койлектинг онг жағында қалтасы бар, белин ақ атпа белбеуменен толтырып буған, бозден дамбалы бар, нағыз қарақалпақы кийм киген кси еди“[1]).

Усы мағлуматларды Бердақтынг ақлығы Сейтназар Айеке улы-да тастиқлайды.

Бердак тек суырып-салма шаир (импровизатор) ғана емес, ал сауатлы, блимли адам болған. Ол қосықларын хат жузинде жазып отырған. Буған онынг:

„Қалем услап созлер жаздым,
Тасин етинг, жудеп аздым,
Мынгнан емес, жузден оздым,
Айтарым коп, тынгла мени“[2].)

деген созлери далил.

„Ахмақ патша“ дасьтанында ол усы шғарманы „жаздым бир жыл он еки ай“ дейди. Усыларға қарағанда ол тек аузеки қосық айтатуғын бахсы ғана емес, ал

---

[1]) Хожалепес Ибрайым улы. Ҳазир Қараозек районынынг 9 аул Калинин атындағы колхозда турады.

[1]) Бул гуррингди 1950-ж. августа Бердак туралы мағлумат жинауға жберилген экспедиция ағзалары Аббаз Дабылов хамь Кошербай Бердимуратов жолдаслар Хожалепес ғаррынынг озь аузынан жазып алған. Қолжазбасы ҚҚ Экономика ҳамь маденият институтында сакланады. 47—51-бетлер.

[2]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 80-бет.

озь шғармаларын хат жузинде жазып отырған жазушы болғанлығы айқын коринеди.

Ол „Шартарепте кеулим менинг“ деген қосығында:

„Жасым отип жас басып тур,
Кемлигим хадден асып тур,
Брак созь судай тасып тур,
Шартарепте кеулим менинг“[1]).

дейди.

Усы ози айтқандай, онынг жазбауы, жырламауы мумкин емес еди. Себеби онынг журеги дартке толып, шаирлығы „судай тасып турған“ еди.

Бердақтынг жасы жетпистен асып кута қартайған шағында, сауысқандай шқылықлап, изине тусип. қудалауын қоймаған молла-ишанлардынг тасири астында Бердақ супы болуға мажбурь болды. Брақ Бердақ расми турде пирге қол берип супы болғаннан кеин-де, молла ишанлардынг қосық айтуға қатанг тиым салуына қарамастан, озининг қосық айтуын, жазуын тоқтатпаған. Ислам дининнг, шариғаттынг буйрығы бойынша дутар шерту, қосық айту гуна есапланса-да, „Саз шертсе—периште қашады“ десе-де, Бердақ супы болғаннан сонг-да дутарын, бахсышылық етуин тасламаған, ел аралап, саз шертип, қосық айтуын дауам еткен. Халқтынг қайғылы ауҳалына жаны ашып, қосықлар шғарып отырған. Оған шаирдынг мна қосығы далил:

Бердимурат супы болдынг,
Сен кимлерге уқсас болдынг,
Ел гезип барха саз урдынг,
Сазынг саз болар ақыбет[2])

Бердақ супы болғаннан кеин бурынгғы журген еркинлигинен айрылып, омири тар қапеске тускендей, қамауда откенлигин айтады:

Келме-кетпели созь айттым,
Билмеймен я терис қайттым,
Пирге барып басым шаттым,
Отти қапесте омирим[3])

[1]) *Бердақ.* Танглаулы шғармалар жинағы, 81-бет.
[2]) *Бердақ.* Танглаулы шғармалар жинағы, 77-бет.
[3]) —„— сонда, 44-бет.



Тағы бир қосығында: „Супылық уллы дарть екен“,— деп жазады.[1]).

Бердақтынг картайып супы болғаннан кеин жазған қосықлары-да („Ақыбет“, „Пана бер“. „Дауран“, „Екен“) халқтынг аянышлы ҳалына қабырғасы қайысқан шаирдынг мунглы лирикасы халқтынг ҳалына қайғырған қайғы-ҳасиретпенен толы.

Бердақ кута қартайып, олим алдында турғанда да жарлы халққа хызмет етуден тынбайды. Шаир озине ози: „Олгенше жарлы халққа хызмет ет, насиҳат айт, журт Бердаққа разы болсын, олгеннен сонг халқ сенинг созингди қадирлеп алғыс айтар“ деп умит етеди:

Бердимурат жла хаққа,
Айт насихат жарлы халққа.
Разы болсын журт Бердакка,
Отсе дауранымм, кунлерим.

Олсенг қадирленер созинг,
Қапа болма, дағлы озинг,
Хайрлы болсын бул изинг,
Оттинг дуньядан кунлерим[2])

дейди.

Шаирдынг бул умити босқа кеткен жоқ. Халқ онынг созин қадирлеп, озининг патриот шаирын теренг алғыс сезимименен еске алады.

1954-жылдынг июль айында Озбекстан Илимлер Академиясынынг Қарақалпақстан экономика ҳамь маденият Институты тарепинен Бердақтынг омирине ҳамь творчествосына тиисли бурынғы жазып алынған мағлуматларды анықлау ҳамь шаир жонинде жанга мағлуматлар жинау мақсетинде республиканынг арқа районларына илими изертлеу экспедициясы жберилген еди Экспедицияны филология илимлерининг кандидаты М. Нурмухамедов басқарды. Экспедиция Бердақтынг туылған ҳамь омир сурген жерлери—Мойнақ районынынг

[1]) Бердақ, Танглаулы шғармалар жинағы 47-бет.
[2]) *Бердақ.* Танглаулы шғармалар жинағы, 47-бет,

Қазақдарья Ақдарья, ауларында, сондай-ақ Қараозек, Чимбай районларында болып, онда Бердақтынг ақлық-шаулықларыменен ушырасты, оларменен сойлесип, Бердақтынг омири ҳамь творчествосы туралы бир қатар жанга мағлуматлар алды. Булардынг копшилигименен бурынғы изертлеушилер ҳамь жинаушылар ушраспаған еди.

Сонынгменен қатар экспедиция Бердақтынг омирбаяны жониндеги жоқарыда айтылған мағлуматлардынг тикарынан дурыс екенин анықлады[1]).

Бердақтынг озь созине қарағанда ҳамь оны корген ғаррылардынг айтуына қарағанда Бердақ қартайғанда кози ауырып, бир кози соқыр болған, сойтип бурынғы моральлик азабынынг устине енди кеселшилик азабы қосылып шаирды коп қинаған.

Россия патшалығы Орта Азияны озине қосып алғаннан кеин. айрым рус блимпазлары Орта Азия халқларынынг мадениятын, тарихын блуге қзығады, халқ арасындағы ҳархилы тарихи материалларды, халқтынг ауз адебият улгилерин жазып алады. Сондай адамлардынг бир қатары Қарақалпақстанға-да келип, қарақалпақ халқынынг ауз адебиятынынг нусқаларын жинайды. Мәселен, белгили фольклорист А. Диваевтынг отиниши бойынша 1890—1895-жыллары қарақалпақ жрауларынан „Алпамыс“, „Шора батыр“ жырлары жазып алынады. Сондай-ак И. А. Беляев 1913-жлы Қарақалпақстанда болып, „Қоблан“ дасьтанын ҳамь „Шежре“ нинг бир вариантын жазып алады.

1900-жылдынг гуз айларында Бердақ шаир Аму дарья отделининг начальниги арқалы Торткул қаласына шақыртылады. Буған себеп, жоқарыда айтылғандай, адебият улгилерин жинаушылардынг тлек етуи бойынша, Бердақтынг озь шғармаларын ҳамь блетуғын создерин жазып алу ушын шақыртылған болуы мумкин. Бердақ Торткулге бару ушын жолға шғады. Брақ ол кунде кута қартайып ҳалсиреген шаир жолда ауырып, Нокиске келген жеринен кеин қайтып кетуге мажбурь болады.

---

1) *М. Нурмухамедов, Г. Есемуратов* „Қзыл Қарақалпакстан“ газетасы, 19·4-ж. 24-сентябрь. „Бердақ ҳаққында жанга мағлуматлар“.



Сол ауруынан жазыла алмай, елине барып, Амударьянынг қуяр аяғында Ақ қала деген аулдынг қасындағы „Жамет басу“ деген жерде 1900-жлы декабрь айында қарақалпақ халқынынг атақлы шаиры, суйикли перзенти—Бердақ 73 жасында кайтыс болады. Бердақтынг суйеги Қарақум ишанынынг қойымшылығында жерленеди.

Атақлы патриот шаир олгенинше езилген минеткеш халқтынг жрын жырлап, мунгын мунглап, халқ ушын азат, бахытлы турмыс тлеуменен дуньядан отти. Халқ бахытын тлеген Бердақ дегенине жете алмай арьманда кетти. Брақ онынг халққа еткен хызмети босқа кеткен жоқ. Онынг тлеген арьманы Уллы Октябрь тангы атқаннан кеин Коммунистлер партиясынынг басшылығы астында амелге асты.

Бердақтынг олимине путкил халқ теренг қайғырып қиналады. Онынг олгенин еситип, Қарақалпақстаннынг барлық жерлеринен турли миллетлердинг адамлары жиналған.

Бердақтынг заманласы Отеш шаир, адули достын жоқлап, халқпенен бирге қиналып, халқтынг атынан Бердақтынг олимине арнап теренг қайғылы қосық жазады. Бул қосығында Отеш шаир Бердақтынг уллылығын, даналығын, халқ ушын еткен хызметин айрықша жоқары баҳалайды:

> Бердақ еди шаирлардынг данасы,
> Созине нилди адам баласы,
> Бердақ деп қуанар халқтынг арасы,
> Мудам қосық айтып отти дуньядан.
>
> Нешше созлер айтты корқпай залымнан,
> Шаирлықта отпес Махтум Кулы оннан,
> Ар ушын созь айтып, ол безип жаннан,
> Арьманменен Бердақ отти дуньядан[1])

Сонынгменен бирге Отеш шаир Бердақтынг шын халқ шаиры екенлигин, онынг тек қарақалпақ халқы ушын ғана емес, басқа-да туысқан халқлар ушын қадирли шаир болғанлығын айтады:

---

1) *Бердақ*. Толық жинак, 11-бет.

Олгенде казак-та, озбек-те келди,
Бердақтынг қадирин барлық халқ билди,
Олгенине қатты хапада болды,
Арьманменен отти шаир дуньядан[1]).

1950-жлы январьда шаирдынг олгенине 50 жыл толған мерекеси путкил халқ байрамы ретинде откерилди. Юбилейге арналып баспа созь бетинде бирнеше мақалалар, изертлеу материаллары дағазаланады, шаирдынг танглаулы шғармалар жинағы басылып шықты. Бул жинақта шаирдынг „Еркебай", „Раушан", „Айдос би", „Бизге"қусаған бурын басылмаған поэмалары ҳамь басқа-да бир қатар лирикалық қосықлары басылды. Бул юбилей тек Қарақалпақстан колеминде ғана емес, ал Озбекстан жане Қазақстан сияқлы туысқан республикаларда-да белгиленип отти.

**Бердақтынг жасын хайуанат жыл есабыменен есаплау**

**ТАБЛИЦАСЫ**

| ЖЫЛ АТЛАРЫ | ЖАС ЕСАБЫ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Тышқан | | 12 | 24 | 36 | 48 | 60 | 72 |
| Сиыр | 1 | 13 | 25 | 37 | 49 | 61 | 73 |
| Барыс | 2 | 14 | 26 | 38 | 50 | 62 | |
| Қоян | 3 | 15 | 47 | 39 | 51 | 63 | |
| Улу | 4 | 16 | 28 | 40 | 52 | 64 | |
| Жлан | 5 | 17 | 29 | 41 | 53 | 65 | |
| Жылқы | 6 | 18 | 30 | 42 | 54 | 66 | |
| Қой | 7 | 19 | 31 | 43 | 55 | 67 | |
| Мешин | 8 | 20 | 32 | 44 | 56 | 68 | |
| Тауқ | 9 | 21 | 33 | 45 | 57 | 69 | |
| Ит | 10 | 22 | 34 | 46 | 58 | 70 | |
| Донгыз | 11 | 23 | 35 | 47 | 59 | 71 | |

Бул есапқа қарағанда Бердақ „Сиыр" жлы туылып, „Сиыр" жлы олди.

[1]) *Бердақ*. Толық жинақ, 12-бет.



**Бердақтынг туылған хамь олген жылларын жане айрым шғармаларынынг қай жлы жазылғанлығын хайуанат жыл есабыменен есаплау**

**ТАБЛИЦАСЫ**

| ЖЫЛ АТЛАРЫ | ХРИСТИАН ЖЫЛ ЕСАБЫМЕНЕН ЖЫЛЛАР БЕЛГИСИ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Тышқан | 1826/1827 | 1838/1839 | 1850/1851 | 1862/1863 | 1874/1875 | 1886/1887 | 1898/1899 |
| Сиыр | 1827/1828 | 1839/1840 | 1851/1852 | 1863/1864 | 1875/1876 | 1887/1888 | 1899/1900 |
| Барыс | 1828/1829 | 1840/1841 | 1852/1853 | 1864/1865 | 1876/1877 | 1888/1889 | |
| Қоян | 1829/1830 | 1841/1842 | 1853/1854 | 1865/1866 | 1877/1878 | 1889/1890 | |
| Улу | 1830/1831 | 1842/1843 | 1854/1855 | 1866/1867 | 1878/1879 | 1890/1891 | |
| Жлан | 1831/1832 | 1843/1844 | 1855/1856 | 1867/1868 | 1879/1880 | 1891/1892 | |
| Жылқы | 1832/1833 | 1844/1845 | 1856/1857 | 1868/1869 | 1880/1881 | 1892/1893 | |
| Қой | 1833/1834 | 1845/1846 | 1857/1858 | 1869/1870 | 1881/1882 | 1893/1894 | |
| Мешин | 1834/1835 | 1846/1847 | 1858/1859 | 1870/1871 | 1882/1883 | 1894/1895 | |
| Тауқ | 1835/1836 | 1847/1848 | 1859/1860 | 1871/1872 | 1883/1884 | 1895/1896 | |
| Ит | 1836/1837 | 1848/1849 | 1860/1861 | 1872/1873 | 1884/1885 | 1896/1897 | |
| Донгыз | 1837/1838 | 1849/1850 | 1861/1862 | 1873/1874 | 1885/1886 | 1897/1898 | |

Усы таблицаға қарағанда Бердақ 1827-жыл („Сиыр") жлы туылып, 1900-жлы 73 жасында „Сиыр" жлы олген болып шғады.

„Жумыс исле, туылғансонг ел ушын,
Жанынгды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамып туған жер ушын
Олип кеткенингше хызмет жақсырақ“

БЕРДАҚ.

# IV. БЕРДАҚ ТВОРЧЕСТВОСЫНЫНГ ТИКАРҒЫ МОТИВЛЕРИ

## Бердақтынг шғармаларындағы халқшыллық хамь демократизм идеялары

Бердақ творчествосынынг куши неде? Ол бизлерге, совет адамларына неменен қадирли, неменен жақын?

Бердақ творчествосынынг куши—онынг шын халқшыллығында, халқ мунгына, халқ тлегине сайкеслигинде, онынг озь елин, озь халқын суйген жалынлы патриотизминде, демократиялық ҳамь гуманистлик идеяларында. Биз Бердақ творчествосынынг усы тикарғы спатларын онынг озь шғармаларынан айқын коремиз.

Бердақ—шын жарлы халқтынг арасынан шыққан ҳамь ози-де омиринше гедейликте, мутажлықта турмыс кеширип, олгенше жарлы халқтынг жрын жырлап, мунгын мунглап откен шын халқ шаиры. Ол озининг барлық омирин, барлық творчествосын халққа хызмет ету ушын бағышлаған. Жарлы халққа азатлық, жақты кунди арьман етип, эксплуататорларға карсы қайтпай гурескен шаир.

Бердақ омирининг мақсети—ел ушын, халк ушын хызмет ету, халқ бахыты ушын ислеу деп билген. Ол озининг белгили „Жақсырақ“ деген қосығында:

Жумыс исле, туылғансонг ел ушын,
Жанынгды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамып туған жер ушын,
Олип кеткенингше хызмет жақсырақ[1]).

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармаларынынг жинағы, Нокис, 1950, 40 бет.



деп жазған еди. Усы созлер онынг барлық омир бойына алға тутқан адули сурени болды.

Бердақ озининг омирининг барлығын халққа хызмет ету ушын бағыш еткен ҳамь басқаларды-да усыған шақырған. Шаирдынг халқшылық, патриотизм идеялары асресе онынг „Халқ ушын“ деген қосығында айрықша кушли турде айтылған. Бул қосықты шаирдынг манифести деуге болады. Сонлықтан биз „Халк ушын“ қосығына толығырақ тоқтап отемиз. Бул қосықта шаир озининг гражданлық миннетин ҳамь минеткеш халқтынг уллары болған жақсы жгитлердинг миннетин баянлайды.

Бул қосық бастан аяғына шекем халққа хызмет ету, халқ бахытын гозлеу идеяларыменен толған. Халқ ушын туылған жгит, ер азамат ҳешуақытта қара басынынг ҳазлигине берилмейди, ол мудамы халқ ушын, жамиет ушын удайына аянбай хызмет етуи тиис,—дейди шаир. „Халқ ушын“ қосығы мна созлерменен басланады.

Жгит болсанг арысландай туылған,
Хызмет еткит удайына халк ушын,
Жгит болса арысландай туылған,
Қашпас хазге қара бастынг ғамы ушын[1])

Ер азамат, халқтынг шын перзентлери, ел-журт ушын қандай қиыншылық болса-да қайтпай баруы тиис. Елаты, халқы елди жаудан қорғау ушын озь перзентлерин жумсап жберсе, ер азамат халқтынг душпанын жоқ ету ушын жан аямай куш жумсауы тиис. Сонда ғана жгит мурадына жетеди:

Жетерсенг муратка хызметлер етсенг,
Елатынг сиитесе, ғайры елге кетсенг,
Душпаннынг харькашан басына жетсенг,
Аямағыл хызметингди халк ушын[2]).

„Жақсы адам“, яғни халқтынг шын перзентлери ҳешуақытта пасықлардынг (пейли бузық адамлардынг)

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармаларынынг жинағы, Нокис, 1950, 33 бет

[2]) Бул-да сол ктапта, 33 бет

созине ерип, озь қара басынынг ҳазине берилмейди, ал олгенинше зор ғайратпенен уллы халқ ушын хызмет етеди,—дейди Бердақ.

„Халқ ушын" қосығы бастан аяғына шекем душпанға қарсы аяусыз гуреске шақыру рухыменен суғарылған. Қосықтынг ҳарбир куплетинде дерлик шаир жамиеттеги класслық тенгсизликти, залымлардынг халққа корсеткен жабру-зулымын, минеткеш халқ ушын жаны ашығанлық сезимин билдирип, душпанға қарсы гуреске шақырады. Жақсы жгитлер ҳарбир иске „дослық пенен тақ турса", „жан аямай ел-журт ушын ис қылса" халк ушын ҳарбир уллы иске қиыншылықлардан қорқпай, „қайғыланбай қол урса", сонда шаирдынг кеули оседи.

Бул қосықта шаирдынг гуманистлик идеялары-да ашық коринеди, шаир эксплуататорлардынг зулымы астында езилуши минеткеш адам баласына жаны ашып, „козинен қанлы жас ағып", халқты езуши залымларға қаҳар-газаппенен налет айтады.

Бердақтынг барлық тлеги—халқ бахыты. Ол тек озь карабасынынг ғана ғамын ойламайды, тек озь басына ғана бахыт тлемейди, ол улума елдинг-халқтынг бахытын тлейди, озининг барлық омирин сол халқ бахыты ушын сарп етеди:

Куат бергей дағы назик беллерге,
Малет бергей таза ашылған гуллерге,
Бахыт келерме-екен бзинг еллерге,
Олгенше айтарман созди халк ушын [1])

. . . . . . . . . . . . . . . . . . .

Барлық омирим бағиш менинг халқ ушын [2]).

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

Бар кушимди сарп етермен халқ ушын [3])

. . . . . . . . . . . . . . . . . . .

Жаздым, дослар, арнап уллы халқ ушын [4])

---

[1]) *Бердақ*, Танглаулы шғармалар жинағы, 35 бет.
[2]) Бул-да сонда, 37 бет
[3]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 37 бет.
[4]) Бул-да сонда, 38 бет.



Шаир едим козим коргенин жаздым,
Кеулимнинг блип сезгенин жаздым,
Заман кыслетинен сарғайдым, аздым,
Боларма деп жақты кунлер халқ ушын [1])

„Халқ ушын" қосығында Бердақ „жақсы жгит" пенен „жаман жгиттинг" образын қарама-қарсы қояды. „Жақсы жгиттинг" тикарғы спаты—озь басынынг ҳазлигине коп берилмей, мудамы уллы халқ ушын хызмет етеди, тек жаманлар ғана, „ахмақлар" ғана халқ ушын хызмет етпейди, дейди шаир.

Жақсы жгитке халқы қандай қиын уазипаны жуклесе-де, қиналмастан шын кеулименен бежереди. Жақсы жгит, ер азамат, халқтынг шын перзенти ҳарбир қиыншылықтан тайсалмай, соны женгу ушын халқты баслап журуи тиис. Ол ҳарқандай аурлықты дaслеп ози котерип, баскаларға орнек болуы керек. Сонда ғана халқ онынг изинен ереди.

Жгит болсанг халкынг ерсин изинге,
Уллы-кши кулақ салсын созинге,
Ауел аур жукти артқыл озинге,
Оннан сонг халк хеш окиниш қылмайды [2])

Бердақ „Ер жгит ели ушын туылады ҳамь ели ушын оледи" деген халқ нақылын озь шғармаларынынг тикарғы идеясы етип алады.

Бердақ уатанды сую, озининг туған елин сую идеясын, жалынлы патриотизм идеясын оғада жоқары да режеге котереди. Озининг туған елининг арына шаппайтуғын, елдинг басына тускен қиыншылық ислерден бойын аулақ услайтуғын адамларды адам деп санамау керек, олардынг барынан жоғы жақсы, олардынг адам болып журмеуи тиис деген шын патриотлық идеяны оғада кушли, откир созлерменен айтып блай дейди:

Ким шаппаса туған елдинг арына,
Найза суғу керек журек-бауырына,
Қосылмай-ақ қойсын адам санына,
Олардынг барынан жоғы, яранлар.

---

[1]) Бердак, Танглаулы шғармалар жинағы, 38 бет.
[2]) Бул да сонда, 312 бет.

Ел арын билмеген тумай-ақ койсын,
Егер олеғойса жумай-ак койсын,
Олардынг орнына бир Мойнақ болсын,
Бимезгил келгенге урер, яранлар.

Арсыз жгитлердині жоғы-да жақсы,
Одан бир кырлынынг оғы-да жақсы,
Бир патте ақбастынг шоғы-да жақсы,
Олар тумай туа шоксин, яранлар [1]).

Бул созлер ҳазирде қандай жанга кушпенен еситиледи! Мсалы, тап кешеги Совет халқынынг Уллы Уатандарлық урысы уақытында бзинг совет шаирларынынг енг жақсы патриотлық қосықларын еске тусиреди.

Елдинг басына аур ис тускенде туған елдинг ар-намысын қорғаудан бас тартатуғын ҳарамы, қорқақ адамнынг жамиетке хешбир кереги жоқ. Ондайлардынг адам болып три журуининг кереги жоқ. Олардан ҳатте есиктеги ит-те жақсы, себеби есиктеги итлер-де бимезгил келген уры-карақшыларға уреди!—дейди Бердақ. Бундай жалынлы патриотизмменен толған созлер Бердақтынг заманындағы басқа шаирлардынг шғармаларынан сирек табылатуғын еди.

Бердақ шаир болуменен қатар озь заманынынг критиги-де болды. Ол сол даурдеги жамиетлик турмыстағы адилсизликти, класслық тенгсизликти, езуши класслардынг озбырлығын, зулымлығын, жыртқышлығын, наданлығын аяусыз критикалады ҳамь ашкаралап отти.

Бердақтынг халқшыллығы, гуманистлиги мнадан ибарат: ол хеш уақытта-да озь қара басынынг ғамын ойламады, ол мудамы халқтынг ғамын ойлайды, онынг мудамы жырлайтуғыны—ел, халқ, езилген минеткеш адам баласы. Бердақ қандай нарсе жонинде жазса-да онысын озь заманындағы халқтынг турмысыменен, халқ тлеги, халқ мунгыменен байланыстырады.

Бердақ халққа хызмет етудинг орнегин ози корсетуменен қатар, басқаларды-да халқка аянбай хызмет етуге шақырады.

Бердақтынг патриотизми, озь елин суюшилиги тек

[1]) *Бердақ.* Танглаулы шғармалар жинағы. 312 бет.



ғана озь миллетининг шенгберинен шға алмайтуғын тар колемдеги милли патриотизм емес еди, ал улума минеткеш адам баласын сую сезиминен туған патриотизм еди. Ойткени Белинскийдинг сози бойынша: „Уатанды сую улума адамзатты суюдинг бир болеги болуы тиис. Озь уатанын сую—демек онда адамзаттынг идеалынынг жузеге асуын шын кеулден тлеу хамь озь кушининг барынша соған жардемлесу деген созь“ [1]).

Уллы патриот шаир Бердақтынг творчествосы бастанаяқ халққа хызмет ету, халқ бахытын гозлеу идеясыменен толған. Ол бзинг халқымыздынг қай уақытта болса-да зулымға қарсы екенин, халққа ким жабру-зулым қылса, онынг иси ҳешуақытта-да онгбайды, зулымлық ҳеш уақытта манггиликке рауаж таппайды деген даныш-панлық пкирди айтады:

Халкқа ким ксым кылса, ол онгбас,
Кесеуи ағармас, ози когермес,
Дурысын айтсам, ялғаншыда тук кормес,
Халқты жонсиз зар жлатқан болмайды.

Қай уақытта хамь бзинг халк зулымға карсы,
Акылынг бар болса, кулағынг салшы,
Халктынг дарья болып аккан коз жасы,
Жаманларды коп узатып қоймайды [2])

Бердақтынг демократизми, гуманистлик пкирлери, онынг „Ким айтар“ деген шғармасында-да айқын коринеди.

Бунда шаир шын адамгершиликтинг белгиси адамға ҳурмет ету, хорлық-азап коргенлерге мирбанлықпенен қарау деп корсетеди: „Адамды адам демесе, адамзат қадирин билмесе, жлағанларды кормесе, оны адил деп ким айтар?“ дейди шаир. Халққа басшылық етуши, ел билеуши патша, султанлардынг тикарғы миннети: халққа назер салу, бостанлық беру, адилликпенен туру, халқпенен бирге болу деп бледи. Егер булай исрлемесе, оларды патша, султан деп ким айтар?—дейди.

[1]) *В. Г. Белинский,* собр. соч. в 3-х томах, ГИХЛ, Москва, 1948, том 1, стр. 639

[2]) *Бердақ.* Танглаулы шғармалар жинағы, 303 бет.

Халкқа нәзер салмаса,
Бостанлық, жайлық қылмаса,
Адилликпенен турмаса,
Оны патша деп ким айтар?

Жлағанды жубатпаса,
Бауырларына тартпаса,
Халк татқанын татпаса,
Оны султан деп ким айтар [1])

Бердақ озь заманындағы жамиетлик турмыстынг жаман жақларын критикалауда тек кунделикли фактларды ғана жазып коймастан, ал бир қатар теренг философиялық жумақлар шғаруға шекем котериле алды. Маселен, ол озининг „Болған емес“ деген қосығында блай деп жазады:

Бул дунья-дунья болғалы,
Патша әдил болған емес,
Шаирлар қалем алғалы,
Хатқа туры салған емес.

Инақу-бектинг баллары,
Баркулла жетти қоллары,
Қисық болса-да жоллары,
Ҳешуақ ҳарып-талған емес [2])

Бердақ бул жумақты халқтынг тағдири ҳаққында коп ойланып толғанудынг натижесинде ҳамь халқтынг откен заманлардағы тарихын изертлеудинг натижесинде шғара алды деп шамалау керек. Сонынг арқасында Бердақ нешше заманлардан бери класслық жамиетте адилликтинг, ҳақиқатлықтынг болмай келгенлигин, устем класс болған эксплуататорлардынг тутқан жолы қисық болса-да, мудамы солардынг дегенине жегип келгенин Бердақ озининг зирек ақылыменен дурыс тусинген. Шаир бул қосығында дунья жаралғалы бери патша-ханларда ҳешуақытта-да адиллик болған емес, қайуақытта болсын, эксплуататор класслар устем болып, минеткеш халқты аяусыз езип келди деген ажайып жумаққа келеди, теренг обобщение жасайды.

[1]) *Бердақ*, Танглаулы шғармалар жинағы.
[2]) *Бердақ* Тангламалы шғармалар жинағы, 48 бет.



Сонынгменен бирге Бердақ, эксплуататор класслардынг жрын жырлаған, ханларды, байларды мақтап тариплеген шаирлар ҳақиқатлықты „хатқа туры салмай“ бурмалап келгенлигин айтады.

Залым патшалардынг „адиллигин“, хан сарайынынг сань-салтанатын мақтап, устем класслардынг жыршысы болған шаир жазушылар тарихта аз емес. Мне Бердақ: „шаирлар калем алғалы, хатқа туры салған емес“ дегенде усындай шаирларды айтып отырғаны анық.

Озь халқынынг шын улы Бердақ залым ханларды ҳамь жалпы эксплуататорларды путкил жан-таныменен жек корген, оларға омиринше налет айтып откен. Ол, халқты езуши, оған жабру-зулым корсетуши ханларды, аталықларды ҳамь баска езушилерди халқтынг нағыз жаулары, халқты шағатуғын заҳарли жлан-шаянлар деп тариплейди:

Адамға миримсиз, жаллатлар, жаулар,
Халқты коп жлатқан аталық, ханлар,
Баска аур қайғы салды залымлар.
Козлериме жлан-шаян коринди [1]).

Ол ҳадден асқан зулымлықтынг астында езилген халқтынг аянышлы ҳалына жаны ашып, козинен қанлы жас ағып залымларға қатты ызалануменен налет айтады:

Бул заманда жабру-жапа шегермен,
Қара козден қанлы жаслар тогермен.
Залымлардынг зулымын корип согермен,
Куйгенликтен жаным ашыр халқ ушын[2])

Ерназар Кенегес, Арзы аталық қусаған, Хиуа ханына сатылған хиянатшылардынг адамларды дарға асып, қосқа қосқан жабайылық зулымлықларын айтуменен бирге, Бердақ озь заманындағы болыс, ақсақаллардынг, патша ҳамелдарларынынг-да жаузлық ислерин аяусыз ашкаралайды. Усындай Адил қалмақ деген бир жауз ақсақалға Бердақ блай деп жазады:

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 46 бет.
[2]) *Бердақ*, Танглаулы шғармалар жинағы, 35 бет,

Ерназар дарьядай тасты,
Ушь ағаш құрып кси асты,
Арзы қосқа адам қосты,
Солардай зулымынг сенинг.
. . . . . . . . . . . . .
Болыс болсанг адам жер енг,
Абрай аксақал болғанынг,
Пухаранг журь сеннен безип,
Жақсыды олгенинг сенинг[1])

Бердақ озь заманындағы ханлардынг, би, аталықлардынг қудалауына қарамастан, солардан қорқпастан, олардынг халққа корсеткен зулымын, жаузлығын аяусыз ашкаралайды. Себеби Бердақ халққа арқа суйеди. Озининг халқы сау болып турғанда залымлар оған ҳеш нарсе ислей алмайтуғынына ози олсе-де, сози олмейтуғынына исенеди. Сонлықтан Бердақ озь-озине: „туысқаны коп адам жаудан қорқама", артында копшилик халқы бар адам олемен деп қорқпауы керек, залымлардан қорқпай сойлей бер деп таселле береди:

Мен олмеспен, созим журер барьхама,
Туысқаны коп адам жаудан қорқама,
Залымлардан қорқпай сен хамь бир шағла,
Шағлауға жол болмаса-да заманда[2])

Бердақ– гуманист шаир. Онынг шғармалары бастанаяқ адамды сую, адамлардынг дослығын сую. езилген адам баласына жаны ашу идеяларыменен толы. Онынг шғармаларын оқып отырғанынгда езилген адамға жаны ашитуғын, онынг қайғысына қайғыратуғын бир уллы гуманист шаир коз алдынгда елеслейди-де турады. Ҳатте шаирдынг ози залымлардан азап-ақырет корип, аур ауҳалларды басынан откерипатырған уақытларда-да, ол озиндей басқа адамларға аяушылық, тлеклесликпенен қарауын тоқтатпайды. Хан ҳамелдарлары басқа гедейлерменен катар шаирға-да он тилладан аур салық салып, шаирдынг ози қиыншылық ауҳалға тусип отырса-да, ол озь қара басын қайғырмайды, ал қасындағы аш гедейлерди аяйды, соларға жаны ашиды:

---

[1]) Бердак, Танглаулы шғармалар жинағы, 185—186 бет, Нокис, ҚҚМБ, 1950.
[2]) *Бердақ* Танглаулы шғармалар жинағы, 60 бет.



Маған хеш гап—ешегим бар,
Сатып берермен бир базар,
Аттенг сорлы аш Ерназар,
Оған қиын болды салық.

Ол пақырдынг нарсеси жок,
Емес тағы қарыны ток,
Ҳадалға бир тауығы жок,
Албыратты оны салық.

Уйинде бар жетим баллар,
Тамақ, нан деп зар жларлар,
Козден ағып қанлы жаслар,
Жуда қиын болды салық[1]

Усындай минеткеш адамды аяушылық идеясы шаирдынг коп шғармаларынан айқын коринип отырады. „Қашан рахатландурасанг" деген шғармасында:

„Дуры тутсанг ниетингди,
Халкқа бурсанг бетингди,
Силасанг ғарип, жетимди,
Шын азамат боладурсанг"[1],—

дейди.

Бердақтағы бул сияқлы адамларға ҳурмет ету, кушсизлерге жардем корсету сияқлы теренг гуманистлик идеянынг келип шғуына себеп болған нарсе, ол омир сурген уақыттағы халқтынг аур турмысы еди.

Бердақтынг заманындағы гедейлердинг аур турмысы шаирдынг қабырғасын қайыстырады. Ол гедейлерди ози аяп ғана қоймай, озиндей болып, басқалардынг-да аяуын талап қлады. Минеткешлердинг турмысын женгиллетуге жол излейди. Сонынг ушын устем класстынг уакиллери болған ханларға – адил бол, байларға—мирим-шапаҳатлы бол, молла-ишанларға – ҳақиқатлықты гозле деп жане басқаларға-да усы сияқлы адамгершилики спатларды угитлейди ҳамь жас буынлардынг-да усылай тарбияланууын тледи.

---

[1]) *Бердақ* Танглаулы шғармалар жинағы, 100 бет.
[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 84 бет.

## Бердақтынг реализми

Бердақ—озь заманындағы жамиетлик турмысты, сияси, экономикалық курылысты шынлықпенен корсеткен реалист шаир. Онынг творчествосында қарақалпақ халқынынг путкил бир асирдинг ишиндеги сияси, экономикалық ҳамь жамиетлик турмысы айқын суретленген.

Бердақ тек ғана шаир болып қоймастан, озь заманындағы жамиетлик турмыстынг жаман жақларын сын козименен қарап критикалаған уллы критик-те болды. Бердақ творчествосынынг тикарғы қасиети ол мудамы шын ҳақиқатлықты, нағыз турмыстағы реаллық картиналарды жазды. Сонлықтан-да ол:

Шаир едим, козим коргенин жаздым.
Кеулимнинг блип, сезгенин жаздым,
Заман кыслетинен сарғайдым, аздым,
Боларма-деп жақты кунлер халқ ушын[1].

Сойледим ҳарь уақ анықты,
Еткеним жоқ жалак-жулақ[2])

деп кута дурыс жазған еди.

Ҳақиқатында-да биз Бердақтынг шғармаларынан қарақалпақ халқынынг жамиетлик, сияси, экономикалық турмысынынг айқын реалистлик картиналарын коремиз. Шаир бул турмыс картиналарын ҳешбир бурмаламастан, боямастан, нағыз шынлықты суретлейди. Бердақтынг творчествосында халқ турмысынынг барлық жақлары корсетиледи. Сонлықтан онынг шғармалары қарақалпақ халқынынг откендеги турмысын, экономикасын, тарихын, мадениятын изертлеушилер ушын есапсыз коп материал береди, гоне турмыстынг ҳархилы жақларын анық суретлеп береди.

Халқтынг жамиетлик-экономикалық турмысы, аулҳожалығы, диқаншылық, балықшылық ислери, той мереке, ҳанлардынг, байлардынг, молла-ишанлардынг, болыс-ақсақаллардынг, мураплардынг образлары, олардынг халққа корсеткен жабру-зулымын, горқаулығын суретлеу, кулки-ҳазил қосықлар—булардынг ҳаммесиде Бердақтынг шғармаларынан кенгнен орын алады

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 38 бет.
[2]) Бул-да сонда 330 бет.



ҳамь оқушынынг коз алдында ески турмыстынг жанлы картиналарын елеслетеди.

Бердақ озь халқынынг турмысында кунделикли болыпатырған ҳадиселерге кеул қойып, бақлап отырды. Сол ҳадиселерди озь шғармаларында суретлеп береди. Маселен, „Быйыл“ деген қосығында шаир қарақалпақ халқынынг турмысындағы енг ахмиетли маселе—су ушын гуресги суретлеп береди. Елдинг қанын сулиқтей сорған ақсақал-мураплар байларменен елдинг устинде бирге „қара ғарғадай“ айналып журип, елден параға ақша алуменен болып, жаплар қазылмай, халқ сусыз қалады. Натижеде гедей камбағаллар егин еге алмай, аш қалады. Азғана келген суды куши бар байлар аспек қлып ишеди. Аспекти ашқан жарлылар тақ жейди. Сойтип жургенде диканлардынг аз ғана арпасын-да шегиртке жеп кегип, қуры „тозанг-топанын“ ғана қалдырады. Натижеде халқ ашаршылыққа ушырап, коп адамлар аштан оледи. Буны шаир мнадай созлер менен баянлайды:

Мураплар алды тилланы,
Айтты олланы-билланы,
Қазбай жылдағы салманы,
Су тамтарыс болды быйыл.

Су келмеди атызларға,
Аспек болды куши барға
Аксақал, мурап—қара қарға,
Байлар менен журди быйыл.

Жерлеримиз болды аяк,
Аспекти ашып, жедик таяк,
Мурап болып онгкей саяк,
Кыс азықсыз қалдық быйыл.

Қазуға бардық азықсыз,
Жедик таякты жазықсыз,
Байлаулы турдық қазықсыз,
Қазу аур болды быйыл.

Ылайды алды шақканы,
Таусылып кимнинг тақаны,
Тиди мураптынг бақаны,
Сондай қырғын болды быйыл[1]

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар. 41 бет, Нокис ҚҚМБ, 1950.

Бердақ реализмининг куши ҳамь онынг айрықша спатынынг бри ол—жамиеттеги класслық тенгсизликти, бир-брине душпан еки класстынг бар екенлигин анық коре билгенлиги ҳамь оны озь шғармаларында айқын суретлеп бере алғанлығы деу керек. Бердақтынг қай бир шғармасын алып қарасангыз-да шаир усы класслық тенгсизликти корсетеди. Бир тарепте езилген минеткеш халқ массалары болса, екинши тарепте—езуши кдаслар, ханлар, байлар, молла ишанлар, тағы басқа эксплуататорлар коринеди. Шаир барьҳама езилген халқ массаларынынг тарепинде болып, эксплуататорлардынг зулымлығын, жыртқышлығын ашкаралап отырады.

Шаирдынг жамиеттеги класслық тенгсизликти, адилсизликти анық тусингенлиги онынг коп шғармаларынан ашық коринип отырады. Озининг „Болған емес“ деген шғармасында:

Бразлар жуда зор болды,
Бразлар жуда хор болды,
Лашынға курған тор болды,
Торды хешким узген емес.

Бразлар аш, бразлар тоқ,
Тоқ адамнынг қайғысы жоқ,
Аш адамнынг уйқысы жоқ,
Оны тоқлар билген емес[1])

деп жамиеттеги класслық тенгсизликти, бунда тикарғы еки класстынг—бир тарепте—барлық мал-мулкке, байлыққа ие болған эксплуататорлар класы болса екинши тарепте—сол эксплуататор класы езип отырған минеткеш жарлы халқ массаларынынг бар екенлигин образлы айқын суретлеп береди.

Жоқарыда созь болған „Салық“ қосығында ҳамь басқа-да коп шғармаларында шаир усы класлық тенгсизликти, адилсизликти кута айқын суретлейди. Хан ҳамелдарлары халққа ҳадден зият аур салық салып, жарлы халқты булгиншиликке ушыратыпатырғанда, халқтынг қанын сорған байлар, болыс-ақсақаллар, ишан-ахунлар салықтан аман қалады:

---

[1]) *Бердақ* Танглаулы шғармалар жинағы, 50 бет.



Анау отыр Кулымбет бай,
Таяр алдында аппақ май,
Аш халк журь табалмай жай,
Доҳмет болды усы салық.

Анау болыс муртын таулап,
Адамларды ангдай аулап,
Аш халқты барьҳа жаулап,
Дмарымды куртты салық.

Анау мешит мунарланған,
Басларында шрақ жанған,
Куран ашып халкты сорған,
Ишанларға жокдур салық[1])

## Ҳаяллар тенглигин жырлау

Бердақ шғармаларынынг тағы бир аҳмиетли жери онынг ҳаял-қызларға козқарасынан айқын коринеди.

Бердақ озь заманындағы ҳаял-қызларды мал орнына сату, оларды адам катарына санамау, хорлау сияқлы шарияттынг шрик зангына қарсы шықты. Ол ҳаял-қызлардынг озь суйгенименен бас қосаалмай, путкил омир бойы хорлықта, кунгликте коз жасын тогип жургенине Бердақтынг жаны ашыды. Буған онынг мнадай шын даналық созлери айқын далил:

Қыз-жуанлар еркин дауран сурмеди,
Шағлап, кулип тенгименен журмеди,
Шарият деп оларға жол бермеди,
Қарангғы қаплаған қайғы заманда[2])

Копшиликке белгили „Келин“, „Ойланба“ деген қосықларында Бердақ, малға сатылып, тенгине қосыла алмай кунгликте, хорлықта журген ҳаял-қызлардынг аянышлы ҳалын суретлеп, оларға озь тенгинге қосыл деп ақыл береди, „Келин“ деген қосығында—Бердақ бурынғы уақыттағы кунгликте журген келиннинг аянышлы ҳалын блайынша суретлейди:

---

[1]) *Бердақ* Танглаулы шғармалар жинағы, 101 бет.
[2]) Бул-да сонда, 60 бет.

Куни-туни азап шегип,
Козлерингнен жасты тогип,
Қабырғангды қайғы согип,
Арьманменен журсенг келин.

Хорлык, азап корген кунинг,
Қапалыкта отти тунинг,
Еркин шалқып шыкпай унинг,
Қапалыкта турсанг келин.

Сондай зарынг келди мағап,
Не айтайын енди сағап,
Кайғыдаман мен-де оған,
Кунинг солай отти келин[1]).

Тенгине қосыла алмай хорлық, азапта журген ҳаял-қызлардынг ҳалын усылай суретлеп, Бердақ оларға бул азаптан қутылуға ҳарекет қыл, тенгингди тап, матаулыкта турма дейди:

Усы бастан етип талап,
Бреу ушын журме жлап,
Ертеректен тенгингди тап,
Матаулыкта турма келин[2]).

„Ойланба“ деген қосығында Бердақ, куйеуге тиетуғын бир қызға: малы коп деп тенгинг емес адамға барма, ол сағап азап береди, азелде ярым деп танглаған озь суйгенинге бар, соған қосылып узак омир сурь деп ақыл береди, шаирдынг ози оған жардемлесетуғынын айтады:

Малы коп деп кетпе оған,
Ахмак, азап берер сағап,
Уапасыз ол, сози жалған,
Суйгенинге кет, ойланба.

Занггингди озим басайын,
Душпаннынг козин жаслайын,
Дарьядай болып тасайын,
Кел, қарындас, ҳеш ойланба[3])

---

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 123 бет.
[2]). *Бердақ*. Танглаулы шғармалары, 123 бет.
[3]) Бул-да сонда, 124—125 бетлер.



Бердақ озь шғармаларында суретленген ҳаяллар образын кута ақыллы батыр, марть, жгерли, душпаннан корқпайтуғын қаҳарман қлып корсетеди. Мсалы, „Ахмақ патша“ дастанындағы ҳаял кызлардынг образлары усылай суретленген.

„Ахмақ патша“ дастанынынг бас геройы бир балықшы гедейдинг қзы—Гулим кута ақыллы, уқыплы ҳамь қайтпас марть батыр спатында суретленеди. Ол ғарры атасын кута қадирлейди. Куни-туни хызмет етип, жалғыз атасын бағады, оны путкил жан-танименен жақсы кореди.

Ханнынг жасауллары Гулимди зорлап алып кетпекши болғанда, Гулимнинг жалғыз ози қайтпай карсы турып урысады, жасауллардынг екеуин балтаменен урып олтиреди. Сонгынан Гулимди хан зорлықпенен алдырып, озининг ҳайуаншылық мақсетин орынлағаннан сонг-да қыз ханнан ҳешбир сескенбей ханнынг зулымлығын толық ашкаралайды. Ханнынг жаллатларынан азап корип, олим хаупи туғанда-да Гулим ғарры атасын умытпайды.

Бул дастандағы ҳаяллар образы озлерининг ақыллылығы, уқыплылығы, батыр мартлиги, қайтпас жгерлилиги жағынан еркеклерден кем емес, қайта зият қлып суретленген. „Ҳаялдынг шашы узын, ақылы қысқа“ деп ҳаялды адам қатарына санамайтуғын заманда Бердақтынг ҳаяллар образын бундай ақыллы, батыр, марть қлып суретлеуи нағыз прогрессивлик идея еди.

Бердақтынг ҳаял тенглиги идеясын ашық корсететуғын кушли шғармаларынынг бри—„Раушан“ поэмасы. Бул поэманынг героинясы—Раушан озининг ақыллылығы, мартлиги, откирлиги, класслық саналылығыменен айрықша козге туседи.

Бул поэмада Бердақтынг демократизми, жамиеттеги класслық тенгсизлик, қарақалпақлардынг турмыс салты айқын коринеди. Жарлы халқтынг қзы Раушан озининг ақыллылығы, класслық саналылығы жағынан устем класслардынг адамларынан оғада жоқары турады. Поэманынг коркемлик жағы-да жоқары дарежеде турады. Байдынг жалпылдағы, иси келиспеген жаушы Мырзамураттынг ҳарекетлерин автор устем класстынг адамына қаратылған откир сатира туринде суретлейди.

Поэманынг тли ҳарбир образдынг типли характерлерин ашып корсетеди. Поэманынг 1-болими Мырзаму-

рат пененРаушаннынг арасындағы айтыс—диалог туринде қурылған. Бул арқалы автор поэманынг басынан-ақ оқушыны озине тартатуғын қзықлы етип қурылуына, характерлерининг жанлы болуына, образлардынг типичный жақларын ашып корсетуге ерискен. Поэманынг кейнинде автордынг озь атынан жумақ шғарылған.

Поэманынг сонгында бул уақиядан Бердақ мнадай жумақ шғарады:

Бизди яратқан қадир хақ,
Ҳаял-қызға бер даулет-бақ,
. . . . . . . . . . . . . .
Бул созимде ғалет жоқдур,
Залымлардынг қарны тоқдур,
Заман сондай бузылып тур,
Коз жасты ким корер екен.

Шадланысып тойлар тойлап,
Еркимизге кулип ойнап,
Ҳаялу-ер кундей жайнап,
Журер кунлер боларма екен.

Поэма автордынг озининг корсетуи бойынша, шаирдынг 51 жасында, яғни 1878 жыл жазылған болады.

Усы сияқлы қызды суймеген адамына зорлап беру, оны озь суйгенинен айыру темасы Бердақтынг басқа-да бир қатар шғармаларында суретленеди. Ол шғармаларда Бердақ ҳаял-қызларды бунынгдай етип хорлаушылыққа, буған жол қойған шарияттынг ҳамь ески феодаллық қурылыстынг зангларына қатты наразылық корсетеди, қарсы шғады, ҳаял-қызлардынг ҳалына аянышлық билдиреди. „Кордим“ деген қосығында Бердақ усындай бир қыздынг суймеген адамына зорлап берилген қайғылы ауҳалын суретлейди.

Бердақтынг бир қатар шғармаларында ерли зайыптынг семьялық турмысында бир аҳмиетли маселе ер менен ҳаялдынг брин-бри омирлик жолдасындай корип ҳурметлеуи, брине-бри хиянет етпей, бузық жолға туспей турмыс дузуининг кереклигин айтады:

Ғайра бреулерди етип жолдасынг,
Журме ағызып дилбарынгнынг коз жасын,
Жаман болса-да ол омирлик жолдасынг,
Уақытша қол берген хурден жақсырак[1])

Ерли-зайыплы ксилердинг бир-брине хиянет етпей тура жолдан журуин шаир кута жоқары баҳалайды. Бундай жақсы мнез ақыллы адамларда болатуғын қасиет екенин корсетеди. Тағы-да ҳаял менен еркектинг семьялық турмысындағы бунынгдай ҳадаллықтынг жамиет ушын пайдалы екенлигин корсетип, тек сонынгдай ҳадал адамлар ғана халққа хызмет ете алады дейди:

Ақыллы адам созь ертпейди изине,
Шопь салмас ярынынг харгиз козине,
Бақмас намахремнинг ҳасла жузине,
Солар хызмет етер барьха халқ ушын,[2])

Бердақтынг бул идеясы халқтынг мнез-қулқ (нравственность) жағынан таза болуы ушын ҳамь ҳаяллардынг адамгершилик правосын жақлау, оларды кемситпей, озингменен тенг ҳуқуқлы, омирлик жолдас ретинде ҳурметлеу ушын улкен аҳмиетке ие болған прогрессивлик идея еди ҳамь бул идея бзинг заманымыз ушында озининг аҳмиетин жойытқан жоқ.

„Халқ ушын“ қосығында „Ер жгиттинг ҳаял атын шғарар“ деп ҳаялларға жоқары баҳа береди.

Мнекей, Бердақтынг ҳаял-қызларға козқарасы усындай. Ол ҳаяллар азатлығын, олардынг ерлерменен тенг болуын жақлайды. Бул анық гуманистлик козқарас. Бул да Бердақтынг гуманисг шаир екенин далиллейди.

Бракта Бердақтынг ҳаял-қызларға козқарасын асыра баҳалауға болмайды. Ол ҳаял тенглигин жырлады дегенде бзинг советлик заманымыздағыдай ҳаяллардынг ҳақиқат тенг праволылығы идеясын жақлады деген мағана келип шықпайды. Бердақ ҳаял-қызлар жонинде ески феодаллық тартиплерге, шарият законларына қарсы шғады. Ол ҳаял-қызларды мал орнына зорлап сатуға қарсы. Ол қызлардынг озь тенгине, озь суйгенине қосылуын жақлайды. Бердақ ҳаял-қызлардынг тек уй турмысындағы тенглигин ғана айтады. Ол ҳаяллар-

---

1) *Бердақ*, Танглаулы шғармалар жинағы 40 бет.
2) Бул-да сонда, 33 бет.

дынг жамиет турмысында тенг праволы болуы емес, ал озь қарабасынынг тенглиги ҳаққында ғана айтады.

Қарақалпақ ҳаял-қызлары тек бзинг бахытлы заманымызда Коммунистлик партиянынг басшылығы астында, Совет Конституциясынынг берген уллы праволарынынг арқасында ғана сияси, жамиетлик, экономикалық ҳамь мадени турмыстынг барлық тарауларында ҳақиқат тенг праволылыққа ие болды. Бурынғы гунглик, хорлық, азаптан қутылды.

## Ҳадал минетке шақыру

Карақалпақ халқы—минет суйгиш халқ. Бул онынг азелден киятырған қасиети. Халқ душпанларынынг, сырт ел басқыншыларынынг қысқысы астында мудамы булгиншиликке ушырап, бир жерден екинши жерге аусып кошип журген қарақалпақ халқы асирлер бойы озининг фдакерлик минетининг арқасында кун корип келди. Батпақ коллерди ҳамь сусызлықтан курап атырған шоллерди оғада аур минет сарп етуининг арқасында гулстанға айналдырды. Бердақ қарақалпақ халқынынг мне усы енг жақсы қасиетин жырлайды, халқты шын кеулден ҳадал минет етуге шақырады. Танг саҳарден ерте жумысқа шғып, „қолынгды қабартып, белингди бугип, ҳадал минетпенен тапқан бир зағаранг минетсиз тапқан палдан артық“ дейди шаир:

Тургелип ертеден жумысқа шғып,
Қолынгды қабартып, белингди бугип,
Дзенгди сызлатып, минетин шегип,
Жеген бир зағаранг палдан жақсырақ[1])

Шаир басқа-да бир қатар шғармаларында минет суюшиликке, тришилик ушын ҳадал минет етуге шақырады. „Қашан раҳатланадурсанг“ деген қосығында:

. . . . . . . . . . . . . .
Минетсиз дунья излеме,
Жанды отқа саладурсанг.
. . . . . . . . . . . . .

---

1) *Бердақ*, Танглаулы шғармалар жинағы, 41 бет.



Талап ислеп тап дуньяны,
Суттен ақлур билсенг аны.—
. . . . . . . . . . . . . . . .

дейди.

„Балам“ деген қосығында:

Ис қыл—манглайдан аксын тер,
. . . . . . . . . . . . . . . .
Сонда жолынг болар балам.—

„Надан болма“ деген қосығында:

Сенинг тенгинг емес хамел,
Қолынга ал онсери бел,
Атызынга барып шап шел,
Ақылымды ал, надан болма.

Жармангды иш, белингди бу,
Шаршасанг иш қайнаған су,
Сойтте акенгнинг жолын қу,
Наданға ерип надан болма. —

деп жасларды фдакерлик минетке ундейди.

Эксплуататорлар кси кушинен пайдалану арқалы басқанынг минети есабынан байлық жинауға умтылатуғын, ал минет етуди адамлар озлери ушын аур-азап, хорлық деп есаплайтуғын заманда гуманист шаирдынг ҳадал минет етуге, озингнинг жейтуғын бир тислем нанынгды фдакерлик минеттинг арқасында табуға шақыруы шын прогрессивлик идея еди.

Шаирдынг ҳадал минетке шақырған насият қосықларынынг ишинде „Балам“ ҳамь „Надан болма“ деген қосықлары айрықша характерли қосықлар. Сонлықтан биз усы қосықлар жонинде токтап отемиз

Бердақтынг „Балам“ деген қосығы патриот шаирдынг жас ауладқа берген уасияты спатында еситиледи. Бунда ол халқ ушын хызмет ететуғын жасларға жамиет ушын пайда келтиретуғын азамат болудынг енг жақсы қасиетлерин уйретеди. Ол жасларды „жастан жгерли болуға“, „барқулла халқпенен бирге болып“, сол халққа басшы болуға уйретеди. Ол жасларды ми-

нет суюшиликке, отирик айтпауға, мен-менликтен аулақ болып, кши пеил болуға, душпаннан ошь алуға уйретеди. Ата-анасын қадирлеуге, жетим-жесир, ғарип-қасерге жардем қолын созуға уйретеди.

Бердақтынг бул шғармасында онынг талим-тарбия жониндеги козқараслары, жас ауладқа қандай тарбия берудинг кереклиги айтылған.

Бердақ тарбиянынг мақсети — жамиетке пайдалы адам таярлау исине байланыслы деп қарайды. Сонынг ушын баланы тарбиялау жеке адамлардынг ғана иси емес, жамиетлик ис деп тусинеди. Жамиет алдында ата-ана балаға блим беруге ғана емес, сонынгменен бирге озь баласына адет уйрету, адамгершиликке жарасықлы спатларды тарбиялау исине-де миннетли. Сонынг ушын ози коп балалардынг атасы болған Бердақ жасларды тарбиялау исине арнап бирнеше шғармалар жазды. Ол шғармаларда жаслардынг жамиетке пайдалы болып жетисуи ушын керекли спатларды айтып, жасларға талим-тарбия береди. Жасларға: кши пеил, альпайым, бир созли, жгерли, ғайратлы бол, отирик айтпа, шуғыллық қылма, жақсы адамлардан ибрат ал, жаман адамлардан ҳамь жаман мнезлерден аулақ бол, менмен болма, халқтан қол узбе, ата-анангды қадирле деген сияқлы насият береди. Бул тек Бердақтынг озь баласына ғана арналған емес, ал барлық халқ балаларына берген насияты деп тусину керек Бул шғарма — Бердақ заманындағы жаслардынг мнез ҳулқын тарбиялауда реже болды деп санасақ-та болады.

Ата-анаға ҳурмет қлу, Бердақтынг пкиринше, адепliliktинг ҳамь адамгершиликтинг уллы қасиети болып саналады. Бул жонинде „Балам“ деген қосығында:

> „Ата-анангды кадирле,
> Олгенингше жақсы сойле,
> Мал тапсанг торқаға боле,
> Осерингге жақсы, балам“[1]).

дейди.

Ата-анаға ҳурмет қлу ҳамь оларға меҳрибанлықпенен қарау — ҳарбир ул-қыздынг тикарғы уазипасы деп корсетеди Бердақ.

[1]) *Бердақ.* Тангдаулы шғармалар жинағы, 139 бет.



Бердақтынг ата-аналарға ҳурмет ету ҳаққындағы бул пкирлери онынг басқа-да шғармаларынан орын алады. Буны тек „Ахмақ патша“ дастанындағы Гулимге берилген образдынг бир кориниси-ақ далиллейди. Мсалы, Гулим патша алдына зулымлықпенен айдалып барғанда-да, зинданда жатса-да, патша жаллатлары олим хаупин тудырғанда-да, ол атасын умытпай, оны қасына алдыруды талап қлады. Солай етип, Бердак ата-ана менен баланынг арасында ҳурмет ҳамь меҳрибаншылықтынг теренг образын жасады.

Ата-ананы қадирлеу пкири Бердақтынг „Халқ ушын“ қосығында оғада жоқары дарежеге котерилген. Онда ел перзенти болған жгиттинг халқ алдындағы миннелерин айта келип, шаир азамат жгиттинг адули миннетлерининг бри ата-ананы ҳурметлеу екенин, ата-анаға хызмет ету — халққа хызмет етуменен бирдей екенин айтады:

> Хызмет етер адам озин дад етип,
> Душпанын мунгайтып, достын шад етип,
> Кеше-кундиз ата-анасын яд етип,
> Хызмет етер ата-ана, халқы ушын[1]).
>
> Силайман олгенше ғарип анамды,
> Қолдан келсе буздырмайман ҳанамды,
> Ҳурметлеймен мени осирген панамды,
> Бар хызметим панам — уллы халқ ушын[2]).

Бердақ тек ата-ананы ҳурметлеуге ундеуменен ғана шекленбестен, сонынгменен бирге жетимлерге ҳамь ғарип-қасерлерге-де меҳрибаншылық етуди талап қлады. Жоқарыда созь болған „Балам“ қосығында шаир жасларға: „жетимлерге, ғарип-қасерлерге жардем қолынгды бер, оларды қасынга тартып, меҳрибаншылық исле“ деп насият береди.

Шаир бир қатар шғармаларында эксплуататор класслардынг адамларында, бай балаларында, пейли бузық адамларда болатуғын: менменлик, мақтаншақлық, отирик айту, шуғыллық, ғибат созь сойлеу, бузықшылық ету сияқлы жаман мнезлерден аулақ болуға, кшипейил

[1]) *Бердақ,* Тангламалы шғармалар, 6-бет.
[2]) Бул-да сонда, 12 бет.

болуға, отирик айтпауға, жақсы журип, жақсы туруға, адепли болуға, жасы улкенлерди ҳурметлеуге уйретеди.

„Надан болма“ деген шғармасында Бердақ, ҳамелге қзығып, болыс-ақсақалларға ерип, ҳамелпаразлық жолына тускен бир инисине: „ҳамелге қзықпа, ҳамелпараз Каримбайдай надан болма, болыс-ақсақал қусаған жерменлерге ерип жермен болма, оннан-да атызға барып, ҳадал минет ет“ деп ақыл береди.

Бердақтынг „Қашан раҳатланадурсанг“ деген қосығы-да насият беру характеринде жазылған. Бунда-да шаир, басқа шғармаларындағыдай, ҳадал минет етуге, халқтан қол узбеуге, ғарип-қасер, жетимлерди силауға, жарлыларға ҳурмет етуге уйретеди. Шуғыл созь, отирик-осек, менменлик, сықмарлық сияқлы жаман мнезлерден аулақ болуға шақырады.

## Жанга турмысқа шақыру

Жоқарыда айтылғанларды жумақлап келгенде, Бердақ шғармаларынынг тикарғы идеясы не, Бердақтынг тупкиликли ойлаған арьманы не еди? деген сауал туады. Бердақ озининг барлық омирин, барлық куш қуатын халқ ушын хызмет етуге бағышлаған деп жоқарыда айттық. Сондағы Бердақтынг ойлаған тупкиликли арьманы—халқ бахытын ойлау, езилген халққа азатлық, жақты кун туарма екен деген тлек болған. Бул арьман—Бердақ шғармаларынынг тикарғы идеясы. Бул арьман онынг копшилик шғармаларынан коринип отырады. Брақта Бердақ озининг тупкиликли мақсети—халқ бахытын орнатуға қандай жолменен жетису керек екенлигин тусине алмайды, бул мақсетке жеткеретуғын кушлерди коре алмайды. Ол уақыттағы Қарақалпақстаннынг артта қалған жағдайында буны кору-де мумкин емес еди. Мне сонлықтан Бердақ коп ойланады, толғанады. Бир белгисиз нарсени излегендей болады. Брақ излеген нарсесин қайдан табарын-да билместен данг болады, кокреги дартке толады. Гейпара уақытларда не қларын билмей қайғы-уайымға-да бериледи, гуманланады. Брақта ҳешуақытта ол турмыстан тунгилмейди, пессимизмге, умитсизликке берилмейди. Халққа арқа суйеген патриот шаир алдағы жақты кунге исенеди, соннан умитин узбейди. Озин-ози жубатып, дуньяға оптимистлик козқараспенен қарайды. Ден саулықта ойын-кулки, уақтыхошлыққа бериледи. Басқаларды-да соған шақырады.

Агалар, керек затым бар,
Журекге толған дартим бар,
Қайтпаған менинг патим бар,
Бойым жазып сойлер едим.

Излер едим мен атамды,
Кеширинг болса хатамды,
Шад қлуға елатымды,
Бахыт жолын излер едим.[1])

Шаир озининг „елатын шад қлу ушын бахыт излеп“, қаяққа болса-да кетуге таяр. Бахыт излеп Дағыстан менен Ҳиндстанға кетуге, Бухара менен Ургенчти аралауға таяр.

Берсе маған Дағыстанды,
Не қламан Змистанды,
Жақсы десе Ҳиндстанды,
Бахыт ушын излер едим.

Мен етпейин ҳасла қаҳарь,
Олсем-де бир келер баҳарь,
Яки излесем барып Бухар,
Қандайларды табар едим?

Халқым ушын салып кушти,
Алуға залымнан очти,
Араласам Ургеништи,
Яранымды табар-ма едим?

Жоғымнан таппадым дарек,
Басылмады ҳешуақ журек,
Мен сорлыға дауран керек,
Мен дауранды излер едим[2]).

---

1) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 62—63 бет
2) Бул-да сонда, 61—65 бет.

Мне Бердақтынг излейтуғыны усылар, ол бахыт излейди, ҳақиқатлық излейди, озь басы ушын емес, халқы ушын бахыт излейди, оған „дауран керек". Бракта шаир бахытқа жету жолын коре алмайды. Солай-да болса ол келешек жақты куннен умит етеди. „Олсемде бир келер баҳарь" деп исенеди.

„Керек" деген қосығында шаир озининг куткен арьманын тағыда ашығырақ айтады:

Ашылған гул ғумшалаған,
Ишинде билбил сайраған,
Кунлердинг нуры жайнаған,
Жақты дунья маған керек.

Душпанға срын айтпаған,
Яр-досларын мунгайтпаған,
Қорқып хешкимнен қайтпаған,
Ғайратлылар маған керек.

Саясын салған пақырға,
Сулар жеткерген тақырға,
Ақсақ, майып ҳамь сокырға,
Қайыр еткен маған керек.

Тақ турып белин байлаған,
Қолына жарақ сайлаған,
Халқынынг ғамын ойлаған,
Ел ғамхоры маған керек[1]).

Мне шаирдынг куткен арьманы усылар еди. Ол ози омир бойы қарангғы тунекте туншығып откенликтен „кунлердинг нуры жайнаған жақты дуньяны" арьман етеди. Хешқандай қиыншылықтан қайтпайтуғын ғайратлы, жгерли адамларды, тақыр жерлерге су жеткеретуғын, халқынынг ғамын ойлайтуғын ел ғамхорын арьман етеди.

Егерде Бердақ бзинг заманымызға шекем олмей три жасаған болса, озининг усы арьман еткен мақсетлерининг жайнаған турде иске асқанын корип, журеги шадлыққа толар еди.

Тағы бир шғармасында Бердақ озининг куткен мақсетин буннан-да горе анығырақ айтады:

[1]) *Бердақ.* Тангглаулы шғармалар жинағы, 66—67 бет.



Шадланысып тойлар тойлап,
Еркимизге кулип, ойнап,
Ҳаялу ер кундей жайнап,
Журер кунлер болар-ма екен?[1])

Мне Бердақтынг куткен мақсети, ойлаған арьманы усылар еди.

Бердақ поэзиясынынг енг жақсы қасиетлерининг бри дуньяға оптимистлик козқарас еди. Ол қанша азап-ақырет корсе-де, душпанларынан қаншама женгилсе-де, бул дуньядан тунгилмейди, умитсизликке, пессимизмге берилмейди, алдағы жақты куннен умитин узбейди, езуши классларға қарсы гуресин тоқтатпайды.

Шаир ози қандай аур жағдайда жасаса-да, залымлар оған қандай қайғы-қапашылық салса-да ол қайғыуайымға берилмеуге, барьҳама озингди уақты хошлықта, шадлықта услауға шақырады.

Реакциянынг, қаранғы-зулматтынг уясы болған Қара-Қум ишанынынг есуас мақсымлары Бердақты бир ақшам айттырып, сонгында урып азап-ақырет бергенде данышпан шаир ози сондай хорлық ақырет корсе-де, „жонсиз қырқ кун қайғы-уайым шекеннен, ден саулықта бир кун шадлық жақсырақ"[2]) деп жазған еди.

Жарлылықтынг арқасында мутажлық пенен кемтарлықтынг азабын тартқан балаларын Бердак бир кун болса-да қайғы-уайым шекпестен, шадлықта жасауға шақырады:

„Буннан блай қайғы шеккенди қойынг,
Бир кун болса ҳамь кулип ойнанг, балаларым"[3])

## Бердақтынг динге козқарасы

Бердақтынг динге козқарасы онынг жалпы дуньяға козқарасыменен белгиленеди. Бердақтынг шғармаларына қарағанда ол диннен бротала безген – атеист болған адам емес. Бракта ол тап қартайған уақытына шекем

[1]) *Бердақ.* Тангламалы шғармалар жинағы, 328 бет.
[2]) *Бердақ.* Тангламалы шғармалары, 40 бет.
[3]) Бул-да сонда, 128-бет.

динге онша кеул қоймаған, кобинше блимге, мадениятқа умтылған адам. Буған онынг: „Шарктаптан[1]) тура қаштым, Науайыдан сауат аштым, Фзулиден дурлер шаштым“ деген созлери далил бола алады. Коп шғармаларында Бердақ руханиларды, „куран ашып халқты сорған“ молла-ишанларды халқтынг жауз душпанлары деп тариплейди. Оларды қатты жек корушиликпенен, шын ызалануменен согип, налет айтады. Тағы-ла Бердақ руханиларды сокկенде тек томенги дарежели супы, хожа, моллаларды критикалап ғана қоймайды, ал жоқарғы дарежели руханиларды — ахун-ишанларды-да аяусыз ашкаралайды.

Қарақум ишанынынг медресесиндеги ахун-моллаларға, мақсым-ишанларға Бердақ қатты ызалануменен мна созлерди айтқан:

Бул созимди тынгла, Нурмурат ахун,
Орайсанг салленгди харритип шақын,
Алдап минеткештинг коп жейсенг хақын,
Сеннен қайта ала ғарға жақсырақ.

Ауел беремен деп сонгра бермеген,
Минеткешке хақы толеп кормеген,
Созин жутып, отирик айтып олмеген,
Нурмураттан балки хайуан жақсырақ.

Орымбет, Нурымбет, Жалал, Сулейман,
Сапар, Мырза, Арзу, Еримбет[2]) миман,
Халқтынг қанын сорған гленг би иман,
Барингнен биздей бир гедей жақсырақ[3]),

Ол уақытта Қарақум ишан медресеси Қарақалпақстандағы дини зулматтынг орайы болып, оғада зор кушке ие еди. Артта қалған надан халққа онынг тасири кута кушли еди. Қарақумдағы ишан тек дини орай ғана болып қоймастан, ол елдинг сияси турмысына-да улкен тасирин тигизип отыратуғын еди. Буны биз тарихи фактлардан-да жақсы блемиз: 1856-жлы Ерназар қолдаулы Хиуа ханына қарсы котерилис шғарған уақытта Қарақумдағы ишан халққа хиянат етип Хиуа ханынынг ҳамь сатылғыш билердинг тарепине отип, Ерназар қолдаулыдан котерилисти тоқтатуды ҳамь Хиуа ханына бағынуды талап етеди.

---

[1]) *Шарктап*—Ески мектепте дини тағлиматларды оқытатуғын фарси тлинде жазылған дини ктап

[2]) Бунда атлары аталғанлар Қаракум ишанынынг медресесинде оқыпатырған моллалар.

[3]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары, 41 бет.



Усындай қудретли кушке ие болған дини орайдағы ахун ишанларға қарсы Бердақтынг жоқарыдағыдай созлерди айтуы онынг шнында-да жаунгер гуресши болғанын корсетеди. Тек бул ғана емес. Бердақтынг руханиларға қарсы айтылған отлы созлери басқа шғармаларында-да коп ушырасады. Маселен, жоқарыда келтирилген „Салық“ қосығындағы мна созлерди алынгыз:

Анау мешит мунарланған,
Басларында шрақ жанған
Куран ашып халқты сорған,
Ишанларға жоқтур салық

Ақ узикли улкен отау,
Озь алдына болып атау,
Ерман ахун отыр анау,
Оғандағы жоқтур салық[1])

Бердақ елдеги надан адамлардынг басын айналдырып, козин бояп, халқтынг қанын сорған молла, супы, ишан, ахунлардынг ҳарамы қлықларын откир тилменен ашкаралап, бетпердесин жыртады. „Алла“, „Кудай“ деп халқты алдаушы руханилардынг ким екенлигин ашып корсетеди. Ол озининг белгили „Коринди“ деген қосығында блай деп жазды:

Ҳалын билмей, экир айтып „аллалар“
Адамларды алдап, барьха „оллалар“,
Супы, ишан, ахун жане моллалар,
Козлериме шайтан янглы коринди[2]).

Бердақ динге, қудайға қарсы болған адам емес. Ол қудайға, динге инанған, мусылман днининг режелерине мойынсынған, ҳатте қартайғанда супы болған адам. Ол биркатар шғармаларында минеткеш езилген халқ-

---

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары, 40 бет.

[2]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары 45 бет,

тынг аур ауҳалын женгиллету ушын қудайға жалбарынып, оннан жардем сорайды. Ол динге қарсы емес, ал динди қурал қлып халқты эксплуатация ететуғын минетьешлерди алдап езетуғын руханиларға, молла-ишанларға қарсы.

Бердақ гейпара шғармаларында, ҳатте қартайған уақытында-да қудайдынг жердеги „уакиллерин" ашкаралауменен ғана қоймастан яратқаннынг озине-де тил тигизеди, онынг жарлы халққа „найзасын қаратып", устем классларға болысқан адилсизлигин айтып наризалық корсетеди, ғарип-касерге жардем беруин талап етеди:

Ай, яратқан, яратқан,
Найзаны бизге қаратқан,
Ғам колине апаратқан,
Ғарип-қасерге пана бер.
. . . . . . . . . . . . .
Муҳмин халққа болсанг бирдей,
Жаратқан озинг пана бер[1]).

Бунынг менен қатар, Бердақ ел ишинде, созь жузинде тақуалық қурып, халқтынг козин бояп, ис жузинде турли ҳарамы бузықшылықлар ислейтуғын думше моллаларды, хожа супыларды ашшы, откир тилменен олтире критикалайды. Маселен, „Хожам" деген қосығында минеткеш халққа зиян келтирип журген, жатып ишер есуас хожанынг ҳарамылык қлығын айтады. „Терис қайтқан" деген қосығында „Айналайын саллем сеннен, ҳешким гуман етпес меннен" деп қартайғанда супылықты бет-перде қлып, турли ҳарам пейллик еткен молла Мамбеттинг срын ашкаралайды:

Молла Мамбет супы болды,
Қия таслап бурды жолды,
Бреу емес, екеу болды,
Жетпис жаста терис қайтқан[2])

Мне Бердақтынг динге ҳамь молла ишанларға коз қарасы усындай болған.

---

[1]) *Бердақ.* Танглмалы шғармалары, 6[?] бет.
[2]) *Бердақ.* Танглмалы шғармалары, 12[?] бет.



Сонлықтан Бердаққа байлар, би-аталықлар қандай душпанлықпенен қарап, қаслық ислеген болса, молла-ишанлар-да Бердаққа сонынгдай душпаншылықпенен қарап, қолынан келген қаслықларын ислеген Бердақты, „диннен шықты, кафир болды" деп халққа жаманлаған. Ишанлар Бердақтынг копшилик алдында бахсышылық қосық айтуына тыйым салған Брақ онынг менен Бердақ қосық айтуын қоймаған ҳамь ози олгенинше минеткеш халққа хызмет ету позициясынан таймаған,

Бердақтынг омирининг ахырғы жылларында онынг поэзиясында айрым дини пкирлер, худайға жалбарынулар пайда болды. Брақта Бердактынг худайға жалбарыну қосықларында-да ислам динининг уйреткениндей бул дуньядан безушилик, ақыретти ғана ойлап, турмыстан тунгилушилик пкирлери жоқ. Мусулманшылықтынг талабы бойынша зулымға қарсы шықпау, қандай жабри-зулым болса-да коне беру идеялары жоқ, Бердақ худайға инанғанда, оны жарлы халқтынг қаендери, ғамхоры, адилликтинг иеси деп инанады. Худайға жалбарынғанда сол жарлы халққа пана бер жардем бер деп жалбарынады:

Бенде едик шубҳасиз ҳак,
Биздей сорлыға бергил бак,
Посар болды аяқтан халк.
Жалынғашларға пана бер[1]

А. Савицкий озининг жазған макалаларында[2]) Бердақты реакцияшыл панисламизмди, диншиликти угитлеуши болды деп суреглеуге урынады, шаирдынг ҳеш бир жақсы жағын кормей, оны суфизм менен реакциянынг лагерине итерип таслайды. Ал ҳақиқатында, Бердақтынг шғармаларын анық кеул қойып изертлеп қарағанда Бердақтынг ислам динин, панисламизмди угитлеуши болмағанлығы коринеди. Керисинше, шаирдынг шғармаларында динди угитлеу, худайға жалбарыну фактлары кута сирек гезлеседи. Қайта, оларда жамиет лик турмыстынг адилсизлиги ушын, жарлы халқтынг аянышлы турмысы ушын худайға наразылық билдиру, налыну фактлары ушырасады.

---

[1] *Бердақ.* Танглмалы шғармалары, 65 бет,
[2] А. Савицкий. „Қарақалпақ кунделигинен", „Звезда Востока" журналы, 1953 ж № 12 хамь 1954 ж. № № 1,2.

Бердақ қартайғанда супы болса-да, брақ ол диншиликти, супылықты қатты услаған адам емес. Ол супы болғанда Қарақум ишаннынг оғада улкен кушке ие болған молла-ишанларынынг тасири астында болған. Брақ шаирдынг озь созлерине қарағанда ҳамь онынг ақлықларынынг айтуына қарағанда ол супылыққа онша кеул қоймаған, тек расми турде ғана супы болып, ал ис жузинде кобинесе озининг жарлы халққа хызмет етуин дауам еткен. Супылықтынг шартлерин орынламаған Супы болғаннан кеин Бердаққа дутар шертуин ҳамь қосық айтуын молла ишанлардынг қадаған етуине карамастан, шаир ел гезип, дутар шертип, қосық айтуын тоқтатпаған. Буны 1954 жылдынг июль айында Бердак туралы жанга мағлуматлар жинаған адеби изертлеу экспедициясы-да тастиқлап отыр. Экспедицияға басшылық еткен М. Нурмухамедов пенен Г. Есемуратов жолдаслар бул ҳаққында блай деп жазады:

„Молла, ишан, супылар жамлесип, шаирды супы болуға мажбурлеп, онынг дутар шертип, қосык айтуын қадаған еткен. Бердақ дин жолын беккем тутып супы болған емес. Информаторлардынг копшилиги бизге: „Бердақ озин тутып журе алмады, сонлықтан ол қосық айтуын токтатпады“ деп билдирди“ Ал моллалар шаирдынг бул мнезине ашуланып „қосық айтқан адам-да супы болама екен деп жаманлаған. Бул хабар Қарақум ишанға жетип, ол Бердақты шақыртады. Шуғыл супыға Бердақ блай дейди:

„Бугин куска бараман,
Айналып мна туска бараман.
Ҳазиретке айналып ертенг туске бараман“,

деп сол куни ишанға бармай қалады[1]

Тағыда мнаны корсетип оту керек. Бердақ шғармаларынынг унамлы геройлары дини фанатизмге берилген адамлар емес. Оларда худайға жалбарыну, тағдирге пассив турде мойынсыну фактлары ушыраспайды. Шаир бул геройларды ҳешбир қиыншылықтан қорққпайтуғын, халқ душпанларына қарсы қайтпай гуресетуғын етип суретлейди, (Мсалы, „Ахмақ патша“дағы Гулим, Зару ҳамь еки батыр жгитлердинг образлары, Амангелди, Раушан образлары сондай).

Бердақтынг қартайғанда супы болуы, онынг айырым шғармаларындағы дини-мистикалық козқараслар оны олгенинше минеткеш халққа хызмет ету позициясынан тайдырған жоқ.

Басқа Шғыс шаирлары сияқлы, Бердақ-та бир қатар шғармаларында дуньянынг уапасызлығы туралы, минеткеш халққа дуньянынг тарлық-азабы туралы коп айтады.

Бердақтынг айрым қосықларындағы дини пкирлер омирининг ахырғы жылларында, қартайған шағында сияси ҳамь жамиетлик реакциянынг тасири астында жазылған. Брақта ол қосықларында-да тикарғы идея — халққа хызмет ету, минеткеш халктынг аянышлы ҳалына жаны ашығанлықпенен халққа жақты кунди арьман ету.

## Бердақтынг творчествосындағы қарама карсылықлар

Биз Бердақ творчествосын марксизм-ленинизм коз қарасыменен баҳалап, оны шын илими тикарда изертлеуимиз тиис. Ленин откен заманнынг маденият мирасларын сын козименен қарап изертлеуди, онынг жақсы ҳамь жаман жақларын барлық жағынан алып баҳалауды талап еткен еди. Ҳатте, Чернышевский сияклы рус революционер-демократлардынг мирасларын баҳалағанда-да Ленин олардынг козқарасларынынг озь заманындағы тарихи жағдайлардан асып кете алмағанын кор-сеткен еди. „Чернышевский, рус турмысынынг артта қалғанлығы себепли Маркс ҳамь Энгельстинг диалектикалық материализми дарежесине шекем котериле алмады“[1]) — деген еди Ленин.

Бердақ сол даурдеги қарақалпақ халқынынг тарихи рауажлану жағдайларынынг себебинен озь заманындағы бирқатар дастурлерден ҳамь козқараслардан атлап кете алмады, айналадағы турмыстынг бир қатар

---

[1]) *М. Нурмухамедов, Г. Есемуратов*, Бердақ хаққында жанга мағлуматлар, „Қзыл Каракалпакстан газетасы, 24 сентябрь 1954 жыл.

[1]) *В. И. Ленин. Шғармалар. 14 том*, 346 бет.

артта қалған жағдайлары, ески козқараслар Бердаққа-да тасирин тигизди. Сонынг арқасында Бердақтыг творчествосында, онынг дуньяға козқарасында бир қатар қарама қарсылықлардынг бар екенлигин коремиз. Бир жағынан, Бердақ улума эксплуататорларды, ханларды, патшаларды, билерди, байларды ҳамь молла-ишанларды аяусыз ашкаралап, оларды қатты жек корушиликпенен налетлеп отырса, екинши жағынан, Бердақ озининг айрым шғармаларында бурынғы откен ханлардынг, болыс-билердинг „адиллигин“, сань салтанатын мақтайды, қартайған уағында дини инанымлардынг тасирине берилип, супы болады.

Жазушыны жасаған заманынан, оскен ортасынан болек алып қарауға болмайды. Биз жоқарыда Бердақ озининг шаиршылық, бахсышылық касибин халқ жиналған той-мерекелерде қосық айтудан баслады дедик. Ол уақыттағы бахсы-жраулар тек той-мерекелерде бахсышылық етип, тапқан табысыменен ғана кунелтетуғын еди. Оларға басқа жерден ҳешқандай табыс туспейтуғын еди. Сонлықтан олар тынглаушылардынг тлеги, козқарасларыменен санаспай тураалмайтуғын еди. Айырым жағдайларда бай дaулетли, мартебели адамлардынг тлегине сайкес оларды мақтап жырлауға-да мажбурь болатуғын еди. Мне усындай жағдайлар шаир-бахсылардынг творчествосында белгили қарама-карсылықлардынг болуына себеп болатуғын еди. Бир жағынан, сол уақыттағы тартиплерди, устем классларды қатты критикалап, минеткеш халқты ҳамь халқ геройларын жырласа, минеткешлердинг аур турмысын, ҳаяллардынг қайғылы ауҳалын ҳамь тағы басқаларды суретлеп жырласа, екинши жағынан, айырым ханларды, байларды, устем класстынг адамларын мақтап жырлайтуғын еди, тағдирге конуди угитлейтуғын еди. Бердақтынг „Ахмақ патша“сы менен „Кулен болыс“ шғармасы усындай қарама-қарсылықтынг айқын улгиси болып табылады.

Бердақ эксплуататорларға қарсы қаншелли кушли жек корушиликпенен қарап, демократияшыл пкирде болса-да азатлық ушын халқ массаларынынг гуресуининг аҳмиетин, бул гуресте халқтынг ролин тусинбеди.

Бердақтынг сияси программасы—„адил патша“нынг болуын тлеуменен шекленеди. Онынг пкиринше, халқты аш аптадалыққа тусирген, барлық класслық тенгсизликке себеп болған залым ханлар, патшалар жоқ болып, олардынг орнына бир „адил патша“ орнаса,— барлық класлық тенгсизликлер жоқ болып, жарлы, гедейлер езүшиликтен қутылады. Озининг „адил патшаны“ арьман еткен тлегин Бердақ бирнеше қосықларында айтып кетеди:

Бул байт хатқа сзылып тур,
Жарлы-гедей езилип тур,
Заман белли бузылып тур,
Адил патша келер-ме екен?[1]

Халқа назер салмаса,
Бостанлық, жайлық қылмаса,
Адилликпенен турмаса,
Оны патша деп ким айтар?[2]

Бердақтынг сияси мақсети – басында адил патша турған мамлекет дузу ҳаққындағы халқтынг арьманын билдиретуғын еди. Жақсы, адил патшаны арьман ету Орта Азия халқларынынг адеби мирасларындағы тикарғы мотивлердинг бри болып табылады. Бул мотив Бердақ шғармалары ушын-да характерли нарсе.

Бердақ халқ бахытын гозлеп, адил патшаны арьман етуменен бирге халққа жақты кун тлеп, худайдан-да умит етеди, халққа бахыт излеп, путкил дунья жузин аралап кетуге таяр екенин айтады. Гейпара шғармаларында езушилерге қарсы халқ котерилиси ҳаққында-да пкир айтады.

Бердақ шғармаларындағы қарама қарсылықларды тусинуге марксизм-ленинизм классиклерининг шғармалары, асресе Ленининнинг Л. Толстой ҳаққындағы ҳамь басқа рус жазушылары ҳаққындағы данышпанлық мақалалары менен айтқанлары ашық жол корсетип береди.

Лев Толстойдынг дуньяға коз қарасларындағы қарама қарсылықларға анализ берип, Ленин блай деп жазған еди: „... Толстойдынг коз қараслары менен тағлиматларындағы қарама-қарсылықлар тосыннан болған нарсе емес, ал XIX асирдинг 70—90 жылларында рус

---

[1] *Бердақ,* Тангламады шғармалары, 15? бет.
[2] *Бердақ,* Танглаулы шғармалар жинағы 144 бет.

турмысы қойылған қарама-карсылықлы жағдайлардынг коринниси еди...

Толстой жанға батқан жек корушиликти, жақсы турмысқа псип жетискен талпынуды, откендеги турмыстан қутылу тлегин, —ҳамь онынгменен бирге псип жетиспеген хамхиялшылықты, сияси жақтан тарбиялан бағанлықты, революциялық ынжықлықты корсетти...“[1])

Лениннииг бул данышпанлық созлери Бердақтынг коз қарасларындағы қарама-қарсылықлардынг тикарғы себеплерин-де тусинуге жол корсетип береди. Бердақтынг дуньяға коз қарасларындағы қарама-қарсылықларда тек озь басындағы пкирди ғана емес, ал озь заманындағы халқтынг басынан кеширген жамиетлик-сияси жағдайлардынг карама-карсылықларын корсететуғын козқараслар еди. Бердақтынг жасаған заманында—XIX асирдинг екинши ярымында қаракалпақ халқы айрықша қсымшылыққа тусип, Хиуа ханларынан, патша чиновниклеринен ҳамь озь ишиндеги би-аталықлардан, байлардан ушь жақлама езилу астында жасаған еди. Бердақ, бир жағынан, адам айтқысыз езилуде болған қарақалпақ гедейлерининг эксплуататорларға болған жанға батқан жек корушилигин ҳамь ески турмыстан қутылу, жақсы турмысқа талпыну тлегин билдирсе, екинши жағынан, езушиликтинг улкен куралы болған ислам динин ҳамь откендеги феодаллық тартипти, айрым хан, болыс, билерди мақтайды, соларды журтқа улги етеди.

Бердақ қарақалпақ гедейлерининг аянышлы ҳалын, олардынг езушилерге болған жек корушилигин, озь заманындағы класслық тенгсизликти, адилсизликти, адам айтқысыз зулымды коре билсе де, халқтынг алдағы жақты кунлерге, бахытлы заманға жетисуин арьман етсе-де, брақ минеткеш халқтынг езушиликтен қалай азат болу, қалай етип бахытлы заманға жетису жолын Бердақ коре алмады. Себеби Бердақтынг заманындағы Қарақалпақстанда социал-экономикалық жағдайлар Бердаққа буны тусинуге мумкиншилик бермеди.

Қарақалпақ халқынынг арасында жамиетлик-экономикалық ҳамь мадени рауажланудынг артта қалуы, халқтынг тегисименен дерлик сауатсыз болуы, елде рабочий класынынг болмауы, ири ондирис орынларынынг—болмауы—мне усы жағдайлардынг ҳаммеси Бердақтынг дуньяға козқарасын шекледи.

Пролетариаттынг уллы жазушысы, Совет адебиятынынг атасы А. М. Горький откендеги уллы жазушыларды баҳалау жонинде блай деген еди:

„Откен заманнынг ҳарбир уллы художнигин еки жақтан алып баҳалау керек. Озь заманынынг улы ретинде ҳамь адамзатты азат ету ушын жургизилипатырған путкил дунья жузилик—тарихи гуреске қатнасушы ретинде баҳалау керек“.

Бердақтынг дуньяға коз қарасын таллап қарағанымызда онынг коз қарасларындағы қарама-қарсылықлар анық коринеди. Ол „озь заманынынг улы“ ретинде сол заманда оғада уллы кушке ие болған дини инанымлардынг тасирине де берилди.

Гейпара жолдаслардынг шамалауындай, Бердақ динге қарсы гурести, ол худайсыз (атеист) болды деп тастиқлау хате болар еди. Маселен, жолдас Бассин озинынг Бердақ туралы ктабында Бердақтынг „Шарктаптан тура қаштым“ деген созлерине қарап, Бердақ динге берилмеген, ол „кута еркин пкирде болған“[1]), деп жумақ шғарды. Жоқ Бердақ динсиз болған адам емес. Ол худайға инанған, ҳатте картайғанда супы болған адам. Буны жасырудынг кереги жоқ.

„Тарихи искерлердинг тарихта корсеткен хызмети—олардынг ҳазирги заман талапларыменен салыстырғанда қандай нарсе бере алмағанлығына қарай емес, ал олардынг озинен бурынғы адамларменен салыстырғанда қандай жанга нарсе бергенлигине қарай баҳаланады“—дейди Ленин[2]).

Бердақтынг халқымыз алдындағы тарихи хызметин баҳалағанда Лениннинг усы корсетпесин-де еске алуымыз керек. Биз Бердақты неге избе-из революционер-демократ болмады екен, неге социалист ямаса коммунист бола алмады екен, деп айыплай алмаймыз. Брақ буннан Бердақтынг творчествосындағы реакцияшыл, ҳалсиз жақларын ямаса тикарғы аҳмиетке ие болмаған

---

[1]) *В. И. Ленин.* „Лев Толстой рус революциясынынг айнасы спатында“, Шғармалар жинағы 15 том 179—186 бетлер

[1]) *С. Бассин,* „Бердах-шаир—великий поэт-патриот“ ККГИЗ, Нукус, 1943, стр, 18.

[2]) *В И. Ленин.* Шғармалар, 4 басылуы, 2 том 190 бет.

айрым хателиклерин үндемей кету керек деген мағна келип шықпайды. Биз – совет әдебиятын изертлеушилердинг миннети откен заманнынг әдеби мирасларына класслық партиялық козқараспенен қарау, олардағы прогрессивлик нарселерди реакцияшыл нарселерден айырып алу болады. Тарихты жақсы қлып-та, жаман қлып-та корсетуге болмайды. Тарихи ҳақиқатлықты болған күйинде дурыс корсету керек. Тарихи ҳақиқатлықты бурмалау—откен заманнынг мирасларындағы артта қалған, консервативлик нарселерге сын козименен қарамаушылыққа себеп болады.

Откен заманнынг мадени мирасларына бзинг козқарасымыз ҳаққындағы маселе, жанга социалистлик маденият қурылысынынг принципли маселелерининг бри болып табылады.

Жанга социалистлик мадениат дузу ушын биз откен заманнынг мадени мирасларынан бзинг ушын енг жақын ҳамь баҳалы болған нарселерди, демократиялық ҳамь социалистлик рухпенен суғарылған нарселерди ғана алуымыз керек. Откен заманнынг мирасларын биз коммунистлик жамиет дузу маплери козқарасынан, ҳазирги заманнынг алдынгғы илими коз қарасынан анализ берип, ол мираслардағы прогрессивлик, демократиялық жақларын болсын, сондай-ақ артта қалған реакциялық жақларын-да ашып корсетуимиз тиис, бул мирасларда биз – совет адамларына не нарсе қадирли, пайдалы, не нарселер қадирсиз ҳамь пайдасыз екенлигин сын козименен қарап анықлауымыз тиис.

Откен заманнынг мадени мирасларын пайдаланғанда Лениннинг ҳарбир миллетте еки турли мадениат бар екенлиги ҳаққындағы корсетпесин басшылыққа алуымыз тиис. Бул жонинде асресе Лениннинг мна корсетпесин ядта тутуымыз тиис:

„Ҳазирги заманғы ҳарбир миллетгинг ишинде еки миллет бар.. Ҳарбир милли мадениятгынг ишинде еки миллет мадениаты бар“[1]).

„Биз ҳарбир миллет мадениятынан онынг тек демократиялық, социалистлик элементлерин ғана аламыз, алғанда-да оларды ҳарбир миллетгинг буржуазиялық

[1]) *В. И. Ленин,* Шғармалар, 4 басылуы, 20 том, 16 бет.



мадениятына, буржуазиялық миллетшилигине тек ғана ҳамь созсиз қарама-карсы қою ушын аламыз“[1]).

Бердақ шғармаларындағы қарама-қарсылықлар асресе онынг „Шежре“ ҳамь „Кулен болыс“ атлы тарихи поэмаларында айрықша ашық коринеди. Бердақ бул шғармаларын омирининг ахырғы жылларында, картайған шағында жазған болуы керек. „Шежре“ поэмасын шаирдынг озининг корсетуи бойынша „жылқы жлы“, яғни олмесинен 5—6 жыл бурын 67—68 жасларында жазған.

Шаир буннан бурынғы жазған енг жақсы шғармаларында („Болған емес“, „Халқ ушын“, „Ахмақ патша“ ҳамь басқаларында) патша-ханларда ҳешуақытта адиллик болған емес, олар баркулла минеткеш халқты аяусыз езип келди деп жазса, „Шежре“де Шынгғысханнынг тусында журт „тоқшылық, абаданлық болып еди“, —дейди. Бердақ ҳатте „Кулен болыс“ сияқлы шғармасында Шынгғысханнынг талаушы-басқыншы екенлигин, Хорезмди уайран еткенлигин айтады, ал „Шежре“ поэмасында Шынгғысханды мақтайды. (Биз бул поэма жонинде кеин озь алдына толығырақ тоқтап отемиз).

Сондай ақ „Қулен болыс“ поэмасында халқты қан қақсатқан залым Қулен болыстынг сань-салтанатын, байлығын мактайды.

Бул поэмада айтылған тарихи уақияларға қарағанда, Бердақ бул шғарманы озь омирининг ахырғы жыллары яғни, шамаменен 1895—1896 жыллары жазған болуы керек. Поэманынг текстинде „Жасым қырқта, жлым тышқан“, „Усы быил толдым қырққа“ деген созлер бар. Бул хате болуы тиис. Себеби Бердақтынг қырқ жасына толған уақытында (1867-жлы) қарақалпақлар арасында болыс деген нарсе болған жоқ, сонлықтан ол уақытта Куленнинг болыс болуы мумкин емес. Қарақалпақ халқы Россияға косылғаннан, яғни 1873-жылдан кеин ғана болыслар пайда болды. Ал Куленнинг болыс болған уақты XIX асирдинг ахырына тура келеди.

Бердақ бул поэманы ози қартайған уақытында семьясы материаллық жақтан аур ауҳалға тускен жағдайда байлығы мол Кулен болыстан материаллық жардем алу мақсетинде жазған болса керек. Бул пкирди сонгғы адеби изертлеу экспедициясынынг материал-

[1]) *В. И. Ленин,* Шғармалар. 4 басылуы, 20 том, 8 бет.

лары[1]) ҳамь Бердақтынг ақлықлары-да тастиқлап отыр. Олай болмағанда, омиринше езушилерди, руханиларды аяусыз ашкаралаған ҳамь „Салық", „Халқ ушын" қосықларын, „Ахмақ патша" дастанын доретken шаир, Қулен болыс сияқлы залым-тиранды мақтамас еди[2]). Брақ Қулен болыс шаирдынг куткен умитин ақламаған оған жардем бермеген. Бул туралы Бердақ сонгынан озининг „Болған емес" деген қосығында:

„Хамь мактап Қулен болысты
Аганг сарпай алған емес"—

деп жазды.

Брақ, қалай дегенменен, „Қулен болыс" поэмасынынг халққа қарсы реакцияшыл шғарма екени анық. Бул поэманынг Бердақтынг басқа жақсы шғармаларыменен бир қатарда бурынғы басылған топламларға крип кетуи оны копшилик арасында пропагандалау улкен хате болып табылады.

Усы кунге шекем Бердақтынг творчествосын изертлеушилердинг кобиси „Хорезм" поэмасынынг авторы Бердақ деп надурыс корсетип келди.

Ал, ҳақиқатында Бердақтынг творчествосын дыққатпенен изертлеп қарасақ, „Хорезм" поэмасы Бердақтики емес, ал онынг атына надурыс жазылып келгенлигин коремиз.

Булай деп тастиқлау ушын бизде мнадай далиллер бар:

Бриншиден, ҳарбир жазушынынг яки шаирдынг озине тань айрықша адеби стили, тли ҳамь басқалары болатуғыны малим.

Бердақтынг-да озине тань айрықша поэтикалык стили бар ҳамь онынг шғармалары озининг идеялық мазмуны,тли ҳамь формасы бойынша шын халқшыллығы,патриотизми, демократизмименен басқалардан ажыралады.

Егерде усы жағынан алып қарасақ, онда „Хорезм" поэмасы озининг стили, идеялық мазмуны, тли ҳамь басқа белгилери бойынша Бердақтынг шғармаларыменен ҳешқандай жақынлығы жоқ екенин коремиз.

[1]) *М. Нурмухамедов, Г. Есемуратов,* Бердак ҳаққында жанга маглуматлар „Қзыл Қзрақалпакстан" газетасы 24-сентябрь 1954 жыл

[2]) Сонда.



„Хорезм" поэмасында қарақалпақ халқын аяусыз езген ҳамь басып-женшип келген Хиуа ханлары ҳамь олардынг ҳамелдарлары мақталады ҳамь идеалластырылады.

Озининг путкил омиринше Хиуа ханларына ҳамь олардынг жалпылдақларына қарсы гурескен ҳамь залым ханларды қатты жек корген Бердақтынг Хиуа ханларын мақтайтуғын „Хорезм" қусаған шғарманы жазуы мумкин емес. Логикалық жақтан қараганда буны Бердақ жазды деуге болмайды.

Бердақ озининг программалық шғармасы болған „Ахмақ патша" дастанын жазды, онда ол Хиуа ханларынынг зулымлығын ҳамь ҳайуанлық миримсизлигин аяусыз ашкаралады, ханлардынг властына қарсы озининг барлық жеккорушилигин билдирди. Сонлықтан „Хорезм" поэмасы қусаған халққа қарсы шғарманы Бердақтынг жазуы мумкин емес.

Бердақ озининг „Болған емес", „Ахмақ патша" сияқлы енг жақсы шғармаларында ҳамь басқаларында: „Бул дунья—дунья болғалы, патша адил болған емес" деп жазған еди. Ал „Хорезм" поэмасында бурынғы откен Хиуа ханларынынг ҳаммеси, солардынг ишинде 1827 жлы қарақалпақ халқынынг котерилисин қанға бояп басқан Аллақул хан-да, халқтынг қас душпаны—Гедейнияз маҳрем-де, „адил", „мирим-шапқатлы", „жақсы" еди деп мақталады.

Бердақ озь шғармаларында ислам динин угитлеуши спатында сирек шғады. Хатте „Ахмақ патша" қусаған ири колемли шғармада-да дин, „алла", „пайғамбар" деген нарселер созь болмайды. Сонлықтан диннинг шрик идеясын, панисламизмди угитлеуши „Хорезм" сияқлы шғарманы Бердақтынг жазуынынг игималы жоқ.

Екиншиден, Бердақ озининг барлық шғармаларын минеткешлер массасына тусиникли, ҳарбир сауатсыз адам тусинетуғын, таза халқ тлинде жазғаны малим. Бердақтынг шғармалары араб ҳамь парсы созлеринен таза, анық ҳамь ашық етип жазылған Бул озининг халқшылығы ҳамь демократизмименен ажыралатуғын Бердақ шғармаларынынг тикарғы идеялық мазмунына муафық келетуғын еди.

Ал „Хорезм" поэмасы болса, бастан-аяқ халк массаларына жат, устем класстынг жане руханилардынг

тлименен жазылған. Бул поэма халққа тусиниксиз ҳартурли араб, фарсы созлеримен толы. Маселен, мнадай созлер: „Нуқтадан“, „мағлуби дарап“, „шахит ағла“, „ларзам“, „Руй замин“, „тамизкар“, „ҳиммет“, „салахат“, „хазарь антге“, „хамсухбег“, „Сахип кран“, „Зарбияг“, Хамдеми“, Кайфияг“, „Тлауат“, „Лайлатул“, „Лажерем“, „Хмаят“, „гирья“, „жизья“, „фалек“ ҳамь усыған қусағанлар.

Тағыда усындай араб, парсы созлери тек ғана „Хорезм“ поэмасында ушырасады, ал Бердақтынг шғармаларында бундай созлер путкиллей дерлик ушыраспайды.

Бул жағдай-да „Хорезм“ поэмасынынг Бердактики емес екенлигин далиллейди. Буны путкиллей басқа турли козқарастағы басқа бреу жазған болу керек.

Ушиншиден, қарақалпақ халқынынг нешше асирлерден бери уллы рус халқыменен дос болуға умтылып келгенлиги, талай рет рус пухарашылығына отуге ҳарекет еткенлиги ҳамь, ахырында, 1873 жлы Россияға озь ыхтиярыменен қосылғанлығы тарихтан белгили Халқтынг тлегин, арзу-арьманларын билдирушиболған Бердақтынг „Хорезм“ поэмасындағыдай русларға қарсы козқарасты жақлап шғуы мумкин емес. Ондай козқараслар Бердаққа путкиллей жат козқараслар.

Бердақ озининг халқшылық-демократиялық идеяларын оғада ашық билдирген „Ахмақ патша“ поэмасын қарақалпақлардынг Россияға қосылғанынан кеин жазды. Бул туралы Бердақ „Ахмақ патша“ поэмасын „жасым еллиге келгенде“ (яғни 1877 жлы) жаза басладым деп ози айгады. Бундай бастан-аяқ ханлардынг зулымына қарсы қаҳар ғазеп пенен жек корушилик сезимин билдиретуғын шғарманы Бердақ Хиуа ханлары устемлигининг астында журип жаза алмас еди. Бундай еркинликти жырлаған шғарманы жазғаны ушын Хиуа ханлары Бердақты три жургизип қоймас еди. Бундай шғармаларды Бердақ тек қарақалпақлардынг Россияға қосылғанынан кеин ғана, руслардынг қол астында озин хаупсизликте сезгеннен кеин ғана жазуы мумкин еди.

Биз жоқарыда Бердақтынг 1900 жлы Петро-Александровск (Торткул) қаласына шақыртылғанын Бердақ: „бизди ақ патша шақыртыпты“ деп, Торткулге бару ушын жолға шыққанын айтқан едик.



Бунынг характерли жери—Бердақты рус ҳакимлери зорлықпенен апармайды, ал ғарры шаир озь ыхтиярыменен Торткулге бару ушын жолға шғады.

Усы фактынынг ози-де Бердақтынг рус халқына шын кеулден дослық ниетпенен қарағанлығын корсетеди.

Усы фактлардан „Хорезм“ поэмасындағыдай русларға қарсы созлерди Бердақтынг жазбағанлығы анық болса керек.

Ахырында, „Хорезм“ поэмасын Бердақтынг жазбағанлығы ҳаққындағы бзинг пкиримизди 1954-жылдынг июль айында шаирдынг туылған жерлерине барған илими экспедициянынг жинаған жанга материалларыда тастиқлап отыр. Экспедицияға қатнасушылар Бердақтынг туылған ҳамь омир сурген Мойнақ рэйонынынг коп ауылларына барып, онда шаирдынг коплеген ақлық-шаулықларыменен ушырасып сойлести. Олар ауллардағы Бердақты жақсы блетуғын адамлардынг берген мағлуматларына тикарланып, „Хорезм“ поэмасы Бердаққа тиисли емес, егерде бундай шғарма онда болса-да, ол бир уақытта руханилар тарепинен таныслық дарежеде озгериске ушраған—деген жумаққа келеди. Тағыда экспедициянынг анықлауы бойынша, „Хорезм“ поэмасы копшиликке таралмаған, тек руханилар—молла-ишанлар арасында ғана таралған, ал копшилик халқ массалары бул шғарманынг мазмунын билмейди, буны Бердақтики деп айтпайды екен. Экспедициянынг сойлескен адамларынынг ҳешқайсысы „Хорезм“ди Бердақтики еди деп тастиқлаған жок. „Тек моллашылығы бар бир адам ғана бизге бул шғармадан бир қанша қатарларын аузша айтып берди“.

Жокарыда айтылған фактларға тикарланып, биз „Хорезм“ поэмасы Бердақтики емес, ал оған надурыс тангылған деймиз. Сонлықтан-да биз Бердақтынг 1950 жлы шғармалар топламын дузгенде оған „Хорезм“ поэмасын киргизбедик.

Сондай-ақ, „Азберген“, „Асқар-би“, „Шаҳарбай“ сияқлы шғармалар-да Бердақтынг атына надурыс жазылып кеткен. Дурысында бул шғармалар басқа шаирлардики болуы керек.

Мсалы, сонгғы уақытта Қарақалпақстан экономика ҳамь маденият институтындағы архив материалларды тексерип қарағанымызда Бердақтынг 1941,

1950-жыллардағы басылып шыққан ктапларына крип кеткен „Шаҳарбай“ қосығы ҳақиқатында Бердақтики емес, ал XIX асирдинг ахырында ҳамь XX асирдинг басында омир сурген Қулмурат шаирдики екенлиги анықланды.

Сол сияқлы „Хорезм“ поэмасы-да Бердақтынг атына надурыс жазылып кетуи абден мумкин.

„Хорезм“ поэмасын Бердақтики деуге ҳешқандай далил жоқ. Тек ғана Бердақтынг 1941-жлы басылып шыққан топламына бул поэма жангылыс крип кеткен, ал 1950—жлы басылып шыққан топламға бул поэма киргизилген жоқ.

Қарақалпақстаннынг экономика ҳамь маденият институтунынг фольклор фондындағы даслепки қолжазбаларды тексерип қарағанымызда[1]) „Хорезм“, „Шежре“, „Асқар би“, „Кулен болыс“ шғармалары жазушы Қарабай Ермановтынг жазып алған қолжазбаларында ғана бар екенлиги анықланды (С—42 ҳамь С—11—88 ктаплары). Қолжазбада „Хорезм“ поэмасынынг кимнен жазып алынғанлығы, авторы корсетилмеген, текстте Бердақтынг аты аталмайды.

Демек, бул қолжазба бойынша „Хорезм“ поэмасынынг авторынынг ким екенлигин анықлау мумкин емес.

Озбекстан КП Орайлық Комитетининг тапсыруы бойынша усы маселени арнаулы турде тексерип корген филология илимлеринин кандидаты Ф. Камалов-та жоқарыдағы айтылғанды тастиқлайды[2]).

Усы айтылғанларға тикарланып, биз „Хорезм“ поэмасы Бердақтики емес деп есаплаймыз.

---

[1]) Қолжазбалар арапша, латынша хамь бир қатары жанга алфавитпенен жазылған, паспорт бойынша: Ф—75 ямаса Ф—2—20, С—23 ямаса С—11—76, С—42 ямаса С—11—88 деп белгиленген.

[2]) См. Письмо *Ф. Камалова:* „Освещение вопросов каракалпакской литературы в статье *А. Савицкого*“, рукопись стр. 2.

# V. БЕРДАҚТЫНГ ПОЭМАЛАРЫ

Бердақ коп санлы майда лирикалы қосықлар жазуменен қатар „Шежре“, „Амангелди“, „Айдос би“, „Ерназар би“, „Еркебай“, „Раушан“, „Ахмақ патша“ қусаған бирнеше белгили сюжетке қурылған ири колемли поэмалар-да жазды. Бул поэмалардынг копшилиги қарақалпақ халқынынг откендеги турмысын суретлейтуғын тарихи шғармалар болып табылады. Бул шғармаларда қарақалпақлардынг басынан кеширген аҳмиетли тарихи, сияси уақиялар, халқтынг эксплуататорларға, патша, ханларға қарсы гуреси, халқ котерилислери суретленеди. Сонлықтан бул поэмалардынг тарихи аҳмиети кушли.

Қарақалпақлардынг усындай тарихи шғармаларынынг аҳмиети туралы П. П. Иванов блай деп жазған еди: „ондай шғармалардынг баҳалылығы мнадан ибарат: олар халқтынг басынан кеширген уакиялардынг аҳмиетине халқтынг озининг козқарасын корсетеди ҳамь солай етип, Хиуанынг сарай тарихшыларынынг бизге малим расми турдеги схематикалық қурғақ ҳамь тенденциялы хабарларына кута аҳмиетли, ал бир қатар ауҳалларда—ҳатте заруръ болған озгерислерди киргизеди„[1]).

Бердақтынг гейпара поэмалары („Еркебай“, „Раушан“) шаирдынг озь заманындағы халқ турмысынынг гейпара жақларын корсетеди.

Биз усы поэмалардынг ҳарьқайсысына қысқаша тоқтап отемиз.

---

[1]) *П. П. Иванов.* Новые данные о каракалпаках, „Советское Востоковедение“, 1945, М.—Л., том III, стр. 79.

## „Шежре“

Бердақтынг „Шежре“ поэмасы, озининг бир қатар кемшиликлерине ҳамь хателиклерине қарамастан, зор тарихи аҳмиети бар шғармалардынг бри болып табылады. Бул поэмада Бердақ халқ аузындағы легендаларға тикарланып, қарақалпақ халқынынг тарихи шғысын, онынг тарихында болған аҳмиетли сияси уақияларды созь қлады. Бул жағынан қарағанда Бердақ озь халқынынг тарихын жазуға бринши болып крискен тарихшы спатында танылады.

„Шежреде“ Бердақ айрым тарихи уакияларға дурыс баҳа береди ҳамь оларға халқтынг козқарасынан қарайды. Мсалы, ол шғарманынг кеинги жағында қарақалпақлардынг XVIII—XIX асирлерде Хиуа ханларына қарсы гуресин суретлейди ҳамь Айдос-бидинг сатқынлық ҳарекетин, Хиуа ханларынынг жауызлық сиясатын ашқаралайды. Сонынг менен бирге Бердақтынг „Шежре“си қаракалпақ халқынынг откендеги жамиетлик-сияси ҳамь хожалық турмысы жонинде тарихшылар ушын бирталай баҳалы мағлуматлар береди.

Қарақалпақ тарихын белгили изертлеуши, профессор П. П. Иванов Бердақтынг „Шежре“син жоқары баҳалайды. Ол блай деп жазған еди:

„Бердақтынг „Шежреси“ халқ аузындағы ангыз анггимелерди коркемлеп қайта ислеу болып табылады, сонынгменен бирге онынг мазмунында Хиуа ханларынынг устемлик сурген дауриндеги қарақалпақлардынг жамиетлик-сияси ҳамь хожалық турмысын спатлау ушын да коп материал бар“[1])

Брақта, усыған қарамастан Бердақтынг „Шежре“ поэмасында бир қатар хателиклер,—тарихи ҳақиқатлыққа туры келмейтуғын жерлери ҳамь шаирдынг козқарасларындағы болған қарама-қарсылықлар коп гезлеседи. Булар жонинде биз кеининен толығырақ тоқтап отемиз. Даслеп биз „Шежре“нинг тикарғы мазмунын қысқаша баянлап отейик.

„Шежрени“ Бердақ картайған уақтында, омирининг ахырғы жыллары жазған болуы керек. Поэманынг сонгында „Шежрени“ Бердақ „жылқы жлы“ жаздым дейди. Егерде бул дурыс болса, Бердақ „Шежрени“ 66 жасында жазған болады. Брақта бул дурыс емес болуы керек. Себеби, буған шаирдынг мна созлери қарсы келеди:

Жетпис-сексен жасқа келдим,
Қазан урған гуллей солдым,
Таубакари супы болдым,
Жасым жетип қалған екен.

(„Шежре“)

Усыған қарағанда Бердақ „Шежрени“ 66 жасында емес, ал омирининг ахырғы жылларында жазған болуы керек.

„Шежре“—деген созь—парсы сози, мaниси ата-бабалар тарихы. бир халқтынг, урудынг ата теги, шғысы деген созь. „Шежре“—руслардынг „летопись“ине уқсас нарсе. Ески уақытларда Шғыс халқларында ҳарбир халқтынг, урудынг шғысын, ата тегин ҳамь тарихта болған уақияларды жылма-жыл дзип жазып отыратуғын адамлар болған. Мсалы, XVII асирде Хорезмде хан болған тарихшы, блипмаз ҳамь шаир болған Абулгази Баҳадурхан „Шежреи турк“ („турклер шежреси“) деген шғарма жазған. Ол шғармасында Хорезмди жайлаған турк халқларынынг ҳамь оларды басқарған ханлардынг тарихынан гейпара мағлуматлар береди.

Брақ „Шежре“ жазушылардынг копшилиги устем класслардынг адамлары—хан сарайындағы жазушылар, ямаса айырым молла-ишанлар болғанлықтан олар тарихи уақияларды дурыс жазбай, устем класслардынг маплери ушын бурмалап, тарихи ҳадиселерге динимистикалық характер берип отырған.

Ал сонгғы заманларда тегисименен дерлик сауатсыз халқ арасында жазба турдеги „Шежрелер“ аз сақланып, олардынг коби ҳархилы ғаррылардынг ядында қалғанларын курастырып айтатуғын аузеки легендаларға айналып кеткен. Адетте, бунынгдай легендалар „Шежре“ деп аталып, оларда ҳархилы халқтынг ҳамь уруларднг шғысы, ата теги ҳаққында айтылады.

Бердақтынг „Шежреси“-де усындай легендаларға, халқ арасындағы ангыз созлерге тикарланып жазылған. Бердақ „Шежрени“ жазба турдеги нусқадан алып жазуы да мумкин. Онынг: „ктап кордим мусаннптен,

[1]) *П. П. Иванов,* Жоқарыда корсетилген минети, 78-бет.

созь еситтим андалиптен, кордим шежрени нусқадан",— деген созлери усыны корсетеди.

Бердақтынг „Шежресин" еки болимге болуге болады: бринши болим — бас жағында Бердақ халқ арасындағы легендаларға тикарланып, қарақалпақ, озбек, қазақ халқларынынг ҳамь айрым уруларднынг шғысын баянлайды. Шынгғысхан туралы легенданы созь қлады.

Екинши болиминде—қарақалпақ халқынынг бериде ги XVIII—XIX асирлердеги тарихи ҳадиселерин, Хиуа ханлығына бағынғаннан кеинги уақияларды, конкрет тарихи адамларды баянлайды.

„Шежренинг" бул болими кобинесе тарихи фактларға тикарланған ҳамь копшилик жерлери шынлыққа тура келеди. Маселен, қарақалпақ халқынынг тарихында болған белгили уру басылары: Есенгелди, Айдосби, Худайберди жетим, Асан, Полатбек сияқлы тарихта болған ксилерди атап корсетеди. Қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларына бағынғаннан кеинги талан-таражға, дарбе-дерликке ушыраған фактларын баянлайды. „Шежре" қазақ, озбек, қарақалпақ халқларынынг шғысын баянлаудан басланады:

„Енес, Малик еки кси,
Енес қазақтынг бабасы,
Соннан алаш болған екен.
Маликгинг улы Разыхақ,
Жаслығында қойды ғулпақ,[1])
Киген екен қара қалпақ,
Соннан қалпақ болған екен.

деп баслайды. Ал озбек халқынынг шғысы туралы:

Калпақтынг углыдур Озбек,
Соннан озбек болған екен.[2])

дейди.

Албетте, бұл айтылғанлар тарихи шынлыққа туры келмейтуғын тек халқ аузындағы легендалар ғана.

---

[1]) *Ғулпақ*—айдар, тулымшақ деген созь.
[2]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 1950, Нокис, ҚҚМБ, 193.-бет



Бұннан кеин қарақалпақтынг такарғы урулары „Қонграт", „Қтай", „Қыпшақ", „Муйтен", „Кенегес", „Мангғыт" уруларынынг ҳамь оларднынг уранларынынг қалай келип шыққанлығы баянланады.

„Шежренинг" айтуы бойынша бул уруларднынг атлары ауелде айрым адам атларынан таралған. Маселен, Озбектинг улы Жиеннинг ушь зайыбы болған дейди. Байбишеден қарақалпақтынг тупь бабасы Майқы би туылған дейди. Екинши зайыбы Қтайы-хотанынынг қзы екен. Соннан туылған баланынг аты Қтай бек болған, тағы бир зайыбынан Қыпшақ туылған, соннан Қтай, Қыпшақ болған екен, дейди.

Муйтен менен Қият уруынынг қайдан шыққанлығы туралы:

Бир зайыптан еки ул туған,
Муйтен менен Кият болған,
Туған анасы Арухан,
Киятқа уран болған екен,—

дейди.

Бұннан кеин Шынгғыс ханнынг тарихи шғысы туралы легенда баянланады.

Бұл легенданы тарихи мағлуматлар менен салыстырып қарасақ, „Шежренинг" коп жерлери шынлыққа тура келмейди.

Шынгғыстынг куннен туылуы, онынг журтты абат етуи надурыс. Хақиқатында Шынгғыстынг „мусылман патшасы Алтын хан" менен жане Алмалы Корикли менен ҳешқандай жақынлығы жоқ. Шынгғысхан ҳазирги Монғолияда туылған. Онынг акеси Есугей батыр. Оннан кеин „Шежре"де айтылғанындай, Шынгғысханнынг тусында ел-журт абат болып еди деу надурыс. Себеби Шынгғыс хан баслаған монғол басқыншылары Орта Азияны ҳамь басқа жерлерди талап булдирди, қалалар менен мадениат орынларын отқа ортеп қиратты, халқты аш-аптадалыққа ушыратты.

Бердақ озининг басқа шғармаларында Шынгғыс ханнынг Хорезмди алып харап еткенлигин дурыс корсеткен еди. Маселен, „Қулен болыс" поэмасында Бердақ Шынгғыстынг Хорезмди басып алып харап еткенлигин дурыс корсетеди. Ал, бул жерде—„Шежре"де Шынгғыс ханды мақтап, Бердақ озине-ози қарсы

шғып отыр. Бердақ шғармаларынынг қарама-қарсылығы усыннан-да кориниеди.

Буннан кеин Бердақ қарақалпақлардынг Сырдарья, Жангадарья бойларында отырған уақтындағы бир қатар уақияларды баянлай келип, қарақалпақлардынг Хиуа ханларына бағынғаннан кеинги турмыс-ауҳаллырынынг гейпара жақларын айтып береди. „Шежре"-нинг бул болиминде тарихи шынлыққа тура келетуғын мағлуматлар коп ушырасады. Қарақалпақлардынг Хиуа ханларынан ҳамь онынг ҳамелдарларынан, би, аталықлардан корген жабру-зулымын, қарақалпақ халқынынг Хиуа ҳамелдарларыменен гуресин баянлайды.

Бунынгменен қатар Бердақ Хиуа ханлығынынг тарихында болған аҳмиетли тарихи уақияларды корсетип отеди. Қонграт династиясынан болған Хиуа ханларын атап корсетеди.

Бул жерде мнаны корсетип оту керек. Бердақ озининг копшилик шғармаларында Хиуа ханларын қатты жек корушиликпенен жырлап, олардынг халққа корсеткен зулымлығын ашкаралайды. XIX асирдинг басында қаракалпақ халқы Хорезмге кошип келгеннен сонг Хиуа ханларынынг. онынг ҳамелдарларынынг қарақалпақ халқына корсеткен жабру-зулымлықларын ашып корсетеди:

Муйтен, Қонграт, Қтай, Қыпшақ,
Кенегес, Мангғыт, Ақ пышақ,
Бари алты уру қарақалпақ,
Ургеништи жайлаған екен.

Аз емесдур, қарақалпақ коп,
„Май пулы" деп, „шопь пулы" деп,
Пукараны хамелдар жеп,
Мыклым бизар қылған екен[1].

Хиуа хамелдарларынынг усындай ҳадден асқан жаузлығына қарсы шыққан халқ батырларын Хиуа ханы алдап қолға тусирип олтиреди. Бердақ Хиуа ханларынынг залым, ҳилекер, сум екенлигин ашқаралап, блай дейди:

---

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 212 бет.



Шайтанға менгзер Хиуа ханы,
Алдап шақырып алған екен,
. . . . . . . . . . .
Сол айтқан онжети батыр,
Хиуа ханнан олген екен[1]

Сонлықтан қарақалпақ халқы Хиуа ҳамелдарларынынг зулымына шдамай Жангадарья бойына қайтып кошип кетеди.

Бир неше ай жол журип, ҳарып-шаршап Жангадарья бойына жеткен уақытта елдинг ақылгойлери Адил би менен Аннақул би: кейнимизден Хиуа ханынынг қуғыншылары келсе, қолға тусип қалмайық, „дарьядан отип жатынглар" деп насиҳат береди. Бул насиҳатты Қонграт урулы қарақалпақлар тынглап, дарьянынг аржағына отип жатады, ал он торт уру—Қтай, Қыпшақ, Мангғыт урулары менменлик етип дарьядан отпей, бержақта қалады. Ертенгине танг уақытында жау келип қуйылып, он торт урудынг елин шабады, мынг баласын бенде қлып алады. Буны билген Қонграт урыынынг батырлары бер жаққа қайтып отип, Хиуа ханынынг жалланған аскерлери—яумытларменен урыс етеди. Хожаназар батыр бас болып урыс еткен қарақалпақлар яумытлардынг Сарьдарын (аскер басысын) қолға тусиреди. Солай етип он торть урудан жауға тусип кеткен мынг баланы Сарьдарға алмаслап қайтарып алады.

Буннан кеин қарақалпақлар жаудан қутылып, Сырдарьяны орлеп кошеди. Ата журты Туркстанға барады. Сол жерден қарақалпақлар ушь болинип, ушь тарепке кетеди.

Бир болек қарақалпақлар Бухара тарепке, тағы бир болеги—Кенегес, Мангғыт, Қтай, Қыпшақ урулары Шаҳрисабз жағына, ушинши болеги—Қонгратлар жидели Байсынға кетеди.

Буны Бердақ блай деп жазады:

Қарақалпак Ургеништен қашты,
Душпаныменен айқасты,
Бухара тарепине асты,
Бирнеше жыл болған екен.

---

[1]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 211 бет.

Қарақалпақ кошип булинди,
Кошкени сыр жлы ели,
Журт сол жерден ушь болинди,
Ушь тарепке кеткен екен.[1]

Бундағы Бердақтынг баян еткен уақиясы тарихта қай уақытта болғанын ҳамь қаншелли шынлыққа тура келетуғынын анықлау қиын. Солай-да болса, бунда айтылған уақия—Хиуа хәнларынынг ҳадден асқан зулымынан қашып қарақалпақлардынг булинип кошуи анық болған. Бундай уақиялар қарақалпақ халқынынг тарихында бир емес талай рет болған.

Буннан кеин „Шежреде", қарақалпақ халқынынг ата журты Туркстанды жайлаған уақытта қазақ ханлары менен феодаллары жау болып тышлық бермегенликтен тағыда Сырдарьянынг томенги жағына қайтып кошкенлиги айтылады. Даслеп Қонграт уруы кошеди. Оннан кеин он торть уру-да булинип кошип, коплери аштан олип, Сырдарья бойына келеди. Бул жерде-де қазақ феодаллары қарақалпақларға жау болып кун бермегеннен кеин қарақалпақлар „Сарҳун Дарьясы (Сырдарья) бойынан „Жайҳун дарьясына" (Амударьяға) кошип келеди:

Сарҳуннан да кошип булди,
Жайҳун дарьясына келди,
Жайҳуннен саға жап алды,
Диқаншылық қылған екен.[2]

„Шежренинг" бул жери тарихи шынлыққа тура келеди. XVIII асирде қарақалпақлардынг Сырдарья бойында отырғанлығын, қазақ ханларынынг зулымына шдамай Жангадарья бойына, оннан кеин Амударья бойына кошип келгенлигин, Хорезмге келип Амударьядан саға жап алып диқаншылық қылғанлығын тарихи документлер тастиқлайды. Буны биз жоқарыда усы минеттинг IV болиминде айтқан едик.

Буннан кеин „Шежрелеги" тағы бир кеул болетуғын факт мнэу. Бердақ гейпара жерлерде қарама-қарсылықлы пкирлер айтуына қарамастан эксплуататор класслардынг, ханлардынг, билердинг жауызлығын, халққа ислеген хиянатларын ашық айтып береди. Бул жерде Бердақ озининг шын реалист шаир екенлигин, тарихи шынлықты бурмаламай, ҳадал кеулменен дурыс жазғанлығын корсетеди. Мсалы, Айдос биди Бердақ гейпара жерлерде „журтқа аға болды", „шын ер еди" деп тариплесе-де, Айдос бидинг халққа ислеген зулымлығын, онынг Хиуа ханынынг ат-тон сарпайына сатылып, халққа хиянат еткенлигин жасырмай, ашық корсетеди:

Айдос журтқа аға болған,
Ксн асып дар курған екен.
Мауж урған дарьядай тасты,
Қлышынан қанлар шашты,
Ушь ағаш курып ксн асты,
Хан соатта болған екен.[1]

Қарақалпақ халқы Хиуа ханларынынг қсымына шдамай Жангадарьяға кошип кеткен уақытында Айдос би сатқынлық етип, он торть уруды коширип акелип Хиуа ханына бағындырады:

Душпаннынг ладын оширип,
Достынг гунасын кеширип,
Он торть уруды коширип,
Бабанг Айдос келген екен.[2]

Сонынг натижесинде Хиуа ханынынг тлеги орынланып атыспай-шабыспай-ақ он торть уруды озине бағындырып алады:

Ҳаркимге барды бир несип,
Хиуа ханынынг кеули осип,
Атыспай-шабыспай, еллесип,
Он торть уруды алған екен.[3]

Айдос би озининг сатқынлық „хызмети" ушын Хиуа ханларынан ат-тон сарпай алады халққа аямай салық салады. Тағыда Хиуа ханы Айдосқа силыққа бир қыз береди:

---

1) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 214 бет,
2) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 216 бет,

1 *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 205 бет.
2) Бул-да сонда, 218 бет.
3) *Бердақ*, Танглаулы шғармалар жинағы, 217 бет.

Яд етип кадир алланы,
Нак салды салық тилланы,
Сиға берип қыз Пилланы,
Айдос баба алған екен.

Айдос би сиға қыз алып,
Қыз алып кеули хошланып,
Тамаша ойын басланып,
Бақсы, жрау айттырған екен.[1])

Бердақтынг „Шежреси" озининг бир қатар кемшиликлерине қарамастан, қарақалпақ халқынынг тарихын изертлеушилер ушын улкен аҳмиетли ҳамь баҳалы материал болып табылады. Буны қарақалпақ тарихын изертлеуши белгили совет илимпазлары-да атап корсетип отыр. Маселен, „Қарақалпақлардынг тарихи этнография очерклерин" жазған тарих илимлерининг кандидаты Т. А. Жданко озининг ктабында қарақалпақлардынг ата тегин ҳамь тарихи дастурлерин изертлеуде Бердақтынг „Шежре"сининг аҳмиетли орын туттқанлығын айтады[2].)

Бракта, усыған қарамастан, „Шежре"де тарихи ҳақиқатлыққа туры келмейгуғын, халққа қарсы реакцияшыл пкирлерде бар. Бердақтынг 1940—1941 жыллары ҳамь 1950 жлы басылып шыққан шғармалар топламында дағазаланған „Шежре"ге Шынгғыс хан туралы халққа қарсы, реакцияшыл легенда орынсыз киргизилген. Буны Бердақ жониндеги сонгғы адеби изертлеу экспедициясынынг материаллары-да тастиқлап отыр. Экспедицияға қатнасқан М. Нурмухамедов ҳамь Г. Есемуратов жолдаслар блай деп жазады:

„Шынгғыс ҳаққындағы легенда XVIII—XIX асирлердеги қарақалпақ тарихына ҳамь урулардынг шғысына қатнасы болмаса-да, „Шежре"ге орынсыз қосылып кеткен. Бунынг екеуи арасында ҳешқандай байланысы жоқ. Бердақ урулардынг шғысы жонинде баянлайды, ал легенда Шынгғыстынг туылуын ҳамь патшалық етуин хабарлайды. Бердақ XVIII—XIX асирлердеги тарихи уақияларды суретлейди, ал Шынгғыс хан озининг талаушылық, булдирушилик атланысларын XIII асирде жасаған"

Бул легенданынг „Шежре"ге жат нарсе екенлигине тағы бир далил: И. А. Беляевтынг жазып алып, 1916 жлы Ашхабадта бастырып шғарған „Шежре"синде Шынгғысхан ҳаққындағы легенда жоқ.

Демек, усылардынг ҳаммеси, Шынгғыс хан ҳаққындағы легенда Бердақтынг шғармасы емес, ол „Шежре" нинг бир болими де емес, ал сырттан қосылған бир нарсе деген жумақ шғартады. Олай болса, бундай халққа қарсы—реакцияшыл идеядағы легенданы Бердақтынг шғармасына халқ душпанлары—руханилар, молла-ишанлардынг қосуы мумкин. Буны жоқарыда корсетилген экспедиция материаллары-да далиллейди. М. Нурмухамедов ҳамь Г. Есемуратов жолдаслар бул туралы блай деп жазады:

„Копшилик информаторлар бизге молла-ишанлардынг „Шежрени" жазып алуға қуштар болғанлықларын билдиреди.

Бердақтынг ақлығы Сапарнияз: „менинг бабамнынг ҳаммеден коп жазып алған Қоразбек супы қосықларын еди, ол кобинесе тек „Шежрени" барлық жерде оқып таратты-да журди деп хабарлады. Бул билдиру-де тосыннан болған емес ... Онынг устине Қоразбек супы шаир-да болған. Бул онынг „Шежреге" халққа-да, Бердақ шғармасынынг тикарына-да жат рифмаласқан идеялар беруине мумкинлик тудырған".

Тағыда сол мақалада мнадай факт келтириледи:

„Ақ дарьяда моллашылықтан қуры қол емес бир ғарры бул араб-фарсы созлеримен толған „Шежрени" кимнен еситтингиз деген бзинг сорауымызға „бул „Шежрени" мен бир молла ағамнан еситтим, жазба туринде ағамнан ол бир ахунға отти" деп билдирди".

Албетте, усындай молла ишанлардынг арасында қолдан колға отип жургенде Бердақтынг „Шежресине" олар тарепинен ҳархилы дини характердеги жат идеялардынг, реакцияшыл пкирлердинг қосылуы абден мумкин нарсе.

Мне усы фактларды еске ала отырып, „Шежрени" пайдаланғанда, оған сын козимен қарап пайдалануымыз керек. Жанеде Бердақ шғармаларынынг келеси басылуында „Шежрени" жоқарыда корсетилген рекацияшыл қосымталардан тазартып шғу керек.

[1]) Бердақ „Танғлаулы шғармалар жинағы", 217 бет.
[2]) *Т. А. Ждачко.* „Очерки исторической этнографии каракалпаков, Изд. АН СССР, М.-Л., 1950, стр. 34.

Бердақтынг „Шежреси“ жокарыда корсетилгендей бирқатар хателери менен кемшиликлери болуына қарамастан тарихи аҳмиети зор шғарма болып есапланады.

## „Айдос би“

Бердақтынг „Айдос би“ атлы тарихи дасьтаны онынг енг ири колемли шғармаларынынг бри болып табылады. Бул дастан 2500 қатар қосықпенен жазылған.

Бердақ бул шғармасында қаракалпақ халқынынг тарихында болған Айдос-би ҳамь онынг еки иниси туралы трагедиялы уақияны баянлайды. Шаир дасьтанды баянлауға крисерде:

Байқап сойле Бердимурат,
Аузынгнан шыққан созлеринг,
Халқынга болсын ылайық.

деп баслайды.

Тарихи мағлуматларға қарағанда 1827 жлы қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларына қарсы котерилиси болған. Бул котерилиске себеп Хиуа ханынынг ҳамелдарлары қарақалпақ халқынан турли салықларды ондиргенде ҳешқандай зангсыз турде халққа аяусыз жабру-зулым корсеткенлиги болған. Озлерининг айтқанына журмеген қарақалпақларға кишкентай ғана қылмыслары ушын да ханнынг ҳамелдарлары уру сабау жазасын қоллана берген. Қарақалпақ тарихын изертлеген профессор П. П. Ивановтынг корсетуи бойынша „қарақалпақлар басқа халқлардынг баринен-де коп салықлардынг аурманлығын котерген ҳамь бул салықлар қарақалпақ халқын путкиллей булиншиликке ушырата берген“[1]).

Хиуа ханынынг ҳамелдарлары қарақалпақтан тутин

[1]) „Материалы по истории каракалпаков“, стр. 86.



пулы, шопь пулы, касир пулы, усир, закат, тағы басқа толыпатырған салықлар ондирип алып отырған.

Буған қосымша, қарақалпақтынг озь ишиндеги биаталықлары, молла-ишанлары-да халқтан турли алымсалықларды коп алып отырған.

Мне усындай Хиуа ханынынг ҳамелдарлары 1827 жылдынг жазында халқтан салық, закат жинап журген уақтында қарақалпақлардынг Қтай уруынынг адамлары салық ондируши хиуалылардынг зорлығына қарсы ызаланып бас котерген.

Ктай уруынынг котерилисине қарақалпақлардынг енг коп санлы ҳамь кушли уруы болған Қонграт уруы ҳамь онынг басшысы Айдос-би-де қосылған[1])

Айдостынг котерилиске қосылу себеби бул сапарында салғырт жинаушы хиуалылар қарақалпақ билеринынг мапине-де зиян келтирерликтей ис қылған болуы керек.

Халқ аузында сақланып келген мнадай бир легенда-да Айдос-би менен Хиуа ханынынг арасында болған жоқарыда айтылған конфликттинг шғу себебин корсетеди:

„Хиуалылар қарақалпақтан ҳатте суттинг каймағына шекем жинап алып, Хиуа ханына алып кетеди екен.

Хиуа ханынынг Ережеп деген метербегиси менен Мадреим деген қусбегиси қарақалпаққа келип суттинг каймағын жинап Хиуа ханына алып кетпекши болғанында жинаған қаймақлардынг барлығын Бегис пенен Мыржық қолынан басып алып, озлерин арбаға байлап сабаған“[2]).

Айдосбидинг котерилиске қосылуы себебин Бердақтынг „Айдос баба“[3]) деген тағы бир шғармасы-да браз анықлап береди. Бул шғармада айтылуына қарағанда бурынлары Айдос-би қарақалпақ халқынан ондирилетуғын салық пулдынг тенг ярымын болип алады екен. Сонгынан Хиуа ханы Айдосқа салық пулдынг торттен брин ғана беретуғын болған. Буған Айдос би қатты наразы болып карсы шғады. Жиналған салық пулдынг тенг ярымын беруди талап қлады. Сойтип хан менен

[1]) „Материалы по истории каракалпаков“, стр. 84.
[2]) „Айдос би“. Қолжазбасы Қаракалпакстаннынг экономика ҳамь маденият институтында сақланады.
[3]) *Бердақ*. Танглаулы шғармалар жинағы, 242 бет.

еки арада душпанлық кушейеди. Айдос би бара-бара ханға қарсы болады. Соннан кеин хан ҳиле қлып Айдосты қолға тусируге ҳамь олтируге ҳарекет етеди.

„Айдос би“ поэмасында 1827 жылғы Айдос би қатнасқан котерилистинг себеплери ашық корсетилмейди.

Поэмада созь тек Айдостынг еки инисин олтирген уақиясы ҳамь буннан кеинги бир қатар ҳадиселер ғана созь болады.

„Айдос би“ поэмасындағы суретленген ҳадиселердинг гейпаралары тарихи документлерде айтылғанларға тура келмейди.

Тарихи документлерге қарағанда Айдос-би қарақалпақ халқы Жангадарья бойынан Хорезмге кошип келип Хиуа ханларына бағынған уақыттағы Хиуа ханларына озь еркименен бағынған енг бринши қарақалпақ билерининг бри болып табылады.

Хиуа ханларынынг сарай тарихшысы Мухаммед Риза Агехидинг айтуы бойынша Айдос би XVIII асирдинг ахырында Мухаммед Амин-Инақтынг уақтында озь елатыменен Туркстаннан қошип келип Хиуа ханына бағынады. Агехи озинининг „Риза удовле“ деген шғармасында Айдос би туралы блай деп жазады.

„Қарақалпақтынг қолыдағлы (яғни „қолдаулы“) уруы Қонграт арысынан атақлы кси болған Айдос би ханға шын берилген хызметкер болып бағынды ҳамь оған билик ҳамели берилди, оннан кеин хан ҳазреттинг мирим шапаҳаты ҳамь қуатлауыменен гуллан қарақалпақ халқынынг ҳамь асресе Қонграт уруынынг ҳакими болып тайынланды ҳамь сол елди озь билдигинше билей баслады, ҳархилы дау-жанжелди ози қарап шешип отырды.

Абулгази Мухаммед Рахим хан патша болғаннан кеин Айдос бигe бир зер шапан жане бир алтын қнабы бар ханжарды силыққа берди ҳамь тағыда билик ҳамелин берип жарлық шғарды, путкил қарақалпақ халқынынг ҳакими жане сарьдары етип тайынлады...

Хан ҳазретлери онынг (Айдостынг) еткен хызметлерин итибарға алып, онынг барлық созлерин орынлап отырды, озь қарауындағы пуқара адамлардынг барлық ислерин тартиплеуди, айыпкерлерди ҳамь тнышсызларды озь ыхтиярынша жазалауды оған исенип тапсырған еди. Ол (Айдос) саҳрадан қалаға келген уақтында хан оны сарайға шақырып, кута кеул қойып, онынг ҳалауҳалын сорасатуғын еди, онынгменен сойлескенде „би-баба“ деп айтатуғын еди, қайтарында оны кута иззетҳурметпенен, жақсы сарпайлар ҳамь коп ақшалар берип қайтаратуғын еди“[1]).



Дасьтаннынг баянлауы бойынша Айдос би қарақалпақ халқына озининг ҳукимин жургизип „Майлы шенгелдинг“ бержағына билик етеди. Айдостынг Бегис, Мыржық деген еки батыр инилери болады. Олар Хиуа ханына бағынбай қарсы болып журеди. Айдос сол батыр инилерине арқа суйеп, ханға бағынбай кетеди. Хан Бегис пенен Мыржықты қалай қлып олтирудинг жолын ойлайды. Ашық турде олтируге батына алмай, Айдос биди алдап, оған хат жазады. Хан Айдос бигe: „Егер еки инингди олтирсенг, сени баламнан-да жақсы коремен, тахтыма отырғызып, улкен ҳамел беремен, ханменен тенг боласанг, қалесенг озиме уазир қламан“—деп ҳиле сумлықпенен алдап хат жазады. Айдос би буған инанып, еки инисин олтирип, екеуининг геллесин кесип, қоржынға салып Хиуаға барады.

Айдос би еки инисин олтирип Хиуаға барғанда хан енди Айдостынг озин олтирмекши болады. Дослары Айдосқа ханнынг оны олтирмекши екенин билдиреди. Айдос тунде Хиуадан қашады. Елге келип, билерин жинап, аузбирлик туралы ант ишиседи. Ханға қарсы урыспақшы болады. Брақ билер хан аскерлерининг қарасын коргеннен-ақ туды жғып, Хиуа ханынынг тарепине отеди. Айдос Туркстанға қашады. Шрик Рабат деген жерде Хиуа аскерлери изинен жетип Айдосты олтиреди.

Тарихи документлерге қарағанда, Айдос озининг иниси Егисти 1810 жлы Мадреим ханнынг тусында олтирип, ханнан сарпай алған[2]). Оған себеп Бегис пенен Мыржық Қонграттағы Торемурат супынынг тарепинде болып, ханға қарсы гурескен.

1827 жылғы котерилис уақтында Хиуа аскерлерининг қолында болған Қонграт қорғанын алу ушын Айдос озининг еки баласы Ырза менен Торени 300 жгитпенен бирге жбереди. Сол карада Айдос нокерлери

---

[1]) *М. Р. Агехи*, „Риза-удовле“, Материалы по истории каракалпаков, стр. 128—129. М.—Л., 1935.

[2]) *М. Р. Агехи* „Риза—удовле“ Материалы по истории каракалпаков, стр. 106, М.—Л., 1935.

женгилип. Ырза олип, Торе хан аскерлерининг қолына тускен ҳамь Хиуаға апарылып олтирилген[2]).

Бердақтынг „Айдос би" поэмасында суретленген қайғылы уақия қарақалпақ халқынынг ядында умытылмастай из қалдырған. „Айдос би ҳамелге қзығып, еки инисин олтирген екен" деген гурринг ҳазирге шекем қарақалпақлар арасында кенгнен малим.

„Айдос би" поэмасындағы суретленген уакияны Бердақтынг заманласы белгили Отеш шаир-да озининг „Бердақ баксыға жуап" деген қосығында тастиқлап кетеди. Онда Отеш шаир блай дейди:

Бердак созь таба бер, кеулинг жай болсын,
Қолдаулы[2]) хан болып, елинг бай болсын,

Еки инисин байлап берип Айдосынг,
Хиуа ханға олжа болдынг қолдаулы.

Айдосынг патшанынг тлине ерип,
Гулғыла[3]) созине кеулин берип,

Кеули суыпты патшаны корип,
Айып билмес ҳаслынг натық қолдаулы.

Не бале бар ҳалын блип турғанда,
Патша емес-пе иниси аман турғанда,
„Олтирдим" деп Хиуа ханға барғанда,
Қандай баҳа алып қайттынг, қолдаулы[4]).

Дасьтандағы тикарғы идея—патриотизм идеясы. Шаир озь елининг ар-намысы, азатлығы ушын залым Хиуа ханларына қарсы гурескен патриот батырларға- Бегис пенен Мыржыққа, Ырза менен Тореге тлеклеслик пенен қарайды. Халқтынг қас душпаны жауз ханға қатты жек корушилик билдиреди.

---

[1]) М. Р. Агеҳи „Риза удовле" Материалы по истории каракалпаков М.-Л.-1935, стр 131.

[2]) Қолдаулы—Бердақтынг урvы.

[3]) Гулғыла—шуғыл созь, провокация.

[4]) Отеш шаир, Танглаулы шғармалар, ҚҚМБ, 1948, Нокис-Чимбай, 37-бет.

Отеш шаирдынг бул косығы Бердактынг оны далкеклеп шғарған „Муйтен" деген ҳазил косықларына жуап ретинде жазылған болса керек.



Дасьтаннынг тикарғы идеясын автордынг томендеги созлери анық билдиреди:

Туылып оскен ел ушын,
Жанын фда қылмаған,
Азамат калай онгады?
Қарақалпақтынг ерлери,
Ерегискен шерлери,
Елинен безди дегенге,
Халқлар қалай нанады?
Бзинг кылған ислерди,
Кеингилер еситсе,
Иши оттай жанады,
Басында мии бар адам,
Халқы ушын, ел ушын,
Қайтпай ғайрат салады,
Атанынг берген ак дузын,
Ананынг берген ақ сутин,
Ҳадал туған азамат,
Душпаннан аклап алады.
Душпанына болысқан,
Жгитлердинг жоллыдан,
Қайери жақсы болады?

Халқ мапане хиянат еткен, озь қарабасынынг мартебеси ушын, ҳамел, атақ ушын қзығып, халқтынг батыр улларын олтирген Айдосбиди қаралайды. Бердақ Айдостынг ҳамелпаразлығын, ақылсызлығын наданлығын оғада айқын суретлейди. Айдос биди шаир „ақылсыз, ахмақ, надан" деп спатлайды. Айдос жонинде блай деп жазады:

Адамнынг ахмақ жаманы,
Ақылсыз туған наданы,
Дунья ушын кзығып,
Озин ози хорлайды.

Мне Бердақ Айдос биге усындай баҳа береди.

Шаир Хиуа ханынынг образын еки жузли, сум, ҳилекер, жауз, қанхор адам спатында суретлейди. Хан ауелле Айдостынг еки батыр инилеринен қорққанлығынан Айдосты „достымсанг, сени баламнан-да жақсы коремен, егер Бегис пенен Мыржықты олтирсенг, сени тахтыма отыр-

ғызып хан қламан, саған шын дос боламан, егер созим отирик шықса,куран тебеин жақсы“ деп жухалық етип алдайды. Соннан кеин, озининг мақсети орынланып, Айдос Бегис пенен Мыржықты олтиргеннен сонг хан озининг дослық туралы уадесин орынлау туе, Айдостынг озин-де олтирмекши болады. Шаир Хиуа ханына „Шайтан туған залым хан“ деген налет тамғасын басады. Хиуа ханларынынг жауызлығын, қанхорлығын шаир мнадай созлер менен спатлайды:

Сумлығы басым Хиуа хан,
Пайдалы болсанг силайды,
Пайдасыз болсанг егерде,
Арқан салып мойнынга,
Дар астында қийнайды.

Айдостынг образын Бердақ „ақмақ, надан, ақылсыз“ деп баҳаласа-да, брақ гейпара жерлерде оны „батыр туған Айдос би“ деп котермелеп жырлайды, онынг наданлығына аянышлық билдирип, оған бир турли тлеклеслик пенен қарайды. Айдосты халқ мапине хиянат еткен душпан деп қарамайды, ал онынг наданлығы, ахмақлығы ушын аяйды.

Шаир, Айдостынг ишки сезимлерин, конгил куйлерин, ондағы психологиялық озгерислерди шеберликпенен суретлейди. Хиуа ханынынг елшиси Айдос биди хан котеремен деп уаде қыл ған ханнынг хатын акелип берген уақтында Айдос би ханнынг созине инанып баладай қуанады:

Оқытып хатты кореди,
Қағаздағы созлерди,
Тусинип анық бледи.
Бле турып Айдос би,
Шақақ урып куледи,
Уақыты шаньдан[1]) хош болып,
Ханнан келген елшиге,
Жақсылап жуап береди.

Ал енди Айдос би еки инисин олтирип, екеуининг басларын кесип, қоржынға салып алғаннан кеин, онынг

---

[1]) Шаньдан—оғада, жуда, артықмаш деген созь. И. С.



туысқанлық сезими оянып, озининг қылған исине окинеди, инилеринен айрылғанына қатты қиналып қайғырады:

Ақылсыз туған Айдос би,
Еки ердинг геллесин,
Бир коржынға салады,
Беккем етип қоржынды,
Боктеруге тангады,
Қанлы жасы козининг,
Сорғалап ағып ериксиз,
Қара жерге тамады,
„Шайтан жайлап ишимди,
Айрылдым,—деп—инимнен“,
Айдос естен танады.

Бегис пенен Мыржықтынг,
Галлесин корип қоржында,
Солқылдап уай-уай салады,
Уай-уай салмай не қылсын,
Ерлери тусип есине,
Кок тас жутқан адамдай,
Иши жанып қарады.
Жез канаттан қайрылып,
Туяғынан майрылып,
Инилери тусип ядына,
Оксип-оксип жлады.

Мне уллы реалист шаир Бердақ озь шғармасында адамлардынг ишки сезимлерин, оларда болатуғын қуаныш пенен қайғыны, психологиялық озгерислерди усындай реалистликпенен шебер суретлейди.

Бердақ тарихи темаларды жазуменен халқты озь Уатанын суюшиликке уйретеди, ондағы патриотизм сезимин кушейтеди, халқтынг санасына уатанды душпанлардан қорғау идеясын сингиреди. Сонынгменен бирге Бердақ тек озь миллетининг тар колеминде ғана шекленип қалған жоқ, ол халқлар арасында дослық идеясын қуатлады. Миллетлер арасында ауызалалық туғызушы, оларды бри менен брин жауластырып отырушы эксплуататорлардынг сиясатына қарсы болды.

„Айдос би“ дасьтанында-да усы халқлар дослығынынг идеясы ашық коринеди. Ол уақыттағы Хиуа ханлары

менен қарақалпақ билери озлерининг класлық мапле-ри ушын қарақалпақ ҳамь озбек халқларынинг арасын-да жауласу, душпанлық сиясатын жургизип отырған заманда Бердақ хиуалылар (озбеклер) динг арасынан, ҳатте хан сарайындағы ҳамелдарлардынг арасынан-да Айдосқа дос адамлар тауып береди. Бул дослары шын кеулден Айдосқа жақсылық етип, шын дослықтынг ул-гисин корсетеди, Айдосты олимнен қутқарады. Бул жерде Бердақ қарақалпақ пенен хиуалыны бир брине душпан деп айырмайды. Ол тек залым ханларды ғана жек кореди. Ол Айдос пенен Ережеп, Мадреимлердинг дослығына миллет айырмашылығы богет болмай, тек эксплуататор класлардынг сиясаты ғана богет бола ала-ды деген пкирди билдиреди.

Ҳақиқатында-да Ережеп пенен Мадреим Айдосқа шын дослық пкири менен кута дурыс создер айтады:

Еки ининг—айбатынг,
Жауға шапсанг ғайратынг,
Алдынгда турса инилеринг,
Хан болмағанда олдинг-бе?
Еки ининг турғанда,
Бреуи журсе артынгда,
Бреуи журсе алдынгда,
Алдынгдағы айбаттан,
Кеинингдеги ғайраттан,
Екеуинен-де айрылып,
Қара басынг қалдынг-ба?

Ережеп пенен Мадреимнинг Айдосқа еткен фдакер-лик дослығын Бердақ ҳақиқат шын дослық деп есап-лайды. Булар туралы ол:

Дос болсангыз сондай бол,
Геудеде ширин жандай бол—

дейди.

Дасьтанда унамлы (положительный)образлар—Бегис пенен Мыржық батырлар, сондай-ақ Айдостынг бала-лары Ырза менен Торе образлары. Булар озь елине шын берилген патриот, марть, батыр спатында сурет-ленеди. Айдос Бегис пенен Мыржықты олтиру ушын



олардынг қасына барғанда Бегис пенен Мыржық Ай-достынг неге келгенин сорап блай дейди:

Толыксып жатқан елиме,
Тозғаланглар тиди-ме?
Бизлер тири турғанда,
Ким суғады, ағажан,
Ҳарам қолын жағаға—

дейди.

Сонынг менен бирге Бегис пенен Мыржық „батыр-ангқау, ер-годек“ дегендей-ақ, ак кеул, исенгиш тур-де суретленген. Айдос олгеннен кеин Ырза менен То-ре Хиуада оқып атырған қырқ жгитке қарап:

„Туылған елдинг ары ушын,
Қиылған кырщын жан-ушын,
Жауларға карсы турайық“.—

деп сурен таслайды.

„Айдос би“ дастаны таза фольклорлық формаменен жазылған. Қосық олшеуи, ырғағы, уйқасығы халқ жрауларынынг айтатуғын „толғау“ туринде қурылған. Бунда фольклорлық шғармаларға қасиет болған кайта-лаулар коп гезлесип отырады. (Шамырқанып, шадла-лып“; „Буырқанып, бурқанып“; „қанатынан қайрылып“; „Туяғынан майрылып“ деген сияклы).

Дасьтаннынг композициясы кута шебер қурылған, бундағы суретленетуғын ҳадиселер логикалы турде бринен-бри туып шиеленисип отырады.

Дасьтандағы уақияларды тикарғы ушь болимге болу-ге болады: бринши болим—Айдостынг ханнан келген хатқа инанып, еки инисин олтируи ҳамь Хиуаға баруы, екинши болим—Айдостынг Хиуадан қайтып келип, хан аскерлери менен урусуы ҳамь олуи; ушинши болими—Ырза менен Торенинг қырқ жгитке бас болып Хиуа аскерлеримeнен урысуы ҳамь набыт болуы.

Усы болимлердинг ҳаммеси-де бир-брименен тғыз байланыслы хамь бринен-бри озь-озинен келип шғып отырады.

Дасьтаннынг коркемлик дарежеси ҳамь тли кута жоқары дарежеде турады. Дасьтаннынг косық олшеуи тегисименен дерлик 7 буынлы еркин уйқаспенен жазыл-

ған. Қатарлардынг буын олшеулери барлық жерде бузылмастан таза сақланған. Сонлықтан дасьтан женгил оқылады,

Дасьтанда эпитетлер менен метафоралардан горе тенггеулер коп қолланылған.

„Қустай ушып жануар, ескен желдей гуледи", „белингди нардай бугерсенг, қан корген малдай окирип" деген сияқлы тенгелулер коп ушырасады. Бундай тенгеулердинг коплигин мна узиндиден-де коруге болады:

Айдос атлы ғаррынынг,
Қара басы қақайып,
Жапрағы тускен ағаштай,
Жалғыз ози қалады.
Хиуа ханнан женгилип,
Жауған булттай тунерип,
Шрынжа тусип кураған,
Қзыл гулдей солады.
Еки инисинен айрылып,
Туяғынан майрылып,
Қарақшыдай қангқайып,
Қара басы калады,
Жал-қуйрықсыз сымпыйып,
Кайырған тостей жымпыйып,
Уйине қайтып келеди.[1])

Бунынгменен қатар: „Кеул деген қзыл гул, сойлесе сайрар қзыл тил" деген сияқлы сулу эпитетлер-де ушрасады.

Дасьтаннынг бир артықмаш жери, Бердақтынг басқада коп шғармаларындағы сияқлы, бунда-да дини тасирдинг азлығы. Дасьтанда худай, пайғамбар, аулие, жин, шайтан сияқлы жокка инанушылықлар жоқ есабында. Дасьтандағы ҳадиселер, адам образлары ҳақиқат реалистлик турде суретленеди. Бул ауҳал Бердақтынг реалист шаир екенлигин далиллейди.

* * *

Созимиздинг жумағында айтармыз:

Бердақтынг „Айдос би" дасьтаны тарихи ҳамь коркемлик аҳмиети зор шғармалардынг бри. Дасьтан жасларды патриотизм руҳында тарбиялау исинде-де улкен орын тутады.

Бердақтынг бул шғармасы қарақалпақ халқынынг тарихындағы аҳмиетли уақияны – залым Хиуа ханларына қарсы халқтынг гуресин суретлейтуғын теренг реалистлик шғарма болып табылады.

Гейпара жолдаслар: „Айдос би" дасьтаны қазақша стильде терме туринде жазылған, сонлықтан бул дасьтан Бердақтики емес болуы керек, ойткени Бердақтынг қосықты терме туринде жазуы мумкин емес, — деген пкирди айтады. Бзинг ойымызша бул пкир надурыс пкир. Ойткени шғарманынг кимдики екенлигин ҳамь онынг баҳалылығын ол шғарманынг тек сыртқы форма белгисине қарап айыруға болмайды, ал онынг ишки идеялық мазмунына қарап айыру керек. Ал „Айдос би" поэмасынынг идеялық мазмуны, бзинг жоқарыда корсетип откенимиздей, Бердақтынг шғармаларына тань болған спатларды билдиреди. Бердақтынг басқа шғармаларындағыдай, халқшылық, демократизм, патриотизм идеялары „Айдос би" поэмасында-да ашық коринеди. Поэмадағы тикарғы уақиялар халқ аузындағы ангыз анггимелерге, Айдос туралы халқтынг козқарасларына толық муафық келеди. Ал Бердақ бирдейине дерлик озь шғармаларында халқтынг козқарасларын, тлек-арьманларын билдирип келгенлиги малим. Ал дасьтаннынг қосық курылысы жонинде болса, Бердақтынг терме-толғау туринде қосық жазуы мумкин емес деген далил илими далил емес. Себеби, қарақалпақ поэзиясына мазмун жағынан болсын, сондай-ақ форма жағынан-да коп жангалықлар киргизип келген Бердақтынг терме-толғау туринде қосық жазу неге қолынан келмейди—деген сауал туады.

Сонлықтан—„Айдос би" поэмасын Бердақтики емес деуге ҳешкандай тикар жоқ.

Брақта, 2500 катар қосықпенен жазылған дасьтанынынг ишинде, дасьтанды айтушылар, жинаушылар тарепинен орынсыз нарселер қосылған, озгертилген жерлери болуы кута мумкин. Сонлықтан, дасьтаннынг текстине сын козименен қарап, дасьтанды орынсыз қосымталардан, жат, зиянлы идеялардан айырып алу адебият изерглеушилердинг миннети болып табылады.

---

1) Бердақ, „Танғламалы шғармалар жинағы", Нокис, ҚҚМБ, 1950, 282 бет.

## „Амангельди“

Бердақ халқ бахыты ушын гурескен, халқтынг азатлыққа шғуын кусеген шаир. Ол халқтынг откендеги қаҳарман батыр улларын суйип жырлайды, олардынг образын шын мартъ, батыр қаҳарман етип суретлейди. Езушилерге қарсы котерилген қарақалпақ халқынынг милли азатлық гуресине басшылық еткен, халқ душпанларына қарсы гурескен геройлардынг ислеген ерликлерин тарипдейди.

Бердақ қарақалпақ халқынынг откендеги қаҳарманлық тарихы жонинде бирнеше поэмалар доретти. Сол поэмалардынг бри—„Амангелди“ поэмасы. Бул поэма қарақалпақлардынг XVIII асирдеги турмысынан алып жазылған. XVIII асирде ҳамь XIX асирдинг басында қарақалпақлардынг бир болеги Миянкол деген жерди макан етип, Қоқан ханына бағынған. Сол жердеги қарақалпақлардынг жолбасшысы ҳамь батыры Асан Худайберген улы деген екен. Бир куни Қоқан ханы озининг коп ҳаялларынынг устине алу ушын Асанға бир қарақалпақ қзын соратып адам жбереди. Асан: „озим олмей қыз бермеймен. Қарақалпақтынг ҳаммеси де менинг қозым, три болсам елди жлатпайман, ҳешкимге тидирмеймен“,—дейди. Хан Асанды Қоқанға алдыртады. Асанды урғызып коп азап береди. Асан созинен қайтпайды. „Мени олтирмей қыз алалмайсанг“—дейди. Сонлықтан Асанды Қоқан ханы дарға асып олтиреди. Соннан сонг қарақалпақлар булинип Қоқан ханынынг қарауынан кошип, Жангадарья бойына келеди. Мне Бердақ „Амангелди“ поэмасында усы уақияны жазады.

Қокан ханы қылды зорлық,
Қыз соратып, берди хорлық,
Асан корсетип дуғымлық,
Жлатпайман елди!—деди.

Қаракалпақ бермес қзын,
Ҳаммеси-де менинг қозым,
Тидирмеспен тримде озим,—
Деп Асан ер Қоқан келди.

Созинен кайтпады Асан,
Қыз аларсанг олсем кашан,



Уатан болмас бизге Қоқан,
Сен шулаттынг елди,—деди.

Хан Асанды коп урғызды,
Жане орнынан турғызды,
Бермейсенг бе?—деди—қызды,
Асан жане созге келди,

Астырды дарға Асанды,
Ел деп Асан берди жанды,
Оны куртқан залым ханды,
Гелле қылды Амангелди.

Қарақалпақлар Асаннан айрылғанына коп қиналды. Ол три болғанда, жақсы қоныс табар едик, деп қайғырады. „Асаннынг қанын алып келерлик ким бар?“ дегенде, копшиликтинг ишинен: „Мне, биз бармыз“,—деп Амангелди деген бир жгит шғады. Сойтип заманында қарақалпақ халқынынг ерки ушын, намысы ушын, тенглиги ушын Қоқан ханынынг қолынан олген Асаннынг қанын Қоқан ханынан Амангелди батыр алады. Мне Бердақ усы ҳадисени баянлап келип:

Амангелдидей болмаға,
Барып ханнан қан алмаға,
Гелле кесип жан алмаға,
Қай брингнинг шаманг келди?—

деп жгитлердинг намысына тиетуғын откир созлерменен Амангелдидей болуға шақырады. Амангелдининг буннан-да басқа талай сауашларда болып ерлик корсеткенин жазады.

Бердақтынг „Амангелди“ поэмасы жасларды батырлық, мартълик ислерге рухландыратуғын, халқ душпанларына—залым ханларға қарсы гуреске шақыратуғын енг жақсы шғармаларынынг бри болып табылады.

## „Ерназар би“

Бердақтынг тарихи темаға жазған шғармаларынынг бри „Ерназар би“ поэмасы. Бул поэма 1855—1856 жыллардағы қарақалпақлардынг Хиуа ханларына қарсы котерилисине басшылық еткен белгили Ерназар-қол-

даулы туралы жазылған. Ерназар қолдаулынынг ким болғанлығы, онынг сияси мақсетининг қандай болғанлығы туралы Бердақ анық айтпайды. Бердақтынг айтуы бойынша Ерназар қолдаулы Айдос бидинг орнын тутып, би болған, „қарақалпаққа аға болған“ адам. Сонгынан хан гунакар қлып, Ерназардынг билигин алып, озин ақ уйли қылған, дейди. Не себепли ондай болғаны, Ерназардынг хан алдында қандай қылмыс ислегени поэмада айтылмайды.

Буннан кеин поэмада Ерназардынг хан билигин алса-да, ол „бурынғы билик сурисин, бурынғы журистурмысын, ханға салемге крисин тоқтатпады“ —дейди. Ханнынг ғазинесине крип, метери менен айқасып, бир шекпен сарпай алғаны баянланады.

Поэманынг екинши болиминде Ерназар қолдаулынынг ханға қарсы котерилис шғарғаны, Хожелиге келип, қарақалпақ билерин жинап, кенгес қылғаны, Зарлық торени хан котергени айтылады. Бунда Бердақ 1855—1856 жылғы халқ котерилисининг гейпара жақларын, онда Ерназар қолдаулынынг ислеген ислерин айтып береди. Котерилистинг неден басланғаны, онынг себеплери Бердақтынг поэмасында-да, сондай ақ тарихи документлерде-де айтылмайды. Брақта котерилистинг шғуына Хиуа ханынынг ҳамелдарларынынг халққа корсеткен зулымы, турли салғырт-алымлардынг аурлығы себепши болғаны анық. Котерилис туркменлердинг ханға қарсы ғалаба бас котерип, бирнеше ханларды олтирген ҳамь Хиуа ханларынынг ҳалсиреген уақытында басланады.

1855—1856 жыллардағы Ерназар қолдаулы баслаған котерилис туралы С. Камалов озининг монографиясында бул котерилистинг шғу себеплери ҳамь характери туралы блай деп жазады:

„...Қарақалпақлардынг 1855—1856 жыллардағы котерилисининг шғуына Хиуа ханларынынг жургизген урыслары ҳамь аур езушилиги себеп болды... Котерилис ханлық зулымға ҳамь милли езушиликке қарсы бағдарланған милли-азатлық ҳарекети спатында болды“[1]).

Ерназар қолдаулынынг Зарлық торени хан котеруининг себеби, профессор П. П. Ивановтынг пкиринше,

---

[1]) *С. Камалов.* Қарақалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа ханларына қарсы халқ азатлық гуреслери. Нокис, ҚҚМБ, 1955. 106 бет.



ҳарь жерде птырап журген қарақалпақ уруларын улума бир ҳукимет қоластына бриктиру ушын ямаса артта қалған массанынг коз алдында котерилисти улкен абройлы қлып корсету ушын ислеген болса керек[1]).

Улума алғанда, 1855—1856 жыллардағы котерилис жонинде, онынг характери, ҳарекетке келтируши кушлери жонинде, оны басқарған Ерназар қолдаулынынг қандай мақсетти гозлегени жонинде жеткиликли мағлумат жоқ. Усы кунге шекем баспа созь жузинде жазылып журген мағлуматлар, айтылып журген пкирлердинг копшилиги Хиуа ханларынынг сарай тарихшысы Агехидинг хамь басқалардынг жазып калдырған хроникаларына тиқарланған. Марҳум П. П. Ивановтынг жазғанлары-да[2]), сондай-ақ „Озбекстан халқларынынг тарихында“[3]) айтылған пкирлер-де сол Хиуа хроникаларына тиқарланған.

Сонлықтан бул пкирлер ҳамь 1855—1856 жылғы котерилистинг характери жане Ерназар қолдаулынынг тутқан орнын баҳалау меселеси марксистлик-ленинлик теориянынг коз қарасынан нағыз илими тикарда арнаулы тексеруди керек қлады.

„Қозғалыстынг басшысы Ерназар қолдаулы қарақалпақлардынг уру басқарушыларынынг оппозициялық пкирдеги топарларына жататуғын еди. Хиуа ҳукимети бул топардынг мапине басқалардан кобирек зиян келтирип, жабир корсеткен еди. Қарақалпақлардынг ақсуйеклерининг басқа феодаллық топарларына қарағанда бул топар озининг сияси маплери бойынша халққа бирқанша жақынырақ туратуғын еди.

Ерназар қолдаулы қозғалысқа бас болғаннан кеин халқ массаларына суйенуден қорққан жоқ, брақ сонынгменен бирге, ол қаракалпақ минеткешлери менен уру басы эксплуататор жоқарғы қатламлардынг маплерининг бир-брине қарама-қарсы екенлигине тусину дарежесине шекем котериле алған жоқ. Массаларды Хиуа ханына қарсы котере отырып, ол массаларды уру

---

[1]) „Материалы по истории каракалпаков“, стр. 86.

[2]) *П. П. Иванов.* „Очерки“ истории каракалпаков“, сборн., стр. 86—88

[3]) „История народов Узбекистана“, изд. АН УзССР, Ташкент, 1947, том 2, стр. 192—193.

басыларға ҳамь баска феодалларға қарсы ҳешуақытта гуреске шақырған жоқ.

Ерназар қолдаулы ҳешуақытта билерден қол узген жоқ, ҳатте усы билер онынг исине хиянатшылық еткен уақытлары-да, ол билерден қол узбеди. Енг улкен дегенде ол қорқыту ҳамь жазалау менен айырым билерди озине бағындыруға умтылды"[1])

Бердақтынг айтуына қарағанда котерилисти басқарған Ерназар қолдаулы Зарлық торени хан котергеннен кеин халқ котерилисининг талабын қанаатландырғандай ҳешқандай озгерис жасағаны коринбейди. Ол дузген ҳукимет тартиби коп жағынан Хиуа ханларынынг ҳукимет тартибине уқсайды: Зарлық ханнынг ордасындағы ҳамелдарлардынг „беллеринде ақ пшақ", озлери „беглер-беги, инақ", „қазы қалан, шейхул-ислам" болды дейди.

Буннан кеин Бердақ қарақалпақлардынг озь арасында аузбиршиликтинг болмағанын, залым билердинг сумлық етип бирликти бузғанлығын айтады:

Залым билердинг клығына,
Аузбирлиги жоклығына,
Иштен кылған сумлығына,
Ғапыл болды Ерназар би.
Билер келип маслаҳат етти,
Зарлық ханды алып кетти,
Хиуа ханын хошуақ етти,
Хансыз калды Ерназар би[2]).

Бердақтынг буннан кеинги котерилисти баянлауы тарихи мағлуматларда айтылғанларға тура келеди.

1856 жлы февральда Сейтмухаммед хан тахтқа мнип, хан ҳукимети браз беккемленгеннен кеин Ерназар кенегес қусаған он торть урудынг билери Хиуа ханына бағынады ҳамь Ерназар қолдаулыға қарсы астыртын тил бриктирип котерилиске қарсы шғады, Зарлық ханды Хиуаға апарып береди.

Хиуа ханы Мухаммед-Нияз жасаулбасы дегенди бас қлып, оған хан тарепиндеги қарақалпақ билерин қосып, котерилисти басу ушын аскер жберди. Ерназар-кенегес баслаған қарақалпақ билери Қарақумнынг ишаның елши қлып жберип, Ерназар қолдаулыға: Котерилисти тоқтатсын, Хиуа ханына бағынсын, жарастырайық",—дейди. Ерназар қолдаулы котерилисти тоқтатпайды, ханға бағынудан бас тартады ҳамь изине ерген 700 уйли қарақалпақты жинап, Қазақдарьянынг тенгизге қуяр жериндеги Излим жол деген орынға қорған салып, соған бекинеди.

Мухаммед Нияз жасаулбасы қарақалпақ билери менен бирге Ерназар қолдаулынынг қорғанын қамайды. Ерназар колдаулы коп уақыт қарсылық корсетеди. „Ханға бағынсын, жарастырайық".—деген билердинг, ишанлардынг бирнеше рет усынысларын тынгламайды, душпанға берилмейди. Ерназардынг қорғанын сырттан келип алу қиын болғанлықтан, жасаулбасы қорғаннынг ишиндеги сатқынлар менен астыртын тил бриктириди ҳамь бурын Ерназар тарепинде журген бирнеше хиянатшылар қайымын тауып, Ерназар қолдаулыны ғапылда келип атып олтиреди ҳамь қорғанды жауға ашып береди.

Қарақалпақ тарихын изертлеген профессор П. П. Иванов бул котерилис туралы блай деп жазады.

„Хиуа устемшилигин қулатуға бул сапары урыну 1827 жылғы котерилиске қарағанда, туркменлердинг ғалаба котерилисининг арқасында Хиуа ханлығынынг ҳалсиреген уақтында болды ҳамь қарақалпақлардынг озлерининг арасында аузы алалық болмағанда женгуге-де имканияты бар еди.

...Хиуа тахтына Сейтмухаммед ханнынг отыруы (1856 жлы, февраль) қарақалпақлардынг арасында бурынғы аузбиршиликтинг бузылуына келтирди ҳамь Ерназар кенегес бас болып „Он торть уру" жанға ханға бағынғанын билдирди.

Котерилистинг буннан кеинги барысы қарақалпақ уруларынынг озь ара ишки гуресименен спатланады... Котерилисти дауам еткен қарақалпаклар менен Хиуаға бағынған қарақалпақлар арасында сол уақытта болған қуралды гурес, хиуалылардынг котерилисти басуын адеуир женгиллетти... Қорғанды хиуалыларға беруден бас тартқан Ерназар-қолдаулыны онынг озь адамлары олтирген[1]").

---

[1]) С. Камалов, Қаракалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа Ханларына қарасы халк гуреслери Нокис, ҚҚМБ, 1955, 109 бет.

[2]) *Бердақ*, Тангламалы шғармалары, 143 бет.

1) „Материалы по истории каракалпаков", Москва, 1935г. стр. 86—87.

Ерназар қолдаулы туралы созь қылғанда онынг ҳарекетиндеги гейпара жақсы жақларын корсетпеуге болмайды. Ерназар-кенегес бас болған басқа қарақалпақ билери озь халқынынг маплерине сатқынлық қлып, Хиуа ханының тарепине отип, котерилисти басу ушын Хиуа аскерлерин баслап алып келген уақытта Ерназар-қолдаулы қорққан жоқ, котерилисши қарақалпақларды таслап кеткен жоқ. Ол, Айдос-бидинг қылғанындай, озине қосылған адамларды Орта Азиядағы басқа бир ханлықтынг қоластына кошип кетейик деп угитлеген жоқ. Керисинше, ол Хиуа ханынынг „ҳурметли“ адамлары болған, қарақалпақ халқына сатқынлық ислеген билер, молла-ишанлардынг ханменен жарастырайық деген усынысын қабыл алмай, котерилисшилерди озь атрапына бирлестирип, ахырына шекем гуреседи ҳамь усы гуресте ози-де набыт болады,

Бердақтынг озь поэмасында Ерназарды „батыр, арыслан еди“ деп котере мақтап жырлауына Ерназардынг жоқарыда корсетилген қасиетлери себеп болса керек[1]).

Бердақ „Ерназар би“ поэмасында Ерназарды батыр, қайтпас-қайсар, марть еди деп суретлейди. Ерназарды хан гунақар қлып, билигин алып, „ақ уйли“ қылғанында ол мунгаймайды, қарақалпақлар онынг гунасын кешируди ханнан тлемекши болғанында ол тлетпеди дейди. Бердақ Ерназарды:

Горуғлы бектей ер еди,
Қатарда қоса нар еди,
Толы журтқа дарькар еди,
Шейит болды Ерназар би[2]).—

дейди.

Бердақтынг „Ерназар би“ поэмасы қарақалпақ халқынынг тарихындағы оғада аҳмиетли уақияны—қарақалпақлардынг 1855—1856 жылларда Хиуа ханларына қарсы котерилисин суретлеуге бағышланған тарихи аҳмиети бар шғармаларынынг бри болып табылады.

---

[1]) С. Камалов. Қарақалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа ханларына қарсы халқ азатлық гуреслери, Нокис,ҚҚМБ, 1955. 213 бет.

[2]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары, 144 бет,



## „ЕРКЕБАЙ“

Бердақтынг ахмиетли шғармаларынынг бри „Еркебай“ поэмасы. Бул поэма революциядан бурынғы патшалықтынг ҳамь эксплуататор класслардынг езилген миллетлерди бир-брине ошлестиру ҳамь халқлар арасында милли душпанлықты кушейтип, оларды бир-брине жауластырып отыру сиясатынынг арқасында болып туратуғын қанлы уақиялардынг брин суретлейди. Поэманынг крису болиминде Бердак поэманынг тикарғы идеясын билдирип блай дейди:

Халққа ким қсым қылса ол онгбас,
Кесеуи ағармас, ози когермес,
Дурысын айтсам, ялғаншыда тук кормес,
Халкты жонсиз зар жлатқан онгбайды.

Қай уақта ҳамь бзинг халқ зулымға қарсы,
Ақылынг бар болса кулағынг салшы,
Халктынг дарья болып аққан коз жасы,
Жаҳанларды коп узатып қоймайды[1]).

Буннан кеин шаир Еркебей сияқлы жауз байларынг минеткеш халққа қылған зулымын, зиянкеслигин баянлайды.

Еркебай деген қазақтынг байы есапсыз коп малменен қырдан кошип келип Қамысарық бойын жайлау етеди. Ишпей-жемей дунья-мал жинаған бул сықмар байдынг алты мынгдай қойы, мынгнан коп туйеси, алты жуздей жылқысы, есапсыз коп ешки-ылағы болды. Усы малларды нешше жузлеген жарлы-батрақлар турли азап-ақыретпенен бағып, озлерининг аур минети-

---

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалар жинағы, 303 бет. Нокис, ҚҚМБ, 1950 жыл.

менен ҳарамтамақ байдынг байлығын арттырып журеди. Усындай қойшы, малшылардынг аур ауҳалын шаир блайынша суретлейди:

Гил койларын он торть адам бағып журь,
Тамак ушын баурын отка жағып журь,
Табанын тас тлип, канлар ағып журь,
Жарлыларға киын болды, яранлар.

Қатынлары сауар кеште, азанда,
Балалары қозы бағар жабанда,
Жарлылар езилип қалды табанда,
Замана усындай болды, яранлар

Бир топар жан бағар ешки-ылағын,
Зар енгреп, ағызып коздинг булағын,
Халайыклар, салып каранг қулағынг,
Бул заман тенглик-пе, кане, яранлар[1]).

Еркебай байдынг усынша коп малы болса-да, ол бир тиин шғын шғармайды, ҳешкимге салық толемейди. Себеби болыс, билер Еркебайдынг ағайын-туғанлары, қуда-тамырлары. Булар Еркебайдынг малына бир тиин шғын толетпейди:

„Не айтса-да тынглар болыс „бишара",
Бир ағайын болғаннан сонг не шара,
Толеуден қутылмайды диқан ҳамь шаруа,
Еркебайға шғын жоқдур, яранлар.

Еркебай етпейди бир тиин шғын,
Билердинг аузына тыккан сонг тғын,
Уйининг алдында кунде бир жиын,
Мал сойылып, бақсы айтқан, яранлар [2])

Еркебайдынг усыншама есапсыз коп малы бола турып, сонша малдан бес ешкиси кем шыққанда, ешкилерди жойытқан шопанларды олгенше сабап урады.

Гузге карай Еркебай кошетуғын болып, малларын жинатып, ел ишименен қырға қарап айдатады. Жолға симай киятырған коп мал шопанларға бас бермей, Кок

[1]) *Бердақ*, Тангламалы шғармалар жинағы, 306 бет, Нокис, ККМБ, 1950 жыл.
[2]) Сонда, 306 бет.



су бойындағы отырықшы елдинг псип турған егинлерине тусип, егинлерди уайран етеди. Сойтип минеткеш халқты қыс азықсыз қалдырады. Усынынг себебинен Еркебайдынг адамлары менен жергиликли халқтынг жабир корген адамлары арасында еки кунге созылған улкен тобелес болады. Тобелестинг натижесинде коп адамлар аур жарадар болады. Жарлы диқанлардынг псип турған егинлерин байдынг малы жеп, уайранлап коп зиян келтиреди. Тобелестинг хабарын айтып, халк болысқа кси жбереди. Болыс келип залым байдынг халққа корсеткен жабирин, зиянын тексерместен-ақ Еркебайға „ушь жуз тилла айыбана" салу менен ғана шекленеди. Онынг да тенг жартысын болыс озининг қалтасына салып, қалғанын зиян корген елге болип береди.

Бердақ бунда патша ҳамелдарларынынг, болыс-байлардынг парахорлығын, жерменлигин, байларға сатылғышлығын айқын ашкаралайды:

Парахорлар бри-бри таныскан,
Қумарпазлар кунделикли табысқан,
Бес алты куннен бир ылақ шабысқан,
Болыстынг гил жерменлери, яранлар.

Байқазы қазақтынг коп жеген ҳақын,
Бажасы Жумабай болыска жакын,
Соннан сонг булардынг сознери макул
Айтканынан болыс шыкпас, яранлар [1])

Поэманынг бир артықмаш жери, бунда Бердақтынг патриотизми оғада айқын ҳамь кушли турде жырланған. Бердақ бул поэмасында „туған елдинг ар-намысын қорғамайтуғын адамды адам қатарына санамау керек, олардынг барынан жоғы" дейди. Елдинг ар-намысы ушын ат салыспайтуғын жгитлерден есиктеги мойнақта жақсы, себеби есиктеги мойнақ-та бимезгил келгенге уреди, дейди.

Бердақ ҳарбир ер азамат жгиттинг енг бринши тикарғы миннети—халққа хызмет ету, халққа басшы болу екенин айтады. Себеби „Ер—ели ушын туылады" де-

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалар жинағы, 305—306 бетлер, Нокис, ККМБ, 1950 жыл.

ген халқтынг нақылы бар: „ердинг ози олсе-де, сози олмейди",—дейди. Ер жгит озининг ерлик исименен халққа орнек болуы керек. Ол аур жукти ауели озине артуы керек. Сонда „халқ ҳеш окиниш қылмайды, ер жгиттинг изине ерип, онынг созине уллы-кши қулақ қояды" дейди.

Мне „Еркебай" поэмасындағы тикарғы идеялар усылар.

Тағыда бир корсетип отетуғын аҳмиетли нарсе—Бердақ жасаған замзнда устем класслар халқлар арасында милли душпанлықты кушейтип, ҳаркайсысы озь миллетин жоқары санап, ал баска миллетлерди кемситип, миллетшилик заҳарин жайып отырған жағдайла Бердак озининг усы поэмасында Еркебай қусаған қазақ байларынынг қарақалпақ минеткешлерине улкен жабир корсеткенлигин жаза отырып, поэмада миллетшилик тасирине ҳешбир берилмейди, қазақ, қарақалпак деп ҳешбир миллет айырмайды, озь миллетин котермелеп басқа миллетти кемситу сияклы феодал-байлардынг ығуасынан аулак турады. Поэмада еки тарептинг тобелесин қазак халқы менен қарақалпақ халқынынг тобелеси деп қарамай, байлар менен минеткеш халқтынг арасындағы тобелес деп қарайды. Еркебай қусаған жауз байлардынг, болыс-билердинг қарақалпақ ҳамь қазақ минеткешлерине корсеткен жабру-зулымы ашкараланады. Бердақ усындай еки миллеттинг арасында езуши класслардынг сиясатынынг арқасында туған жанжеллерди суретлей отырып, усындай улкен шғармасында қазақ, озбек, туркмен сияқлы миллетлердинг миллетлик намысына тиетуғын ҳешбир созди аузына-да алмайды. Ол мудамы бундай жанжеллерди езуши класслар менен минеткеш халқ арасындағы гурес ретинде суретлейди. Бул ауҳал Бердақтынг интернационалист шаир екенлигин далиллейди.

„Еркебай" поэмасында болыс-билерге, байларға қарсы қаратылған сатиралық суретлеулер коп ушырасады.

Поэмада еки группа образлар суретленген: бир тарепте Еркебай менен онынг инилери ҳамь болыс, билер болса, екинши тарепте минеткеш диқанлар ҳамь Еркебайдынг малын бағып, хызмет ислеуши шопанлар-малайлар. Еркебай—залым, дуньяхор, сыкмар, реимсиз жыртқыш байдынг образы. Ол адамнан малды артық



кореди. Маллары есапсыз коп болса-да, бес ешки жойыған шопанларды олгейлиден сабайды.

Еркебай—кута сыкмар адам. Онынг нешше мынглаған малы болса-да уйинде корпе-тосеги жоқ. Қуры маллы кобейтуге ғана қзығады.

Поэманынг улкен қасиети—онынг теренг реализминде. Поэмадағы суретленген барлық ҳадиселер менен образлар кута реалистликпенен суретленген. Бунда шынлықтан шетке шғулар жоқ. Уакиялар менен образлардынг ҳаммеси-де ҳақиқат турмыстағы бар туринде суретленген. Бул-да Бердақтынг реалист шаир екенлигин корсетеди.

Поэма гоне турмысты блу ушын-да аҳмиетли жане онынг тарихи аҳмиети кушли. Бунда откен заманнынг шаруашылық пенен диқаншылық турмысынынг оғада коп жақлары, турмыс коринислери айқын суретленген.

Қыскасы, Бердақтынг „Еркебай" поэмасы онынг аҳмиетли шғармаларынынг бри болып табылады.

Сонлықтан, биз, М. Нурмухамедов пенен Г. Есемуратов жолдаслардынг усы созь болып отырған „Еркебай" поэмасы „идеялық коркемлик жақтан томен" деген пкирине қосыла алмаймыз. Тағы-да бул жолдаслар поэманы Х. Рамберген жазып алғанлығы себепли жане ол поэманы Бердақтынг „болған, туылған жеринен жазып алып келмей, Кегейлиден жазып келуи себепли" бул поэмаға „Бердақтынг авторлығына гуман келтиреди"—дейди. Жолдаслардынг бул далиллерине-де биз қосыла алмаймыз. Себеби бундай жузеки далиллер поэманы Бердақтики емес деп тастиқлау ушын ҳақикат илими далил бола алмайды.

Бзинг ойымызша, қандай-да болса, бир шғарманынг Бердақтики я оныки емес екенлигин аныңлау ушын, оны кимнинг ҳамь қай жерден жазып алғанлығына қарай емес, ал сол шғарманынг идеялық мазмунына ҳамь коркемлик дарежесине, стилине қарай баҳалау керек. Ал „Еркебай" поэмасынынг идеялық мазмуны, стили, коркемлик дарежеси, жоқарыда коргенимиздей, Бердаққа тань екенлигин корсетеди. Сонлықтан биз бул поэманы Бердақтики емес деген пкирге қосыла алмаймыз. Олай деп тастиқлау ушын пухта рауште илими жақтан далилленген фактлар болуы керек. Ондай фактлар ҳазиринше бизге малим емес.

Рас, жолдаслардынг айтқанындай, Х. Рамберген-

нинг жазып алған нарселерине қатты сын козименен қарау керек. Поеманынг текстинде Бердаққа тань еме айрым созлердинг, фразалардынг болуы да мумкин. Оларды биз сын козименен қарап анықлауымыз тиис. Брақ бундай айрым созлер менен фразалар поеманынг улума мазмунына ҳамь баҳалылығына нуқсан келтире алмайды.

„Еркебай“ поэмасында баян етилген уақиянынг қай жлы болғанлығын анықлау қиын. Поеманынг кейнинде Бердақ „бул ҳадисе жылқы жлы болды“, дейди. Брақ буған қарап қай мушелидеги жылқы жлы екенин блу мумкин емес. Себеби Бердақтынг омирининг ишинде жылқы жлы алты рет айналып отти. Сонынг қайсы мушели (цикл) екени белгисиз[1]). Тағы-да поеманынг кейнинде Бердақ: „жасым саррас отыз ушке толды“ дейди. Егер бул дурыс болса, поема 1858/1859 жыллар арасында жазылған болады.

Брақ онда поемада айтылған уақиялардынг мазмуны буған туры келмейди, себеби поэмада қатнасатуғын болыс (волостная старшина) туралы созь тек 1873 жлы онг жағадағы қарақалпақлар Россияға қосылғаннан кеин ғана болуы мумкин еди. Дурысында поэма жазылған жлы Бердақтынг жасы отыз ушь емес, елли ушке толу итималы бар. Бундай болғанда поема 1878/1879-жылларда жазылған болады.

---

[1] Ҳайуанат жыл есабы ҳарь он еки жылдан кеин бир айналып келеди ҳамь бул айналу „мушел“ деп аталады Маселен, 13-те бир мушел, 25-те еки мушел т. с.

---

## „АХМАҚ ПАТША“

Бердақтынг халқшыллық, демократизм ҳамь гуманистлик идеялары шаирдынг енг аҳмиетли ҳамь енг ири шғармасы „Ахмақ патша“ дасьтанынан айқын коринеди.

„Ахмақ патша“ дасьтаны озининг колеми, идеялық ҳамь коркемлик баҳалылығы жағынан Бердақ шғармаларынынг енг аҳмиетлиси болып саналады. Дасьтаннынг ҳазирги жазып алынған варианты ушь мынг 500 қатардан аслам қосықпенен жазылған.

„Ахмақ патша“ дасьтанын Бердақ жасы 50 ден асқан сонг, яғни 1877—1878-жыллары жазған. Бул уақытта Бердақ творчестволық жақтан толық ер жетип, жақсы-жаманды толық таныған уақыты, озининг творчестволық жумысынан жумақ шғарған уақыты еди. Тағы да „Ахмақ патша“ 1873-жлы рус патшалығы Хорезмди алып, онг жағадағы қарақалпақ халқы Россияға қосылғаннан кеин жазылған шғарма. Бул ауҳал—Бердақтынг азелги қас душпаны—Хиуа ханларына қарсы жасқанбастан барлық кушпенен жырлауына мумкиншилик берди.

Бердак бул шғармасында феодаллық Хорезмдеги адамлардынг турмысын коп жыллардан бери бақылап келгенлиги, қарақалпақ халқынынг тарихын кеул қойып изертлеп келгенлиги ҳамь ози жасаған замандағы жамиетлик қурылыстынг адилсизликлери жонинде коп ойланған нарселери туралы жумақ шғарады.

Дасьтаннынг крису болиминде Бердақ откен кунлерде халқтынг басынан откен аур кунлерди козге елеслетип, дасьтаннынг тикарғы идеясын ашып береди. Ол идея—Бердақ шғармаларынынг тикарғы мотиви—езилген минеткеш халқтынг басынан кеширген жабру-зулымларын жырлау, халқты езген эксплуататорларды аяусыз ашкаралап, оларға налет айту, халққа азатлық, бахыт-

лы турмыс тлеу идеясы. Дасьтаннынг крису болими, дасьтандағы барлық ҳадисенинг туйинин, идеясын билдиретуғын пролог ретинде жазылған. Шаир откен кунлерге коз жберип, коп аламатларды, омир бойы уйсиз, жайсыз, аш-аптадалықға, „козлеринен қанлы жас ағып“, омири хорлықпенен откенлерди коз алдына елеслетеди. Озь халқынынг енг жақсы уллары душпанға қарсы қайтпай гуресип, халқ иси ушын мартликпенен набыт болғанын, қанша адамлардынг адам қатарына саналмай коп азап ақыретлер корип, залымларға налет айтып откенлигин айтады.

Шаирдынг коз алдына „мойнына ала жип салып, диуанашылық етип, коз жасы қойнына толып, шубырысқан аш халқ“, козлери жаудыраған дегенине жете алмаған не бир ерлер, залымлардан таяқ жеп, тамақсыз, қангғырып посып баратырған сансыз халқ, ҳеш жерде тенглик таппай, зорлықпенен ериксиз айдауда журген коп адамлар елеслейди. Мне сол откен уақыттағы „хорлық—азап арылмай, залымнынг жайы тарылмай, қара булт қаққа жарылмай. бул заманға жеткен екен“, —дейди шаир.

Дасьтаннынг крису болиминде Бердақ қарақалпақ халқынынг басынан кеширген аур кунлерин айқын суретлеп береди.

Соннан кеин шаир озининг откен омирине коз жберип, озь омиринде корген жабру-зулымларын айтып отеди:

Коп корди козим тарлыкты,
Арқаланған аш халкты,
Сойледим харь уақ анықты,
Еткеним жок жалақ-жулақ[1]

Шаир озининг алтындай қадирли созлерин халқтынг қадирлейтуғынына исенеди, созининг олмейтуғынына исенимин мнадай данышпанлық созлеременен билдирди:

Қадиримди халқ блер,
(Халқ билмесе балық блер),
Олмеген созимди корер,
Ҳамь кадирлер колына услап[2]),

---

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары, 155 бет, Нокис, ҚҚМБ, 1949 жыл.

[2]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары. 157 бет, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.



„Ахмақ патша“ дасьтаны—Бердақтынг озь козименен коргенлерининг ҳамь еситкенлерининг, солар туралы коп ойланғанынынг жумағы. Брақта бул дасьтан хан, патшанынг қайсысына болса да қарсы қаратылған айыплау акты екенлигин, патша ханлардынг жауузлық ҳамь зулымлық ислерин ашкаралау екенин, сонлықтан патшаханлар тарепинен аур жазаға тартылу мумкин екенин бле отырып, Бердақ бул дасьтандағы уақияларды откен уақларда „болған“ бир қыссадан алдым“ деп буркеуге мажбурь болған. Ҳақиқатында бул дасьтанда суретленген ҳадиселер Бердақтынг озь заманында озь козименен корген Хиуа ханларынынг зулымлықларын суретлеген шын реалистлик шғармасы еди. Бунынгдай етип ҳадиселерди ҳақиқи шынлықпенен суретлейтуғын ҳешқандай „ески қыссанынг“ болуы мумкин емес екени анық.

Гейпара адебият изерглеуши жолдаслар Бердақтынг „Ахмақ патша“ дасьтанын „бир қыссадан алдым“ деген созине карап, дасьтан ҳақиқатында-да бир ески қыссадан алынған болуы керек деп тистиқлайды. Маселен, жолдас И. Юсупов: Бердақтынг „Ахмақ патшасы“ озбеклер арасында малим болған „Маликаи Дипарам“ деген қыссадан алынған болуы керек дейди. Брақ бул путкиллей надурыс пкир. Себеби, дасьтаннынг идеялық мазмунын алып қарасақ, „Маликаи-Дипарам“ қыссасы менен „Ахмақ патша“ дасьтанынынг арасында ҳешқандай жақынлықтынг болуы мумкин емес.

Бердақ озининг „Ахмақ патша“ дасьтанын жазғанда оны форма жағынан халқ дасьтанларына уқсас эпослық шғарма ретинде жазуға трысқанлығы коринеди. Сонлықтан ози-де бул шғармасын „дасьтан“ деп атайды. Брақ фольклорлық шғармалардан „Ахмақ патшанынг“ айырмасы—бунда халқ дасьтанларында коп ушрайтуғын фантастика, гипербола элементлерининг путкиллей жоклығында, дасьтаннынг толық реалистлик шғарма екенлигинде.

„Ахмақ патша“нынг халқ дасьтанларынан айырмасы тағы да мнада: егер халқ дасьтанларында унамлы геройлардынг барлығы дерлик устем класслардынг адамларынан: хан, бай, би, бек тухымларынан болса, „Ахмақ патша“дағы унамлы геройлар—минеткеш халқтынг адамлары ҳамь улума халқ массалары болады. Бул ауҳал Бердақтынг адеби стилининг тикарғы класслық баг-

дары—минеткеш халқтынг турмысын, тлек-арьманын суретлеу екенлигин айқын корсетеди.

„Ахмақ патша" дасьтанында уақиялардынг қайсы елде, қай қалада болатуғынлығы корсетилмесе-де, ондағы залым ханнынг аты-жони, ким екенлиги аталмаса-да, кеул қойып қараған адамға англиме Хиуа ханлары туралы болып отырғанлығы, бунда суретленген жапакеш халқ—қарақалпақ халқы екенлиги путкиллей анық нарсе ҳамь бундағы персонажлардынг аты-жонин ашық корсету ол уақыттағы жағдайда шаирдынг озь басына хауп туғызатуғын болғанлықтан оларды басқа турли ат пенен буркеп корсетилгени анық.

Дасьтаннынг крису болиминде Бердақ сияси, граждан лык лириканынг шын улгисин береди Ол жарлы халқтынг басынан кеширипатырған аур қайғылы коринислерди суретлеуменен қатар, халқтынг турмысын шаир озь қара басынынг қайғы-хасиретименен бирге қоса жырлайды. Басқа коп шғармалардағы сияқлы, Бердақ мунда-да ози туралы жырласа, халқы туралы айтпай тура алмайды ҳамь халқы туралы жырласа, ози туралы айтпай кете алмайды. Себеби Бердақ халк пенен озининг ажралмастай бирлигин сезеди. Себеби Бердақ сол хорлық-азап корген минеткеш халқтынг перзенти, суйикли жыршысы болды Халқтынг корген қайғы-ҳасиретин Бердақ-та сол халқпенен бирге корди. Сонлықтан ол озининг корген қайғы-ҳасиретин кута шынлықпенен баян етеди:

Козимнен ағып канлы жас,
Қайғыда турды қара бас,
Жайнап-жаснап ише алмай ас,
Кия шолге болдым конак,

Кордим козбенен нешени,
Жлап откердим кешени,
Болдым бир елдинг шешени,
Бул басымда болмады бақ.

Менде болды енг жуйрик ти,
Ашылмады бағымда гул,
Биуақ, сайрап болдым билбил,
Козим соқыр, болдық олақ[1]).

---

[1]) *Бердақ*, Тангламалы шғармалары, 155-бет, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.



Мне усы созлерден шаирдынг путкил қайғылы омири оқушынынг коз аллына елеслейди. Онынг шын журегининг торинен шыққан ҳамь мунглы арьманменен толған бул созлеринде шаирдынг гуллан омир трагедиясы менен уллылығы, даналығы айқын коринип тур. Шаир озининг уллылығын—асқан талант иеси, путкил „бир елдинг шешени", сонынгменен бирге „биуақ сайраған билбилдей" бахытсыз заманға гез болғанлығында жақсы бледи.

Брақ шаир қандай аур қайғы-хасретти басынан откерсе-де омирден тунгилмейди, халққа хызмет етуден тынбайды:

Сондадағы кеин қалмай,
Сайрадым мен талай-талай,
Арьманменен басты былғай,
Сазбенен ойнады бармақ.

Халқым ушын етип арды,
Дузедим қайтып қатарды,
Зарлы сеслерге дутарды,
Айттым косып харуак-харуак[1])

Қандай теренг мағналы коркем созлер! Бул созлерден шаирдынг барлық мунглы арьманы, зарлы намасы менен гунгренген дутардынг сеси қулаққа еситилгендей болады.

Бердақ „Ахмақ патша"нынг тарихын мна созлерменен баслайды.

Ие болып алтын тахқа,
Захарин жайып талай халкка.
Койып бразды куллыкқа,
Нешше хавлар откен екен[2])!

Буннан кеин Бердақ ахмақ патшанынг атасы—ғарры ханнынг тарихын баянлайды.

... Бир елде „атағы асқан" бир залым хан болған екен. Ол коп жыллар журтты сорап, халққа коп жабру-зулым корсеткен екен. Сол ғарры хан сексен жасқа

---

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары, 155—156-бетлер, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.

[2]) Бул-да сонда, 157 бет.

шғып олгеннен кеин патшалық онынг 18 жасар улына жетиседи.

Жас патша атасынынг жолын қуып, куға залым болады, зулымлықты атасынан-да откереди. Онынг устине жас хан бузықшылық пейлге бериледи, „сыртынан неке қидырып“, қырқ бир хатын алады. Бунынгменен-де турмай, елден тағы-да сулу қызларды жинатып алу ушын елге озининг жаллатларын жбереди, оларға: „малға бермесе. тартып ал“ деп ҳамир етеди...

Бир колдинг жағасында балықшылықпенен кун корип отырған бир соқыр ғарры болады. Ғаррынынг Гулим деген жалғыз қзы болады. Балықшы ғарры қартайып козден қалады. Оны қыз Гулим бағып отыра береди. Гулим жуда сулу болады. Патшанынг жаллатлары бул қыздынг хабарын еситип келеди. Қыз ханға тимеймен деп жаллатларменен қарсыласады. Бир-екеуин балгаменен урып олтиреди. Ахырында жаллатлар қызды байлап алып, ханға апарады. Қызды хан зинданға таслайды. Зинданда тағы бир қыз жатқан екен. Ол-да жарлынынг қзы екен. Қыз ханнынг айтқанын қылмаған сонг хан онынг аке-шешесин дарға астырыпты.

Хан Гулимди зинданнан алдырып, жаллатларынынг комегименен зорлап, озининг ҳайуаншылық исин ислейди. Гулим: „Сен залымнан ошимди бир уақ алармаң“ деп, илажсыздан ханға ҳаял болуға конип журе береди. Хан Гулимди озининг ҳареминдеги қырқ хатынынынг ишине қосып қояды.

Хан 40—50 жасқа шғады. Сонда-да ҳешбир перзенти болмайды. „Мен олсем, патшалық тахтыма ие боларлық перзентим жоқ“ деп налиды. Сонлықтан патша қырқ бир хатынынынг қайсысы ул туса, халққа улкен той беремен, ул туған хатынымды „ақ мамыққа орайман“ деп серт етеди. Ал „қыз туған ҳаялымды басын кесип туратайын, себеби қыздан маған перзент болмас, озим олсем тахтта турмас“, — дейди.

Бир кунлери Гулим жукли болып, қыз туады. Қырқ хатын жиналып жанга туған қыздынг атын Гулзар қояды. Хатынлар Гулимнинг қыз туғанлығын айтып патшаға суйинши сорау ушын Зару деген қулды жбереди. Зару ханнынг сарайына келсе, хан бир гунасыз жгитти қол-аяғын байлап, жазаға тартып азап берипатырған екен. Жгиттинг ата-анасы келип патшаға арыз етип



баласынынг гунайын тлейди. Хан оларды баласынынг козинше урып олтиреди. Буған шдай алмаған жгит қаҳарленип, барлық кушименен шренип қол-аяғындағы арқанды узеди. Сол жерде бир нокердинг қлышын тартып алып, бир уазирдинг басын кеседи. Хан қашып кетеди. Ал, жгит озиндей байлаулы турған бир жолдасын босатып алып, екеуи қаладан шғып кетеди.

Зару келип ханға: „қызлы болдынгыз, суйинши берингиз десе, хан Заруди услап, жаллатларына таяқ урғызып, қатты азап береди. Зарудинг қулак-мурнын кестиреди. „Қыз туған хатынымды қинап олтиринг, туған қзын маған акелинг“, деп жаллатларына буйрық береди. Хатынлар буны еситкеннен кеин Гулимди аман алып қалу ушын ҳиле қлады, қызды жасырып Заруге бақтырып қояды. Хатынлар жаллатларға: „бреуимизди ойнап жукли етип едик, ҳешким қыз туған жоқ“ деп алдайды. Жаллатлар қыз туған хатынды таба алмай қайтып кетеди.

Хатынлар Зару менен ойласып, жанга туған Гулзар қызды жер астына бир сарай ислеп, Гулзарды сонда ҳешкимге корсетпей Заруге бақтырып қояды.

Буннан еки жыл откеннен кеин ханнынг Зиуар деген бир ҳаялы тағы бир қыз туады. Онынг атын Анар қояды. Буны-да хатынлар ҳешкимге билдирмей, жер астындағы сарайда Заруге бақтырып қояды.

.. Арадан он бес жыл откеннен кеин қызлар ер жетеди: Гулзар он беске. Анар он ушке шғады. Қызлар Заруден: „Бизлерди неге қамауда услайсыз, неге биз жақты дуньяны кормей жер астында жасаймыз?“деп сорайды. Зару барлық болған уақияны қызларға айтып тусиндиреди.

Бир куни қызлар аналарынан рухсат алып, патшанынг бағына қдыруға шғады. Қызлардынг сулулығына ҳайран қалған журт патшаға хабар береди. Гулзар: „атама барып, салем беремен, болған уақияны айтып тусиндиремен, атам мени корип қуанар, гунакар қылмас“,—дейди. Патша баққа келип Гулзарды кореди. Гулзар атасына бас иип салем береди, озин таныстырады. Брақ ҳайуан атасы ахмақ патша озь қзы екенин бле тура журттынг козинше Гулзардынг белинен қатты қсып: „маған ҳаяллыққа тиесенг, болмаса олтиремен“ дейди. Гулзар: „Атама ҳаял болғаннан, олгеним жақсы азаптан“ дейди. Патша жаллатларына қызды

урғызып, итке таслатады. Итлер қызды аяп, оған тимейди. Соннан кеин патша қызды капеске салып азап береди. Онда-да қыз конбегеннен кеин Гулзарды урып, хорлық-азап берип, тоғайға апарып таслайды. Зэру Анарды алып қашып тоғайға барады. Тоғайда баяғы дар астынан қашқан еки жгит патшадан ошь алу ушын куш жинап журген екен.

Гулзарды Зэру есин жинап трилткеннен кеин Гулзар менен Анар екеуи еки жгитке қосылады. Сойтип булар ҳаммеси бирликте патшаға қарсы котерилис жасайды. Ахмақ патшанынг қаласына келип, қамаудағы халқты патшанынг зулымынан азат етеди. Патшанынг озин олтиреди. Халқ азатлыққа шығады.

Мне дасьтаннынг қысқаша мазмуны усындай.

Усы тикарғы сюжетке қосымша эпизодлар ретинде Зэру қулдынг омир баяны, Гулим менен зинданда бирге жатқан қыздынг басынан кеширген тарихы айтылады.

Дасьтанда Бердақ залым патшанынг халққа корсеткен жабайылық зулымын, минеткеш халқтынг аур ауҳалын кута айқын суретлейди.

Алынбай адам есапқа,
Шдай алмай бул азапқа,
Налет айтып биинсапқа,
Халқ шулап откен екен.

Ала жип салып мойынына,
Коз жасы толып қойынына,
Тусип сайыллык[1]) жолына,
Нешше омир откен екен.

Қайғы болып ханнан сиы,
Казан кби кайнап мии,
Ишерге тамақ жок, уйи,
Сансыз халқ поскан екен

Тенглик таппай, хорлықпенен,
Корер куни тарлықпенен,
Ерки кетип зорлықпенен,
Коби айдауда журген екен[2]

[1]) *Сайыллық*—Диуаналық деген созь. И. С.
[2] Бердақ, Тангламалы шғармалары, 153—154-бетлер Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.



Бердақ залым патшалардынг халққа корсеткен зулымын, ҳайуаншылығын тек ашкаралауменен ғана қоймайды. Ол халқтынг залым патшаға қарсы гуресин, зулымға қарсы наразылығын, котерилисин, залымлардан ошь алғанын, залым ахмақ патшаға қарсы котерилген минеткеш халқтынг жауз душпанды олтиргенин, соннан кеин ғана азатлыққа шыққанын жазады. Сол арқалы халқты гуреске шақырады.

Халқ конбеди зорлыққа,
Барьҳа тускен сонг тарлыққа
Шдамады бул хорлыққа,
Ҳамме кушин жиған екен.

Патшаға арзын айттылар,
Тенглик таба алмай кайттылар,
Бразы басын қостылар,
Ханға қарсы болған екен.

Ханға айтты: „ҳай, адилсиз!
Олер болдық, ашлықтан биз,
Ушыраттынг бале мынг-да жузь",
Деп патшаға айткан екен[1])

Усылайынша котерилис жасаған халқты патша қанға бояп басады. Бердақ жауз патшанынг халққа корсеткен жабайылық зулымын, нешше адамларды олтиргенин, азаплағанын, оларға неше турли жан туршигерлик жауызлықлар ислегенин жанлы картиналарменен айқын суретлеп береди:

Патша жаман қаҳарленди,
Ууын жайды, заҳарленди,
Қарсы келгенин олтирди,
Дарды беккем қурған екен.

Арыз айтқанды услап алды,
Мойынына бұғау салды,
Қаркыратып малдай шалды,
Халқты жаман қысқан екен.

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары, 18?-бет, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.

Жылға, сайға ақты канлар,
Қиылды гунасыз жанлар,
Отқа карылды мынгсанлар,
Темир тангба баскан екен.

Қарсы шыққанын олтирди,
Табанларын тилдирди,
Ушь ағашына илдирди,
Халқ шулап посқан екен.

Адам олди, қан тогилди,
Бигуна гелле кесилди,
Жпектей шашлар есилди,
Мал орнына қосқан екен.

Адамзатты қосып қосқа,
Омирин откерип босқа,
Сонлыктан халқ тумлы-тусқа,
Жайын таслап кеткен екен.[1])

Мнекей, Бердақ залым патшалардынг халққа корсеткен жабайылық зулымын усылайынша суретлейди. Бул Бердақ жасаған замандағы залым Хиуа ханларынынг орта асирлик жабайылық зулымынынг нағыз реаллық картинасы еди.

Бул коринисти Кун-Хожа шаир-да озининг „Умытпаспан" деген қосығында қута айқын суретлеген еди. Оны Хиуа ханы Мадамин хан зорлықпенен Хиуаға айдатып апарғанда шаир озь козименен корген Хиуанынг қанлы коринисин блайынша суретлейди:

Коз жас тогилип далаға,
Қарамай ата балаға,
Келдик атақлы қалаға,
Буны хешбир умытпаспан.

Ушь ағаш тур кенг майданда,
Орынласып қзыл канға
Қйылып ҳамь шбын жан-да,
Турғанларды умытпаспан.

Бул дар еди коринген,
Коп адамлар илдирилген,

[1]) *Бердақ*, Тангламалы шғармалары, 183-бет, Нокис, ҚҚМБ, 1956 жыл.



Табанлары тилдирилген,
Буларды хеш умытпастан.

Адам олген жайып қушақ,
Коздинг жасы моншақ-моншақ,
Қолларында откир пшақ,
Жаллатларды умытпаспан[1],

Демек Бердақ-та озининг „Ахмақ патша-дасьтанында Хиуа ханларынынг усындай қанхорлық жауызлығын ҳақиқат дурыс суретлеген. Буны суретлеп отырған Бердақтынг ҳақиқат реалист шаир екенлигин коремиз. Бердақ бул зулымлық картинаны тек бипаруалықпенен суретлеп ғана қоймайды. Ол сонынгменен бирге патша-ханларға озининг козқарасын-да айтып кетеди:

Созди қысқартып айтқанда,
Тағы дартти молайтқанда,
Адиллик жоқ патша-ханда,
Усылай халқты кыскан екен.[2]

Бердақ дасьтанындағы озь геройларынынг тлименен ханларға, патшаларға налет айтады, олардынг халққа ислеген зулымлықларын аяусыз ашкаралайды. Мсалы, дасьтаннынг героинясы Гулимди хан зорлықпенен алдырып, ҳаяллыққа алғаннан кеин ол ханға қарап мна созлерди айтады:

Қол-аяғымды байладынг,
Захардей болып жайладынг,
Қан ишип тойлар тойладынг,
Мирими жоқ сур екенсенг.

Кырды, шапты барғанларынг,
Уайран салды жаллатларынг,
Ханлығынга ылайық-па?
Усындай ис қылғанларынг?

Алдынг мени ҳаяллыққа,
Ким шдайды бундай дыққа,

[1]) Қарақалпақ халқ творчествосы, Торткул, 1940 32 бет.
[2]) *Бе дақ*, Тангламалы шғармалары, 183 бет,

Хан емессенг, қанлы аусанг,
Уайранлар салдынг халкка[1])

Мне бундай зулымлыққа қарсы халқты гуреске шақырушы, халқ душпанларына қарсы жалынлы патриотлық, гуманистлик созлерди Бердақ озь геройларынынг тлименен ашық айтады.

„Ахмақ патша" дасьтаны теренг гуманистлик, демократиялық идеялармене суғарылған. Жамиеттеги класслық тенгсизликти, сол замандағы жамиетлик-сияси маселелерди Бердак озь шғармасында ашық, откир суретлеген.

Дасьтаннынг тикарғы қасиети—онынг теренг реализминде. Дасьтан бастан-аяк шын реалистлик шғарма. Дасьтандағы уақиялар: ахмак патшанынг зулымлығы, бузық мнезлери, онынг елден зорлықпенен қыз жинап алдыруы, жазықсыз адамларды ҳайуаншылықпенен жазалауы, олтируи, минеткеш халқтынг турмысы, олардынг аш жалангашлығы, правосызлығы, залымлардан корген жабру-зулымы—усылардынг ҳаммеси-де Бердақтынг заманындағы Хиуа ханларынынг шын риалистлик картиналары. Бердақ дасьтанында бир белгисиз патша туралы созь қлып, буны бир „ески қыссадан алдым" деп буркеседе, брақ дастандағы ахмақ патша образында залым Хиуа ханларынынг сын-спаты берилгенлигинде гуман жоқ. Хиуа ханларынынг елден қыз жинап алдыру сияқлы жеркенишли адети Бердақтынг „Алты қыз" деген қосығында-да созь арасында айтылып кетеди. Бердақ бул туралы шғарманынг геройы Қосымбет таздынг тлименен блай дейди:

„Менинг озим патша болсам,
Пухараға жар салдырсам,
Қасыма кырк қыз алдырсам,
Хиуа хандай болмаспа едим[2])

Тағыда дасьтандағы ахмақ патшанынг қанхорлық жауызлық ислери белгили Кун-Хожа шаирдынг „Умытпаспан" қосығында суретленген Хиуанынг қанлы коринисин коз алдынга келтиреди.

---

[1]) *Бердақ,* Тангламалы шғармалары, 181 бет.
[2]) *Бердақ,* Тангламалы шғармалар, 111 бет.



Демек, бул-да ахмақ патшанынг образы Хиуа ханларынынг турмысынан алынған екенлигин далиллейди.

Дасьтаннынг тағы бир улкен артықшылығы—онынг дини тасирлерден тазалығы. Дасьтандағы геройларда умитсизликке берилу, пессимизм, худайға жалбарыну, мусылман дининдегилердинг тағдирге инанып, бас июи дегенлердинг аты-заты жоқ. Дасьтандағы минеткеш халқтынг адамлары „худай", „пайғамбар", „аулие" дегенлердинг атын-да атамайды. Қаншелли қиыншылық азапақырет корсе-де, налымайды, мунгаймайды. Бирдейине гуреске, женгуге умтылады. Бул нағыз оптимистлик идея. Бул факт-та дасьтанды „ески қыссадан алып жаздым" деген пкирди туп-тамырынан бикарлайды.

Дасьтаннынг тикарғы идеяларынынг бри ҳаяллар тенглиги ҳаққындағы идея. Дасьтандағы тикарғы унамлы геройлар—ҳаял-қызлар. Бундағы ҳаяллар образлары кута ақыллы батыр, жгерли, гуресте қайтпайтуғын қаҳарман етип суретленген. (Мсалы, Гулим, Гулзар образлары).

„Ахмақ патша" дастанында халқлар арасында, адамлар арасында дослық идеясы-да анық коринеди. Бердақ дасьтандағы унамлы геройдынг бри Зарудинг тлименен адамлар арасында дослық идеясын жырлап блай дейди:

Аузы ала, харуақ ала,
Еткен иси болар шала,
Дослық керекти баркулла,
Козайдын, дослар, козайдын.

Куртынг арадан қаслықты,
Кушейтингиз бул дослықты,
Ойланг ҳамде жақсылықты,
Козайдын, дослар, козайдын[1]).

Ески қыссаларда коп ушырайтуғын, хатынлар арасында кундеслик, душпанлық дастурлерине қарама-қарсытурде Бердақ патша сарайындағы ҳартурли миллетлерден жиналған қырқ бир хатынды бир брине кута дос, тату қлып суретлейди.

---

[1]) *Бердақ,* Тангламалы шғармалар, 215 бет.

Ҳамме хатын қушақ ашып,
Ҳурметледи гуллер шашып,
Дослық-дослыққа уласып,
Беккем бирлик еткен екен.

Арадан жауды қуғандай,
Беккемлеп белин буғандай,
Ҳаммеси бирге туғандай,
Дос боп басын қосқан екен.

Брин-бри жақсы корди,
Сорағанға жанын берди,
Тату, дос боп омир сурди,
Ҳаммеси бас қосқан екен[1]).

Мне, қырқ бир хатыннынг арасында усындай дослық, татулық орын алады. Патшанынг қырқ бир хатынынынг арасында ҳешкандай кундеслик, душпанлық дегеннен белги жоқ. Қайта олар барлығы бир тлек, бир умитпенен жасайды. Қайғы менен қуанышты бари бирге корип отырады. Гулим қыз туып, перзентли болғанына қырқ бир хатыннынг ҳаммеси бирдей куанады. Гулимди патшанынг жаллатларынан жасырып, олимнен аман алып қалады.

## Дасьтандағы образлар

Дасьтанда бир брине қарсы турған еки тарептинг адамлары корсетиледи. Бир тарепте канхор залым ахмақ патша менен онынг жаллатлары, екинши тарепте—минеткеш халқтынг адамлары. Ахмақ патша образында Бердақ нағыз жауз, залым, бузық, азғын адамнынг типин береди. Бул образдынг тикарғы спатлары—адамгершиликке жат мнезлер: ҳайуанларша қаталлық, миримсизлик, корсе қзар арсызлық, бузықлық, менменлик, байлыққа кози тоймайтуғын горқаулық.

Бердақ дасьтанынынг басынан-ақ оқушыға ахмақ патшанынг жоқарыда айтылған мнезлерин ашып корсетеди. Ғарры атасы олип, ози патша болған он сегиз жасар бала уақытынан-ақ ахмақ патша зулымлықты

[1]) *Бердақ*, Тангламалы шғармалар, 215 бет.



атасынан-да откереди. Ол кута менмен болады, озининг туған анасына ақырет береди. Жас уақтынан-ақ корсе қзар арсызлық, бузықлық жолға тусип, елден сулу қызларды зорлықпенен жината баслайды. Қырқ бир хатын алады. Жас қызларды зорлықпенен алдырып, озининг ҳайуаншылық қлығын ислейди. Тлегин орынламаған коп жас қызларды урып олтиреди, зинданға салады.

Қарауындағы халқы азаптан қсылып, ҳадден асқан зулымлықтынг, езушиликтинг астында аш-аптадалыққа ушырайды. Ахмақ патшанынг оған ҳешбир басы айналмайды. Қайта „арза айтқанларды ұслап алып, мойнына буғау салып қарқыратып малдай шалады". Нешше турли жан туршигерлик жаузлықлар ислейди. Халқты қанға батырып жазалайды, қрып-жояды. Қартайғанша перзентсиз болып, бир перзентке зар болса-да, „қыздан маған перзент болмайды, озим олсем тахтыма иелик ете алмайды" деген горқаулық пкирменен қыз туған ҳаялын жас нарестеменен бирге олтируге буйрық береди. Ахырында, адамзат тарихында болмаған сумлық жаузлыққа бой урған ахмақ патша озининг туған қзын ҳаяллыққа алмақшы болады. Мне, адамшылық белгисинен айрылған жауз ахмақ патшанынг образын Бердақ усылай суретлейди.

Бердақ, залым ахмак патшанынг образын халқты шағатуғын заҳарли сур жланға тенгейди. Бул заҳарли сур жлан Гулимнинг уйқлапатырғанда тусине крип, онынг тосин шағып алады. Сонгынан патшанынг жаллатлары Гулимди зорлықпенен патшаға апарғанында Гулим патшаға: „тусимде корген сур жлан, жауз душпан сен екенсенг"—дейди.

Шаирдынг пкири бойынша бундай қанхор жауз патшанынг дуньяда три жасауы керек емес. Ондайлардынг три жасауы адамзат ушын олим, азап-ақыреттен басқа пайда келтирмейди. Сонлықтан ондай жаузлар олимге хуким етилуи тиис, халкты шағатуғын заҳарли сур жлан женшип тасланауы тиис: Бердақ солайынша жумақ шғарады ҳамь жауз ахмақ патша халқтынг қаҳарли қолыменен жер жузинен жоқ етиледи.

Екинши тарептеги унамлы образлар: Гулим, онынг ғарры атасы ҳамь Зару образлары—булар езилген минеткеш халқтынг адамларынынг образлары.

Гулим менен онынг ғарры балықшы атасынынг образы

арқалы Бердақ езилген, азап шеккен қарақалпақ гедейлерининг образын суретлеуге трысқаны гумансыз. Сасық колдинг жағасында, бир атауда омир бойы жекен салға мнип ау салып балықшылықпенен кун корген Гулимнинг ғарры атасы, онынг турмыс касиплери, ол турған жердеги табиғат коринислери—булардынг ҳаммеси-де ангиме қарақалпақ халқы туралы болып отырғанлығын далиллейди.

Гулим образы—дасьтанынг бас героинясы ретинде суретленеди. Ол шын минеткеш жарлы халқтынг уакили. 10 жасында анасы олип жетим қалған Гулим жалғыз соқыр ғарры атасыменен Сасық колдинг ишиндеги бир атауда балықшылықпенен ғана кун корип отырады. Жасынан омири жетимликте, хорлық-азапта отеди.

Бир кеше ойнап кулеалмай,
Жайнатып киим кие алмай,
Адым агып ҳамь журе алмай,
Коп азаплар корген екен[1]).

Солай болса-да Гулим кута ақыллы болып, ойлы-пкирли, зирек, уқыплы болады.

Келбетленип келген бойы,
Артық ҳамьде ақыл-ойы,
Бир денсаулық уллы тойы,
Омири зая болған екен.

Атасына комек болып,
Бунынг менен колли шолып,
Жасы жетпей гулдей солып,
Коп азаплар корген екен[2])

Атасы қартайып козден қалғаннан сонг, Гулим қыз барлық жумысты ози ислеп, атасын бағады. „Колге ау-дузақ қурып", колдинг ақ шабағын алып", атасыменен озининг тамағын асырайды. Гулим атасын қадирлейди, онынг киимин кирлетпей таза услайды. Жекеннен шыпта тоқып, бурынғы қамыс қостынг орнына атасына жақсы уй дузетип береди. Атасын кута

---

1) *Бердақ*, Тангламалы шғармалары жинағы, *161* бет.
2) Бул-да сонда, 101 бет.



жақсы кутип, аянбай хызмет етеди. Сонлықтан атасыда қзына патиясын берип, коп алғыслар айтады.

Бердақ Гулимге адамгершиликтинг енг жақсы спаты болған ата-ананы ҳурметлеушилик қасиетлерин береди. Гулим ғарры атасын жанындай жақсы корип қадирлейди. Ҳатте озининг басына енг аур қиыншылық ауҳаллар тускен уақытларда-да ол ғарры атасын есине алады, оған ғамхорлық етеди:

Қыз атасын кадирледи,
Соқырлығын билдирмеди,
Кесе шопке илцирмеди,
Коп сияда еткен екен[1])..

Қзынынг жаман тусь корип, қорққанлығына хапа болып жлаған атасын жубатып, Гулим атасына мнадай созлерди айтады:

Деген уакта атасынынг,
Қушақлады барып басын.
Суртти тогилген коз жасын.
— Ата жаным, мунгайма,—деп.

— Озингнен олмесем бурын,
Бул исим кетпесе қрын.
Жан ата, табарман орын,
Қайғырды деп жлама коп.

Хор қылмаспан жаным сауда,
Арқаларман аскар тауда,
Калдырмаспан сени жауда,
Қайғы жеме, ата, жудеп"[2])

Гулимди жаллатлар зорлықпенен хан сарайына алып барып, олим азабын берген уақытта-да Гулим атасын умытпайды. Залым патша қинап жаузлық ислегеннен кеин ушь кун еси ауып жатқан Гулим, есин жинағаннан сонг бринши ядына тускени ғарры атасы болады. Залым патшадан тек жалғыз тлеги—атауда қалған соқыр атасын алдыруды сорайды.

Гулим жасынан сондай узақтағы бир тупкирде кемтарлықта жасаса-да зулымлыққа бас имейтуғын, батыр,

---

1) *Бердақ*. Тангламалы шғармалары, 163 бет,
2) Сонда, 168 бет.

марть болып жетиседи. Ол патшанынг жаллатларына қарсы батырлықпенен гуреседи. Патшанынг алдына зорлықпенен алып барылғанда залым патшанынг зулымлығын қайтпай ашкаралайды.

Мне сойтип, Гулим образында минеткеш халқтынг езушилерге карсы гурескен батыр перзентлерининг бинеси суретленеди. Брақта бул гурес саналы класлық гурес емес, ал стихиялы наразылықтан туған гурес ғана. Биз Бердақтынг шғармаларындағы геройлардынг эксплоататорларға қарсы гуреси—класслық гурести тусину дарежесине шекем котерилген саналы революционерлердинг гуреси емес, ал езилген, азап шеккен халқтынг езушиларге қарсы тек стихиялы наразылықтан туған гуреси ғана екенлигин бул жерде тағы-да ескертип отемиз.

Дасьтандағы тикарғы образлардынг бри Зару образы. Зару ата-бабасынан берли езушилердинг тепкисининг астында езилуде, қуллықта, адам айтқысыз азапақыретте жасап келген. Онынг ата-анасын патша олтирген. Ози жас уақытынан залым байдынг қойын бағып, жас омири хорлық-азапта откен. Жауз бай жас қойшы Заруди неше рет олимши қлып сабайды. Ахырында Зару ахмақ патшанынг қолына қул болып сатылып келеди.

Зару образы арқылы Бердақ бурынғы залым ханлар, байлар устемлиги заманындағы минеткеш халқтынг басынан кеширген адам айтқысыз азап-ақыретлерди, жауз ханлардынг, байлардынг, жан туршигерлик жауzлықларын ашып корсетеди. Халқтынг жауз душпанларына минеткешлердинг теренг жеккорушилигин тудырады. Жауз душпанлардан ошь алуға шақырады.

Ахмақ патша, Алымбай сияқлы халқ душпанларын Зару қатты жек кореди. Ол жамиеттеги тенгсизликти, адилсизликти жақсы тусинеди. Озининг жалғыз емеслигин, ози сияқлы қуллықта езилип жлап жургенлердинг коп екенлигин бледи. Озин ҳамь басқаларды усындай ауҳалға тусирген залым патшадан ошь алсам, сойтип „жлағанларға раҳим қылсам“ деп арьман етеди:

„Олтирди патша атамды,
Ортеди комбей анамды,
Озалдан бузды ханамды,
Барьҳа канда журмен тулап.



Озалдан қастым хан еди,
Жастан жанымды жеди,
Неше сапар азап берди,
Желкесин бир уақ киярман,

Усы ханнан ошимди алсам,
Таймай тахтында шалсам,
Жлағанға рахим кылсам,
Болмас еди кеулимде арьман“[1])

Халқ душпанларын жеккорушиликтинг отлы сезимименен толған Зару сонынгменен бирге минеткеш адам баласын суюши, адамлар арасында дослық идеясын угитлеуши, адамгершилик қасиетлери кушли адам ретинде суретленген. Ол патша сарайындағы қырқ бир хатынға дослықты, татулықты угитлейди. Хорлық-азап корушилерге жаны ашып қауендерлик қлады. Жанга туған жас қызларды патшанынг жаллатларынан жасырып, жер астындағы сарайда бағып тарбиялайды. Қызларға ол туған атасындай мирбанлықпенен қарайды.

Зару образы арқалы Бердақ тек ахмақ патша қусаған залым патшалардынг ғана емес, сонынгманен қатар Алымбай қусаған жергиликли байлардынг-да жаузлығын, қанхорлығыл оғада кушли турде ашкаралап корсетеди. Дурысында, халқты езуши, оны қуллықта, азап-ақыретте услаушы тек залым патшалар ғана емес, ал ел ишиндеги жауз байлар-да халқтынг қас душпаны еди. Бердақ Зарудинг омир баянын баянлау арқалы Алымбай сияқлы қанхор байлардынг жан туршигерлик жаузлықларын, дуньякорлығын оғада айқын ашып корсетеди. Бердақ Зарудинг тлименен Алымбайдынг жаузлық ислерин блайынша суретлейди:

„Қабағы жабық кап-қара,
Туссе маған бреу ара,
Кеспелтекти услап тура,
Қаҳарленип урар еди.

Шашратып судай қзыл қан,
Қиналады таяқтан жан,

---

[1]) Бердақ, Тангламалы шғармалар 213—214 бетлер.

Тилким-тилким болады сан,
Темир тамға басар еди.

Торть тулик мал шықса орип,
Қарар еди жабық турип,
Ақырынлап соны корип,
Кеули судай тасар еди.

Бреу етсе қурттай зиян,
Шағар еди болып шаян,
Кустан қашқан болып қоян,
Барлық малай сасар еди.

Жоқ болса жалғыз ылағы,
Тайын шоқмарлы таяғы,
Птирип исин ойдағы,
Бразларды асар еди.

Аркан клып ескен қылға,
Қзыл қанға толып жилға,
Шопанларды торангғылға,
Асып коп олтирер еди.

Шғалмай зулым торынан,
Аркан қиып алқымынан,
Қара қан ағып мурнынан,
Коп қиналып олер еди.

Коп қиналып қалса олип,
Қуанар еди бай корип,
Копеги кейнине ерип,
Олимтикке барар еди[1]).

Мне, ел ишиндеги байлардынг жаузлығы залым патшалардикинен бир-де кем емес, булар-да халқтынг енг жауз душпанлары болды деген пкирди билдиреди, Бердақ.

Зару образы дасьтандағы кушли образлардынг бри.

Шғарманынг коркемлиги—копшилик халққа тусиниклилигименен белгиленуи тиис. Бул жағынан қарағанда, Ахмақ патша" коркемлик жағынан, яғни тил, сюжет, композиция, образлылық жағынан кута жоқары дарежеде турады.

---

1) *Бердақ.* Тангламалы шғармалар, 220- 221 бетлер.



Гейпара жолдаслар Бердақтынг қосықлары онша коркем емес, себеби кута апуайы тилменен жазылған деген пкирди айтады. Бул дурыс емес. Себеби, шғарманынг коркемлиги тек жылтыраған сулу созлерменен ғана белгиленбейди, ал теренг идея, пкир, образбенен белгиленеди. Теренг ой-пкир, идея болмаса қуры жылтыраған сылдыр созь ҳеш нарсеге арзымайды.

„Ахмақ патша" тил жағынан кута женгил тилменен, халққа кута тусиникли етип жазылған. Бунда ҳартурли котерингки (напыщенный) созлер, ямаса ески Шғыс поэзиясынан алынған дерексиз формалистика жоқ дерлик. Бунда басқа шаирлардағыдай араб, парсы созлери-де кута аз ушырасады. Тли нағыз халқтынг сойлеу тлине жақын адеби тил. Сонынгменен қатар, теренг идеяны, ой-пкирди айқын суретлейтуғын образлы созлер дасьтанда кута коп. Мсалы:

Клыш кесип путағымды,
Орбитпеди урпағымды,
Сорлақ етти торпағымды,
Шолге шыққан болдым қияк[1])

Мне, ойлап қарасангыз, усы созлерде қандай теренг ой-пкир, қандай образ берилген!

Халқ жауларынынг озин қудалап жол бермегенин, озининг жалғызлығын айту ушын шаир озин шолге шыққан ашшы сорлаққа питкен жалғыз қияқ шопке тенгейди. Залымлар онынг путағын кесип, шаирдынг осуине жол бермегенин билдиреди.

Дасьтаннынг коркемлиги, тли ҳаққында биз сонгынан улума Бердақ шғармаларынынг коркемлик озгешелиги туралы арнаулы бапта толығырақ тоқтамақшымыз.

Дасьтан нағыз халқлық шғарма, себеби шаир дасьтанды нағыз халқ турмысынан, сол турмысты дыққатпенен бақлап изертлеуден алған.

Халқ шаиры болған Бердақтынг бир улкен қасиети ол озь шғармаларына материалды ҳалқтаң алған, халқтан уйренген. Озининг кемпир нянясынынг айтқан ертеклерин тынглап, жержузилик адебият маржанларын доретken Пушкин сияқлы, Бердақ-та халқ арасындағы

---

1) *Бердақ.* Тангламалы шғармалар, 155 бет

ғаррылардынг, кемпирлердинг айтқан созлерин ыхласпенен кеул қойып тынглаған, соларды озь шғармаларына материал қлып пайдаланған. Мне бул жағдай Бердақтынг нағыз халқлық шғармалар доретуине себеп болған.

„Ахмақ патша"-да сонынгдай нағыз халқлық шғарма.

Дасьтаннынг бир аҳмиетли жери—онынг сонгғы нәтижесининг оптимистликпенен шешилуинде. Дасьтандағы геройлар, минеткеш халқтынг адамлары езушилерден қаншелли азап-ақыйрет корсе-де, қанша қиыншылықлар корип, правосызлықта жасаса-да, женгиске исенимин жоймайды, келешек жақты куннен умитин узбейди ҳамь гуресу арқалы ахыр аяғында езушилерди женгип шғады.

Зару, Гулзар, Анар ҳамь тағы-да қашып журген еки батыр жгит бас болып патшаға қарсы атланыс шолкемлестиреди, ахмак патшанынг қаласын басып алады. Ахмақ патшаны олтиреди, қуллықта журген адамларды азат етеди. Минеткеш халқ батырлары залымларды женггеннен кеин ҳаммелер азатлыққа шғады, абаданлық турмыс орнап, „қзыл гул когереди".

Мне усы идея—минеткеш халқтынг езушилерди женгип шғуына ҳамь сонынг арқасында халк келешекте бахытлы, абадан турмысқа жетисетуғынлығына теренг исеним – Бердақ творчествосынынг тикарғы спаты еди. Себеби бул спат—турмысқа оптимистлик козбенен қарау—халқ творчествосынынг, нағыз халклық шғармалардынг қасиети болып табылады. Бул жерде М. Горькийдинг мнадай созлерин еске тусирип оту орынлы болады:

„Мна фактыны корсетип оту кута аҳмиетли: фольклорды доретушилер кута аур азаплы турмыста жасауына, олардынг қуллық минетлерине эксплуататорлардынг ҳешбир аҳмиет бермегенлигине, ал олардынг озлери правосыз, қорғансыз турмыста жасауына қарамастан фольклорға пессимизм (турмыстан тунгилу) путкиллей жат нарсе. Фольклор доретушилердинг барлық аур турмысына қарамастан, коллектив озининг олмейтуғынына ҳамь озине душпан болған барлық кушлерди женгип шғатуғынлығына исенеди„[2]).

---

[2]) М. Горький о литературе, статьи и речи. М., 1937, стр.450



Жоқарыда айтылғанларды жумақлап келгенде Бердақтынг „Ахмақ патша" дасьтаны—нағыз халқлық шғарма екенин коремиз. Дасьтандағы тикарғы герой—залым ханларға қарсы гуресуши халқ. Бундағы минеткеш халқ геройларынынг образлары азатлық ушын, халқ бахыты ушын қайтпай гуресетуғын, ер журек, батыр, қаҳарман гуресшилер етип корсетилген. Олар езушилерге қарсы қайтпай гуреседи, бул гуресте батырлық ҳамь мартлик корсетеди, улкен қиыншылықларды басынан кеширеди ҳамь халқ душпанларын женгип шғады.

Бул дасьтан жауз ханлардынг зулымына қарсы, минеткеш халқтынг азатлығы ушын гуресу идеяларыменен, адиллик, тенглик, гуманизм ҳамь оптимизм идеяларыменен толған.

Сондай қсылшанг заманда, реакцияшыл ислам дини турмыстағы барлық жангалықты туншықтырып, халқты қаранғғылықта, наданлықта, езушиликте услап отырған жағдайда Бердақ прогрессшил идеялардынг жаршысы болып, минеткеш халқтынг азатлығы ушын эксплуататорларға қарсы гуресті.

Бердақтынг „Ахмақ патша" дасьтаны озининг идеялық мазмуны жане коркемлик шеберлиги жағынан революциядан бурынғы путкил қарақалпақ адебиятында тенги жоқ шғарма.

Мазмунынынг теренглиги ҳамь гуманистлик идеяларынынг кушлилиги жағынан Бердақтынг бул дасьтаны қарақалпақ адебиятынынг тарихында айрықша орын алады.

---

## VIII. БЕРДАҚ ШҒАРМАЛАРЫНЫНГ КОРКЕМЛИК ОЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

### Бердақ шғармаларынынг стили

Жазушынынг стили — коркем шғарманынг барлық элементлерининг бирлиги болып табылады. Стиль ҳарбир жазушынынг творчествосы ушын характерли болған тикарғы идеялық-коркемлик озгешеликлердинг бирлиги, яғни шғарманынг формасы менен мазмунынынг бирлиги болып табылады. Стиль—шғарманынг барлық жағын: сюжет, тема, идея, композициясын озь ишине алады. Профессор Л. И. Тимофеев стильди блай деп белгилейди: „Стиль дегенимиз—путин композициядан баслап айрым эпитетлерге шекем шғарманынг барлық элементлерининг бирлиги болады"[1]).

Адебияттынг стили барқулла озгермейтуғын нарсе емес, ол жамиетлик жағдайға қарай озгерип отырады. Ҳарбир тарихи жамиетлик жағдай адебиятқа жанга мазмун, жанга стиль киргизуи мумкин. Ҳарбир жазушынынг дуньяға козқарасына, озь творчествосы ушын танглап алған класслық бағдарына қарай озине тань стили болады.

Академик В. Виноградовтынг сози бойынша: „жазушынынг стили—онынг рухынынг, яғни дуньяға козқарасынынг, творчестволық озгешеликлерининг, онынг ҳақиқи шынлыққа козқарасынынг ашық кориниси болады"[2]).

---

[1]) *Л И. Тимофеев.* Теория литературы, Москва, Учпедгиз, 1948, стр 287.

[2]) *Академик В. Виноградов.* Некоторые вопросы советского игературоведения, „Литературная газета" № 59, 1951.



Бердақтынг қарақалпақ адебиятында озине тань адеби стили болды. Бул стиль—Бердақтынг шғармаларынынг шын демократиялық, халқлық идеяларыменен басқа шаирлардан ажыралатуғынлығында.

XIX асирдеги қарақалпақ шаирларыменен, асресе Ажиниязбенен, салыстырғанда Бердақтынг шғармаларынынг озине тань коп озгешеликлери бар. Бул озгешеликлер енг алдыменен Бердақтынг шғармаларынынг тлинде, тематикасында, идеясында, танглап алған геройларында ашық коринеди. Бул озгешеликлер усы еки шаирдынг шғармаларын салыстырып қарағанда анық коринеди. Мсалы, Ажинияздынг „Бозатау", „Елерим барды" ҳамь басқа шғармаларыменен Бердақтынг лирикалық қосықларын ҳамь поэмаларын салыстырып қарасақ, коп озгешеликлердинг бар екенлигин коремиз: бриншиден, Бердақтынг шғармалары копшилик халқ массаларына толық тусиникли, жақын ҳамь женгил халқ тлименен жазылған болса, Ажинияздынг шғармаларынынг барлығы бирдей олай емес. Ажинияздынг шғармаларынынг гейпара жерлери халқтынг жоқары қатламынан шыққан талип илим (оқымыслы) адамларынынг тлименен жазылған. Буларда Шғыстынг классикалық адебиятынан кирген созлер, образлар коп ушрасады. Мсалы, „Бозатау" поэмасында:

Кирпиги оқ анынг, қашлары каман,
Жузлери қырмызы, хуршиди табан,
Лейли-Зулайхадай не гоззал жанан,
Асир болып қолға тусти, Бозатау.

Нешше уақ жерингде хамьсухбет қылдым,
Шады-хуррам болып ойнадым, кулдим,
Душпанлар жабринен кетермен болдым,
Ҳош аман бол, бизден қалдынг, Бозатау[1]).

Ал Бердақ шғармаларынынг тли буған қарағанда озгеше.

Екиншиден, Ажинияз шғармаларынынг тематикасы жалпы ел, халқ туралы болып келсе, Бердақтынг шғармаларынынг тематикасы—минеткеш халқтынг аур

---

[1]) „Қарақалпақ халқ творчествосы", Торткул, ККГИЗ, 1940, 45 бет.

турмысы, эксплуататорларға қарсы гуреси болып келеди.

Бердақтыг адеби стилининг озгешеликлерин жолдас Н. Дауқараев дурыс корсетеди: „Бул озгешеликлер нелерден ибарат? Енг алдыменен, Бердақтынг тематикасы минеткеш халқтынг аур турмысы, аянышлы, мунглы арзу-арьманы, азатлық ушын гуреслери. Екиншиден, Бердактынг шғармаларынынг қаҳарманлары—минеткеш халқ, сол минеткеш халқтан шғып, азатлықты арьман еткен адамлар. Ушиншиден, Бердақтынг шғармаларынынг мазмуны—адиллик, хақлық, оптимистикалық, гуманистлик, халқлық—демократиялық идеялар менен толы. Тортиншиден, Бердақтынг шғармаларынынг копшилиги бай ауз адебиятына тикарланған. Мне бул жағдайлардынг барлығы қосылып, Бердақтынг адеби стилининг озгешеликлерин тудырады"[1]).

## Бердақ шғармаларынынг жанрлары менен тематикасы

Бердақтынг поэтикалық формаларын тексерип қарасақ, бул формалар ҳарь алуан, коп турли екенин коремиз. Асресе Бердақтынг шғармаларынынг жанрлары коп турли. Егерде басқа қарақалпақ шаирлары (Ажинияз, Кунхожа, Огеш ҳамь басқалары) тек лирикалық қосықлар ғана жазған болса, Бердақ қарақалпақ адебиятын турли жанрларменен байытты. Бердақтынг шғармаларында томендеги турлердинг бар екенин коремиз:

а) Лирикалық қосықлар („Омирим“, „Халқ ушын“, „Жақсырақ“, „Керек“, „Салық“ ҳамь басқалар). Тағыда бул лирикалық қосықлардынг озининг бирқанша турлери бар: сияси ямаса граждaнлык лирика, табиғат жониндеги (пейзажлық) лирика, муҳаббат лирикасы ҳамь басқалар.

б) Эпослық шғармалар („Шежре“, „Айдос би“, „Ахмак патша“, „Еркебай“).

в) Дидактикалық (насият беруши) қосықлар, („Балам“, „Надан болма“, „Билгейсиз“ ҳамь басқалар).

[1]) *Н. Дауқараев.* Бердак шаир, Нокис, 1950, ҚҚМБ, 47 бёт



г) Юмор ҳамь сатира („Муйтен“, „Бизге“, „Бленсенгбе“ т. б.).

д) Турмыс картиналарын суретлейтуғын қосықлар („Шғырым“, „Оғизим“, „Тойда“, „Сықмар екен“ ҳамь т. б).

е) Булардан басқа Бердақтынг айрым шғармаларында драмалық элементлер-де бар („Раушан“, „Айдос баба“). Бул шғармалар еки адамнынг айтысуы (диалог) туринде жазылған.

Мне бул турлердинг ҳарқайсысы Бердақтынг шғармаларында адеур кенг турде рауажланған.

## Бердақтынг лирикасы

Лирика айем заманлардан бери шаирдынг субъективлик ой-сезимлерин билдиретуғын жанр болып келеди. Бул ой-сезимлер қаншелли уллы, кенг болса, қаншелли коп адамлардынг ой-сезимлерине туры келсе, соншелли кушлирек, копшиликтинг кокрегине қонымлырақ, тусиниклирек болады. Шаирдынг ой сезими каншелли бай болса, онынг лирикасы сонщелли аҳмиетли, кушли болады.

Бердақтынг лирикасынан онынг ишки сры, ой-сезимлери, тлек-арьманы, басынан кеширген ислери анық коринип отырады.

Бердақтынг коп қосықлары сияси ямаса граждaнлық лирикаға жатады. Оларда шаирдынг озь басынан кеширген ой-сезимлери, сондай-ақ жамиетлик қубылысларға козқарасы коринеди.

Адебият тарихында сияси лирика жамиеттинг класларға болинуименен бирге келип шғады ҳамь жамиеттеги гуресті корсетуши болады.

Бердактынг сияси лирикасы халқ душпанларын, эксплуататорларды аяусыз жеккорушилик, минеткеш халктынг аянышлы турмысына жаны ашығанлықты корсетеди. Бул лирика қарақалпақ халқынынг арасында класслық гурестинг кескинлесуин, минеткешлердинг эксплуататорларға, ханларға, аталық, билерге қарсы ошпенлилигин корсетеди. Бул лирика арқалы езуши классларға қарсы наразылық корсету қарақалпақ халқынынг XIX асирдеги экономикалық, жамиетлик, сияси жағдайларынан дореген.

Бердақ сияси (гражданлық) лириканынг асқан шебери. Онынг „Халқ ушын“, „Жақсырақ“, „Омирим“, „Коринди“, „Заманда“, „Салық“ деген белгили қосықлары сияси (гражданлық) лириканынг шын улгиси болып табылады. Бул шығармалар бастан-аяқ гражданлық, жамиетлик мотивлер, халққа хызмет ету, эксплуататорларға қарсы гуресу идеясыменен толған.

Бердақтынг лирикасы озининг гражданлық мотивлери менен оқушыны озине тартады.

Бзинг классик шаирларымыздынг лирикалық қосықларын, уллы рус шаирларынынг лирикалық қосықларын оқығанынгда, олардынг шығармаларындағы гражданлық, жамиетлик мотивлер басым келетуғын қосықлары озинге жақын екенлигин сезесенг.

Поэзиянынг енг биик шнгы барлық заманларда ҳамь барлық уллы шаирларда гражданлық поэзия болып келди. Бердақтынг поэзиясы да кобинесе гражданлық поэзия болып табылады. Бердақтынг шығармаларынынг ишинде социаллық ҳамь жамиетлик мотивлер басым болмаған шығармасы жоқ. Онынг қайсы шығармасын алсанг-да гражданлық мотивлер, жамиет турмысы созь болады. Сонлықтан-да Бердақтынг творчествосы улкен омирлик ҳамь тарбиялаушылық аҳмиетке ие.

Уллы рус шаиры А. С. Пушкин озь творчествосынынг енг улкен қасиети—жамиет ушын, халқ ушын хызмет еткенлигинде, озининг лирикасыменен азатлықты жырлағанлығында, адамларда жақсы сезим оятқанлығында деп билди. Онынг озь творчествосынан жумақ шығарған белгили „Естелик“ деген қосығын еске тусирудинг ози жеткиликли. Онда шаир: мен озиме қол жетпейтуғын биик естелик орнаттым, азатлықты жырладым, халқ ҳешуақытта-да мени умытпайды, мен озь лирикамменен ксилердинг жақсы сезимлерин ояттым,—деп жазған еди. Сондай-ақ Н. А. Некрасов: „Мен лирамды озь халқыма бағышладым“,—деп жазған еди.

Бердақтынг шығармаларынынг нешше он жыллардан бери халқтынг ядында умытылмай сақланып киятырған себеби, бул шығармалардынг теренг ой-пкир байлығында, коркемлик формасында, халқтынг тлек арьманына жуап беретуғын прогрессивлик, гуманистлик идеяларын да деп блу керек.

Бердақтынг шығармаларынынг басқа гейпара шаирлардикинен айырмашылығы бул шығармаларда жамиетлик мотивлердинг басым болып отыруы. Феодаллық тартипти жырлайтуғын сарай шаирлары озлерининг шығармаларында жамиетлик гурестен шетленип, тек ашықлықты, сулулықты жырлайтуғын таза искусствонынг позициясына тусип кететуғын ямаса турмыстан тунгилу (пессимизм) ҳамь саруайымшылықты пропагандалайтуғын еди. Бердақтынг шығармалары олай емес. Ол бастан-аяқ минеткеш халқтынг мапин жақлап, поэзияны халқ ушын доретуши болды. Сонлықтан Бердақтынг творчествосы формасы ҳамь мазмуны бойынша теренг халқлық творчество болып табылады.

Бердақ шығармаларында табиғат лирикасы-да белгили орын алады. Бундағы пейзаж ешейин табиғат коринислерин пассив созерцательный турде суретлеу объекти емес, ал шаирдынг тикарғы идеясына бағындырылған. Бундағы пейзаж сияси лириканынг элементи ретинде қолланылады. Бундағы табиғат қубылыслары шаирдынг тикарғы сияси идеясын билдиретуғын символ ретинде хызмет етеди. Мсалы, Бердақтынг „Жаз келерме“ деген қосығында жарлы халқты аяусыз қысқан қаҳарли қыс, сурапыл даул, жер жузин қаплаған қара думан—Бердақтынг жасаған заманындағы жамиетлик-сияси ауҳалды билдиретуғын символ ретинде алынған. Ал, усындай қаҳарли қыста „жудеген“ жарлы халққа „жайнап, кулип келетуғын жазды“ кутуи „омиринше хорлық корген пухараға“ бахытлы, азатлық заман тлеген арьманын билдиреди. Бердақ бул шығармаларында озинен бурынғы қарақалпақ шаирларынынг шығармаларында болмаған табиғат коринисин, қысқы пейзажды қута шеберликпенен суретлейди:

„Даул болды, ургин урди.
Қосымнынг қамысын турди,
Думан басты аспан-жерди,
Пухараға жаз келерме.

Қара суық қысты елди,
Бултлар басып тенгиз, колди,
Абжамилдинг улы олди,
Биз сорлыға жаз келерме.

Аспан, жерди басты булыт,
Среспе болды дунья, журт,
Етемен еле-де умит,
Биз сорлыға жаз келерме.

Тенгиз ашшы, су сорлақ дуз,
Костынг иши болып тур муз,
Енг жаманы болып турь гуз,
Қыслар отип жаз келерме.

Қаранглар ҳаслы-затыма,
Фарьяд еткен шын дадыма,
Жүдеген бул елатыма,
Жайнап-кулип жаз келерме [1])

Шаирдынг бул пейзажды суретлеген қосығы ешейин табиғат қубылысын баянлау емес, ал, Пушкиннинг „Деревня" деген шығармасы сияклы, сияси лириканынг улгиси. Шаир бунда табиғат қубылысын суретлеу арқалы озининг тикарғы идеясы болған жарлы халқтынг турмысын суретлеп, озининг тиқарғы арьманын—халққа бахытлы турмыс тлегин билдиреди:

Жанымды алды ғран суық,
Зарпынан жарылды уык,
Омиринше корген хорлык,
Пухараға бақ келерме[2])

Мне „Жаз келер-ме" деген қосығынынг ҳаслы маниси усында.

Бердақтынг басқа шаирлардан бир озгешелиги Бердақтынг шығармаларында муҳаббат лирикасынынг кем ушырасуында. Ҳазирги табылған Бердақтынг шығармаларынынг ишинде муҳаббат (ашықлық) лирикасы оғада аз ушырайды. Бердақтынг шығармаларында муҳаббат лирикасынынг басқа шаирлардағыдай коп болмауынынг себеби, бзинг ойымызша, Бердақтынг творчествосында жамиетлик мотивтинг басқа шаирларға қарағанда басым болғанлығында деп блу керек. Бердақтынг бир қатар шығармаларында ҳаял-кызлардынг образын

[1]) *Бердақ* Тангламалы шығармалар жинағы, 106—107 бетлер.
[2]) *Бердақ*. Тангламалы шығармалар, 37 бет.



улкен жыллы сезим менен ҳамь кута шеберликпенен суретлеуине қарамастан, бул шығармаларды муҳаббат лирикасы деп есаплауға болмайды. Себеби шаир буларда таза муҳаббат сезимлерин жырлаудан коре ҳаял-қызлардынг жамиетлик ролин, олардынг аур турмысын суретлеу жағына тикарғы кеул боледи.

## Бердақтынг шығармаларындағы юмор ҳамь сатира

Бердақтынг шығармаларындағы юмор ҳамь сатираны тексеруге криспестен бурын юмор менен сатиранынг улума теориялық белгилеуине ҳамь класслық аҳмиетине тоқтап отемиз: юмор кулкили шығармалардынг бир тури. Белгили оқымыслы, адебият теориясын изертлеуши И. А. Виноградовтынг белгилеуи бойынша жазушы адамды, бир жағынан, кулкили етип корсетсе, екинши жағыннан, ол адамға жаны ашыса, ондай шығарма юмор деп аталады. Блайынша айтқанда юмор—бул жазушынынг бреуди далкек ету ушын кулки-ҳазил ретинде жазған шығармасы. Мсалы, Бердақтынг „Бизге" деген шығармасы да юморға жатады. Бунда шаир озининг бир кулкили ауҳалға тускен уақиясын суретлейди ҳамь озининг минети зая болғанлығына жаны ашиды.

Бракта Бердақта юмордан горе сатиралық шығармалар коп гезлеседи.

Сатира юмордан басқаша. Турмыстағы жаман, жеркенишли ҳадиселерди жеккору ямаса масқаралау сезимин билдиретуғын суретлеу усылы сатира деп аталады. Егер юморлық шығармаларда автордынг озининг суретлеген адамына жаны ашитуғын болса, сатира туринде суретлегенде, сол суретлеп отырған турмыс ҳадиселерин бикарлайды ҳамь оларды жоқ ету ушын гуреседи.

Сатира шаирдынг дуньяға козқарасы озь заманындағы устем класстынг тлегине қайшы келуден туады. Шаир озь творчествосында сатира усылын колланып, озине қарсы класстынг жаман, жеркеншли жақларын халқ алдында масқаралап кулки қлу арқалы озь душпанларына қарсы гуреседи.

Қарақалпақ адебиятында сатира жанры фольклорда ҳамь Бердақтан бурынғы жазба адебиятта-да болған.

Фольклордағы сатиралық шғармаларда минеткеш халқтынг уакиллери езуши классларднынг адамларынынг, байлардынг, молла-ишанлардынг, би-атқамнерлердинг зулымлығын, жатыпишерлигин, еки жузлилигин ашкаралап кулки қлады. Мсалы, Омирбек лаққы ҳаққындағы анггимелер, турли молла, ишан, супылардынг ҳарампейиллиги, екижузлилиги ҳаққындағы халқ ертеклери усы сатира жанрына жатады.

XIX асир адебиятында Отеш шаирдынг бирқатар шғармалары сатира туринде жазылған. Мсалы, онынг „Нуратдин“ деген шғармасында Нуратдин қусаған халқтынг козин бояп, мудамы отирик айтып, алдап журген молла-ишанлардынг жеркенишли мнезлерин масқаралап суретлейди.

„Аулымызда данг молла,
Айтатуғыны барьҳа „олла“,
Жалған айтып неше жола,
Дангмолламыз Нуратдин.

Отирик ғана оқып куран,
Ҳаркимге айттырып иман,
Уйине алмайды миман,
Дангмолламыз Нуратдин.

Адамға жараспас ойлы,
Томардай гужирейген мойны,
Кун ара алар бир койды,
Дангмолламыз Нуратдин.

Собрайған сопақ бойы бар,
Ойлаған бузық ойы бар,
Ушь жузь отыз бес қойы бар.
Сонда-да „аш“ Нуратдин[1])

Бердақ Қарақалпақ адебиятында юмор ҳамь сатира жанрын бурынғыдан-да рауажландырды. Бердақ озь заманындағы эксплуататор классларднынг: байлардынг, молла-ишанлардынг, би-аталықлардынг, болыс-ақсакаллардынг жаузлығын, сықмар, ашкозлигин, екижузлилигин ашшы тил, откир сeзбенен туйреп, журтшылық алдында ашкаралап отырды.

Бердақтынг творчествосында юмор ҳамь сатира корнекли орын алады. Маселен, Бердақтынг улума саны 70—ке жақын шғармаларынынг ишинде юмор ҳамь сатира туринде жазылғанларынынг саны 16-ға жетеди.

Бердақтынг сатиралық шғармаларынынг улгиси ретинде онынг «Сықмар екен“ ҳамь „Тойда“ деген қосықларын корсетуге болады. Бунда Бердақ Алимбай ҳамь Қулманбай қусаған байлардынг сықмарлығын, екижузли мунафықлығын ашшы, откир тилменен масқаралап корсетеди:

Тойға шақырмай бизлерди,
Тынгламай айтқан созлерди,
Жумып пшықтай козлерди,
Алимбайынг сықмар екен.

Алимбай той берди, дейди,
Аш-арықты корди. дейди,
Халқ шақырып журди, дейди,
Бул айтқан созь бикар екен.

Конақларға тгилци уй,
Қойды жеди аталық, би,
Жума куни басланып той,
Сол ақшам тарқаған екен.

Созлеримди отыр бақлап,
Душпанлар журь уйди жақлап,
Қонақларын аштан каклап.
Жеуге ас таппаған екен.

Зинети сонынгдай артты,
Қонақларын дым „жарытты“.
Он бес ара табак тартты,
Несибе сол болған екен.

Адамлар бары уйилип,
Ортаға ке-ип жиылып,
Гуртикке калды туйилип,
Жуда қиын болған екен.

[1]) Отеш шаир. Танглаулы шғармалар, Нокис, 1948, 13- 14 бетлер.

Алимбайынгнынг бети жоқ,
Табаққа салған ети жоқ,
Адам болу нияти жоқ,
Ҳасылы жоқ сықмар екен[1])

Сондай-ақ „Тойда“ деген қосығында Қулманбайдынг болыс-ақсақалларға коп мал сойып берип силап, ал басқа халққа ҳаттеки бламық-та жетпей қалып, тобелес болғанын суретлейди:

„Кокпар шабылды, той болды,
Каткударларға сый болды,
Жуери гоже мол болды,
Бламық қалмаған екен.

Келипти болыс, аксақал,
Оларға сойыпты коп мал,
Бламықпенен бзинг хал,
Сол кун ақшам откен екен.

Бламық писти қазанда,
Куйып бердилер азанда,
Тоймай Кулымбет жазған-да,
Бир балени тапқан екен.

Бламыққа аузы куйип,
Енгкейгенде мурны тиип,
Ашуланып, қабақ уйип,
Бир ойқанды салған екен.

Қолына алып табақты,
Токти берген бламықты,
Келгенлерди урып жықты,
Киян-кескин қылған екен.

Қонақ қлып хеш кутпеди,
Бир онглы хызмет етпеди,
Бламық еркин жетпеди,
Жарманы аз салған екен.

1) *Бердақ*. Тангламалы шығармалар, 179—180 бетлер.



Бизлер келдик тойханаға,
Жарма берди конақларға,
Налет болсын Кулманбайға,
Тенг кормеген ҳаммелерди [1]).

Сатиранынг енг кушли тури Бердақтынг „Блесенгбе,“ „Адил қалмақ“, „Терис қайтқан“, „Хожам“деген шығармаларында берилген. „Блесенг-бе„ деген қосығын да шаир арсыз, надан, сқылсыз, ахмақ байдынг жеркенишли образын суретлеп масқаралайды.

„Адил қалмақ“ деген қосығында жауз ақсақалдынг ел билеудеги зулымлығын, жаузлығын сатиралық турде суретлейди. „Терис қайтқан“, „Хожам деген“ қосығында диншилликти бет перде қлып, надан халқты алдап журген хожа, супылардынг ҳарампейллигин, есуаслығын ашкаралайды.

## БЕРДАҚ ШҒАРМАЛАРЫНЫНГ ТЛИ

Бердақтынг шғармалары қарақалпақтынг адеби тлин рауажландыруда улкен орын тутты. Қарақалпақ халқынынг ҳазирги заманғы адеби тли, озининг структурасы ҳамь тикарғы созлик фонды жағынан Бердақтынг тлинен айырмасы коп емес. Брақта қарақалпақ тлининг созлик составы Уллы Октябрь социалистлик революциясынан кеин Совет власты уактында қарақалпақ халқынынг экономикасы менен мадениятынынг осуименен бирге олшеусиз байыды. Тлимизге илим ҳамь техниканынг, адебият ҳамь искуствонынг барлық тараулары бойынша оғада коп жанга созлер қосылды. Сонынгменен бирге ески заманнынг сияси-жамиетлик қурылысын корсетегуғын бирқатар гонерген созлер қарақалпақ тлининг созлик составынан шғып қалды. Брақта қарақалпақ тлининг тикарғы созлик фонды, онынг грамматикалық структурасы тикарынан алғанда XVIII—XIX асирлердеги қарақалпақ адебият классиклерининг ҳамь асресе Бердақтынг тлинен коп узақлап кеткен жоқ.

Бердақ озь халқынынг тлин бурынғы устем класс қолланып журген, халқ массаларына тусиниксиз араб,

1) *Бердақ*, Тангламалы шғармалары, 174. бет.

парсы созлеринен тазартуда, халққа нағыз тусиникли, женгил тилди рауажландыруда коп минет сингирди. Сонлыктан ол озь шғармаларын халқтынг сойлеу тлименен, женгил, тусиникли тилменен жазды.

## БЕРДАҚТЫНГ ТЛИНИНГ СОЗЛИК СОСТАВЫ

Бердақтынг тлининг созлик составы қандай деректерден қуралған? Бердақтынг шғармаларын зеин салып оқып қарағанымызда, Бердақтынг созлик составы тикарғы еки деректен жиналғанлығын коремиз.

Бердақтынг тлининг бринши тикарғы дереги-халқ творчествосы, қарақалпақ халкынынг сойлеу тли ҳамь қарақалпақтынг XVIII—XIX асирлердеги классикалық адебияты. Бердактынг шғармаларынынг созлик составын изертлеп қарағанымызда, онынг озинен бурынғы халқтынг аузеки творчествосын, халқтынг созь байлығын ықласпенен уйренгенлигин, озлестиргенлигин коремиз. Халқ даналығы, халқтынг нақыл-мақаллары, фольклорлық шғармалардынг коркемлеу қураллары (тенгеу, эпитет, алмастыру ҳамь басқалар) Бердақтынг шғармаларынан кенгнен орын алған.

Бердақтынг шғармаларында: „Ер туар ел ушын“, „Ердинг ози олседе сози олмейди“ „Ер жгиттинг ҳаял атын шғарар“, „Заман қалай заман болды, қарағай басын шортан шалды“, „Тойға барсанг бурын бар“, „Жгит қанаты ат болар“, „Онгламаса ҳақ исингди, бламық сындырар тсингди“, „Ҳаял алсанг жақсыны ал, коркин алма, мнезин ал“, „Бори арығын билдирмес“ деген сияқлы халқтынг нақыл созлери коп ушырасады. Бул нақыллардынг копшилигин Бердақ озинше озгертип, қосықтынг уйқасына қайымластырып алған. Брақ сойтседе халқ нақылларынынг тикарғы маниси озгермеген.

Сонынгменен бирге Бердақтынг ози-де халқтынг нақыл-мақал созлерине тикарлана отырып озь жанынан турлише ақыл-нақыл созлер, афоризмлер дореткен. Бердақтынг насиҳат берип айтқан бул созлери халқтынг нақылларындай-ақ шаирдынг коп жылғы турмыс тажрибесинен шғарған жумағы болып, халқ арасында нақыл созге айналып кеткен. Мсалы, Бердақтынг коп шғармаларында мнадай нақыл-мақал, насиҳат созлери бар:



„Ойлы жгит жақсы, блимпаз келер.
Айтқан гаплеринге тусимпаз келер“.

„Ақыллы адам созь ертпейди изине,
Шоль салмас ярынынг харгиз козине.

„Жақсынынг уйине адам коп келер“,

„Жақсы адам душпанларын кулдирмес,
Қолдан келсе оған дауран сурдирмес“.

„Гош жгитке қостар болса елаты,
Кун-куннен артады онынг куаты“,

„Матрть жгитлер халқ исине тақ турар“,

„Жақсы адам созь манисин англайды,
Жаман адам пасық созди тынглайды“,

„Жақсы адам жағар ширин жанынга,
„Жаман адам бояр қзыл қанынга“.

„Жаманларцы журт жек корер пейли ушын.“
„Залымнан ул туса атаға тартар.
Кун санап газзаплық ҳикмети артар“,

„Жонсиз кырқ кун кайғы-уайым шеккеннен,
Денсаулықта бир кун шадлық жақсырақ“.

„Жумыс исле, туылған сонг ел ушын,
Жанынгды аяма елде ер ушын“.

„Ер болсанг елингди бақла,
Елдинг берген дузын ақла,
Достынг срын беккем сақла“.

„Пейлинг кетип, напсингди ашпа,
Малым бар деп толып таспа,
Жарлыны аяққа баспа“.

„Колынгды узбе ел-елаттан,
Қашық журме жамааттан“.

„Парқы болар созь дегеннинг,
Нырхы болар бозь дегеннинг,
Халқынг болсын излегенинг“,

„Жаманларға срынгды айтпа,
Келген жерде созден қайтпа,“

„Копти қасынгнан қашырма,
Барынгды жоқ деп жасырма“.

„Ойланбастынг туби уайран,
Ахыр бир кун болар ҳайран“.

„Басынгды қос жақсы доска,
Дос таппай хамь журме боска“.

„Жалғызбан деп жалтақлама,
Коппенғой деп талтақлама“.

„Ата-анангды қадирле,
Олгенингше жақсы сойле,
Мал тапсанг торқаға боле“.

„Молла болсанг илимди тут,
Жалғыз озинг болмайсанг журт“.

„Дос болсангыз сондай бол,
Геудеде ширин жандай бол“, хамь т. б.

Бердақтынг коп шғармалары фольклорменен тғыз байланыслы. Олардынг коркемлеу қураллары (эпитетлери, тенгеулери, алмастыру т. б.) кобинесе фольклордан алынып отырады„(арыслан“, „гул“, „билбил“, „сунгқар“, „қаршыға“ т. б.). Фольклорлық шғармаларда коп гезлесетуғын турақлы қайталаулар Бердақтынг шғармаларында-да коп гезлеседи, мсалы: „қанатынан қайрылып, туяғынан майрылып“, „Шмырқанып шадланып, буырқанып, бурқанып“ дегенлер сияқлы. Сондай-ақ фольклорда коп гезлесетуғын: „қзыл тил“, „қара жер“ сияқлы турақлы эпитетлер-де Бердақтынг шғармаларында коп қолланылады.

Бул айтылғанлардан Бердақтынг созлигининг тикарғы сағасы халқ творчествосы екенлиги айқын коринеди.

Бунынгменен қатар, Бердақтынг созлигининг екинши дереги—Шғыс халқларынынг адебияты арқалы кирген бирқанша шет созлер бар екенлигин коремиз. Булардынг копшилиги араб, парсы созлери ҳамь озбек,



туркмен сияқлы қонгсы халқ тиллеринен кирген соз-лер. Мсалы: „мохмин“, „тамизкар“, „тасин“, „гине“, „пери“, „хурь“, „ағла“, „захмет“, „маҳитабан“, „ҳам-сухбет“.

Бракта бундай шет созлер Бердақтынг шғармаларында коп емес.

Егерде биз Бардақ жасаған замандағы сияси-жамиетлик ҳамь мадени жағдайларды еске алсақ, Бердақтынг шғармаларында бундай айрым шет созлердинг болуы табиғи нарсе екенлигин блемиз. Бердақтынг даури—Қарақалпақстанда эксплуататор класслардынг мапине хызмет ететуғын ислам динининг тасири оғада кушейген, халқ арасында дини фанатизмнинг кенгнен орын алған дауир еди.

Бердақ ески мешит-медреселерде оқып сауатын ашты. Бул мешит-медреселерде супылық, мистикалық, қарангғылық, схоластикалық идеяны жырлайтуғын Супы Аллаяр, Хожа-Ахмет Яссауи, Сулайман-Бақырғаны сияқлы мистик шаирлардынг шғармалары ҳамь „Шарктап“, „Мухтасер“ усаған дини ктаплар тикарғы орын алатуғын еди. Усындай жағдайда Бердақтынг дини мистикалық идеяларға берилмей, „шарктаптан тура қашып“, Науайы, Фзули, Махтумқулы қусаған туысқан еллердинг белгили классик шаирларынан улги алуы—Бердақтынг жас уақыттан-ақ дурыс бағдар алғанын ҳамь Шғыс еллери мадениятынынг енг алдынгғы қатардағы прогрессивлик элементлерине умтылғанын корсетеди. Советлик Шғыстағы туысқан озбек, туркмен, тажик ҳамь азербайжан халқларынынг Низами, Фердауси, Науайы, Фзули Махтумқулы, Хафиз сияқлы атақлы шаирлары бугинги кунде бзинг барлық советлик туысқан еллеримиздинг енг ески, қадирли ғарры классиклери саналып отыр. Мне Бердақ усылардан уйренди, улги алды, оларды озине устаз деп санады.

Жоқарыда корсетилген бирқанша шет созлер Бердақтынг шғармаларына усы шаирлардан улги алу арқалы кирген. Ал Супы Аллаяр, Хожа-Ахмет Яссауи қусаған дини мистикалық шаирлардынг Бердақ атын-да атамайды. Бердақтынг шғармаларына олардынг ҳешқандай тасири де тиген жоқ.

Бердақтынг копшилик шғармаларында диннинг тасыри, „аулие“, „пайғамбар“, „кудайға жалбарыну, „таубе“, „ибадат“, „қиямет“. „ахырзаман“ дегенлердинг ҳеш-

бир белгиси жоқ. Бирқатар шғармаларында орын алған қайғы-ҳасирет, зарығу, мунгаю сияқлы мотивлер минеткеш халктынг оғала аур ауҳалына Бердақтынг жаны ашығанлықтан, соларды қайғырғанлықтан туған. Бракта бул қайғы-ҳасирет турмыстан тунгилушиликти (пессимизмди), умитсизликти, сарыуайымшылықты корсетпейди. Қайта, мудамы гуреске шақырып, алдағы жақты кунге исеним туғызып отырады.

## БЕРДАҚТЫНГ ШҒАРМАЛАРЫНДАҒЫ КОРКЕМЛИК СУРЕТЛЕУ ҚУРАЛЛАРЫ

Поэзиянынг қара созден айырмасынынг бри—поэтикалық тилдинг суретлеу қуралларында. Шаир озининг суретлемекши болған уакиясын яки айрым адам образын, затты оқушыға айқын, жанлы турде корсету ушын тилдеги ҳархилы суретлеу куралларын: эпитет, тенгеу, алмастыру, кейплеу, т. б. сияқлыларды қолланады. Бердақтынг коркем тли озь алдына кенг турде изертлеуди талап қлады.

Биз бунда Бердақтынг шғармаларында енг коп гезлесетуғын айрым суретлеу қуралларына қысқаша тоқтап отемиз.

### Эпитетлер

Бердақтынг шғармаларында эпитетлер корнекли орын алады. Мсалы, Бердақ залымлардынг озине жабру-зулымын айта келип:

Сондай болса-да жумыр бас,
Жарылмады бул қара тас[1]) —дейди.

Бундағы „жумыр" деген созь эпитет. Тағыда бул жерде халқтынг „Тас жарылса-да, бас жарылмайды" деген нақылын кута орынлы қолланған.

Бунынгменен катар Бердақтынг шғармаларында халқтынг ауз адебиятынан алынған турақлы эпитетлерде коп ушырасады. Мсалы:

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалар, 49-бет.



„Кеул деген—қзыл гул,
Сойлесе сайрар қзыл тил"[1])

„Қара думан қашан кетер,
Сонген шрақ жанған емес"[2]).

„Жабыққан қара кунлерим"[3]).

Бул келтирилген узиндилердеги „қара", „қзыл" деген созлер—турақлы эпитетлер.

„Қара" деген созь халқтынг тлинде коп нарселерге спатлау ретинде қолланыла береди: „қара думан", „қара жер" „қара кун", „қара қазан" (суық манисинде), „қара суық" т. б. Бул созлердеги „қара" сози турақлы эпитет болып табылады. Сондай-ақ „қзыл" деген созь-де коп созлерге турақлы эпитет ретинде қолланылады.

„Ақша аттынг белине,
Айылды беккем шалады"[4]).

„Менде болды енг жуйрик тил,
Ашылмады бағымда гул"[5])

„Ие болып алтын тахтқа,
Заҳарин жайып талай халққа"[6]),

„Теренг ақыл керек созди дизбеге,
Тнық хиял керек барин сезбеге"[7])

Усы узиндилердеги асты сзылған „ақша", „жуйрик" „алтын", „теренг», „тнық" созлери эпитет болып табылады

Бунынгмеен бирге Бердақтынг шғармаларында қурамалы (сложный) эпитетлер-де гезлеседи. Бир гаптинг ишинде бир созге бирнеше эпитет берилген болса, қурамалы эпитет деймиз. Мсалы:

[1]) *Бердақ*. Тангламалы шғармалар, 274 бет.
[2]) Бул да сонда 53 бет.
[3]) Бул-да сонда, 41 бет.
[4]) *Бердақ*, Тангламалы шғармалар, 255 бет.
[5]) Сонда, 331 бет.
[6]) Сонда, 332 бет.
[7]) Сонда, 47 бет.
[8]) Сонда, 59 бет.

„Қаранғы қаплаған қайғы заманда»[1]) деген гапте „заман“ созине еки эпитет берилген („қаранғы қаплаған заман“, „қайғылы заман“).

## Т е н г е у л е р

Бракта Бердақтынг шғармаларында эпитетке қарағанда тенгеулер менен метафоралар анағурлым коп ушырасады. Бердактынг шғармалары тенгеу менен метафораларға кута бай. Бердақтынг шғармаларында тенгеулер „дай-дей“, „тай-тей“ жалғаулары арқалы хамь „янгли“, „кусап“, „мегзер“, „кби“ деген созлер арқалы жасалады. Мсалы:

„Жгит болсанг **арыслан**дай туылған,
Хызмет еткил удайына халқ ушын“[2])

„**Кустай** ушып жанувар,
Ескен **желдей** гуледи“[3])

„Ырза, Торе баланынг,
Еки жакка екеуи,
**Ак теректей** сулады“[4])

„Супы, ишан, ахун жане моллалар,
Козлериме **шайтан янглы** коринди[5])

„Ким жғып, кми жғылып,
**Нар кусап**, шайнасты бугин“.[6])

„**Лашын кби** кокке ушып“[7]).
„Қызларынг шғады геурек жемеге,
Барлығы сқылсыз **шортанға мегзер**“[8]).

Мне усы келтирилген узиндилерде асты сзылған созлер—тенгеулер.

Бердақтынг шғармаларында усындай айрым созлер

---

[1]) *Бердақ,* Тангламалы шғармалар, 59 бет.
[2]) Сонда, 33 бет.
[3]) Сонда 265 бет.
[4]) *Бердақ,* Тангламалы шғармалар, 165 бет.
[5]) Сонда, 58 бет.
[6]) Сонда, 95 бет.
[7]) Сонда, 175 бет.
[8]) Сонда, 178 бет.



арқалы жасалатуғын тенгеулерменен қатар бир нарсени бирнеше нарсеге тенгейтуғын кенгейтилген тенгеулер-де бар:

Дуньясы курысын қазан урғандай,
Жасауллар найза алып турғандай,
Кара басқа ақырзаман курғандай,
Заман маған қара думан коринди[1]).

Бердақтынг шғармаларындағы тенгеулер қалай болса солай гез келген нарсени тенгеу ушын ала салған созлер емес. Ал бул тенгеулер маниси жағынан кута орынлы, шғарманынг идеясын оқушыға кута айқын, жанлы етип корсететуғын тенгеулер екенин коремиз. Бердақтынг қай шғармасындағы тенгеулерди алып қарасақ-та, олар шғарманынг идеясына толық сайкеслеnип алынған. Бердақтынг коп тенгеулери халқ душпанларынынг жауызлық образларын кута айқын ашып корсетеди. Мсалы, „Ахмақ патша“ дасьтанында жауз зулым ахмақ патшаны заҳарли сур жланға тенгейди:

„Зорлық еттинг жас жаныма,
Тоймадынг қзыл қаныма,
Оралдынг келип мойныма,
Нак сур жлан сен екенсенг“[2]).

„Коринди“ деген шғармасында халқты коп жлатқан залым аталық, ханларды заҳарли жлан-шаянға тенгейди:

„Адамға миримсиз жаллатлар, жаулар,
Халқты коп жлатқан аталык, ханлар,
Басқа аур қайғы салды залымлар,
Козлериме жлан-шаян коринди“[3]).

Бул тенгеулер, халқ душпанларынынг халқты заҳарли жлан-шаяндай шағып, қанын сорған залым ханлардынг, би аталықлардынг образын кута дурыс ҳамь айқын корсетип береди.

Диншиликти бет перде қлып, надан халқты „олла-билла“ деп алдап, козин бояп журген супы, ишан, аҳун, моллаларды шайтанға тенгейди:

---

[1]) *Бердақ* Тангламалы шғармалар, 57 бет.
[2]) Сонда, 353 бет.
[3]) Сонда. 56 бет.

„Ҳалын билмей, экир айтып „аллалар",
Адамларды алдап барха „оллалар",
Супы, ишан, ахун жане моллалар,
Козлериме шайтан янглы коринди"[1]).

Бул-да жақсы табылған тенгеу.

Бердақ ҳархилы социаллық группанынг адамларынынг образларын суретлегенде солардынг мнез-кулқына, ҳарекетине қарай харькайсысынынг озине ылайық тенгеу тауып суретлейди. Мсалы, Айдос би еки инисин олтирип, геллелерин кесип алып, ханға алып баратырғанда дослары оған блай дейди:

„Белингли нардай бугерсенг,
Кан корген малдай окирип,
Козингнинг жасын тогерсенг"[2]).

Мне бул тенгеулер, озь инилерининг геллесин кесип, қанын токкен Айдос бидинг образын суретлеу ушын кута орынлы тенгеулер.

Егер кушли, залым адамлардынг образын Бердақ усындай тенгеулерменен суретлесе, залымлардынг торына тускен Гулим қыздынг зорлыққа ушырағанын:

„Қыз жатты балықтай тулап,
Ети жулап, сынгсып жлап,
Жаллатлары колын таулап,
Шах билдигин еткен екен"[3])

деп суретлейди. Бул жерде Гулим қызды торға тусип тулапатырған балыққа тенгеуи қута орынлы ҳамь оқушыға кута айқын, жанлы картинаны елеслетеди. Жане-де бул тенгеу омиринше балықшылықты касип етип киятырған қарақалпақ халқына кута тусиникли тенгеу. Бердақтынг творчествосынынг милли озгешелиги усыннан-да коринеди.

Бул айтылғанлар Бердақтынг суретлеу усылларына қута шебер ҳамь сонынгменен бирге шын реалист шаир екенлигин корсетеди.

---

[1]) *Бердақ.* Тангламалы шғармалар, 58 бет.
[2]) Сонда,
[3]) Сонда, 351 бет.



## Метафоралар

Бердақтынг шғармаларында асресе метафоралар коп қолланылады. Метафора дегенимиз алмастыру манисинде қолланылатуғын создер. Метафора—бир нарсени сыртқы я ишки уқсаслығына қарап екинши нарсеге барабар қою, ямаса бир нарсенинг орнына екинши бир нарсени алмастырып қойып суретлеу. Маселен:

„Арыслан еди Ерназар би"—дегенде Ерназар биди арысланға барабар қояды. Бул жерде „арыслан еди" созлери—метафора.

Тенгеу менен метафоранынг екеуи бир-брине жақын нарселер. Егерде тенгеудинг—«дай-дей», „тай-тей" ҳамь басқа жалғаулары алып тасланса, ол тенгеу метафораға айналады. Мсалы:

„Ол арысландай айбатлы"—(тенгеу)
Ол—арыслан айбатлы—(метафора)

Бердақта метафоралар „еди", „болдым" ҳамь басқа-да қосымша созлерменен жасалады.

Бердақта биз мнадай метафораларды коремиз:

„Карағай емес, сокит болдым,
Қартанг емес, жгит болдым,
Таудан ушқан буркит болдым,
Қонар жерим болған емес"[1])

„Каршыға болдым, корықтым,
Томағам болып торықтым,
Тастай тунекке жолықтым,
Ҳешким қадирим билген емес"[2]).

„— Тарт қолынгды, гелленг кетер!—
Деди арыслан Ерназарби"[3]).

„Жгитлик деген нар екен,
Ғаррылық деген жар екен"[4].)

---

[1]) *Бердақ.* Тангламалы шғармалар, 49 бет.
[2]) Сонда, 50 бет.
[3]) Сонда, 225 бет.
[4]) Сонда, 82 бет.

„Алтын ҳарбир айткан созим,
Созим емес—олдур озим"[1]).

„Омир шад болмаса боларлар комир,
Созлерим—меруертдур айтылған ҳарбир"[2]).

Мне усы узиндилердеги асты сызылған созлер—метафоралар.

## Ирония, сарказм

Бердақтынг юмор ҳамь сатиралық шғармаларында ирония менен сарказм коп ушырайды. Ирония дегенимиз кекесин, „астарлы созь". Бунда создинг сыртқы курылысы бир нарсени яки бир адамды мақтап отырсада, ишки мазмуны бойынша ҳаслында ол нарсени кекетип, масқаралап отырса—буны ирония деймиз. Мсалы, Бердақ „Сықмар екен" деген қосығында Алимбай деген сықмар байдынг тойға шақырған қонақларына тамақ бермей аш қойғанлығын кекетип, масқаралап блай дейди:

„Зинети сонынгдай артты,
Қонақларын дым жарытты,
Онбес ара табақ тартты,
Несибе сол болған екен"[3]).

Мне бундай етип суретлеу ирония болады.

Сарказм—иронияның жоқарғы тури. Бунынг-да тикарғы маниси турмыстағы ҳадиселердинг жаман, жеркенишли жақларын масқаралау, кулу. Бракта ирония менен сарказмнынг айырмасы—егер иронияда создинг сыртқы қурылысы ашық турде кекесин болмастан, мақтаған сияқлы болып, буркемелеп, „астарлы созь" келетуғын болса, сарказм бир нарсени ашықтан-ашық масқаралайды. Сарказм ирониаға қарағанда откир, ашшы тилменен бериледи. Мсалы, Бердақтынг бир байды масқаралап жазған сатиралық қосығында:

---

2) *Бердақ*, Тангламалы шғармалар, 332 бет.
3) Сонда, 38 бет.
3) Сонда, 179 бот



„Мурнынг пушық, козинг соқыр,
Донгызлардай етер пыр-пыр,
Қалкандай боп қулағынг тур,
Келбетингди блесенг-бе?

Ҳарь қулағынг спырадай,
Аузынг улкен, ол урадай,
Сақалынг жаман сорадай,
Оныдағы блесенг-бе?

Жуап сорайсанг жыртиып,
Торде отырсанг кылтиып,
Қазақы каптай тылтиып,
Бар мушенгди блесенг-бе?

Қызларға жуап айтасанг,
Не бреуин мунгайтасанг.
Келбетингди ойламайсанг.
Наданлығынгды блесенг-бе?

Шешемен деп жыртанглайсанг,
Қотыр тайдай тыртанглайсанг,
Отирик айтып уялмайсанг,
Онындағы блесенг-бе?

Артық жеринг малынг копти,
Онындағы басқа жепти,
Менинг ушын салма епти.
Мен бир киммен, блесенг-бе?[1])

Мне Бердақтынг шғармаларындағы сарказмнынг улгилери усындай.

Булардан басқа Бердақтынг шғармаларында арттыру (гипербола), литота, антитеза, символ, аллегория, кейплеу сияқлы суретлеу усылары-да бар. Биз олардынг барлығына тоқтап отыра алмаймыз. Олар озь алдына изертлеуди керек қылады.

## Бердактынг қосық қурылысы

Бердақтынг қосықларынынг қурылысы силлабикалық қосық қурылысына жатады. Бул система қосық қатарларындағы буын санынынг бирдей болуына тикарлана-

---

1) *Бердақ*. Тангламалы шғармалар, 182—183 бетлер.

ды. Бундай қосық қурылысынынг белгиси уйқас (рифма) ҳамь қосық ырғақларынынг бунақларға болинуи болып табылады. Буын патлери, даус толқынлары тенг, бирдей болып келеди, ал улкен пать жолдынг енг ахырында болады.

Бердақ озь шғармаларында қосықтынг олшеуи жағынан қарақалпақ поэзиясына айтарлықтай жангалық киргизген жоқ. Ол озь қосықларын озинен бурынғы қарақалпақ ауз адебияты менен қарақалпақ шаирларынынг қосық олшеуи бойынша жазды. Бердақтынг қосықларынынг ҳаммеси дерлик 8 буынлы 4 қатарлы қосық, 7—8 буынлы терме толғау туриндеги ҳамь 11 буынлы 4 қатарлы қосық туринде жазылған. Қосықларынынг уйқасықлары кобинесе aaaб, аабв ҳамь еркин турдеги уйқас абвг болып келеди. Бирнеше мсаллар келтирейик:

### 8 буынлы 4 қатарлы қосыққа мсал:

„Қалем услап созлер жаздым,
Тасин етинг, жудеп аздым,
Мынгнан емес, жузден оздым,
Айтарым коп, тынгла, менинг“[1].)

### 7—8 буынлы терме-толғау туриндеги қосыққа мсал:

Ақылсыз туған Айдос би,
Еки ердинг гєллесин,
Бир қоржынға салады,
Беккем етип қоржынды,
Боктеруге тангады,
Шайтан жайлап ишимди,
Айрылдым,—деп—инимнен—
Айдос естен танады.
Бир заман жатып сол жерде,
Есин жинап алады[2]:

1) Бердак, Тангламалы шғармалар, 79 бет.
2) Сонда, 259 бет.



### 11 буынлы 4 қатарлы қосыққа мсал:

„Ак будайы турып, сулы сепкеннен,
Таза салы турып, шгин еккеннен,
Жонсиз кырк кун кайғы-уайым шеккеннен,
Денсаулыкта бир кун шаллык жаксырак“[1]).

Мне, Бердақ қосықтынг усы ушь турин қолланады.

Н. Дауқараев Бердақтынг қосық қурылысы ҳаққында блай деп жазады: „Асресе Бердақ 8 буынлы 4 қатарлы қосық турин коп қолланады, оны тағы да рауажландырды ҳамь жетилдирди Бул турлер копшилик массанынг оқуына, айтуына женгил, тусиникли еди. Сонынгменен қатар Бердақ бул турлердинг рифма, ритмаларына коп озгерислер киргизди. Бердақтынг озь козименен кормей, бреулерден еситуи бойынша жазған қосықларынынг тортинши қатарынынг сонгғы сози, яғни баянлауышы „екен“ деген комекши феил қосылуменен жасалады. Маселен, „болған екен“, „барған екен“, „корген екен“ кусаған[2]“).

Қарақалпақ поэзиясынынг, сондай ақ Бердақтынг қосықларынынг бир озгешелиги—4 қатарлы қосықтынг адетте дaслепки ушь қатары бри менен бри уйқасып келеди-де, тортинши қатары келеси куплетлердинг сонгғы қатарыменен турақлы турде уйқасып отырады.

Қосық уйқасларынынг бундай тури рус, қазақ, озбек ҳамь басқа коп халқлардынг поэзиясында ушыраспайды яки сирек ушырасады. Ал туркмен ҳамь қарақалпақ поэзиясында бул уйқас формасы тикарғы орын тутады. Булардан басқа тек Дағыстан халқларынынг поэзиясында уйқастынг усындай формасы қолланылады. Професор Л. И. Тимофеев Дағыстаннынг атақлы халқ шаиры Сулейман Стальскийдинг шғармаларын изерглегенде онынг қосықларында усындай уйқас формасынынг бар екенлигин корсетеди[3]).

Туркмен поэзиясында бул уйқас формасын коп колланған шаир Махтум Қулы еди.

Бердақ қосықларынынг тағы бир озгешелиги — шаир, адетте, шғарманынг кеининде сол шғармадан

1) *Бердақ*, Тангламалы шғармалар, 40 бет.
2) *Н. Дауқараев*, Бердак шаир, ҚҚМБ, Нокис, 1950, 47 бет.
3) *Л. И. Тимофеев*, Русская Советская литература, Москва, 1950 г., Учпедгиз, стр. 373.

белгили жумак шғарып, онынг тикарғы идеясын ашып береди. Сонынгменен бирге копшилик шғармаларында автор озининг атын атап корсетеди, гейпара шғармаларында онынг қай жлы жазылғанын корсетеди.

Бул озгешелик тек Бердақта ғана емес, ал Шғыс халқларынынг уллы классик шаирлары Низами, Науайы, Махтум-Қулы ҳамь басқаларынан киятырған традиция болып табылады. Науайы менен Махтум-Қулы шғармаларынынг кеининде мудамы олардынг атлары аталып, турли афоризмлерменен шғарманынг жумағы шғарылып отырады Бзинг заманымызда бул дасьтурди Жамбул, Сулейман Стальский, Аяпберген қусаған атақлы халқ шаирлары-да қолланды.

Бердақтынг гейпара шғармалары („Айдос би") батырлар жрынынг улгиси — терме-толғау туринде жазылған. Толғау дегенимиз—7—8 буынлы еркин уйқаслы қосық. Толғаудынг уйқасықлары белгили қатар санына бағынбайды, ал адетте уйқасатуғын қатарларынынг саны белгили мағана беретуғын қосық болегининг колемименен белгиленеди.

---

## ЖУМАҚ

### Бердақтынг творчествосынынг аҳмиети ҳамь онынг қарақалпақ адебиятында тутқан орны

Бердақтынг омири менен творчествосы ҳаққында жоқарыда айтылған пкирлеримизди жумақлап, Бердақтынг шғармаларынынг бзинг ушын аҳмиети ҳамь қарақалпақ адебиятынынг тарихында алатуғын орны қандай деген маселеге келейик.

Енг алдыменен қандай шаир-жазушынынг болса-да бзинг ушын аҳмиети—озь заманынынг жамиет турмысын бизге танытуында болады. Бул жағынан қарағанда Бердақтынг шғармаларынынг озь заманындағы жамиетлик турмысты таныту аҳмиети (познавательное значение) оғада улкен. Бердақтынг шғармалары бизге XIX асирдеги қарақалпақ халқынынг басынан кеширген жамиетлик-сияси, экономикалық ҳамь мадени турмысынынг турли жақларын айқын корсететуғын ҳартареплеме мағлуматлар береди. Қарақалпақ халқынынг усы откендеги турмысын билдиретуғын буннан басқа жазба турдеги тарихи мағлуматлардынг бизде ҳазиринше кута аз екенин еске алсақ, Бердақтынг шғармаларынынг аҳмиети жанеде айқын болады. Ал, халқымыздынг откендеги тарихын, турмыс-тришилигин блу бзинг ушын оғада керекли нарсе. Ойткени, пролетариаттынг уллы жазушысы Алексей Максимович Горькийдинг созименен айтқанда: „Биз откендеги турмысты қаншелли жақсы билсек, бзинг ҳазир дузипатырған жанга турмысымыздынг уллы аҳмиетин соншелли женгил, соншелли теренг ҳамь қуанышпенен тусине аламыз"[1]).

---

[1]) *М. Горький.* О литературе, Москва, 1937 г., стр. 481.

Екиншиден, Бердактынг бизге қадирлилиги, онынг озь заманында прогрессивлик, демократиялық, халқшылық идеяларды жырлағанлығында.

Бердақ шын жарлы минеткеш халқтынг арасынан шыққан, сол халқтынг шын перзенти еди.

Бердақтынг жасаған заманы—XIX асирдинг екинши ярымы—қарақалпақ халқынынг омириндеги улкен тарихи уақияларды басынан кеширген заман еди. Бул даурде қарақалпақ минеткешлери залым Хиуа ханларынынг халққа корсеткен жабру-зулымынан, патша колонизаторларынынг езушилик сиясатынан ҳамь қарақалпақтынг озь ишиндеги феодалларынан—аталық-билерден, байлардан, молла-ишанлардан аяусыз езилу астында жасаған еди. Бунынг устине, минеткеш халқ маденият жағынан оғада артта қалған жағдайда ҳамь халқ ғалаба сауатсыз болып, наданлықта ҳамь қаранғылықта жасады. Эксплуататор класслардынг кушли езу қуралы болған ислам динин халққа таратушы руханилар, молла-ишанлар халқтынг санасын дини фанатизммене заҳарлеп, ҳарьқандай мадени рауажлану исине тосқынлық жасап келди.

Мне, Бердақ усындай ауր, қатал заманда, усындай қиыншылық жағдайда омир сурди ҳамь шаирлық творчествосын рауажландырды

Усындай зарлы заманда Бердақ минеткеш халқтынг аянышлы ҳалына қабырғасы қайысып, омиринше сол халқтынг жрын жырлап мунгын мунглап отти. Халқтынг устине қара булттай тунерген, халқты қаҳарли суық қыстай қысқан қара кунлер отип, „пухараға жаз келер-ме?"—деп арьман етти.

Ҳарбир жалынлы патриот озь уатанын қандай жақсы корсе, Бердақ-та озь уатанын, озь халқын сондай жақсы корген ҳамь халқ-та озининг шын перзенти, данышпан шаиры болған Бердақты сонынгдай қызғын муҳаббатпенен суйген, озининг шаирын халқ озининг „жалғызындай жанынан-да жақсырақ" корген.

Бердақтынг шғармалары бастан аяқ жалынлы патриотизм ҳамь халқшылық, гуманистлик идеярменен суғарылған. Бердақтынг шғармаларында феодаллық-патриархаллық таргиплерге қарсы, минеткеш халқты реимсиз эксплуатациялауға қарсы, жамиеттеги адилсизликке, зулымлыққа қарсы қатты турде наразылық корсету, езилген минеткеш адам баласын қорғауға,



ҳаял қызлардынг адамгершилик праволарын қорғауға шақыру-булардынг ҳаммеси-де халқ массаларынынг Бердаққа болған муҳаббатын арттырды. Халқ—Бердақты ҳамь Бердақ—халқты „жалғызындай жаннан-да жақсырақ коруине" себеп болды.

Минеткеш халқты путкил жан танименен суйген патриот шаир, халқты аур азапларға, қайғы хасретлерге, аш-аптадалыққа ушратқан залым ханларға, би-аталықларға, байларға омиринше налет айтып, оларға қарсы озининг путкил шаирлық талантыменен, озининг қаҳар-ғазаплы созлерименен гурести. Халқты аяусыз езген, оған есапсыз-сансыз зулымлықлар ислеген ханларды, аталық-билерди Бердақ: „адамға миримсиз жаллатлар, жаулар", халқты шағатуғын заҳарли жланшаянлар" деп есаплайды.

Бердактынг омир сурген заманындағы Қарақалпақстанда социал-экономикалық ҳамь жамиетлик-сияси, тарихи жағдайлардынг артта қалғанлығы шаирдынг дуньяға козқарасын шеклеген еди. Сонынг арқасында Бердақ саналы революционер-демократ болу дарежесине шекем котериле алған жоқ, пролетариаттынг класслық гуресининг ролин тусине алған жоқ. Сонлыктанда онынг дуньяға козқарасларында ҳамь айырым шғармаларында халққа қарсы жат идеялардынг, дини инанымлардынг тасири болғанлығы сезиледи. Брақта бул жағдай Бердақтынг творчествосынынг улума аҳмиетин ҳамь баҳалылығын кемите алмайды.

Бердақ—қарақалпақ халқынынг корнекли демократ шаиры, қарақалпақ адебиятынынг тиқарын салушы болып қалады.

Бердак омиринше минеткеш халқтынг қайғы зарын жырлаған шаир. Онынг шғармалары бастан-аяқ мунглы арьманменен толы. Брақта Бердақ қанша қайғы ҳасирет, азап-ақырет корсе-де, ҳешуақытта умитсизликке берилмеген, келешек жақты куннен умитин узбеген, залымлардынг алдында бас имеген, оларға қарсы мудамы гуресип отырған.

Бердактынг творчествосы социаллық оптимизммене толы. Ол халқтынг доретушилик кушине исенеди, келешектеги жақты куннинг тууына исенеди. келешекте зулымлық тартиптинг жоқ болып, минеткешлердинг азатлыққа шғатуғынына, бахытлы турмысқа жетисетуғынына исенеди.

Бердақ минеткеш адамды суюши, минеткеш адам баласынынг аянышлы ҳалына жаны ашитуғын, халқлар, миллетлер арасында дослық идеясын жақлаған гуманист шаир. Сонынг ушын-да Бердақты тек қарақалпақ халқы ғана емес, ал туысқан озбек, қазақ, туркмен ҳамь басқа халқлар-да суйип кадирлеген.

Бердақ қарақалпақ халқынынг милли шаиры болумен бирге, онынг творчествосы Советлер Союзындағы барлық туысқан халқларға ортақ хамь қадирли шаир. Бердақтынг шғармаларын тек қарақалпақ халқы ғана емес, ал барлық туысқан халклар-да суйип оқиды.

Қарақалпақ адебиятынынг тарихында Бердақ творчествосы айрықша орын алады.

Бердақ—каракалпактынг жазба адебиятынынг тикарын салушы, классик шаир.

Бердақтан бурын-да қаракалпақта жазба адебият болды, брақ ол адебияттынг ориси тар болды. Ал Бердақ қаракалпақ адебиятынынг орисин кенгейтти. Адебиятты коплеген жанга идеяларменен, жанга темалар, жанрларменен байытты, адебиятты халққа жақынлатты. Бердақ қарақалпақ адебиятына адеби формалар, жанрлар, стиль, тил жонинде-де бирқатар жангалықлар киргизди.

Бердақтынг творчествосынынг баска шаирлардынг творчествосынан айрықшалығы неде? Қарақалпақ адебиятына Бердақ қандай жангалықлар киргизди?

Бердақтынг творчествосынынг тикарғы айрықшалығы хамь қарақалпақ адебиятына Бердақтынг қосқан жангалықлары томендегилер:

Бриншиден, Бердақтынг шғармалары озининг ҳақиқат халқшыллығыменен, халқ тлегине, халқ мунгына сайбағыслығыменен белгиленеди. Бердақ омирдинг мақсети халқ ушын хызмет ету деп бледи. Онынг тикарғы сурени: „Барлық омирим бағыш менинг халқ ушын“ деген сурен еди Ол озининг тикарғы тутқан жолынан ҳешуақытта тайған жоқ. Барлық омири бойынша минеткеш халққа хызмет етти.

Екиншиден, Бердақтынг шғармалары озининг шын демократизмименен ажыралады.

Ушиншиден, Бердақтынг шғармалары озининг гуманизм идеяларыменен, адамды суюшилик, эксплуататияланушы адам баласына жаны ашушылық сезимлерименен толған.



Торгиншиден, Бердак қарақалпақ адебиятында реализм принципин ен жайдырады. Бердақ озинен бурынғы Шғыс адебиятында орын алып келген дини-мистикалық элементлерди, орта асирлик Шғыс поэзиясынынг дерексиз схоластикасын қолланбай, турмысты шын реалистлик турде суретлеген, эксплуататорлар ҳуким сурген замандағы турмыстынг барлық жеркенишли, қайғылы жақларын аяусыз ашкаралаған шаир болды. Со нынг арқасында ол дунья жаралғалы бери эксплуататорлар устемлик жургизип келген уақытта ҳешуақытта-да адилликтинг болмағанын, барқулла ханлардынг, байлардынг устем болып келгенин айтып, улкен философиялық жумақ шғару (обобщение жасау) дарежесине шекем котериле алды.

Бесиншиден, Бердақ қарақалпақ шаирларынынг ишинде бринши болып, қарақалпақ халқынынг тарихын, откендеги каҳарманлық ислерин изертлеген, сол жолда бирталай минет еткен шаир болды. Қарақалпақ халқынынг тарихы туралы, откендеги каҳарманлық ислери туралы „Шежре“, „Айдос би“, „Амангелди“, „Ерназар би“ сияқлы бирканша колемли шғармалар доретти. Бул шғармалар нағыз илими жолменен жазылған тарих болмаса-да, брақ, олардынг бир қатарларынынг тарихи ҳамь коркемлик аҳмиети зор.

Алтыншыдан, Бердақ ҳаяллар тенглиги маселесин, ҳаяллардынг адамгершилик праволары маселесин бурында болмаған жокары дарежеге котереди. Ҳаяллардың адам қатарына санамайтуғын, оларды қуллықта, кунгликте услап, мал орнына жумсайтуғын ески феодаллық курылыстынг ҳамь ислам динининг шрик зангына қарсы Бердақ кушли ҳауазбенен наразылық билдирген бринши шаир болды.

Жетиншиден, Бердак озь шғармаларыменен адеби творчествонынг тематикасын барынша кенгейтти. Бурынғы шаирлардынг тек ғана фольклорлык дасьтурлерден ҳамь Шғыс поэзиясынынг кобинесе ашықлық лирика колеминен аспайтуғын тар колемдеги поэзия дасрурлерине берилместен, Бердақ озь творчествосын халқ турмысынынг барлық жақларын қамтитуғын ҳақиқат кенг колемдеги адеби творчествоға айналдырды. Бердактынг шғармаларынан биз жамиеттеги барлық класслардынг уакиллерининг, байлардынг, болыс-ага-

лықлардынг, патша-ханлардынг, молла ишанлардынг, жарлы-минеткешлердинг жанлы образларын коремиз. Халқтынг экономикалық турмысын, турли минет процесслерин, диқаншылық қазу жумысларын, балықшылық, шаруашылық касиплерин, халктынг турмыс-адетлерин, оқу-тарбия маселелерин суретлегенин коремиз.

Адеби жанрлар жағынан-да Бердақ қарақалпақ адебиятын бурында болмаған дарежеде байытты. Ол граждан лық ҳамь сияси лириканы барынша кушли турде рауажландырды, юмор ҳамь сатира жанрларын кенг колемде рауажландырды.

Сегизинши, қарақалпақ адеби тлин дузу, рауажландыруда-да Бердақтынг сингирген минети улкен. Ол адеби тилди халққа жақынластыру, адебиятты халқ массаларына тусиникли, уғымлы етуде коп минет сингирди. Ол заманда устем класслардынг арасында араб, парсы тиллеринин тасирининг оғада кушли екенлигине қарамастан, Бердақ бул тасирге берилмей, озь шғармаларын араб, парсы тиллеринен аулақ ҳамь нағыз халқ тлинде жазды.

Бердақтынг творчествосынынг аҳмиети ҳамь қарақалпақ адебиятына Бердақтынг қосқан тикарғы жангалықлары усындай.

Бердақ езушиликке, зулымға қарсы гуресип, минеткеш халқ ушын шадлы ҳамь бахытлы турмысты арьман еткен еди. Ол „шадланысып тойлар-тойлап, ҳаялуер кундей жайнап журетуғын" заманды арьман етти. Ол тақыр-шолистанларға су жеткерип, елимиздинг абаданлык турмысқа жетисуин тлеген еди.

Бракта ол замандағы жамиетлик рауажланудынг артта қалған жағдайында шаир озининг бул арьманларынынг қандай жолменен турмысқа асатуғынын бле алмады.

Шаирдынг омир бойы арьман еткен бул жанга бахытлы турмысты тек Советлер Союзынынг Коммунистлер партиясы ғана берди. Уллы Октябрь социалистлик революциясынынг аркасында кайта туылған қарақалпақ халқы Советлер Союзы Коммунистлер партиясынынг ленинлик миллет сиясатынынг турмысқа асырылуы арқасында, уллы рус халқынынг ҳамь басқа-да халқлардынг туысқанлық жардемименен азат, бахытлы турмысқа жетисип, гулленген елге айналды.



Қарақалпак халқы озь республикасынынг экономикасы менен мадениятын куннен-кунге рауажландырып, уллы Советлер елининг гуллан басқа халқларыменен бирге Советлер Союзынынг Коммунистлер партиясынынг басшылығы астында коммунизмге қарай алға барады.

*1951—1955-ж.*

---

*Қосымша*

## БИБЛИОГРАФИЯ

*(Бердақ туралы басылып шыққан ктаплар менен мақалалардынг дзими)*


***Аимбетов Қ.***—Бердақтынг омирбаяны туралы мағлуматлар, Бердақ. Танглаулы шғармалар жинағы, Нокис, 1950, ҚҚМБ, 406—413 бет.

***Аимбетов Қ*** ҳамь ***Кожуров У.***—Қарақалпақ адебиятынынг турлери. Журн. „Қарақалпақ адебияты ҳамь искусствосы" 1939, № 4,5,6 7,

***Баскаков Н. А.*** Большое событие в жизни Кара-Калпакии. Газета „Советская Кара-Калпакия", 1954, № 192.

***Бассин С. Г.***—Бердах-шаир—великий поэт-патриот, Нукус. ККГИЗ, 1943.

***Бегимов А.***—Бердақ—каракалпак адебиятынынг классиги. Бердақ. Толық жинақ Торткул, 1941, 3—10 бет.

***Бердақ***—Толық жинақ. ҚҚМБ Торткул, 1941.

***Бердақ***—Лирикалық қосықлар. Торткул, 1941

***Бердақ***—Танглаулы шғармалар жинағы, Нокис, 1950, ҚҚМБ.

***Бердах***—Избранные произведения. Изд. АН УзССР, Ташкент 1951.

***Бердақ***—Танглаңған асарлар, Ташкент, Уздавнашр, 1951.

***Бердақ***—Танғламалы шғармалары, Нокис, 1956, ҚҚМБ.

***Большая Советская энциклопедия.***—Издание второе, Москва, 1953, том 4, стр. 623, (см. ст. „Бердах"),

***Большая Советская энциклопедия.*** Издание второе, том, 20. стр. 121, (см, ст. „КараКалпакская АССР", раздел „Литература").





***Давкараев Н.***—Бердах-шаир, Нукус, ККГИЗ, 1950. (на русском и каракалпакском языках).

***Дарибаев М.***—Бердақтынг қосықлары ҳаққында. Газета „Қзыл Қарақалпақстан" 1940, №№ 287, 290, 291

***Жданко Т. А.***—Очерки исторической этнографии каракалпаков, М.—Л. 1950, стр 34.

***Иванов П. П.***—Новые данные о каракалпаках. Сб. „Советское востоковедение", т. Ш, М.-Л., 1945, стр 67—79,

***Каракалпакское народное творчество.*** (Сб. произведений) Турткуль, ККГИЗ, 1940, стр 61—140.

***Кожуров У.***—„Бердах", газета „Қзыл Қарақалпақстан", 1939 №№ 208, 209, 211.

***Мамыраев И.***—Демократические идеи в произведениях Бердаха. газета „Қзыл Каракалпакстан", 1940, № 273.

***Нурмухамедов*** ҳамь ***М. Есьмуратов Г.*** Бердақ ҳаққында жанга мағлуматлар, газета „Қзыл Қарақалпақстан". 24. IX—1954 ж.

***Саади А.***—Қораколпақ шаиры Бердах, газета „Қзыл Узбекистан", 1950, за 30.VIII—

***Сағитов И.***—Бердақтынг „Ахмақ патша" романы туралы. „Қзыл Қаракалпақстан" газетасы,25. XII—1939

***Сағитов И.***—Бердақ—уллы патриот-шаир. „Қзыл Қарақалпақстан", газетасы, 1942, №№ 125, 126.

***Сағитов И*** Бердах—уллы патриот-шаир (брошюра), Нокис, ҚҚМБ, 1943

***Сағитов И.***—Бердақ—уллы патриот-шаир, „Қзыл Қарақалпақстан", газетасы, 1950, № 158.

***Сағитов И.***—Каракалпак халқынынг корнекти акыны—Бердақ, „Адебиет жане искусство", журналы, Алма-Ата. 1950, № 5.

***Сағитов И.***—Қаракалпак халқынынг уллы демократ шаиры (Бердақтынг танглаулы шғармалар жинағына крис статьясы). Нокис, ҚҚМБ, 1950. 3—29 бет.

***Сагитов И.***—О поэме Бердаха „Айдос би", газета „Қзыл Каракалпакстан", 1951, 19.IX—.

***Сағитов И.***—Бердақтынг творчествосын изертлеудеги хateliклер тез сапластырылсын, „Қзыл Қарақалпақстан". газетасы, 1952, 20.XII.

***Сагитов И.***—О состоянии и задачах изучения творчества Бердаха. газета „Советская Кара-Каракалпакия", 1954, № 191.

*Сағитов И.*— Глубже изучать наследие Бердаха газета „Советская Кара-Калпакия", 1954. № 204.

*Сағитов И.*—Бердақтынг шғармаларындағы халқшыллық хамь демократизм идеялары, „Кзыл Каракалпакстан", газетасы, 1954, №№ 227, 228.

*Сағитов И.*—Бердак—қарақалпақ адебиятынынг тикарын салушы. „Қзыл Қаракалпақстан", газетасы 1954. № 259.

*Сағитов И.*—Бердақтынг „Ахмак патша" дасьтаны туралы, „Қарақалпақстан адебияты хамь искусствосы" журналы, 1955, № 2

*Сағитов И.*— Выдающийся поэт-демократ каракалпакского народа. Журнал „Звезда Востока", 1956, № 2.

*Сағитов И.*—Қаракалпақ халқынынг корнекли демократ-шаиры Бердақ. Тангламалы шғармалары,1956 ҚҚМБ. Созьбасы.

*Сеитов Х.*—Бердах как основатель Каракалпакской литературной школы. Газета „Қзыл Қаракалпакстан", 1948, № 94.

*Урунбаев Н.*—Бердах шаир—классик Каракалпакской литературы, газета „Советская Кара-Калпакия 1950, № 246.

*Урунбаев Ж.*—Бердақтынг оқу маселелерине козқарасы хаққында, „Қзыл Қаракалпақстан", газетасы, 1951, № 9,

*Шалекенов У.*—Бердақтынг демократиялық идеялары. Газета „Жас Ленинши". 1954ж.

*Юдахин К. К*—Некоторые вопросы развития каракалпакского языка и литературы, газета „Советская Кара-Калпакия", 1954. № 192.

*Юсупов И.* Қарақалпақ адебиятынынг естелиги, газета „Жас Ленинши", 1951, № 4.

---

## МАЗМУНЫ

бети

Автордан . . . . . 5

Крису . . . . . 7

I. БЕРДАҚТАН БУРЫНҒЫ ҚАРАҚАЛПАК АДЕБИЯТЫ

II. БЕРДАҚТЫНГ ЗАМАНЫ

III. БЕРДАҚТЫНГ ОМИРБАЯНЫ ТУРАЛЫ МАҒЛУМАТЛАР.

IV. БЕРДАК ТВОРЧЕСТВОСЫНЫНГ ТИКАРҒЫ МОТИВЛЕРИ

Бердақтынг шғармаларындағы халқшылық хамь демократизм идеялары . . . . . 72

Бердақтынг реализми . . . . . 82

Ҳаяллар тенглигин жырлау . . . . . 85

Ҳадал минетке шақыру . . . . . 90

Жанга турмысқа шақыру . . . . . 94

Бердақтынг динге козқарасы . . . . . 97

Бердақтынг творчествосындағы қарамақарсылықлар . . . . . 103

V. БЕРДАҚТЫНГ ПОЭМАЛАРЫ

„Шежре" . . . . . 116

„Айдос би" . . . . . 126

„Амангелди" . . . . . 138

„Ерназар би" . . . . . 139

„Еркебай" . . . . . 145

„Ахмақ патша" . . . . . 151

VI. БЕРДАҚ ШҒАРМАЛАРЫНЫНГ КОРКЕМЛИК ОЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Бердақ шғармаларынынг стили . . . . . 174

Бердақ шғармаларынынг жанрлары менен тематикасы . . . . . 176

Бердақтынг лирикасы . . . . . 177

Бердактынг шғармаларындағы юмор ҳамь сатира . . . . . 181
Бердак шғармаларынынг тли . . . . . . . . . . . . . . . . . . 185
Бердақтынг тлининг созлик составы . . . . . . . . . . . . 186
Бердақтынг шғармаларындағы коркемлик суретлеу курал-
лары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 190
Эпитетлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 190
Тенгеулер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 192
Метафоралар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 195
Ирония, сарказм . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 196
Бердақтынг қосық курылысы . . . . . . . . . . . . . . . . 197

## ЖУМАҚ

Бердақтынг творчествосынынг аҳмиети ҳамь онынг қарақал-
пак адебиятында тутқан орны . . . . . . . . .
**Қосымша:** Библиография (Бердақ туралы басылып шыккан
ктаплар менен мақалалардынг дзими) . . . . . . . .